

LEGLIZ  
JEZIKRI  
POU SEN  
DÈNYE JOU YO

# 182zyèm Konferans Jeneral Anyèl

*Mas 31—1er Avril 2012*

Pibliye pa  
Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo  
Salt Lake City, Uta

© 2012 Intellectual Reserve, Inc.  
Tout dwa rezève.

Apwobasyon anglè: 12/11  
Apwobasyon tradiksyon: 12/11  
Tradiksyon *182nd Annual General Conference*  
Haitian Creole  
PD50038655 036

---

# Kontni

## SESYON SAMDI MATEN

Pandan nou reyini yon fwa ankò | *Thomas S. Monson* ..... 1

Epi yon timoun piti va dirije yo | *Boyd K. Packer* ..... 4

Anseye Pitit Nou Yo pou Yo konprann | *Cheryl A. Esplin* ..... 11

Konvèti nan Levanjil Li a atravè Legliz Li a | *Donald L. Hallstrom* ... 16

Li vrèman renmen nou | *Paul E. Koelliker* ..... 21

Sakrifis | *Dallin H. Oaks* ..... 26

Mòn pou monte | *Henry B. Eyring* ..... 33

## SESYON SAMDI APRÈMIDI

Soutyen Ofisyè yo nan Legliz la | *Dieter F. Uchtdorf* ..... 40

Rapò Depatman Odit Legliz la, 2011 | *Robert W. Cantwell* ..... 44

Rapò Estatistik, 2011 | *Brook P. Hales* ..... 46

Travayè yo nan Jaden Rezen an | *Jeffrey R. Holland* ..... 48

Rantre nan nou menm: Sentsèn, Tanp, ak Sakrifis nan Sèvis. | *Robert D. Hales* ..... 53

Lafwa, Kouraj, Akonplisman: Yon Mesaj pou Paran Selibatè yo. | *David S. Baxter* ..... 58

Rete nan Teritwa Senyè a! | *Ulisses Soares* ..... 62

An amoni avèk mizik lafwa a | *Quentin L. Cook* ..... 66

Kijan pou nou jwenn revelasyon ak enspirasyon pou lavi pèsònèl nou | *Richard G. Scott* ..... 73

## SESYON PRÈTRIZ

Pouvwa syèl yo | *David A. Bednar* ..... 79

Reyaktivasyon pou bon jan kwasans | *Richard C. Edgley* ..... 85

Pretriz Aawon: Leve epi Itilize Pouvw a   <i>Adrián Ochoa</i> . . .	90
Rezon sèvis nan Prètriz la   <i>Dieter F. Uchtdorf</i> . . . . .	95
Fanmi ki fè alyans yo   <i>Henry B. Eyring</i> . . . . .	102
Dispoze ak Diy pou Sèvi   <i>Thomas S. Monson</i> . . . . .	109

SESYON DIMANCH MATEN

Moun mizèrikòdye yo ap jwenn mizèrikòd   <i>Dieter F. Uchtdorf</i> . . . . .	116
Gras pou Bondye   <i>Russell M. Nelson</i> . . . . .	122
Leson Espesyal   <i>Ronald A. Rasband</i> . . . . .	128
Vizyon Pwofèt yo konsènan Sosyete Sekou: Lafwa, Fanmi, Sekou   <i>Julie B. Beck</i> . . . . .	133
Doktrin Kris la   <i>D. Todd Christofferson</i> . . . . .	138
Kous lavi a   <i>Thomas S. Monson</i> . . . . .	146

SESYON DIMANCH APRÈMIDI

Pouvwa delivrans la   <i>L. Tom Perry</i> . . . . .	153
Pou nou ka jwenn moun ki pèdi yo   <i>M. Russell Ballard</i> . . . . .	158
Gen vizyon pou aji   <i>O. Vincent Haleck</i> . . . . .	164
Sèlman selon prensip lajistis   <i>Larry Y. Wilson</i> . . . . .	168
Èske sa te vo lapèn?   <i>David F. Evans</i> . . . . .	173
Konsidere yo kòm sakre   <i>Paul B. Pieper</i> . . . . .	179
Kisa Kris la panse de Mwen?   <i>Neil L. Andersen</i> . . . . .	184
Pandan n ap fini konferans sa a   <i>Thomas S. Monson</i> . . . . .	190

REYINYON JENERAL JÈNFI YO

Leve epi briye   <i>Ann M. Dibb</i> . . . . .	193
Chèche konesans: Nou gen yon travay pou nou fè   <i>Mary N. Cook</i> . .	198
Kounyeya se moman pou nou leve epi briye!   <i>Elaine S. Dalton</i> . . . .	204
Kwè, Obeyi, Pèsevere   <i>Thomas S. Monson</i> . . . . .	210

# Pandan nou reyini yon fwa ankò

**Pa Prezidan Thomas S. Monson**

---

*Papa nou ki nan Syèl la sousye pou nou chak ak pou bezwen nou. Se pou nou ranpli avèk Lespri Li pandan n ap patisipe nan dewoulman konferans sa a.*

---

Frè ak sè byeneme m yo, pandan nou reyini yon fwa ankò nan yon konferans jeneral Legliz la, m ap swete nou byenveni e eksprime lanmou m pou nou. Nou reyini chak sis mwa pou youn fòtifye lòt, pou bay ankourajman, pou pote rekonfò, pou bati lafwa. Nou isit la pou aprann. Gen nan nou k ap chèche repons pou kesyon ak pwoblèm n ap rankontre nan lavi nou. Gen nan nou k ap lite avèk desepsyon ak pèt. Nou chak kapab eklere ak edifye ak rekonfòte pandan n ap santi Lespri Senyè a.

Si nou ta gen chanjman ki bezwen fèt nan lavi nou, se pou nou jwenn motivasyon ak kouraj pou nou fè sa pandan n ap koute pawòl enspire ki pral pale yo. Se pou nou chak renouvle detèminasyon nou pou viv nan fason pou kapab pitit gason ak pitit fi diy Papa nou ki nan Syèl la. Se pou nou kontinye opoze ak mal kèlkeswa kote nou jwenn ni.

Ala nou beni dèske nou vini sou tè a nan yon tan tankou sa a—yon tan ekstraòdinè nan long istwa mond lan. Nou tout pa kapab ansanm nan menm bilding nan, men kounyeya nou gen posiblite pou patisipe nan dewoulman konferans sa a gras ak mèvèy televizyon, radyo, kab, retransmisyon pa satelit, ak Entènèt—menm sou aparèy pòtab. Nou vin ansanm fè youn, pandan n ap pale plizyè kalite lang, pandan n ap viv nan plizyè

peyi, men nou tout gen yon sèl lafwa ak yon sèl doktrin ak yon sèl bi.

Soti nan yon ti kòmansman enb sa gen 182 an, yo santi prezans nou kounyeya toupatou nan mond lan. Gran koz sa a nou angaje ladan an ap kontinye avanse, pou chanje ak beni lavi moun jan l ap fè a. Okenn kòz, okenn fòs nan tout mond lan pa ka stope travay Bondye a. Malgre sa k ap vini, gran kòz sa a ap kontinye avanse. Nou raple n pawòl pwofesik Pwofèt Joseph Smith yo: “Okenn men enpi pa kapab anpeche èv sa a pwogrese; menmsi pèsekisyon fè raj, foul moun reyini; lame rasanble, menmsi kalomni denigre, verite Bondye a aprale an avan fyèman, nobleman, e endepandan, jiskaske l penetre nan tout kontinan, vizite tout klima, bale tout peyi, e rezone nan tout zòrèy, jiskaske objektif Bondye yo akonpli, epi Gran Jewova a di ke travay la fin fèt.”<sup>1</sup>

Gen anpil bagay difisil ak defyan nan mond lan jodia, frè m ak sè m yo, men gen anpil bagay ki bon ak elvan tou. Jan nou deklare nan trèzèm Atik Lafwa nou an, “Si gen nenpòt bagay ki gen vèti, ki emab, oubyen ki gen bon rapò, oubyen ki atire louwanj, nou chèche bagay sa yo.” Se pou nou toujou kontinye fè sa.

Mwen remèsye nou pou lafwa nou ak devouman nou nan levanjil la. Mwen remèsye nou pou lanmou nou ak swen nou pote youn bay lòt. Mwen remèsye nou pou sèvis n ap rann nan pawas nou ak branch nou ak nan pye nou yo ak distri nou yo. Se sèvis sa yo ki pèmèt Senyè a akonpli anpil nan bi L yo isit la sou tè a.

Mwen eksprime remèsiman mwen pou jantiyès nou anvé mwen kèlkeswa kote m ale. Mwen remèsye nou pou priyè nou fè pou mwen yo. Mwen santi priyè sa yo e m rekonesan anpil pou yo.

Kounyeya, frè m ak sè m yo, nou vini pou nou resevwa enstriksyon ak enspirasyon. Anpil mesaj pral pataje pandan de jou sa yo. Mwen ka asire nou ke gason sa yo ak fi sa yo ki pral adrese nou yo te chèche èd ak direksyon syèl la pandan yo t ap prepare mesaj yo a. Yo te jwenn enspirasyon konsènan sa pou yo pataje avèk nou.

Papa nou ki nan Syèl la sousye pou nou chak ak pou bezwen nou. Se pou nou ranpli avèk Lespri li pandan n ap patisipt nan dewoulman konferans sa a. Se priyè sensè mwen nan non sakre Senyè ak Sovè nou an, Jezikri, amèn.

*Nòt*

1. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith (2007), 444.*

# Epi yon timoun piti va dirije yo

**Pa Prezidan Boyd K. Packer**

*Prezidan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Mari yo ak madanm yo dwe konprann ke premye apèl yo—ke yo pa p janm relve ladan—se youn anvè lòt epi apres a anvè piti yo.*

---

Sa gen kèk ane, yon jou swa byen frèt nan yon estasyon tren nan Japon, m te tande yon frap nan vit konpatiman m nan. Epi m te wè yon ti gason k t ap tranble anba fredri ki te abiye avèk yon chemiz dechire ak yon moso twal sal ki te mare nan machwa li k te anfle. Tèt li te kouvri avèk kwout. Li te kenbe yon timamit wouye ak yon kiyè, senbòl yon òfelen k ap mande charite. Pandan m t ap lite pou louvri pòt la pou ba l kòb, tren an te derape.

Mwen pap janm bliye tigason grangou sa a m te kite kanpe nan fredri a, avèk yon timamit vid nan men l lan. Ni tou m pap janm bliye kijan m te santi m enpuisan pandan tren an t ap derape a epi m te kite l kanpe sou platfòm nan.

Kèk ane apre nan Cusco, yon vil byen wo nan Montay Pewou yo, Èldè A. Theodore Tuttle avèk mwen t ap fè yon reyinyon Sentsèn nan yon sal long etwat ki te bay sou yon lari. Li te aswè, epi pandan Èldè Tuttle t ap pale a, yon tigason, ki te gen petèt sizan, te parèt nan pòt la. Li te abiye sèlman avèk yon chemiz chire ki te rive nan jenou li.

Sou goch nou te gen yon ti tab ki te gen yon plato pen pou Sentsèn nan. Òfelen grangou sa a nan lari a te wè pen an epi li te glise kòl dousman bò mi an pou al bò kote pen te ye a. Li te prèske rive bò tab la lè yon dàm ki te nan ale a te wè li. Avèk yon



jès sevè ak tèt li, li te chase l soti deyò a. M te jemi andedan mwen.

Nan apre tigason an te retounen. Li te glise bò mi an, li te gade pen epi l te gade m. Lè l te prèske rive kote pou dàm nan te wè l la, mwen te lonje bra m, epi li te kouri vin jwenn mwen. Mwen te mete l chita sou janm mwen.

Epi, kòm yon jès senbolik, m te mete l chita sou chèz Èldè Tuttle la. Apre priyè final la, tigason grangou a te sove soti ale nan lannuit la.

Lè m te retounen, m te rakonte Prezidan Spencer W. Kimball eksperyans lan. Li te pwofondeman touche epi l te di m: “Ou te kenbe yon nasyon sou janm ou an.” Li te di m plis pase yon fwa: “Eksperyans sa a gen pi gwo siyifikasyon anpil pase jan ou panse.”

Pandan prèske 100 fwa yo m te al vizite Amerik Latin nan, mwen te toujou ap chèche tigason sa a nan figi tout moun m te rankontre. Kounyeya m konprann sa Prezidan Kimball te vle di a.

M te rankontre yon lòt tigason k t ap tranble nan lari Vil yo. Sete byen ta nan yon lòt lannuit ivè byen frèt. Nou ta pral nan yon dine Nwèl nan yon otèl. Anba lari a m te wè sis oubyen uit tigason k t ap fè bri ki t ap vini. You tout ta dwe lakay yo pou soti nan fredri a.

Gen youn ladan yo ki pa t gen manto. Li te mache sote byen vit pou l te eseye chofe kò li. Li te disparèt nan yon ri akote a, san dout pou al nan yon ti apatman mizerab avèk yon kabann ki petèt pa t gen ase dra pou kenbe l cho.

Jou swa sa a, lè m te rale dra pou m te kouvri, m te fè yon priyè pou moun ki pa t gen kabann byen cho pou yo t al kouche lakay yo.

M te nan Osaka, nan Japon, lè Dezyèm Gè Mondyal la te fini. Vil la te kraze, e lari yo te plen ak blòk, debri, ak twou bonb. Malgre ke pifò nan pyebwa yo te detwi, kèk te ankò debou avèk branch ak rasin kase e yo te gen kouraj pou pouse kèk ti branch ak fèy.

Yon tifi abiye avèk yon kimono koulè dechire te okipe ap ranmase fèy jòn sycamore pou fè yon bouke flè. Tipitit la te sanble l pa t konsyans de devastasyon ki te antoure l la pandan l t ap mache sou debri yo pou al chèche nouvo fèy pou boukè l la. Li

te jwenn sèl bote ki te rete nan mond li a. Petèt m ta dwe di *li* sete sèl bèl pati mond li a. Lè m pase avèk li sa ogmante lafwa mwen. Timoun sa a sete egzanp lespwa.

Mòmmon te anseye ke “timoun piti yo vivan nan Kris la”<sup>1</sup> e yo pa bezwen repanti.

Prèske nan fen syèk anvan an, de misyonè t ap travay nan montay Sid Etazini yo. Yon jou, pandan yo te sou tèt yon kolin, yo te wè moun ki te rasanble nan yon kleryè byen lwen anba a. Misyonè yo pa t souvan jwenn anpil moun pou yo te preche, konsa yo te kouri desann al nan kleryè a.

Yon tigason te nwaye, epi sete antèman li. Paran l te voye chèche pastè a pou “di kèk mo” pou pitit gason yo a. Misyonè yo te rete kanpe dèyè pandan pastè vwayajè a te vire gade papa ak manman k t ap kriye a epi l te kòmanse diskou li. Si paran yo te panse ke yo t ap resevwa rekonfò nan men pastè sa a, yo t ap desi anpil.

Li te reprimande yo sevèman dèske yo pa t fè tigason an batize. Yo te neglije batize li poutèt yon bagay kèlkonk, epi kounyeya li te twò ta. Li te di yo kareman ke tigason yo a te al nan lanfè. Sete fòt pa yo. Se yo k te merite blame poutèt touman etènèl tigason an.

Lè diskou a te fini epi yo te fèmen tonm nan, èldè yo te pwoche bò kot paran k t ap kriye yo. Yo te di manman an: “Nou se sèvitè Senyè a, e nou pote yon mesaj pou ou.” Pandan yo t ap kriye a, paran yo t ap koute, de èldè yo te li nan revelasyon yo epi yo te rann temwayaj yo sou retablisman kle pou redanmsyon vivan yo ak mò yo.

Mwen yon tijan gen senpati pou pastè sa a. Li t ap fè pi byen l te kapab avèk kantite limyè ak konesans li te genyen an. Men gen plis li ta dwe kapab pou ofri. Gen plenitud levanjil la.

Èldè yo te vini kòm konsolatè, kòm enstriktè, kòm sèvitè Senyè a, kòm minis otorize nan levanjil Jezikri a.

Timoun sa yo m te pale a reprezante tout pitit Papa nou ki nan Syèl la. “Pitit se kado Bondye bay; epi . . . se yon rekonpans pou moun ki genyen yo.”<sup>2</sup>

Kreyasyon lavi se yon gwo responsablite pou yon koup marye. Youn nan pi gwo defi lavi mòtèl sa a se vin yon paran diy ak responsab. Ni gason an ni fi a pa ka fè pitit poukont yo. Sa ki

te prevwa a se pou timoun gen de paran—yon manman ak yon papa. Okenn lòt chema oswa pwosesis pa ka ranplase sa.

Sa gen yon ti tan, yon fi k t ap kriye te di ke pandan l te etidyan nan kolèj li te fè yon erè grav avèk mennaj li. Li te ranje l pou fè yon avòtman. Lè moman te rive, yo te diplome epi yo te marye e yo te gen plizyè lòt pitit. Li te di m konbyen l te toumante kounyeya pou l t ap gade fanmi li, bèl pitit li yo, epi nan lespri li l wè plas vid la kounyeya, kote timoun sa a ta dwe ye a.

Si koup sa a konprann e aplike Sakrifis Ekspyatwa a, y ap konnen ke eksperyans sa yo ak doulè ki konekte avèk yo a kapab efase. Okenn soufrans pa dire pou tout tan. Li pa fasil, men lavi pa t janm te la pou l te fasil ni ekitab. Repantans ak lespwa dirab padon pote a ap toujou diy pou efò nou.

Yon lòt koup te di m an kriyan ke yo te fè k sot kot yon doktè kote yo te di yo ke yo pa t ap kapab fè pitit. Nouvèl la te brize kè yo. Yo te sezi lè m te di yo ke anfèt yo te gen anpil chans. Yo t ap mande poukisa m t ap di yon bagay konsa. M te di yo sitiyasyon yo a te enfiniman pi bon pase pa lòt koup ki te kapab paran men ki te egoyisman rejte ak evite responsablite sa a.

Mwen te di yo: “Omwen nou anvi fè pitit, e dezi sa a pral anfavè nou anpil nan lavi terès nou ak nan lòt vi a paske sa ap pote establite espirityèl ak emosyonèl. Finalman, sa pral pi byen pou nou paske nou vle timoun e nou pa ka genyen, konpare avèk moun ki ta ka fè pitit e ki deside ke yo pap fè yo.”

Gen anpil moun ki rete san marye epi konsa san timoun. Gen kèk, poutèt sikonstans ki depase kontwòl yo, ap elve timoun kòm manman oubyen papa selibatè. Bagay sa yo se sitiyasyon pasajè yo ye. Nan plan etènèl bagay yo—pa toujou nan mòtalite a—dezi ak anvi ki jis yo ap reyalize.

“Si se nan lavi sa a sèlman nou espere nan Kris la, nou se moun ki pi mizerab ki gen sou latè.”<sup>3</sup>

Bi final tout aktivite nan Legliz la se pou gen yon mari ak madanm ni ak pitit yo ki kontan nan fwaye a, pwoteje pa prensip ak lwa levanjil yo, sele an sekirite nan alyans prèttriz etènèl la. Mari ak madanm dwe konprann ke premye apèl yo—ke yo pap janm jwenn relèv pou li—se youn anvè lòt epi anvè pitit yo.

Youn nan pi gwo dekouvèt nan parante sèke nou aprann pi plis sou sa ki vrèman konte nan men pitit nou yo pase nou te janm aprann nan men paran nou. Nou vin rekonèt verite nan pwofesi Ezayi a ke “yon timoun piti ap dirije yo a.”<sup>4</sup>

Nan Jerizalèm, “Jezi te rele yon timoun, li te mete l nan mitan yo.

“Epi li te di, Anverite, m ap di nou, si nou pa konvèti, epi tounen tankou yon timoun piti, nou pap ka antre nan wayòm syèl la.

“Se poutèt sa, moun ki va soumèt tèt li devan Bondye, ki va tounen tankou timoun sa a, se li ki va pi gran nan wayòm syèl la.”<sup>5</sup>

“Jezi te di, Kite timoun yo vin jwenn mwen. Pa enpoze yo vini. Paske wayòm syèl la se pou moun ki tankou yo li ye.

“Epi li te mete men sou tèt yo, apres a li te ale.”<sup>6</sup>

Nou li nan Liv Mòmmon an sou vizit Jezikri nan Nouvo Mond lan. Li te geri ak beni moun yo epi l te kòmande yo pou mennen timoun piti yo ba li.

Mòmmon ekri: “Konsa, yo te pote timoun piti yo, e yo te depoze yo atè a alantou l, e Jezi te kanpe nan mitan; epi foul la te fè pasaj jistan yo tout te prezante devan l.”<sup>7</sup>

Après a li te kòmande foul la pou yo mete ajenou atè a. Avèk timoun piti yo antoure Li, Sovè a te mete ajenou epi l te priye Papa nou ki nan Syèl la. E lè l te fin priye, Sovè a te kriye: “epi li te pran timoun piti yo youn apre lòt, li te beni yo, e li te priye Papa a pou yo.

“Epi lè l te fin fè sa, li te kriye avèk dlo nan je ankò.”<sup>8</sup>

Mwen ka konprann santiman Sovè a te eksprime pou timoun yo. Gen anpil bagay nou ka aprann nan suiv egzanp Li nan chèche pou priye pou “timoun piti sa yo.”<sup>9</sup>, beni yo ak anseye yo.

Mwen te dizyèm pitit nan yon fanmi ki te gen onz pitit. Osi lwen ke m sonje, ni papa m ni manman m pa t gen gwo apèl nan Legliz la.

Paran nou te sèvi fidèlman nan apèl ki pi enpòtan an—antanke paran. Papa nou te dirije fwaye a nan lajistis, jamè avèk fache ni laperèz. E egzanp puisan papa mwen te mayifye pa konsèy eman manman nou. Levanjil la se yon enfliyans puisan nan lavi chak moun nan fanmi Packer e l etann jiska pwochen

jenerasyon an ak pwochen an ak pwochen an, osi lwen ke nou ka wè.

Mwen espere ke ya va jije m kò yon bon gason ak yon bon papa. Anvan m tandè mo sa yo "Se byen" nan men Papa m ki nan Syèl la, mwen espere pou m tandè l toudabò nan men papa m nan mòtalite a.

Anpil fwa m konn ap medite sou rezon k fè m te aple kòm Apot epi apres a kòm Prezidan Kolèj Douz Apot yo malgre ke m soti nan yon fwaye kote papa a te ka konsidere kòm yon moun inaktif. Mwen pa sèl manm nan Legliz la ki reprezante deskripsyon sa a.

Finalman, m te ka wè epi konprann ke sete petèt poutèt sikonstans sa a k fè m te aple. E mwen te ka vin konprann poukisa nan tout sa n ap fè nan Legliz la, nou bezwen, antanke dirijan, chèche mete mwayen pou paran yo pase tan ansanm avèk fanmi yo. Dirijan Prètriz yo dwe fè atansyon pou fè fanmi yo nan Legliz la kontan.

Gen anpil bagay nan viv levanjil Jezikri a ke nou pa kapab mezire pa sa ki konte oubyen enskri nan dosye prezans yo. Nou chaje tèt nou avèk konstriksyon ak bidjè ak pwogram ak pwosedi. Nan fè sa, li posib pou nou bliye vrè espri levanjil Jezikri a.

Twò souvan m jwenn moun vin di m: "Prezidan Packer, èske l pa t ap pi bon si . . . ?"

Mwen abityèlman stope yo epi m di non, paske m sispèk ke sa k pral suiv la se pral yon nouvo aktivite oubyen yon nouvo pwogram ki pral ajoute sou fado tan ak mwayen finansye fanmi an.

Tan pou fanmi an se tan sakre e nou dwe pwoteje l ak respekte l. Nou priye manm nou yo pou yo montre devouman pou fanmi yo.

Lè nou te fèk marye, madanm mwen avèk mwen te deside ke nou ta pral aksepte timoun nou t apral fè yo avèk responsablite ki vini pou pote yo ak elve yo a. Lè moman te rive, yo te fòme fanmi pa yo.

Defwa nan maryaj nou, nan moman nesans de nan tigason nou yo, te gen yon doktè k te di nou: "M pa kwè nou pral kenbe sa a."

Toulède fwa yo repons nou te bay la sete ke nou t ap bay lavi nou si ti pitit gason nou sa a ta ka kenbe pa li. Nan òf sa a, nou te reyalize ke menm devouman sa a se sa Papa nou ki nan Syèl la santi pou nou chak. Ala yon panse ekstraòdinè.

Kounyeya, nan fen lavi nou, Sè Packer avèk mwen konprann e nou gen temwayaj ke fanmi nou kapab viv ansanm pou tout tan. Pandan n ap obeyi kòmandman yo ak viv levanjil la totalman, n ap jwenn pwoteksyon ak benediksyon. Pou pitit nou yo ak pitit pitit nou yo ak pitit pitit pitit nou yo, priyè nou se pou chak nan fanmi yo k ap grandi yo gen menm devouman sa a pou ti pitit presye pa yo.

Papa, manman, pwochèn fwa nou kenbe yon tibebe k fèk fèt nan bra nou, nou kapab gen yon vizyon enteryè sou mistè ak bi lavi a. N ap vin pi byen konprann poukisa Legliz la jan l ye a ak poukisa fanmi se òganizasyon debaz nan letan ak nan letènite. Mwen rann temwayaj ke levanjil Jezikri a vrè, ke plan redanmsyon an, ki rele plan bonè a, se yon plan pou fanmi. M priye Senyè a pou fanmi yo nan Legliz la beni, paran ak pitit, pou travay sa a avanse an avan jan Papa a vle a. Mwen rann temwayaj sa a nan non Jezikri, amèn.

*Nòt*

1. Mowoni 8:12.
2. Som 127:3, 5.
3. 1 Korentyen 15:19.
4. Ezayi 11:6.
5. Matye 18:2-4.
6. Matye 19:14-15.
7. 3 Nefi 17:12.
8. 3 Nefi 17:21-22.
9. 3 Nefi 17:24.

---

# Ansenye Pitit nou yo Pou yo Konprann

**Pa Cheryl A. Esplin**

*Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Primè a*

---

*Anseye pitit nou pou yo konprann se plis pase jis ba yo enfòmasyon. Sa ap ede pitit nou yo mete doktrin nan nan kè yo.*

---

Pandan ane yo ap pase, anpil detay nan lavi mwen vin plis anplis vag, men kèk nan souvni m yo ki rete klè se nesans chak timoun nou yo. Syèl la te sanble toupre, e si m eseye, m ap kapab prèske santi menm santiman reverans ak mèvèy sa yo m te santi a chak fwa yo te mete timoun presye sa yo nan bra mwen.

Pitit se kado Bondye bay” (Psalm 127:3). Li konnen epi Li renmen yo chak avèk yon amou pafè (gade Mowoni 8:17). Ala yon responsablite Papa nou ki nan Syèl la mete sou nou antanke paran pou nou mete ansanm avèk Li nan ede espri chwazi sa yo vin sa Li konnen yon kapab devni a.

Privilèj diven sa a pou nou elve pitit nou yo se yon pigran responsablite pase sa nou kapab fè poukont nou, san èd Senyè a. Li konnen egzakteman sa pitit nou yo bezwen konnen, sa yo bezwen fè ak sa yo bezwen ye pou yo kapab retounen nan prezans Li. Li bay manman ak papa yo enstriksyon avèk gid espesyal atravè ekriti yo, pwofèt Li yo, epi Sentespri a.

Nan yon revelasyon nan dènye jou yo Li te bay Pwofèt Joseph Smith, Senyè a enstwi paran yo pou yo anseye pitit yo pou *konprann* doktrin repantans la, lafwa nan Kris la, batèm ak don Sentespri a. Note ke Senyè a pat jis di nou dwe “anseye doktrin nan”; enstriksyon Li se pou nou anseye pitit nou yo pou yo “*konprann* doktrin nan.” (gade D&A 68:25, 28; italik ajoute.)

Nan Som nou li, “Ban m’ lespri pou m’ ka obeyi lalwa ou, pou m’ fè sa l’ mande a ak tout kè mwen. (Som 119:34).

Ansenye pitit nou yo pou yo konprann se plis pase jis pataje enfòmasyon. Sa ede pitit nou yo mete doktrin nan nan kè yo yon fason pou li vin fè pati de yo menm epi pou l reflete nan atitud yo ak konpòtman yo atravè lavi yo.

Nefi te ansenye ke wòl Sentespri a se pou pote pawol la “ nan kè pitit lèzòm” (2 Nefi 33:1). Wòl nou antanke paran se pou nou fè tout sa nou kapab pou nou kreye yon atmosfè kote pitit nou yo kapab santi enfluyans Lespri a epi apres a ede yo rekonèt sa yo santi a.

Mwen sonje yon apèl telefonik mwen te resevwa plizyè ane pase de pitit fi nou an Michelle. Li te di avèk yon emosyon, “Manman, mwen fèk sot fè yon gwo eksperyans ekstraodinè avèk Ashley.” Ashley se pitit fi li ki te gen 5 an lè sa a. Michelle te dekri jou maten an kòm yon maten kerèl san rete ant Ashley ak Andrew ki te gen 3zan–youn pa t vle pataje epi lòt la t ap bay kou. Aprel te fin ede yo jere diskisyon an, Michelle te al tcheke tibebe a.

Touswit, Ashley te kouri rantr anndan an, ankolè paske Andrew pa t vle pataje. Michelle te raple Ashley angajman yo te pran nan sware familial la pou yo vin pi janti youn ak lòt la.

Li te mande Ashley si l te vle priye pou mande Papa nou ki nan Syèl la èd, men Ashley ki te toujou fache, te reponn, “Non.” Lè l te mande l si li kwè Papa nou ki nan Syèl la t ap reponn priyè li a, Ashley te di li pa konnen. Manman l te mande l pou l eseye epi li te pran men li jantiman epi mete ajenou avèk li.

Michelle te sigjere pou Ashley te mande Papa nou ki nan Syèl la pou ede Andrew pataje—epi ede li menm pou l vin janti. Lide pou Papa nou ki nan Syèl la ede ti frè l la pataje a dwe te atire enterè Ashley, e li te komanse priye, toudabò li te mande Papa nou ki nan Syèl la pou ede Andrew pataje. Pandan li tap mande l pou ede li vin pi janti, li te komanse kriye. Ashley te fini priyè a e li te foure tèt li kache sou zèpol manman li. Michelle te kenbe li epi l te mande li poukisa li t ap kriye a. Ashley te di li pa konnen.

Manman li te di, “Mwen panse m konnen poukisa w ap kriye a. èske santi w byen nan kè ou?” Ashley te sekwe tèt li wi, epi manman l te kontinye, “ Se Lespri a ki ede ou santi w konsa. Se



fason Papa nou ki nan Syèl la pou di ou Li renmenm ou epi l ap ede ou.”

Li te mande Ashley si li kwè sa, si l kwè Papa nou ki nan Syèl la kapab ede li. Avèk ti je li yo ranpli ak dlo, Ashley te reponn wi.

Pafwa mwayen ki pi pwisan pou nou anseye pitit nou yo konprann yon doktrin se pou nou ansenye yo nan kontèks sa yap fè eksperyans la nan moman an menm. Moman sa yo natirèl, yo pa planifye, epi yo rive nan aktivite nòmal lavi famiyal nou yo. Yo vini epi yo ale byen vit, konsa nou bezwen pi vijilan epi rekonèt yon moman ansèyman lè pitit nou yo vin jwenn nou avèk yon kesyon oubyen yon sousi, lè yon gen pwoblèm pou viv avèk frè ak sè yo oubyen zanmi yo, lè yo bezwen kontwole kolè yo, lè yo fè yon erè, oubyen lè yo bezwen pran yon desizyon. (Gade *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl: yon gid pou anseye levanjil la* [1999], 140; *Manyèl enstriktè pou klas maryaj ak relasyon famiyal* [2000], 61.)

Si nou prepare epi n kite Lespri a gide nou nan sitiyasyon sa yo, pitit nou yo ap resevwa ansèyman avèk pigran efè ak konpreyansyon.

Moman ansèman ki vini pandan nou byen planifye okazyon regilye tankou priyè famiyal, etid ekriti anfami, sware famiyal ak lòt aktivite famiyal yo enpotan menmjan an tou.

Nan chak sitiyasyon pou ansenye, tout konesans ak tout konpreyansyon pi byen nourri nan yon atmosfè chalè ak lanmou kote Lespri a prezan.

Apeprè 2 mwa anvan pitit li yo te gen 8 an, yon papa te pran tan chak semèn pou l te prepare yo pou batèm. Pitit fi l la di lè sete tou pa li, li te bali yon jounal epi yo te chita ansanm, jis yo de a, epi yo te diskite ak pataje santiman yo sou prensip levanjil yo. Li te fè l desine yon èd vizyèl pandan l t ap grandi. Li te montre egzistans premòtèl la, lavi terès sa a, ak chak pa li bezwen pran pou retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Li te rann temwanyaj li sou chak etap plan Sali a pandan l t ap ansenye l la.

Lè pitit fi l la te raple ekspesyans sa a lè l te fin gran, li te di, “Mwen pap janm bliye lanmou m te santi avèk papa m pandan l t ap pase tan sa a avèk mwen an. . . Mwen kwè ke eksperyans sa a sete yon gwo rezon k fè m te gen yon temwanyaj konsènan levanjil la lè m te batize.” (gade *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*, 129.)

Ansenye pou konprann mande efò konstan ak detèmene. Sa mande ansèyman pa presèp epi pa legzanp e espesyalman nan ede pitit nou yo viv sa yo aprann nan.

Prezidan Harold B. Lee te ansenye, “Si nou pa fè eksperyans avèk yon prensip levanjil la an aksyon, li . . . pi difisil pou nou kwè nan prensip sa a.” (*Ansèyman des présidents de l’église: Harold B. Lee* [2000], 121).

Premye fwa m te aprann priye sete ajenou avèk fanmi m nan priyè familial. Mwen te aprann langaj lapriyè a pandan m tap koute paran mwen priye epi pandan yo t ap ede m di premye priyè m yo. Mwen te aprann ke m te kapab priye Papa nou ki nan Syèl la epi mande l pou gide m.

Chak maten san manke yon jou, manman m ak papa m te konn reyini nou ansanm bò tab nan kizin nan anvan dejene, epi nou te konn mete ajenou pou priyè familial. Nou te konn priye nan chak repa. Nan aswè anvan nou al kouche, nou te konn mete ajenou ansanm nan salon an epi nou klotire jounen an avèk priyè familial.

Byenke gen anpil bagay mwen pat konprann sou lapriyè lè m te timoun, sa te vin sitèlman fè pati lavi mwen ke l toujou rete avèk mwen. Mwen toujou kontinye ap aprann e konpreyansyon m sou pouvwa priye toujou kontinye ap grandi.

Eldè Jeffrey R. Holland te di, “Nou tout konprann ke siksè mesaj levanjil la depann sou ansenye l epi apresa konprann ni epi apresa viv li yon fason pou pwomès bonè ak sali a kapab reyalize” (“Teaching and Learning in the Church” [worldwide leadership training meeting, Feb. 10, 2007] *Liahona*, Jen 2007, 57; *Ensign*, Jen 2007, 89).

Aprann konpran doktrin levanjil la totalman se yon prosesis tout yon lavi e li vini “liy apre liy, enstriksyon apre enstriksyon, ti moso isit, ti moso lòtbò” (2 Nefi 28:30). Pandan timoun yo ap aprann epi aji sou sa yo aprann nan, konpreyansyon yo ap grandi, sa k ap bayo plis konesans, plis aksyon, ak menm yon konpreyansyon pi dirab.

Nou kapab konnen pitit nou yo kòmanse konprann doktrin nan lè nou wè sa revele nan atitid yo ak aksyon yo san nou pa fòse yo oubyen pwomèt yo rekonpans. Pandan pitit nou yo ap aprann konpran doktrin levanjil yo, y ap vini pi endepandan ak

pi responsab. Yo vin fè pati solisyon pwoblèm familyal nou epi yo pote yon kontribisyon pozitif nan anviwonman fwaye nou ak siksè fanmi nou.

N ap ansenye pitit nou yo pou yo konprann lè nou pwofite de chak sitiyasyon pou nou ansenye, envite Lespri, bay egzanp epi ede yo viv sa yo aprann nan

Lè nou gade nan je yon timoun piti, nou sonje chan sa a:

*M se pitit Bondye  
E fò m konn tout bagay;  
Ede m pou m to konprann pawòl li  
Anvan li vin twò ta*

*Kondi m, gide m, mache kote m,  
Ede m jwenn wout la,  
Aprann mwen tout sa m dwe fè  
Pou m viv avè l yon jou.*

("I Am a Child of God," *Hymns*, no. 301; italik ajoute)

Se pou nou fè konsa. Nan non Jezikri, amèn.

---

# Konvèti nan Levanjil Li a atravè Legliz Li a

**Pa Èldè Donald L. Hallstrom**

*Nan Prezidans Swasanndis yo*

---

*Bi Legliz la se pou ede nou viv levanjil la*

---

Mwen renmen levanjil Jezikri a ak Legliz Jezikri Pou Sen Dènye Jou yo. Kèk fwa nou itilize tèm *levanjil* la ak *Legliz* la youn pou lòt, men yo pa menm bagay. Sepandan, yo toutafè makònen youn ak lòt epi nou bezwen toulède.

Levanjil la se plan glworiye Bondye a kote nou menm, antanke pitit Li, nou jwenn opòtinite pou nou resevwa tout sa Papa a genyen (gade D&A 84:38). Sa rele lavi etènèl epi yo dekri li kòm “pi gwo nan tout kado Bondye yo” (D&A 14:7). Yon posyon enpòtan nan plan an se eksperyans tèrès nou, yon tan pou devlope lafwa (gade Mowoni 7:26), pou nou repanti (gade Mozya 3:12), ak pou rekonsilye nou avèk Bondye (gade Jacob 4:11).

Paske feblès lavi motèl nou yo ak “opozisyon nan tout bagay” (2 Nefi 2:11) la t ap rann lavi sa a pwofondeman difisil, epi paske nou pa t ap ka pwòpte pwòp peche nou yo, yon Sovè te nesèsè. Lè Eloyim, Bondye Etènèl la e Papa tout espri nou, te prezante Plan Sali L la, te gen youn nan pami nou ki te di, “Men mwen, voye m” (Abraram 3:27). Non Li sete Jewova.

Ne de yon Papa ki nan Syèl la, ni espiritiyèlman ni fizikman, Li te posede tout pouvwa pou venk mond lan. Ne de yon manman tèrès, Li te sijè a doule ak soufrans mòtalite a. Gran Jewova a te rele Jezi tou epi adisyonèlman, Li vin resevwa tit Kris la, ki vle di Mesi a oubyen Wen an. Pi gwo travay li te reyalize se te Sakrifis Ekspyatwa a, kote Jezi, Kris la“ te desann pi ba tout

bagay” (D&C 88:6), pou te rann posib pou L pou peye yon pri pou rachte chak nan noumenm.

Se Jezikri ki te etabli Legliz la pandan ministè li sou tè a, “bati sou fondasyon apot ak pwofèt” (Efezyen 2:20). Nan sa a, “dispansasyon plenitud tan yo,” (D&A 128:18), Senyè a te retabli sa k te egziste yon fwa deja a, e espesifikman di Pwofèt Joseph Smith, “M ap tabli yon legliz avèk men ou” (D&C 31:7). Jezikri sete epi rete chèf Legliz Li a, ki reprezante sou tè a pa pwofèt, vwayan, ak revelatè ki detni otorite apostolik la.

Se yon Legliz mayifik. Òganizasyon li, efikasite li, ak bonte total li trè respekte pa tout moun ki sensèman chèche konprann ni. Legliz la gen pwogram pou timoun, pou jèn yo, pou gason yo, ak fi yo. Li gen plis pase 18 mil bèl chapèl. Tanp mayifik—ki kounyeya totalize 136—sou tè a, avèk 30 lòt k ap konstwi oubyen ki te anonse. Gen yon gwoup misyonè aplentan ki plis pase 56 mil, ki gen ladan l jèn moun ak mwens jèn, k ap sèvi nan 150 peyi. Travay imanité Legliz Mondyal nou an se yon bèl demonstrasyon jenerozite manm nou yo. Sistèm antrèd nou an pran swen manm nou yo epi l ankouraje otonomi nan yon fason ki pa gen parèy okenn kote. Nan Legliz sa a, nou gen dirijan layik ak yon kominote Sen ki dispoze pou youn sèvi lòt nan yon fason remakab. Pa gen anyen tankou Legliz sa a nan tout mond lan.

Lè m te fèt, fanmi nou t ap viv nan yon ti kay tou piti sou teren youn nan gwo chapèl istorik Legliz la, Tabènak Honolulu a. M ap mande chè zanmi m yo nan Episkopa Prezidan an padon kounyeya, yo menm ki sipèvize batiman Legliz yo, men pandan m te yon tigason, mwen te eskalade anwo, anba e atravè chak pous pwopriyete sa a, soti nan anba pisin plen dlo a rive nan flèch enpozan k ap briye a. Nou te konn menm sote tankou Tazann nan branch long gwo pye banyan nan ki te sou teren sa a.

Legliz la se te tout bagay pou nou. Nou te konn ale nan anpil reyinyon, menm plis pase sa nou genyen yo jodia. Nou te ale nan Primè lè Jedi aprèmidi. Madi maten, sete Reyinyon Sosyete Sekou. SAM pou jèn yo sete Mèkredi swa. Samdi sete pou aktivite pawas. Dimanch mesye yo ak jèn jan yo te konn ale nan reyinyon pretriz la nan maten. Nan mitan jounen an, nou te konn ale nan lekòldidiman. Apresa nan aswè, nou retounen pou reyinyon Sentsèn. Avèk tout ale vini sa yo ak reyinyon yo, sete

kòm si tan nou te pase nan aktivite Legliz la tout jounen Dimanch la ak laplipa lòt jou yo nan semèn nan.

Otanke m te renmen Legliz la, sete pandan epòk sa yo nan anfans mwen an ke, pou lapremyè fwa, m te gen yon santiman ke te gen yon bagay ki te menm plis toujou. Lè m te gen senkan, yo te fè yon gwo konferans nan Tabènak la. Nou te mache kite kote n t ap viv la e travèse yon tip on ki te mennen nan gwo chapèl la epi nou te chita nan 10 zyèm ranje nan gwo chapèl sa a. Sete David O. McKay, Prezidan Legliz la, ki t ap prezide epi pale nan reyinyon an. Mwen pa sonje anyen nan sa l te di, men mwen raple m byen klè sa m te wè ak sa m te santi. Prezidam McKay te abiye avèk yon kostim koulè krèm epi, avèk bèl cheve blan l yo, li te ekstraòdinè. Nan tradisyon zile a, li te mete yon kolye ki te fèt ak bèl flè wouj. Pandan l t ap pale, mwen te santi yon bagay entans ak trè pèsònèl. Nan apre m te vin konprann ke sete enfliyans Sentespri a m te santi a. Nou te chante chan final la.

*Ki moun ki pou Senyè a? Ki moun?*

*Kounyeya se moman pou montre sa.*

*Nou mande sa san krent:*

*Ki moun ki pou Senyè a? Ki moun?*

(“Who’s on the Lord’s Side?” *Hymns*, no. 260)

Malgre ke te gen prèske 2.000 moun ki t ap chante pawòl sa yo, sete kòm si kesyon yo te poze a sete jis pou mwen, m te anvi kanpe pou m di “Mwen menm!”

Gen kèk moun ki rive panse ke lefèt ke yo aktif nan Legliz la se bi final la sa. Gen yon danje nan sa. Li posib pou yon moun aktif nan Legliz la e inaktif nan levanjil la. Kite m eksplike: aktifif nan Legliz la se yon bi grandman dezirab; men, li pa sifi. Aktif nan Legliz la se endikasyon eksteryè dezi espiritèl nou. Si nou ale nan reyinyon yo, kenbe ak akonpli tach nou yo nan Legliz la, epi nou sèvi lòt moun, se yon bagay tout moun piblikman obsève.

Pa kontras, bagay konsènan levanjil la se bagay ki abityèlman mwens vizib ak pi difisil pou mezire, men yo gen pigwo enpòtans etènèl. Pa egzanp, ki kantite lafwa nou reyèlman genyen? Nan ki pwen nou repantan? Ki enpòtans òdonans yo genyen nan lavi nou? Èske nou fokis sou alyans nou yo?

M ap repete: nou bezwen levanjil laak Legliz la. Anfèt, bi Legliz la se pou ede nou viv levanjil la. Nou souvan mande: Kòman yon moun fè totalman aktif nan Legliz la lè l jèn epi li pa aktif lè l vin pi gran? Kijan yon adilt ki te konn vini ak sèvi regilyèman fè sispann vini? Kòman yon moun ki desi pa yon dirijan oubyen yon lòt manm fè kite sa fè l pa vin legliz la ankò? Petèt rezon an sèke yo pa t ase konvèti nan levanjil la—nan bagay letènite yo.

M ap sigjere twa mwayen esansyèl pou ke levanjil kapab fondasyon nou:

1. *Apwofondi konpreyansyon nou sou Divinite a.* Yon bon konesans de twa manm Divinite a ak yon lanmou pou yo se yon bagay ki endispansab. Priye Papa a tout bon vre, nan non Pitit Gason an, epi chèche direksyon nan men Sentespri a. Konbine priyè avèk etid konstan ak enb meditasyon pou nou kontinyèlman bati lafwa inebranlab nan Jezikri. “Paske, kouman yon nonm ap fè rekonèt yon mèt li pa sèvi . . . ki se yon etranje pou li, e ki pa nan panse l ak desizyon kè l?” (Mozya 5:13).
2. *Konsantre sou òdonans yo ak alyans yo.* Si ta gen nenpòt nan òdonans esansyèl yo ki poko fèt nan lavi nou, prepare nou atantivman pou resevwa yo chak. Apresa nou bezwen etabli disiplin pou nou viv fidèl nan alyans nou yo, kote n ap totalman itilize kado Sentsèn nan chak semèn. Anpil nan nou pa chanje komsadwa pa pouvwa netwayaj li a akoz mank reverans pou òdonans sakre sa a.
3. *Ini levanjil la avèk Legliz la.* Lè nou konsantre sou levanjil, Legliz la ap vin plis yon benediksyon nan lavi nou, pa mwens. Lè nou ale nan chak reyinyon prepare pou nou “chèche konesans, menm nan etid epi avèk lafwa” (D&A 88:118), Sentespri a va pwofesè nou. Si nou vini nan espri divètisman, n ap souvan desi. Prezidan Spencer W. Kimball te mande yon fwa: “Ki sa nou fè lè nou twouve nou nan yon reyinyon Sentsèn raz?” Repons Li: “M pa konnen. Mwen pa janm asiste youn ki raz” (Site pa Gene R. Cook, nan Gerry

Avant, "Learning Gospel Is Lifetime Pursuit," *Church News*, Mas. 24, 1990, 10).

Nan lavi nou, nou ta dwe chèche konnen ki sa k te rive apre ke Senyè a te vini nan pami pèp Nouvo mond lan epi etabli Legliz Li a. Ekriti yo di konsa: "Epi se te konsa, yo t ale nan pami tout pèp Nefi a, epi yo te preche tout moun nan peyi a levanjil Kris la; e moun yo te konvèti nan Senyè a, yo te reyini nan legliz Kris la, epi konsa, pèp jenerasyon sa a te beni." (3 Nefi 28:23).

Senyè a vle manm Legliz Li a konvèti tout bon vre nan levanjil Li a. Se sèl mwayen asire pou nou gen sekirite espartyèl kounyeya ak bonè pou tout tan. Nan non Jezikri, amèn.



---

# Li Vrèman Renmen nou

**Pa Èldè Paul E. Koelliker**

*Nan Swasanndis yo*

---

*Paske modèl fanmi an se yon bagay ki sot nan syèl la, nou pi totalman konprann kijan Papa nou ki nan Syèl la vrèman renmen nou chak egalman ak totalman.*

---

Mwen renmen lè m avèk misyonè aplentan yo. Yo ranpli ak lafwa, espwa, ak charite sensè. Eksperyans misyonè yo se yon eksperyans tout yon lavi ki pran plas nan 18 a 24 mwa. Yo rive tankou tibebe esprityèl avèk yon gwo apeti pou aprann, epi yo kite chan misyon an kòm adilt plen matirite, aparaman pare pou konkeri nenpòt difikilte ki plase devan yo. Mwen renmen senyò misyonè devwe yo tou, ki plen pasyans, sajès, ak asirans kalm. Yo pote yon kado estabilite ak lanmou bay jèn misyonè plen enèji yo ki antoure yo a. Ansanm, jèn misyonè yo ak koup senyò yo se yon fòs pisan, pèseveran pou sa ki byen, ki gen yon pwofon efè sou lavi yo ak sou lavi moun ki touche pa sèvis yo.

Resamman m t ap koute de nan gwo jèn misyonè sa yo pandan yo t ap repase eksperyans yo ak efò yo te fè. Nan moman refleksyon sa a yo te panse ak kèk moun yo te kontakte jou sa a, kèk nan yo te pi reseptif pase lòt. Pandan yo t ap konsidere sikonstans sa yo, yo te mande: “Kijan nou ka ede chak moun devlope yon dezi pou konnen plis sou Papa nou ki nan Syèl la? Kijan nou ka ede yo santi Lespri a? Kijan nou ka ede yo konnen nou renmen yo?”

Nan lespri mwen m t ap vizyalize de jènjan sa yo twa ou katran apre yo fini misyon yo. Mwen te vizyalize yo k ap jwenn konpay etènèl yo ak sèvi nan yon kowòm ansyen oubyen anseye yon gwoup jènjan. Kounyeya, olye ke se ak envestigatè y ap panse, yo t ap poze menm kesyon sa yo pou manm kowòm yo oubyen jènjan yo te resevwa apèl pou yo nourri yo. Mwen te wè

kijan eksperyans misyonè yo ta ka aplike kòm yon modèl pou nourri lòt moun pandan tout rèz lavi yo. Lè lame disip jis sa yo soti nan misyon yo pou retounen al nan pil peyi sou tout tè a, yo vin tounen patisipan kle nan travay pou etabli Legliz la.

Pwofèt Liv Mòmmon an, Leyi, te siman ap medite sou menm kalite kesyon sa yo misyonè yo t ao poze a lè l te tandè repons pitit gason l yo pou direksyon ak vizyon li te resevwa a: “Epi sete konsa Laman ak Lemyèl, ki te pi gran, te plenyen kont papa yo. E yo te plenyen paske yo pa t konnen anyen nan zafè Bondye sa a ki te kreye yo a. (1 Nefi 2:12).

Petèt nou chak santi fristrasyon Leyi te santi avèk de pi gran pitit gason l yo. Lè nou rankontre yon timoun k ap derape, yon investigatè ki pa angaje, oubyen yon èldè potansyèl ki pa reponn, kè nou dechire menmjan ak Leyi epi nou mande, kijan m ka ede yo santi ak koute Lespri a pou yo pa tonbe nan pyèj distraksyon mond lan yo? Mwen gen de ekriti nan lespri m ki ka ede nou jwenn fason pou n travèse distraksyon sa yo ak santi pouvwa lanmou Bondye.

Nefi bay yon kle pou pòt konesans la atravè pwòp eksperyans pa li: “Mwen menm Nefi, . . . m te gen gran dezi pou m konnen mistè Bondye yo, se poutèt sa, m te kriye nan pye Senyè a; e li te vizite m, e li te touche kè m pou m te kapab kwè tout pawòl papa m te pale yo; se poutèt sa m pa t fè rebèl kont li tankou frè m yo te fè a (1 Nefi 2:16).

Reveye dezi pou konnen an kapab ba nou kapasite espiyèl pou tandè vwa k soti nan syèl la. Jwenn yon fason pou reveye ak nourri dezi sa a se rechèch ak responsablite nou chak—misyonè, paran, enstriktè, dirijan, ak manm. Si nou santi dezi sa a ap fòme nan kè nou, nou prepare pou n benefisyè nan konesans dezyèm ekriti m vle mansyone a.

An Jen 1831, pandan yo t ap bay premye dirijan Legliz yo apèl, yo te di Joseph Smith ke “Satan tout kote sou tè a epi l ale pou l twonpe nasyon yo.” Pou konbat enfliyans detounan sa a, Senyè a te di ke L t ap ba nou “yon modèl nan tout bagay, pou nou pa egare” (D&A 52:14).

Modèl se baz, gid, se etap repetitif, oubyen chemen yon moun suiv pou rete aliyan avèk objektif Bondye. Si nou suiv yo, y ap fè nou rete enb, veyatif, ak kapab pou disène vwa Sentespri a

de vwa k ap distrè nou e detounen nou yo. Senyè enstwi nou apres: “Moun ki tranble anba pouvwa m, m ap fè l fò epi l ap pote fwi louwanj ak lasajès, dapre revelasyon ak verite m te ba nou yo ” (D&A 52:17).

Benediksyon priyè enb, ki ofri avèk entansyon reyèl, pèmèt Sentespri a touche kè nou epi ede nou sonje sa nou te konnen anvan nou te fèt nan mòtalite sa a. Lè nou klèman konprann plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou, nou kòmanse rekonèt responsablite nou pou ede lòt moun aprann ak konprann plan Li a. Kolekole avèk ede lòt moun sonje, se fason nou pèsònèlman viv levanjil la ak aplike li nan lavi pa nou. Lè nou vrèman viv levanjil la selon modèl Jezikri te anseye a, kapasite nou pou ede lòt moun ogmante. Eksperyans sa a se yon egzanp sou fason prensip sa a kapab travay.

De jèn misyonè te frape nan yon pòt, ak espwa pou yo te jwenn yon moun pou resevwa mesaj yo a. Pòt la te louvri, epi yon gwo mesye te akeyi yo nan yon vwa ki pa t amikal: “M kwè m te di nou pou nou pa frape nan pòt mwen ankò. M avèti nou ke si nou janm retounen ankò, sa pa p yon eksperyans plezan. Kounyeya, kite m an repo m.” Li te fèmen pòt la byen vit.

Pandan èldè yo t ap mache ale, ansyen an, ki te gen plis eksperyans misyonè, te pase bra l sou zepòl jèn misyonè a pou rekonfòte l ak ankouraje li. Sa yo pa t konnen, sèke mesye a t ap gade nan fenèt la pou l te si ke yo te konprann mesaj li a. Li te totalman atann ke l t ap wè y ap ri e fè rizib avèk repons enpoli l te bayo nan vizit yo a. Men, pandan l t ap gade ekspresyon jantiyès ant de misyonè sa yo, kè l te adousi imedyatman. Li te louvri pòt la ankò epi l te mande misyonè yo pou yo te retounen vin pataje mesaj yo a avèk li.

Se lè nou soumèt anba volonte Bondye epi viv selon modèl Li ke nou santi Lespri a. Sovè a te anseye: “Si nou youn renmen lòt, lè sa a, tout moun va konnen se disip mwen nou ye” (Jan 13:35). Prensip sa a pou youn renmen lòt ak devlope kapasite nou pou nou santre sou Kris la nan fason nou panse, pale, ak aji a, se prensip fondamantal nan vin disip Kris la ak anseye levanjil Li a.

Reveye dezi sa a nan nou ap prepare nou pou n chèche modèl yon pwomèt yo. Chèche modèl yo ap mennen nou nan doktrin Kris la jan Sovè a ak dirijan pwofèt Li yo te anseye l la. Youn nan

modèl doktrin sa a se pèsèvere jiskalafen: “Epi moun ki chèche pou tabli Siyon m nan, nan jou sa a, ap beni, paske y ap gen kado ak pouvwa Sentespri a; e si yo pèsèvere jiskalafen, y ap reziste, nan dènnye jou a pou yo kapab sove nan wayòm Ti Mouton an ki p ap janm fini an” (1 Nefi 13:37).

Ki metòd final nou ka itilize pou nou ka jwi don ak pouvwa Sentespri a? Se pouvwa ki vini nan rete disip fidèl Jezikri a. Se *lanmou* nou pou Li ak pou pwochen nou. Se Sovè a ki te defini modèl lanmou an lè l te anseye nou: “Men m ap ba nou yon kòmandman nouvo. Se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou an” (Jan 13:34).

Prezidan Gordon B. Hinckley te konfime prensip sa a lè l te di: “Renmen Senyè a se pa jis konsèy; se pa jis yon bagay nou ta swete. Se yon kòmandman . . . Renmen Bondye se rasin tout vèti, tout bonte, tout fòs karaktè, tout fidelite pou fè sa ki byen” (“Words of the Living Prophet,” *Liahona*, Dec. 1996, 8; “Excerpts from Recent Addresses of President Gordon B. Hinckley,” *Ensign*, Avr. 1996, 73).

Plan Papa a prepare modèl fanmi an pou ede nou aprann, aplike, ak konprann pouvwa lanmou. Jou m te òganize pwòp fanmi pa m nan, madanm mwen Ann avèk mwen te ale nan tanp lan epi nou te antre nan alyans maryaj la. Ala anpil m te panse m te renmen l jou sa a, men m te sèlman kòmanse wè vizyon lanmou an. Amezi chak nan pitit nou ak pitit pitit nou yo te antre nan lavi nou, lanmou nou te vin pi gran pou fè nou youn chak nan yo egalman e totalman. Se kòm si pa gen okenn fen nan kapasite lanmou grandisan sa a.

Santiman lanmou nan men Papa nou ki nan Syèl la se tankou yon lwa gravite a ki soti nan syèl la. Pandan ke n ap retire distraksyon k ap rale nou ale nan mond lan e egzès libabit nou pou chèche Li, n ap louvri kè nou pou fòs selès ki ap mennen nou pwoche tou pre Li. Nefi dekri enpak sa a kòm “jistan kò [li] boule” ” (2 Nefi 4:21). Menm pouvwa lanmou sa a te lakoz Alma chante yon “kantik lanmou redanmtè” (Alma 5:26; gade vèsè 9 tou). Li te touche Mòmmon nan yon fason ke l te konseye nou pou nou “priye . . . avèk tout enèji kè [nou]” pou nou kapab chaje avèk lanmou Li (Mowoni 7:48).

Ekriti modèn yo ak ansyen yo gen gwo rapèl sou lanmou etènèl Papa nou ki nan Syèl la pou pitit Li yo. Mwen konnen ke bra Papa nou ki nan Syèl la toujou lonje, pare pou anbrase nou cha kepi pou di nou chak nan vwa trankil, nèt sa a: “Mwen renmen ou.”

Gras ak modèl fanmi ki soti nan syèl sa a, nou pi totalman konprann kijan Papa nou ki nan Syèl la vrèman renmen nou chak egalman e totalman. Mwen temwaye ke se verite. Bondye konnen e Li renmen nou. Li ba nou yon vizyon sou plas sakre L la e li rele pwofèt ak apot pou anseye nou prensip ak modèl k ap mennen nou retounen al jwenn ni. Pandan n ap fè efò pou nou reveye dezi pou konnen nan nou menm ak nan lòt moun e pandan n ap viv selon modèl nou dekouvri yo, n ap rapwoche de Li. Mwen temwaye ke Jezi se reyèlman Pitit Gason Bondye, Egzanp nou, Redanmètè Byeneme nou, mwen eksprime sa nan non Jezikri, amèn.

---

# Sakrifis

**Pa Eldè Dallin H. Oaks**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Lavi sèvis nou ak sakrifis nou se ekspresyon ki pi apwopriye pou dekri angajman nou pou sèvi Mèt la ak pwochen nou.*

---

Yo rele Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a “Evenman ki pi gwo nan tout evenman depi nan kòmansman kreyasyon an jis nan letènite.”<sup>1</sup> Sakrifis sa a se mesaj santral tout pwofèt yo. Li te anonse pa sakrifis zannimo Lwa Moyiz la te egzije yo. Yon pwofèt te deklare ke tout siyifikasyon yo te “pwente sou gwo sakrifis final la . . . Pitit Gason Bondye a, wi, enfini epi etènèl” (Alma 34:14). Jezikri te andire soufrans enkonpreyansib pou fè Limenm yon sakrifis pou peche tout moun. Sakrifis sa a te ofri dènnye kras bon – ti mouton pwòp san defo a–pou dènnye kras mal – peche tout mond lan. Nan pawòl memorab Eliza R. Snow:

*Li te vèse san presye l la libreman,  
Li te bay lavi l libreman,  
Yon sakrifis inosan pou fot,  
Pou sove yon mond anba lanmò.<sup>2</sup>*

Sakrifis sa a – Ekspyasyon Jezikri a – se santral plan sali a. Soufrans enkonpreyansib Jezikri a te fini ak san ki te koule a, men li pa t mete fen a enpòtans sakrifis la nan plan Levanjil la. Sovè nou an kontinye egzije pou nou ofri sakrifis, men sakrifis Li mande nou kounyeya se pou nou “ofri kòm sakrifis pou li yon kè brize ak yon lespri kontri” (3 Nefi 9:20). Li kòmande nou chak tou pou youn renmen ak sèvi lòt – pratikman, pou nou ofri yon ti imitasyon pwòp sakrifis Li a nan sakrifye pwòp tan nou ak priorite egoyis nou yo. Nan yon kantik enspire, nou chante: “Sakrifis rale benediksyon syèl yo desann.”<sup>3</sup>

Mwen pral pale de sakrifis mòtèl sa yo Sovè a mande nou pou nou fè a. Sakrifis nou oblije fè yo oswa aksyon ki kapab motive pa avantaj pèsònèl nou olyede sèvis oswa sakrifis pa ladan (gade 2 Nefi 26:29).

## I.

Relijyon Krisyanis la gen yon istwa sakrifis, ki genyen sakrifis final la ladan. Nan kòmansman epòk Krisyanis la, Wòm te matirize plizyè milye moun poutèt lafwa yo nan Jezikri. Nan syèk ki te vin apre yo, kòm pwoblèm ki gen rapò a doktrin te divize kreyen yo, gen kèk gwoup ki te konn pèsèkite e menm touye manm lòt gwoup. Kreyen ke lòt kreyen te konn touye yo rete mati ki pi trajik nan relijyon krisyanis la.

Anpil kreyen volontèman fè sakrifis ki motive pa lafwa yo nan Kris la ak dezi yo pou yo sèvil L. Genyen ki chwazi pou yo konsakre tout lavi granmou yo nan sèvis Mèt la. Gwoup nòb sa a gen ladan l moun ki nan òganizasyon relijye nan Legliz Katolik yo ak sila yo ki bay yon bon valè tan nan lavi yo kòm misyonè kreyen nan divès relijyon pwotestan yo. Egzanp moun sa yo bay ankourajman ak enspirasyon, men pifò kwayan nan Kris la pa oblije ni kapab konsakre tout lavi yo nan sèvis relijye.

## II.

Pou pifò moun ki ap suiv Kris la, sakrifis nou yo enplike sa nou kapab fè chak jou nan vi pèsònèl òdinè nou. Nan eksperyans sa a mwen pa konn okenn group ki gen manm ki fè plis sakrifis pase Sen Dènye Jou yo. Sakrifis yo – sakrifis nou yo, frè m ak sè m yo – kanpe diferan avèk efò moun ap fè nan mond lan pou yo kapab jwenn epanouyisman pèsònèl.

Premye egzanp mwen se pyonye Mòmou nou yo. Sakrifis ekstrawòdinè yo te fè avèk lavi yo, relasyon famiyal yo, fwaye yo, ak konfò yo reprezante fondasyon levanjil retabli a. Sarah Rich te pale de sa k te motive pyonye sa yo lè l te dekri mari l, Charles, ki te resevwa apèl pou l ale an misyon byen lwen: “Se te vrèman yon moman difisil pou mwen ak mari m; men se devwa te mande pou nou separe pandan yon ti tan e, kòm nou te konnen se volonte Senyè a nou t ap obeyi, nou te santi nesèsite pou nou mete santiman nou yo akote pou nou kapab ede tabli travay . . . pou ede bati Wayòm Bondye a sou tè a.”<sup>4</sup>

Jodi a fòs Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo ki pi vizib se sèvis dezenterese ak sakrifis manm li yo. Anvan rekonsekrasyon youn nan tanp nou yo, yon pastè te mande Prezidan Gordon B. Hinckley poukisa tanp lan pa t gen okenn reprezantasyon kwa a, senbòl lafwa kretyen ki pi komen an. Prezidan Hinckley te reponn ke senbòl lafwa kretyen *nou* se “lavi moun nou yo.”<sup>5</sup> Vrèman, vi sèvis ak sakrifis nou yo se fason ki pi apwopriye pou nou eksprime angajman nou pou nou sèvi Mèt la ak pwochen nou yo.

### III.

Nou pa gen klèje ki pwofesyonèlman fòme ak resevwa salè nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Kòm konsekans, manm layik ki resevwa apèl pou yo dirije ak sèvi kongregasyon nou yo dwe administre tout reyinyon, pwogram, ak aktivite Legliz nou yo. Yo fè sa nan plis pase 14.000 kongregasyon pou jis Etazini ak Kanada sèlman. Natirèlman, se pa sèl noumenm ki gen manm layik nan kongregasyon nou yo ki ap sèvi kòm enstriktè ak dirijan layik. Men pil kantite tan manm nou yo bay pou youn fòme ak pran swen lòt yo pa gen parèy. Efò nou pou fè chak fanmi nan kongregasyon nou yo resevwa vizit enstriktè nan fwaye chak mwa epi pou fè chak fi granmoun resevwa vizit enstriktis nan fwaye chak mwa yo se egzanp sa nou di a. Nou pa okouran de okenn sèvis konparab nan okenn òganizasyon nan mond lan.

Egzanp moun pi konnen sou sèvis ak sakrifis san parèy SDJ yo se travay misyonè nou yo. Pou kounyeya, yo gen plis pase 50.000 jèn gason ak jèn fi ak plis pase 5.000 granmoun gason ak fi. Yo konsakre soti sis mwa rive dezan nan lavi yo pou anseye levanjil Jezikri a ak founi sèvis imanite nan anviwon 165 peyi nan mond lan. Travay yo toujou enplike sakrifis, enkli ane yo bay pou travay Senyè a ak sakrifis yo fè nan bay fon pou sipòte yo tou.

Paran yo fè sakrifis tou lè yo pase yo de konpayi ak sèvis pitit gason oswa pitit fi yo ki ap fè misyon yo. Pa egzanp, yon jèn Brezilyen te resevwa yon apèl misyonè pandan li tap travay pou soutni fanmi li apre papa l ak manman l te mouri. Yon Otorite Jeneral te dekri fanmi sa a ki te reyini an konsèy kote yo te sonje ke defen paran yo te anseye yo kijan yo dwe toujou pare pou sèvi Senyè a. Jenòm nan te asepte apèl misyon an, epi yon frè ki te gen



16 an te pran responsablite pou al travay pou soutni fanmi an.<sup>6</sup> Pifò nan nou konnen anpil lòt egzanp sakrifis pou sèvi yon misyon oubyen pou soutni yon misyonè. Nou pa konn okenn lòt sèvis volontè ak sakrifis tankou sa a nan okenn lòt òganizasyon nan mond lan.

Souvan yo mande nou: “Kijan nou fè konvenk jèn nou yo ak lòt manm ki pi gran yo pou kite lekòl yo oswa retrèt yo pou yo fè sakrifis nan fason sa a?” Mwen konn tande anpil moun bay eksplikasyon sa a: “Kòm mwen konnen sa Sovè m nan te fè pou mwen – gras Li lè li tap soufri pou peche m yo ak lè li te pase pa lanmò pou m ka viv ankò – mwen santi se yon privilèj pou mwen pou m fè ti sakrifis yo mande pou m fè nan sèvis Li a. Mwen vle pataje konpreyansyon li ban mwen an.” Kijan nou fè konvenk disip Jezikri sa yo pou yo sèvi? Jan yon pwofèt te eksplike a: “Nou [jis] mande yo.”<sup>7</sup>

Lòt sakrifis ki soti nan sèvis misyonè se sakrifis moun ki aji sou ansèyman misyonè yo e ki vin manm Legliz la. Pou anpil konvèti, sakrifis sa yo gen anpil siyifikasyon, pami yo pèt zanmi ak asosyasyon fanmi.

Sa gen dèzane, moun nan konferans sa a te tande pale de yon jenòm ki te jwenn levanjil retabli a pandan li tap etidye nan Etazini. Lè l ta pral retounen nan peyi l, Prezidan Gordon B. Hinckley te mande l kisa ki tap rive lè l retounen lakay li kòm Kretyen. Jenòm nan te reponn: “Fanmi m ap desi. Yo ka mete m deyò epi konsidere m kòm yon moun ki mouri. Pou sa ki konsène avni mwen ak karyè mwen, tout opòtinite kapab fèmen devan m.”

Prezidan Hinckley te mande l: “Èske ou dispoze pou peye gwo pri sa a pou levanjil la?”

Avèk dlo nan je, jenòm nan te reponn: “Li vrè, pa vre?” Lè sa te konfime pou li, li te reponn: “Enben, ki lòt bagay ki konte?”<sup>8</sup> Sa a se espri sakrifis pami anpil nan nouvo manm nou yo.

Lòt egzanp sèvis ak sakrifis parèt nan lavi manm fidèl k ap sèvi nan tanp nou yo. Sèvis nan tanp se bagay karakteristik a Sen Dènnye Jou yo sèlman, men tout Kretyen ta dwe konprann siyifikasyon sakrifis sa a. Sen Dènnye Jou yo pa gen tradisyon sèvis nan yon monastè, men nou kapab toujou konprann ak

onore sakrifis moun ke lafwa Kreyen yo motive pou yo konsakre lavi yo pou aktivite relijye sa a.

Sa fè sèlman ennan nan konference sa a, Prezidan Thomas S. Monson te pataje yon egzanp sakrifis an koneksyon avèk sèvis tanp lan. Yon papa Sen Dènye Jou fidèl nan yon zile rekile nan Pasifik la te fè gwo travay fizik di nan yon kote lwen pandan sizan pou l te kapab fè kòb ki te nesèsè pou mennen madanm ni ak 10 piti li yo nan Tanp Nouvèl Zelann nan pou maryaj ak sèlman pou letènite. Prezidan Monson te eksplike: “Moun ki konprann benediksyon etènèl ki soti nan tanp lan konnen ke pa gen sakrifis ki twò gwo, pa gen pri ki twò lou, pa gen lit ki twò difisil pou moun resevwa benediksyon sa yo.”<sup>9</sup>

Mwen rekonesan pou bèl egzanp lanmou Kreyen, sèvis ak sakrifis mwen wè pami Sen Dènye Jou yo. Mwen wè nou k ap mayifye apèl nou yo nan Legliz la, souvan sa mande gwo sakrifis tan ak mwayen. Mwen wè nou ap sèvi misyon ak pwòp kòb pa nou. Mwen wè nou ap bay talan pwofesyonèl nou ak kè kontan nan sèvi pwochen nou. Mwen wè nou k ap pran swen pòv yo atravè efò pèsone ak nan sipò nou ofri pou antrèd ak èd imanite Legliz la.<sup>10</sup> Tout sa demontre nan yon etid yo te fè nan peyi a ki te montre ke manm aktif Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo “volontè e bay anpil anpil plis pase Ameriken mwayen an e yo menm gen plis jenewozite nan tan ak lajan pase [20 pousan] nan tòp moun relijye yo nan Amerik la.”<sup>11</sup> Egzanp sa yo fòtifye nou tout. Yo fè nou sonje ansèyman Sovè a:

Kalite egzanp sa yo nan bay lòt moun nan fòtifye nou tout. Yo raple nou ansèyman Sovè a:

“Si yon moun vle mache dèyè m, se pou l bliye tèt li . . .

“Paske, moun ki ta vle sove lavi l va pèdi li. Men moun ki va pèdi lavi l poutèt mwen, li va jwenn li ankò” (Matye 16:24–25).

#### IV.

Petèt egzanp sèvis dezenterese ak sakrifis ki pi fanmiye ak pi enpòtan yo fèt nan fanmi nou. Manman yo konsakre tèt yo pou pote ak elve pitit yo. Mari yo konsakre tèt yo pou yo soutni madanm yo ak pitit yo. Sakrifis ki antre nan sèvis etènèlman enpòtan pou fanmi nou yo twòp pou nou ta mansyone yo ak twò fanmiye pou yo ta bezwen mansyone.

Mwen wè Sen Dènye Jou ki pa egoyis ki ap adopte timoun tou, pami yo timoun ki gen bezwen espesyal, e ki ap chèche bay timoun ki sou kont leta yo espwa ak opòtinite ke sikonstans anvan yo pa t ba yo. Mwen wè nou k ap pran swen manm fanmi ak pwochen ki ap souffri depi yo fèt ak malfòmasyon, maladi mantal ak fizik ak efè avansman laj. Senyè a wè nou tou, e Li fè pwofèt Li yo deklare ke “lè nou sakrifye tèt nou youn pou lòt ak pou pitit nou yo, Senyè a ap beni nou.”<sup>12</sup>

Mwen kwè ke Sen Dènye Jou ki bay sèvis dezenterese e ki fè sakrifis nan adore Senyè a nan suiv egzanp li tache a valè etènèl yo plis ke nenpòt lòt gwoup moun. Sen Dènye Jou yo konsidere sakrifis tan yo ak mwayen yo kòm yon pati nan fòmasyon lekòl yo ak kalifikasyon yo pou letènite. Sa se yon verite ki te revele nan *Lectures on Faith*, ki anseye ke “yon relijyon ki pa egzijè sakrifis tout bagay pa janm gen ase pouvwa pou l pwodui lafwa ki nesèsè pou lavi ak sali. . . . Se atravè sakrifis sa a, e sa a sèlman, ke Bondye te òdone pou lòm jwi lavi etènèl.”<sup>13</sup>

Menm jan sakrifis ekspyatwa Jezikri a se sant plan sali a, noumenm ki ap suiv Kris la, nou dwe fè pwòp sakrifis pa nou pou nou rive nan destine plan an prepare pou nou an.

Mwen konnen Jezikri se sèl Pitit Gason Literal Bondye Papa Etènèl la. Mwen konnen ke gras ak sakrifis ekspyatwa L la, nou gen asirans imòtalite ak opòtinite pou lavi etènèl. Li se Senyè nou, Sovè nou, ak Redanmtè nou, e mwen rann temwayaj de Li nan non Jezikri, Amèn.

#### Nòt

1. Bruce R. McConkie, *The Promised Messiah: The First Coming of Christ* (1981), 218.
2. “How Great the Wisdom and the Love,” *Hymns*, no. 195.
3. “Praise to the Man,” *Hymns*, no. 27.
4. Sarah Rich, in Guinevere Thomas Woolstenhulme, “I Have Seen Many Miracles,” in Richard E. Turley Jr. and Brittany A. Chapman, eds., *Women of Faith in the Latter Days: Volume 1, 1775–1820* (2011), 283.
5. Gordon B. Hinckley, “The Symbol of Our Faith,” *Liahona and Ensign*, Avr. 2005, 3.
6. Gade Harold G. Hillam, “Sacrifice in the Service,” *Ensign*, Nov. 1995, 42.
7. Gordon B. Hinckley, “The Miracle of Faith,” *Liahona*, July 2001, 84; *Ensign*, May 2001, 68.
8. Gordon B. Hinckley, “It’s True, Isn’t It?” *Tambuli*, Oct. 1993, 3–4; *Ensign*, July 1993, 2; see also Neil L. Andersen, “It’s True, Isn’t It? Then What Else Matters?” *Liahona and Ensign*, May 2007, 74.

9. Thomas S. Monson, "The Holy—a Beacon to the World," *Liahona* and *Ensign*, May 2011, 91–92.
10. Gade, pa egzanzp, Naomi Schaefer Riley, "What the Mormons Know about Welfare," *Wall Street Journal*, Feb. 18, 2012, A11.
11. Ram Cnaan and others, "Called to Serve: The Prosocial Behavior of Active Latter-day Saints" (draft), 16.
12. Ezra Taft Benson, "To the Single Adult Brethren of the Church," *Ensign*, May 1988, 53.
13. *Lectures on Faith* (1985), 69.

---

# Mòn pou monte

**Pa Prezidan Henry B. Eyring**

*Premye Konseye nan Premye Prezidans lan*

---

*Si nou gen lafwa nan Jezikri, tan ki pi difisil yo osibyen ke tan ki pi fasil yo kapab vin yon benediksyon.*

---

Nan yon sesyon konferans, mwen te tande Prezidan Spencer W Kimball mande pou Bondye ba li gwo mòn pou l monte. Li te di: “Gen gwo difikilte k ap tann nou, gwo gwo opòtinite pou n rankontre. Mwen kontan pou opòtinite eksitan sa yo e m santi m ta di Senyè a, enbleman, ‘Ban m mòn sa a,’ ba n difikilte sa yo.”<sup>1</sup>

Kè m te touche, konesan, jan m te konnen an, kèk nan difikilte ak advèsite li te deja rankontre. Mwen te santi yon dezi pou m te vin plis menmjan avèk li, yon sèvitè vanyan Bondye. Konsa, yon jou swa, mwen te priye pou m jwenn yon tès pou m pwouve kouraj mwen. Mwen ka sonje sa trè klè. Nan aswè m te mete ajenou nan chanm mwen, avèk yon lafwa ki te sanble l prèske ranpli kè m fè l boule.

Nan lespas yon jou oswa de priyè m nan te jwenn repons. Eprèv ki te pi difisil nan lavi m yo te siprann mwen e yo te fè m gen imilite. Sa te ban m yon leson an de pati. Premyèman, mwen te gen prèv klè ke Bondye te tande ak reponn priyè lafwa m nan. Men dezyèmman, m te kòmanse yon seri leson ke m toujou kontinye ap aprann jiska jodia sou rezon k fè jou swa sa a m te santi kalite konfyans sa a ke yon gwo benediksyon t ap soti nan advèsite a ki t ap pi rekonpansan pase tout bagay.

Advèsite a ki te frape m nan jou lontan sa a sanble l piti anpil kounyeya konpare avèk sa k te vini depi lè sa a—pou mwen ak pou moun pwòch mwen. Anpil nan nou kounyeya pase pa eprèv fizik, mantal, ak emosyonèl ki ta ka lakoz nou rele jan yon gwo sèvitè fidèl Bondye m konnen trè byen te fè. Enfimyè ki t ap okipe

l la te tande l di kote l te kouche sou kabann nan anba doulè a:  
 “Mwen te eseye pandan tout lavi m pou m fè sa ki byen, poukisa bagay sa a rive m?”

Nou konn kijan Senyè a te reponn kesyon sa a pou Pwofèt Joseph Smith lè l te nan prizon an:

“Epi si yo ta jete ou nan twou, oubyen nan men asasen, epi yo ba ou santans lanmò; si yo jete w nan ravin fon; si lang pèvès konspire kont ou; si move van vin tounen ènmi w; si syèl la rasanble tenèb, epi eleman yo konbine pou bare wout la; epi apre tout bagay sa yo, si bouch lanfè a menm ta louvri laj kont ou, ou dwe konnen, pitit gason m nan, tout bagay sa yo ap ba w eksperyans, epi se ap pou byen w.

“Pitit Gason Lòm nan te desann pi ba pase yo tout. Èske ou pi gran pase l?”

“Se poutèt sa, rete sou wout ou ye a, epi prèttriz la ap rete avèk ou; paske limit moun sa yo deja fikse, yo pa kapab pase. M konnen jou w yo, epi ane w yo p ap vin mwens; se poutèt sa, pa pè sa lòm kapab fè, paske Bondye ap avèk ou pou toujou ajamè.”<sup>2</sup>

Se kòm si pou mwen menm pa gen pi bon repons pou kesyon sou rezon nou gen eprèv ak sa pou nou fè a, pase pawòl Senyè a Limenm, Li menm ki te pase pa eprèv ki pi terib nou ka imajine poutèt nou menm.

Nou sonje pawòl Li yo lè L te konseye nou ke, pa lafwa nan Li, nou dwe repanti:

“Se poutèt sa m kòmande ou pou ou repanti—repanti, pou m pa frape ou avèk baton bouch mwen, epi avèk endiyasyon m, epi avèk kòlè m, epi pou soufrans ou yo pa rèd—ou pa konnen kouman y ap rèd, ou pa konnen kouman y ap grav, wi, ou pa konnen kouman y ap rèd pou ou sipòte.

“Paske gade, mwen menm Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti;

Men si yo pa vle repanti yo dwe soufri tankou m;

Soufrans sa a ki te fè, mwen menm Bondye, ki pi gran pase tout moun, tranble anba doulè, epi ki te fè m senyen nan chak twou swè nan kòm, epi ki te fè m soufri nan ni kòm ni nan lespri m—epi m te swete pou m pa t wè tas anmè a, epi tou pou m te pa t fè bak—

Men, laglwa pou Papa a, m te bwè l epi m te fini preparasyon m yo pou pitit lèzòm.”<sup>3</sup>

Ou menm avèk mwen gen lafwa ke mwayen pou nou leve kanpe e soti anba eprèv yo se kwè ke gen yon “remèd nan Galad”<sup>4</sup> epi Senyè a pwomèt: “M p ap janm . . . lage ou.”<sup>5</sup> Se sa Prezidan Thomas S. Monson anseye nou pou ede nou menm ak moun n ap sèvi yo lè yo santi yo solitè e depase pa eprèv yo.<sup>6</sup>

Men Prezidan Monson toujou sajman anseye ke yon fondasyon lafwa nan reyalite pwomès sa yo pran tan pou bati. Nou gen dwa wè bezwen fondasyon sa a, jan m te wè l bò kabann yon moun ki pare pou abandone lit pèsèvere jiskalafen an. Si fondasyon lafwa a pa anrasinen andedan kè nou, pouvwa pou pèsèvere a ap kraze.

Objektif mwen jodia se pou dekri sa m konnen sou fason nou ka kreye fondasyon inebnanlab. M ap fè sa avèk gwo imilite pou de rezon. Premyèman, sa m ap di a ka dekouraje kèk moun k ap lite nan mitan gwo advèsite epi ki santi ke fondasyon lafwa yo ap ebranle. Epi dezyèmman, mwen konnen ke gen pi gwo tès toujou k ap tann mwen anvan fen lavi a rive. Se poutèt sa, preskripsyon m ap ba nou an poko menm aplike nan pwòp lavi pa mwen nan pèsèvere jiskalafen pa mwen.

Lè m te jèn gason mwen te travay avèk yon kontraktè ki te konn bati baz ak fondasyon pou nouvo kay. Nan chalè ete a li te difisil pou travay pou prepare teren an pou ba l fòm pou yo te vide siman an pou baz la. Pa t gen machin. Nou te konn itilize yon pik ak yon pèl. Bati fondasyon ki te dirab pou bilding sete travay difisil nan epòk sa yo.

Sa te mande pasyans. Lè nou te fin fouye baz la nou te konn tann pou l te sèch. Malgre nou te anvi kontinye fè travay la avanse, nou menm tou nou te oblije tann tou lè yo te fin vide fondasyon an anvan nou te retire fòm yo.

E sa ki te menm pi enpresyonan pou yon novis sete sa k te sanble yon pwosesis long ki pran tan pou mete ba metal yo byen antre andedan fòm yo pou bay fondasyon ki fini an fòs.

Nan menm fason an, teren an dwe byen prepare pou fondasyon lafwa nou pu n kanpe devan tanpèt k ap vini nan lavi chak moun yo. Baz solid pou yon fondasyon lafwa sa a se entegrite pèsònèl.

Chwazi bon bagay tout tan kèlkeswa chwa ki plase devan nou kreye teren solid anba lafwa nou. Sa ka kòmanse nan anfans paske chak moun fèt avèk don Lespri Kris la. Avèk Lespri sa a nou ka konnen kilè nou fè sa ki bon devan Bondye ak lè nou fè sa ki mal devan je Li.

Chwa sa yo, dèsantèn nan pifò jou yo, prepare teren solid pou edifis lafwa nou bati. Fondasyon metal la kote sibstans lafwa nou an bati a se levanjil Jezikri a, avèk tout alyans, òdonans, ak prensip li yo.

Youn nan kle pou yon lafwa dirab se jije kòrèkteman ki kantite tan sa mande pou l byen solid. Se poutèt sa li pa t saj pou m te priye si bonè konsa nan lavi m pou jwenn gwo mòn pou monte ak pi gwo eprèv.

Gerizon sa a pa vini otomatikman atravè tan k ap pase, men sa pran tan. Vin granmoun pa di ke sa ap fèt. Se sèvi Bondye ak lòt moun tout tan avèk tout kè nou ak tout nanm nou ki fè temwayaj nou konsènan laverite a vin tounen yon fòs esprityèl inebranlab.

Kounyeya, mwen ta renmen ankouraje moun k ap travès eprèv difisil yo, ki santi lafwa yo ka febli anba atak eprèv yo. Eprèv la nan limenm kapab se mwayen pou fòtifye nou ak finalman fè nou akeri lafwa inebranlab. Mowoni, pitit gason Mòmmon an nan Liv Mòmmon an, te di nou kijan benediksyon sa a ta ka vin reyalize. Li anseye bèl verite senp ke aji sou menm yon ti kras lafwa pèmèt Bondye ede l grandi.

“Kounyeya, mwen menm Mowoni, m vle yon jan pale konsènan bagay sa yo; m ap montre mond lan lafwa se bagay moun espere san yo pa wè; se poutèt sa, pa diskite paske w pa wè, paske w p ap resevwa temwayaj jistan lafwa ou pa fin teste.

“Paske se avèk lafwa Kris la te fè zansèt nou yo wè l lè l te fin leve nan pami mò yo; li pa t fè yo wè l jistan yo te gen lafwa nan li; se poutèt sa, li te nesèsè pou kèk moun te gen lafwa nan li, paske, li pa t fè mond lan wè l.

“Men, poutèt lafwa lèzòm, li te fè mond lan wè l, li te glorifye non Papa a, epi li te pare yon mwayen pou lòt moun kapab pataje don ki sòti nan syèl la, pou yo kapab espere bagay yo pa wè.

Se poutèt sa, ou kapab espere pataje don an, si sèlman ou gen lafwa.”<sup>7</sup>



Ti kal lafwa pi presye a ke nou dwe pwoteje epi itilize nan kèlkeswa fason nou kapab la se lafwa nan Senyè a, Jezikri. Mowoni te anseye pouvw lafwa sa a nan fason sa a: “Ni tou, nan okenn tan, okenn moun pa fè mirak jistan yo te gen lafwa; se poutèt sa, yo kwè nan Pitit Gason Bondye a anvan.”<sup>8</sup>

Mwen te rankontre yon madanm ki te resevwa mirak fòs sifizan pou l te andire pèt inimaginab avèk senp kapasite pou repete pawòl sa yo san rete: “Mwen konnen Redanmtè m nan vivan.”<sup>9</sup> Lafwa sa a ak pawòl temwayaj sa yo te toujou la nan mitan souvni nwa anfans li yo ki fane men ki pa janm totalman efase yo.

Mwen te etone aprann ke yon lòt fi te padone yon moun ki te fè l ditò pandan dèzane. Mwen te etone e m te mande l poukisa li te chwazi pou l padone ak bliye si anpil ane abi mechanste sa yo.

Li te di pezibleman: “Sete bagay ki pi te difisil mwen te janm fè, men mwen senpleman te konnen ke m te dwe fè sa. Konsa m te fè l.” Lafwa li ke Sovè a t ap padone si li padone lòt moun nan te prepare l avèk yon santiman lapè ak espwa pandan l t ap fè fas ak lanmò jis kèlke mwa apre l te fin padone advèsè san repanti l la.

Li te mande m: “Lè m rive, kijan sa pral ye nan syèl la?”

Epi m te di: “Apati sa m sot wè a, mwen konnen kapasite ou pou egzèsè lafwa ak pou padone a pral fè w resevwa yon bèl akèy pou ou.”

Mwen gen yon lòt ankourajman pou moun ki kounyeya ap mande tèt yo si lafwa nan Jezikri ap ase pou yo andire byen jiskalafen. Mwen te gen benediksyon pou m te konnen kèk lòt nan pami nou k ap koute la a kounyeya lè nou te jèn, plen enèji, dote plis pase moun bò kote nou, men nou te chwazi fè sa Senyè a t ap fè. Nan abondans nou, nou te jwenn mwayen pou ede ak pran swen moun nou ta ka inyore oubyen pa menm okipe dapre plas nou nan lavi a.

Lè eprèv difisil yo vini, lafwa pou andire yo byen an ap la, bati jan nou ka petèt remake kounyeya men ke nou te petèt pa t wè nan moman an nou t ap aji selon amou pi Kris la, pou sèvi ak padone lòt moun jan Sovè a t ap fè. Nou te bati yon fondasyon lafwa nan renmen jan Sovè a te renmen ak sèvi pou Li. Lafwa nou nan Li te pouse nou fè zak charite ki ap pote lespwa pou nou.

Li pa janm twò ta pou fòtifye fondasyon lafwa a. Toujou gen tan. Avèk lafwa nan Sovè a, nou ka repanti epi priye pou padon. Gen yon moun nou ka padone. Gen yon moun nou ka remèsye. Gen yon moun nou ka sèvi. Nou ka fè sa kèlkeswa kote nou ye e kèlkeswa jan nou ka santi nou solitè ak abandone.

Mwen pa ka pwomèt nou ke advèsite nou ap fini nan lavi sa a. Mwen pa ka asire nou ke eprèv nou yo ap sanble pou nou ke yo te sèlman pou yon ti bout tan. Youn nan karakteristik eprèv nan lavi a sèke yo sanble yo fè revèy yo mache oralanti epi apresya yo prèske kanpe.

Gen rezon pou sa. Konnen rezon sa yo pa p pote anpil rekonfò, men sa ka ba nou yon santiman pasyans. Rezon sa yo soti nan bagay sa a sèlman: nan amou pafè yo pou nou, Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè a vle nou prepare pou nou avèk yo pou viv an fanmi pou tout tan. Se sèlman moun ki lave yo ki vin pafètman pwòp atravè Ekspyasyon Jezikri a k ap kapab la.

Manman m te batay ak kansè pandan prèske 10 an. Tretman ak operasyon e finalman oblije rete kouche sete kèk nan eprèv pa li.

M sonje papa m ki t ap di, pandan l t ap gade l ki t ap rann dènye souf li: “Yon ti pitit fi retounen lakay pou al repoze.”

Youn nan moun ki te pale nan antèmman li sete Prezidan Spencer W. Kimball. Pami omaj li te rann yo, mwen sonje youn ki te di konsa: “Kèk nan nou gen dwa panse ke Mildred te soufri si lontan ak si anpil konsa poutèt kèk bagay li pa t fè byen ki te mande eprèv yo.” Epi apre li te di: “Non, sèke Bondye te vle jis poli l yon ti kras plis.” Mwen sonje nan moman an m te panse: “Si yon moun ki si bon konsa bezwen sitèlman poli konsa, mwen menm kisa k ap tann mwen?”

Si nou gen lafwa nan Jezikri, tan pi difisil yo osibyen tan pi fasil yo kapab yon benediksyon. Nan tout kondisyon, nou ka chwazi bon bagay avèk gidans Lespri a. Nou gen levanjil Jezikri a pou fòme ak gide lavi nou si nou chwazi l. Epi avèk pwofèt k ap revele nou plas nou nan plan sali a nou ka viv avèk esperans pafè ak yon santiman lapè. Nou pa janm bezwen santi ke nou poukont nou ni yo pa renmen nou nan sèvis Senyè a paske li pap janm konsa. Nou ka santi lanmou Bondye. Sovè a pwomèt ke zanj li yo

ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou pou pote nou anlè.<sup>10</sup>  
Epi Li toujou kenbe pawòl li.

Mwen temwaye ke Bondye Papa a vivan e Pitit Gason Byeneme l la se Redanmtè nou. Sentespri a konfime laverite nan konferans sa a e l ap fè sa ankò si nou chèche l pandan n ap koute a e si nan apre, nou etidye mesaj ke sèvitè otorize Senyè a ki la a bay yo. Prezidan Thomas S. Monson se pwofèt Senyè a pou tout mond lan. Senyè a ap veye sou nou. Bondye Papa a vivan. Pitit Gason Byeneme l la, Jezikri, se Redanmtè nou. Lanmou li inebranlab. Mwen temwaye konsènan sa nan non Jezikri, amèn.

#### Nòt

1. Spencer W. Kimball, "Give Me This Mountain," *Ensign*, Nov. 1979, 79.
2. Doktrin ak Alyans 122:7–9.
3. Doktrin ak Alyans 19:15–19.
4. Jeremi 8:22.
5. Jozye 1:5.
6. Gade Thomas S. Monson, "Look to God and Live," *Ensign*, May 1998, 52–54.
7. Etè 12:6–9.
8. Etè 12:18.
9. "I Know That My Redeemer Lives," *Hymns*, no. 136.
10. Gade Doktrin ak Alyans 84:88.

# Soutyen Ofisye yo nan Legliz la

**Prezante pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf**

*Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan*

Yo pwopoze pou nou soutni Thomas Spencer Monson kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè, e Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo; Henry Bennion Eyring kòm Premye Konseye nan Premye Prezidans lan; ak Dieter Friedrich Uchtdorf kòm Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan.

Moun ki an favè yo ka manifeste sa.

Moun ki opoze yo, si genyen, ka manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Boyd Kenneth Packer kò Prezidan Kolèj Douz Apot yo, ak manm sa yo kòm manm kowòm sa a: Boyd K. Packer, L. Tom Perry, Russell M. Nelson, Dallin H. Oaks, M. Russell Ballard, Richard G. Scott, Robert D. Hales, Jeffrey R. Holland, David A. Bednar, Quentin L. Cook, D. Todd Christofferson, ak Neil L. Andersen.

Moun ki an favè, tanpri manifeste sa.

Moun ki opoze, ka endike sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Konseye yo nan Premye Prezidans lan ak Douz Apot yo kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè.

Tout moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè, si genyen, pa menm siy nan.

Èldè Steven E. Snow te relve kòm manm Prezidans Kowòm Swasanndis yo.

Mou ki ta renmen ini avèk nou nan yon vòt apresyasyon, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Èldè Richard J. Maynes kòm manm Prezidans Kowòm Swasanndis yo.

Tout moun ki anfavè, tanpri montre sa.

Avi kontrè, si genyen.

Yo pwopoze pou nou releve, avèk yon vòt apresyasyon, Èldè Gérard Jean Caussé ak Gary E. Stevenson kòm manm Premye Kolèj Swasanndis la.

Tout moun ki anfavè, tanpri, manifeste sa.

Aprè anpil ane sèvis fidèl ak efikas, yo pwopoze pou nou relve Evèk H. David Burton, Richard C. Edgley, ak Keith B. McMullin kòm Episkopa Prezidan an epi deziyen yo kòm Otorite Jeneral emerit.

Moun ki ka ini avèk nou nan yon vòt apresyasyon, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou relve moun sa yo kòm Swasanndis Otorite Zòn, efektif 1er Me 2012:

Richard K. Ahadjie, Climato C. A. Almeida, Fernando J. D. Araújo, Marvin T. Brinkerhoff, Mario L. Carlos, Rafael E. Castro, David L. Cook, César A. Dávila, Mosiah S. Delgado, Luis G. Duarte, Juan A. Etchegaray, Stephen L. Fluckiger, J. Roger Fluhman, Robert C. Gay, Miguel Hidalgo, Garith C. Hill, David J. Hoare, David H. Ingram, Tetsuji Ishii, Kapumba T. Kola, Glendon Lyons, R. Bruce Merrell, Enrique J. Montoya, Daniel A. Moreno, Adesina J. Olukanni, Gamaliel Osorno, Patrick H. Price, Marcos A. Prieto, Paulo R. Puerta, Carlos F. Rivas, A. Ricardo Sant'Ana, Fabian L. Sinamban, Natã C. Tobias, Stanley Wan, Perry M. Webb, Richard W. Wheeler, ak Scott D. Whiting.

Mou ki ta renmen ini avèk nou pou eksprime gratitud nou pou sèvis ekselan moun sa yo te rann, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou relve, avèk yon vòt apresyasyon, Sè Julie B. Beck, Silvia H. Allred, ak Barbara Thompson kòm prezidans jeneral Sosyete Sekou.

Menmjan tou nou relve manm komite jeneral Sosyete Sekou yo.

Tout moun ki ta renmen ini avèk nou nan yon vòt apresyasyon pou sè sa yo pou sèvis remakab yo ak devouman yo, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni moun sa yo kòm nouvo Swasanndis Otorite Zòn: Craig A. Cardon, Stanley G. Ellis, Larry Echo Hawk, Robert C. Gay, ak Scott D. Whiting.

Tout moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Moun ki opoze, pa menm siy lan.

Yo pwopoze pou nou soutni Gary E. Stevenson kòm Evèk Prezidan nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, avèk Gérald Jean Caussé kòm Premyr Konseye ak Dean Myron Davies kòm Dezyèm Konseye.

Moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè.

Yo pwopoze pou nou soutni moun sa yo kòm Swasanndis Otorite Zòn:

Pedro U. Adduru, Detlef H. Adler, Angel H. Alarcon, Aley K. Auna Jr., W. Mark Bassett, Robert M. Call, Hernando Camargo, Gene R. Chidester, Joaquin E. Costa, Ralph L. Dewsnup, Ángel A. Duarte, Edward Dube, Moroni Gaona, Taylor G. Godoy, Francisco D. N. Granja, Yuriy A. Gushchin, Richard K. Hansen, Todd B. Hansen, Clifford T. Herbertson, Aniefiok Udo Inyon, Luiz M. Leal, Alejandro Lopez, L. Jean Claude Mabaya, Alvin F. Meredith III, Adonay S. Obando, Jared R. Ocampo, Adeyinka A. Ojadiran, Andrew M. O'Riordan, Jesus A. Ortiz, Fred A. Parker, Siu Hong Pon, Abraham E. Quero, Robert Clare Rhien, Jorge Luis Romeu, Jorge Saldívar, Gordon H. Smith, Alin Spannaus, Moroni B. Torgan, Steven L. Toronto, ak Daniel Yirenya-Tawiah.

Tout moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè.

Yo pwopoze pou nou soutni Linda Kjar Burton kòm prezidant jeneral Sosyete Sekou, avèk Carole Manzel Stephens kòm Premyè Konseyè ak Linda Sheffield Reeves kòm Dezyèm Konseyè.

Moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè pa menm siy lan.

Yo pwopoze pou nou soutni lòt Otorite Jeneral yo, Swasanndis Otorite Zòn yo, ak prezidans oksilyè yo jan yo konstitiye kounyeya.

Moun ki anfavè, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè kapab manifeste sa.

Prezidan Monson, dapre sa m obsève, vòt nan Sant Konferans lan te tout anfavè pwopozisyon ki te fèt yo.

Mèsi, frè m ak sè m yo, pou vòt soutyen nou, ak lafwa kontini nou, ak priyè nou yo.

Nou envite moun ki fèk aple kòm Otorite Jeneral yo ak nan prezidans jeneral Sosyete Sekou yo pou yo vin pran plas yo sou chè a.

---

# Rapò Depatman Odit Legliz la, 2011

**Prezante pa Robert W. Cantwell**  
*Direktè Jeneral Depatman Odit Legliz la*

---

*Pou Premye Prezidans Legliz Jezikri pou Sen Dènnye  
Jou yo*

---

Chè Frè yo: Jan sa rekòmande pa revelasyon nan seksyon 120 Doktrin ak Alyans yo, se Konsèy pou Dispozisyon Dim yo ki otorize depans nan fon Legliz la. Konsèy sa a konpoze pa Premye Prezidans lan, Kolèj Douz Apot yo, ak Episkopa Prezidan an.

Konsèy sa a apwouve bidjè pou depatman yo nan Legliz la, pou etablisman yo nan Legliz la, ak lòt depans inite eklezyastik yo. Antite yo nan Legliz la depanse fon yo selon bidjè ki apwouve epi an akò avèk politik ak pwosedi Legliz yo.

Depatman Odit Legliz la gen aksè ak tout rejis ak sistèm ki nesèsè pou evalye konpetans kontwòl resèt yo ak depans yo ak pou veye sou byen Legliz la yo. Depatman Odit Legliz la endepandan de tout lòt depatman ak fonksyonman yo nan Legliz la epi moun k ap travay ladan yo se kontab piblik sètifye, oditè entèn sètifye, oditè sistèm enfòmasyon sètifye, ak lòt pwofesyonèl sètifye.

Baze sou odit ki te fèt yo, Depatman Odit Legliz la deklare ke, nan tout sa ki konsène zafè materyèl, kontribisyon yo resevwa, depans ki fèt, ak kapital Legliz la pou ane 2011 la, tout bagay sa yo te anrejistre ak administre an akò avèk pratik kontablite apwopriye, bidjè apwouve, e selon règleman ak pwosedi Legliz yo.



Prezante avèk respè,  
Depatman Odit Legliz la  
Robert W. Cantwell  
Direktè Jeneral

---

# Rapò Estatistik, 2011

**Prezante pa Brook P. Hales**

*Sekretè Premye Prezidans lan*

Pou enfòmasyon manm yo nan Legliz la, Premye Prezidans lan pibliye rapò estatistik sa a sou kwasans ak eta Legliz la, rive 31 Desanm 2011.

## **Inite Legliz la**

Pye	2.946
Misyon	340
Distri	608
Pawas ak Branch	28.784

## **Kantite manm**

Total manm	14.441.346
Nouvo timoun ki ajoute nan rejis yo pandan 2011 lan	119.917
Konvèti ki batize pandan 2011 lan	281.312

## **Misyonè**

Misyonè aplentan	55.410
Misyonè an sèvis nan Legliz la	22.299

## **Tanp**

Tanp ki te konsakre pandan ane 2011 la (El Salvador nan San Salvador ak Tanp Quetzaltenango nan Guatemala.)	2
Tanp ki te rekonsakre pandan ane 2011 la (Tanp G a nan Atlanta)	1

**Ansyen Ofisye Jeneral Legliz la ak lòt moun ki te mouri  
depi dènye konferans jeneral Avril la**

*Eldè Marion D. Hanks, Jack H Goaslind Jr., Monte J. Brough, Ronald E. Poelman, Keith W. Wilcox, ak Harold G. Hillam, tout ansyen manm Kolèj Swasanndis yo; Sè Joy F. Evans ak Chieko N. Okazaki, ansyen konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou; Sè Norma Voloy Sonntag, madanm Èldè Philip T. Sonntag, yon ansyen manm Swasanndis; Sè Leola George, madanm Èldè Lloyd P. George, yon ansyen manm Swasanndis yo; Sè Argelia Villanueva de Alvarez, madanm Èldè Lino Alvarez, yon ansyen manm Swasanndis yo tou; ak Frè Wendell M. Smoot Jr., ansyen prezidan Kè Tabènak la.*

---

# Travayè nan Jaden Rezen an

**Pa Eldè Jeffrey R. Holland**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Tanpri koute enspirasyon Sentespri a k ap di nou kounyeya menm, nan moman sa a menm, ke nou dwe akseptè kado ekspyasyon Senyè Jezikri a.*

---

Konsideran apèl ak relèv Pemyè Prezidans lan fèk sot anonse yo, èske m ka pale pou nou tout pou m di n ap sonje e n ap toujou renmen moun sa yo ki te sèvi si fidèlman yo, menmjan nou imedyatman renmen ak akeyi moun ki fèk aple yo. Nou prezante sensè remèsiman bay nou chak endividyèlman.

Mwen ta renmen pale sou parabol Sovè a kote yon mèt jaden rezen “te soti granm maten al chache moun pou vin travay nan jaden rezen li an.” Apre l te fin anlwaye premye group la a 6h nan maten, li te retounen a 9h, a midi, epi a 3h nan apèmidi, pou l te anlwaye plis travayè paske te gen plis ijans pou rekòlt la. Ekriti a di li te retounen yon dènye fwa, “nan apeprè 5h nan aprèmidi) e li te anlwaye yon dènye gwoup moun. Epi, nan sèlman inèdtan apre, tout travayè yo te rasanble pou resevwa salè yo pou jounen an. Sa ki te siprann yo, tout moun tout te resevwa *menm* salè a malgre lè diferan yo te travay la. Imedyatman, moun ki te anlwaye anpremye yo te fache, yo te di: “Moun sa yo vin an dènye, yo travay yon sèl ti moman, epi ou peye yo menm lajan ak nou ki fatigue kò n’ travay tout jounen anba chalè solèy la.”<sup>1</sup> Lè m ap li parabol sa a, petèt noumenm tou, menmjan ak travayè sa yo, nou santi gen yon enjistis ki fèt la a. Kite m brèfman pale sou bagay sa a.

Premyèman, li enpòtan pou nou note ke yo pa t tretepèsonn enjisteman la a. Premye travayè yo te dakò pou travay pou salè

jounen an, e se sa yo te resevwa. Epitou, mwen ka sèlman imajine ke yo te trè rekonesan dèske yo te jwenn travay la. Nan tan Sovè a, yon moun mwayen ak fanmi li pat kapab fè otreman ke viv sou sa yo te fè pou jounen an. Si ou pat travay, oubyen fe jaden, oubyen peche pwason, oubyen vann, li te pwobab ke ou pa t ka manje. Paske te gen plis travayè disponib pase k te gen travay, premye mesye sa yo yo te chwazi a te gen plis chans pase tout gwoup travayè yo jou maten sa a.

Anfèt, si nou ta dwe santi senpati, li ta dwe omwen toudabò pou moun *yopa t* chwazi yo ki yomenm tou te gen bouch pou yo bay manje ak fanmi pou yo abiye. Kèk nan yo sanble pa janm gen chans jwenn travay. Nan chak vizit Mèt Jaden an pandan jounen a, yo te toujou wè se yon lòt moun yo te chwazi.

Men, pandan jounen an te pral fini, mèt jaden an te retounen yon senkyèm fwa avèk sa ki te yon dènnye òf nan onzyèm èdtan an! Dènnye travayè ki te pi dekouraje sa yo, ki te tande sèlman ke yo t ap trete yo san patipri, te aksepte travay san yo pa t menm konnen konbyen yo t ap touche, paske yo te konnen *kenenpòt* sa yo te bayo t ap pibon pase anyen ditou, ki se sa k te konn rive yo jiskaprezan. Apresa pandan yo te rasanble pou yo touche, yo te sezi lè yo te wè yo te resevwa menm lajan avèk tout lòt yo! Ala kontan yo dwe te kontan e ala yo dwe te trè, trè rekonesan! Siman yo pat janm jwenn yon kalite konpasyon konsa nan tout tan yo te konn pase ap chèche travay yo.

Se avèk konpreyansyon sa a de istwa ke m santi nou ta dwe konsidere plent premyè travayè yo. Jan mèt jaden an di yo (e m ap repete pou nou): “Zanmi, mwen pa fè nou okenn enjistis. Nou te antann pou yon pri jounen travay la, yon bon pri. Nou te kontan anpil lè nou te jwenn travay la, e mwen kontan fason nou te sèvi a. Mwen peye nou tout lajan nou. Pran lajan nou epi kontan pou benediksyon an. Kanta pou lòt yo, *èske m pa gen dwa fe sa m vle ak lajan mwen?*” Apresa li te poze kesyon pèsan sa a pou tout moun ki t ap tande lè sa a ak pou tout moun ki bezwen tande l kounyeya: “*Poukisa sa feoumal dèske m chwazi gen bon kè?*”

Frè m ak sè m yo, ap gen moman nan lavi nou kote yon lòt moun jwenn yon benediksyon sanzatanm obyen resevwa yon rekonpans espesyal. Èske m ka priye nou pou nou pa santi nou blese— e sètènman pou nou pa santi lanvi—lè yon bon bagay

rive yon lòt moun? Nou pa diminye lè yon lòt moun jwenn plis. Nou pa nan yon konpetisyon youn kont lòt pou wè kiyès ki pi rich oubyen ki gen plis talan oubyen ki pi bèl oubyen ki pi beni. Kous la nou *reyèlman* ap patisipe a se yon kous kont peche, e sètènman lanvi se youn nan pi inivèsèl nan peche sa yo.

Epitou, lanvi se yon peche ki kolan. Evidamman nou soufri lè yon *move bagay* tonbe sou *nou* men lanvi mande pou nou soufri pou tout *bon bagay* ki tonbe sou *chak mounnou* konnen! Ala yon bèl bagay sa t ap ye—pou nou ta manje moso piman chak fwa yon moun bò kote nou jwi yon moman kontantman! San pale de chagren k ap tann nou alafen, lè nou vin reyalize ke Bondye jis ak *mizèrikòdye*, li bay tout moun ki kanpe avèk Li “tout sa l genyen,”<sup>2</sup> jan ekriti a di a. Konsa, lesou nimerò en nan istwa Jaden Rezen Senyè a: lanvi, pa pale ak moun, kraze lòt moun *paelvepozisyon nou* menmjan tou, diminye yon lòt moun pa amelyore imaj pa nou. Konsa, se pou nou janti, epi gen rekonesans dèske Bondye janti. Se yon bon fason pou nou viv.

Yon dezyèm pwèn m ta renmen pran nan parabòl sa a se erè tris kèk moun ta ka fè si sa ta rive ke yo pa resevwa salè yo nan *fenjounen* an paske yo te preyokipe pa bagay yo te panse ki te pwoblèm nan *kòmansmanjounen* an. Yo pa di nou nan ekriti a si te gen yon moun ki te voye lajan an nan figi mèt jaden an epi vire do l kite lajan an, men m sipoze ka gen youn ki te fè sa.

Frè ak sè byeneme m yo, sa k pase nan istwa sa a a 9:00, oubyen midi, oubyen 3:00 a pa enpòtan konpare avèk bèl peman plen jenewozite a yo te bay travayè yo nan fen jounen an. Fòmil lafwa a se kontinye, travay, asire ke w fini travay la, kite sousi premye lè yo—ke yo reyèl oubyen imajinè—efase devan abondans rekonpans final la. Pa demere nan ansyen pwoblèm oubyen konplèt—ni kont tèt pa nou ni kont pwochen nou ni menm, m ka ajoute, kont vrè Legliz vivan sa a. Grandè lavi nou, grandè lavi vwazen nou, ak grandè levanjil Jezikri a apral manifeste nan dènye jou a, menmsi moun pa toujou rekonèt grandè sa a okòmansman. Konsa, pa bay tèt nou pwoblèm pou yon bagay ki te pase a 9:00 dimaten lè gras Bondye ap eseye rekonpanse nou a 6:00 diswa—pe enpòt sa aranjman travay nou an te ye pou jounen an.

Nou konsome sitèlman fòs ak enèji espiyèl ak emosyonèl nan kenbe san lache kont yon move nòt mizik nou te jwe nan yon konsè pyano nan anfans nou, oubyen yon bagay konjwen nou te di oubyen te fè sa gen 20 an, ke nou detèmine pou nou fè l peye pandan yon lòt 20 an, oubyen yon ensidan nan istwa Legliz la ki senpleman pwouve ke moun mòtèl ap toujou gen pou lite pou yo alawotè pil esperans imòtèl Bondye mete devan yo a. Menmsi youn nann konplent sa yo pa t kòmanse avèk ou, li ka fini avèk ou. E w pral gen yon gwo rekonpans pou kontribisyon sa a lè Mèt Jaden an va gade ou nan je epi kont yo fin regle nan fen jounen ou sou tè a.

Sa ki mennen m nan twazyèm ak dènye pwen m nan. Parabòl sa a—tankou tout lòt parabòl—se pa reyèlman osijè travayè oubyen salè pa plis ke lòt parabòl yo osijè mouton ak kabrit. Se yon istwa sou bonte Bondye, pasyans Li ak padon Li, ak sou Ekspyasyon Senyè Jezikri a. Se yon istwa sou jenewozite ak konpasyon. Se yon istwa sou lagras. Li demontre yon panse m te tandè sa gen dèzane ke sètènman bagay Bondye pi renmen nan lefèt ke l se Bondye a se lajwa pou l gen mizèrikòd pou moun, espesyalman pou moun ki pa atann sa epi ki souvan santi ke yo pa merite sa yo.

Mwen pa konn kiyès nan gwo asanble sa a jodia ki gen bezwen pou tandè mesaj padon an ki nan parabòl sa a, men, kèlkeswa jan ou ta panse l twò ta, kèlkeswa pil chans ou panse ke w rate, kèlkeswa pil erè ou santi ou te fè, oubyen talan ou panse w pa genyen, oubyen kèlkeswa lwen ou santi w deja ale lwen de lakay oubyen de fanmi ou oubyen de Bondye, mwen temwaye ou ke ou *pa* wayaje depase limit amou diven an. Li pa posib pou ou desann piba pase kote limyè enfini sakrifis ekspyatwa Kris la kapab rive.

Kesewa ou pa fè pati relijyon sa a oubyen ou te avèk nou yon fwa epi ou pa t rete, pa gen anyen nan youn nan sa ou deja fè ki pa kapab defèt. Pa gen okenn pwoblèm ou paka simonte. Pa gen okenn rèv nan tan ak letènite sa a ki pa ka reyalize. Menmsi ou santi ou se dènye grenn travayè onzè a, Mèt Jaden an toujou kanpe la ap rele ou. “Apwoche avèk asirans [devan] fotèy lagras la,”<sup>3</sup> epi lage kò w nan pye Sen Izrayèl la. Vini epi fete “san lajan ak san pri”<sup>4</sup> sou tab Senyè a.

Mwen espesyalman lanse yon apèl pou mari ak papa yo, detantè prèttriz yo, oubyen fiti detantè prèttriz yo, pou ke, menmjan Leyi te di a, nou: “Reveye! E leve soti nan pousyè a. . . e mete gason sou nou.”<sup>5</sup> Se pa toujou konsa men souvan se gason yo ki chwazi pou pa reponn a apèl pou “vin anwole a.”<sup>6</sup> Fi yo ak timoun yo souvan sanble yo pi dispoze. Frè m yo, avanse. Fè sa pou byen nou. Fè sa pou byen moun ki renmen nou yo epi k ap priye pou nou reponn yo. Fè sa pou byen Senyè a, Jezikri, ki te peye yon pri enkonparab pou fiti L vle nou genyen an.

Frè ak sè byeneme m yo, pou noumenm ki beni ak levanjil la depi dèzane paske nou te gen ase chans pou nou te jwenn ni bonè, pou noumenm ki vini nan levanjil la tikras pa tikras nan apre, epi pou noumenm—manm ak moun ki poko manm—ki ka petèt yon tijan retisan toujou, a nou chak, pou nou tout nèt, mwen temwaye de pouvwa transfòman lanmou Bondye pou nou ak mirak lagras Li. *Li sousye pou lafwa nou finalman akeri a, e non pa pou kilè nan jounen nou te akeri lafwa sa a.*

Konsa si nou te fè alyans, kenbe yo. Si nou pat fè yo, fè yo. Si nou te fè yo epi nou kraze yo, repanti epi repare yo. *Lipa janm twò ta toutotan Mèt Jaden an di gen tan. Silvouplè koute enspirasyon Sentespri a k ap di nou kounyeya, nan moman sa a menm, ke nou dwe aksepte kado ekspyatwa Senyè Jezikri a epi jwi asosyasyon travay Li a. Pa ranvwaye sa pou pita. Se ta l ap ta. Nan non Jezikri, amèn.*

*Nòt*

1. Gade Matye 20:1–15.
2. Lik 12:44.
3. Ebre 4:16.
4. Ezayi 55:1.
5. 2 Nefi 1:14, 21.

6. “We Are All Enlisted,” *Hymns*, no. 250.



---

# Rantre nan nou menm: Sentsèn, Tanp, ak Sakrifis nan Sèvis.

**Pa Eldè Robert D. Hales**

*Nan Kolèj Douz Apot Yo.*

---

*Nou vin konvèti ak espiyèlman endepandan lè nan  
espri lapriyè nou viv alyans nou yo.*

---

Sovè a te pale disip Li yo de yon pitit gason ki te kite papa l ki te rich anpil pou l te ale nan yon peyi byen lwen, kote li te gaspiye eritaj li. Lè grangou te leve, jèn gason sa a te pran yon ti jòb pou bay kochon manje. Li te tèlman grangou ke l te konn anvè manje ki te prepare pou bèt yo.

Byen lwen lakay li, lwen kote li te vle ye a, epi nan bonjan kondisyon pòvrete, yon bagay ki te gen siyifikasyon etènèl te rive nan lavi jèn gason sa a. Nan pawòl Sovè a: “li pran kalkile sou sitiyasyon li.”<sup>1</sup> Li te sonje kiyès li ye, li te reyalize sa l te manke, epi li te kòmanse dezire benediksyon gratis yo ki disponib lakay papa l la.

Pandan tout lavi nou, keseswa nan tan fènwa, pwoblèm, chagren, oubyen peche, nou gen dwa santi Sentespri a ap raple nou ke nou se reyèlman pitit fi ak pitit gason yon Papa eman ki nan Syèl la ki renmen nou, epi nou gen dwa santi gwo dezi pou jwenn benediksyon sakre ke sèl Limenm kapab ba nou yo. Nan moman sa yo, nou dwe eseye pou *nourantre nan nou menm* epi retounen nan limyè amou Sovè a.

Benediksyon sa yo nòmalmman apatni a tout Pitit Papa nou ki nan Syèl la. Dezire benediksyon sa yo, ansanm ak yon lavi lajwa ak bonè, se yon pati esansyèl nan plan Papa nou ki nan Syèl la

pou nou chak. Pwofèt Alma te anseye: “Menm si nou sèlman vle kwè, kite santiman sa a travay nan nou.”<sup>2</sup>

Pandan santiman espiyèl nou yo ap grandi, n ap vin pi endepandan espiyèlman. Lè sa a, kijan pou nou ede lòt moun, tèt nou ak fanmi nou ogmante dezi nou pou suiv Sovè a ak viv Levanjil Li a? Kijan pou nou fòtifye dezi nou pou n repanti, vin diy, ak pèsèvere jiskalafen? Kijan n ap ede jèn nou yo ak jèn adilt nou yo fè dezi sa yo travay nan yo jiskaske yo vin tounen vrè “sen atravè ekspyasyon Kris la”?<sup>3</sup>

Nou vin konvèti ak espiyèlman endepandan lè nan espri lapriyè nou viv alyans nou yo—nan pran Sentsèn avèk diyite, viv diy pou resevwa yon rekòmandasyon tanp, epi fè sakrifis pou sèvi lòt moun.

Pou nou pran Sentsèn nan ak diyite, nou dwe sonje ke n ap renouvle alyans nou te fè lè nou t ap batize a. Pou Sentsèn nan vin yon eksperyans netwayaj espiyèl chak semèn, nou bezwen prepare tèt nou *avann* nou vin nan reyinyon Sentsèn nan. Nou fè sa lè nou volontèman kite travay ak lwazi chak jou nou yo dèyè epi nou abandone vye panse ak sousi monden yo. Lè nou fè sa, nou fè plas nan lespri nou ak nan kè nou pou Sentespri a.

Lè sa a, nou prepare pou nou medite sou sakrifis ekspyatwa a. Plis pase jis panse sou lefèt ke Sovè a te soufri ak mouri pou nou, meditasyon nou ap ede nou rekonèt ke gras ak sakrifis Sovè a, nou gen espwa, opòtinite ak fòs pou nou fè bonjan chanjman sensè nan lavi nou.

Lè n ap chante chan Sentsèn nan, patisipe nan priyè Sentsèn nan epi pataje anblèm kò ak san L lan, n ap reyèlman cheche padon pou peche avèk feblès nou yo nan lapriyè. Nou panse sou pwomès nou te fè ak kenbe pandan semèn ki sot pase a epi nou pran angajman espesifik pou n suiv Sovè a pandan semèn k ap vini an.

Paran ak dirijan yo, nou kapab ede jèn yo fè eksperyans benediksyon enkonparab Sentsèn yo lè nou bayo opòtinite espesyal pou yo etidye, diskite ak dekouvri siyifikasyon sakrifis ekspyatwa a nan lavi yo. Kite yo fouye ekriti yo poukont yo epi youn anseye lòt apati pwòp eksperyans pa yo.

Papa yo, dirijan prèttriz yo, ak prezidans kowòm yo gen yon responsablite espesyal pou ede detantè Pretriz Aawon yo

sensèman prepare yo pou ranpli devwa sakre yo nan Sentsèn nan. Preparasyon sa a fèt pandan tout semèn nan nan viv prensip levanjil yo. Lè jènjan yo prepare, beni ak distribye Sentsèn nan nan diyite ak reverans, yo literalman suiv egzanp Sovè a nan Dènye Repa<sup>4</sup> a epi vini tankou Li.

Mwen temwanyè ke Sentsèn nan ba nou yon opòtinite pou *nourantre nan nou menm* epi fè eksperyans “yon gwo chanjman nan kè nou”<sup>5</sup>—pou nou sonje kiyès nou ye ak sa nou plis dezire. Lè nou renouvle alyans pou respekte kòmandman yo, nou jwenn konpayi Sentespri a pou dirije nou retounen al nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Se pa san rezon k fè yo rekòmande nou pou nou “reyini ansanm souvan pou pataje pen [an] ak dlo [a]”<sup>6</sup> ak pou pran Sentsèn nan pou nanm nou.<sup>7</sup>

Anplis Sentsèn nan, dezi nou pou retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la ap ogmante lè nou vin diy pou resevwa yon rekòmandasyon tanp. Nou vin diy lè nou toujou obeyi kòmandman yo. Obeyisans sa a kòmanse nan anfans nou epi li grandi atravè eksperyans nou nan Prèttriz Aawon ak Jènfi pandan ane preparasyon yo. Apresa, nou espere, prèt yo ak Loreyòl yo fikse bi e espesyalman prepare tèt yo pou dote epi sele nan tanp.

Kisa prensip pou moun ki gen rekòmand yo ye? Salmis la raple nou:

“Ki moun ki gen dwa moute sou mòn ki pou Seyè a? Ki moun li kite antre nan kay ki apa pou li a?

“Se moun ki pa gen men pwòp, ak yon kè ki pi.”<sup>8</sup>

Diyite pou detni yon rekòmandasyon tanp ba nou fòs pou nou kenbe alyans tanp nou yo. Kijan nou kapab jwenn fòs sa a pèsònèlman? Nou eseye jwenn yon temwanyaj konsènan Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri, Sentespri a, reyelite Sakrifis ekspyatwa a a, ak verasite Pwofèt Joseph Smith ak Retablistman an. Nou soutni dirijan nou yo, nou trete fanmi nou ak jantiyès, nou kanpe kòm temwen vrè Legliz Senyè a, nou ale nan reyinyon Legliz yo, nou onore alyans nou yo, nou ranpli obligasyon nou antanke paran, epi nou viv yon vi ki vètèye. Nou kapab di sa sonnen jis tankou yon fidèl Sen Dènye Jou! Nou gen rezon. Chema pou nou gen yon rekòmandasyon tanp lan pa twò wo pou nou atenn. Se senpleman fidèlman viv levanjil la ak suiv pwofèt yo.

Après, kòm moun dote ki gen rekòmandasyon tanp, nou etabli modèl pou nou viv tankou Kris la. Sa gen ladan obeyisans, fè sakrifis pou nou kenbe kòmandman yo, youn renmen lòt, viv ak chastete nan panse ak nan aksyon, epi dedye tèt nou nan bati wayom Bondye a. Gras ak Sakrifis Ekspyatwa Sovè a epi nan swiv prensib debaz fidelite sa yo, nou resevwa “pouvwa ki soti anwo”<sup>9</sup> pou nou fè fas ak pwoblèm lavi yo. Nou bezwen pouvwa divèn sa a jodi a plis ke jamè. Se pouvwa nou resevwa sèlman atravè òdonans tanp yo. Mwen temwanyen ke sakrifis nou fè pou nou resevwa òdonans tanp yo vo tout efò nou kapab fè.

Lè dezi pou nou aprann ak viv levanjil la ogmante, nou natirèlman chèche pou youn sèvi lòt. Sovè a te di Pyè: “Ou menm, lè wa konvèti, fòtifye frè w yo.”<sup>10</sup> Mwen enpresyone palefèt ke jenn yo jodia gen gwo dezi pou sèvi ak beni lòt moun— pou fè yon diferans nan mond sa a. Yo anvi jwenn lafwa ke sèvis yo pote a tou.

Sepandan, li difisil pou jèn yo konprann kòman aksyon y ap fè kounyeya ap prepare oubyen diskalifye yo pou opòtinite sèvis k ap vini yo. Nou tout gen yon “devwa san kondisyon”<sup>11</sup> pou nou ede jèn nou yo prepare tèt yo pou yon lavi sèvis nan ede yo vin otonòm. Anplis otonomi espiyèl nou pale la a, gen otonomi tanporèl tou, ki gen ladann akèri bonjan fòmasyon lekòl, aprann travay, ak viv avèk mwayen nou genyen. Nan evite dèt, ak ekonomize lajan kounyeya, n ap prepare pou sèvis aplentan nan Legliz la nan ane k ap vini yo. Bi otonomi tanporèl ak espiyèl la se pou mete nou nan pi gwo pozisyon pou nou kapab ede lòt moun ki nan bezwen.

Nou te mèt jèn oswa granmoun, sa nou fè jodi ap detèmine sèvis n ap kapab rann ak jwi demen. Jan powèt la raple nou an: “Nan tout mo tris lang ak plim genyen, mo ki pi tris yo se mo sa yo: “si m te konnen!”<sup>12</sup> An nou pa viv lavi nou nan regrèt sa nou te fè oubyen pa t fè!

Frè ak sè byenneme m yo, jèn gason sa a Sovè a t ap pale a, sa nou refere a limenm kòm anfan pwodig la, *te retounen lakay*. Papa l pa t bliye li; Papa l t ap tann ni. E “lè [pitit gason an] te byen lwen kay la toujou, papa l te wè li. Kè l te fè l mal, li te kouri al rankontre l, epi . . . li bo li.”<sup>13</sup> An onè pou retou pitit gason l la, li te fè yon bèl wob pou li, mete bag nan dwèt li, ak yon

selebrasyon kote yo te touye bèf pou li<sup>14</sup>—rapèl ke pa gen okenn benediksyon k ap retire si nou fidèlman pèsevere nan mache sou chemen ki mennen retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

Avèk lanmou Li ak Lanmou Pitit Gason L la nan kè mwen, mwen mande nou chak pou nou suiv dezi esprityèl nou yo epi *rantr nan nou menm*. Annou fè yon pale avèk tèt nou nan yon glas epi mande, “Nan ki pozisyon m ye nan viv alyans mwen yo?” Nou sou bon wout la lè nou kapab di: “Mwen pran Sentsèn diyman chak semè, mwen diy pou gen yon rekòmandasyon tanp epi pou m ale nan tanp, e mwen fè sakrifis pou sèvi ak beni lòt moun.”

Mwen pataje temwayaj espesyal mwen ke Bondye sitèlman renmen nou chak ke “li bay Sèl Pitit Byeneme L la”<sup>15</sup> pou ekspye pou peche nou yo. Li konnen nou epi l ap tann nou, men lè nou byen lwen toujou. Si nou aji selon dezi nou yo epi kalkile sityasyon nou, n ap “ansèkle etènèlman nan bra lanmou Li”<sup>16</sup> epi L ap swete nou byenvini lakay. Mwen temwanye konsa nan non sakre Sovè nou an Jezikri, amèn.

#### Nòt

- |   |  |
|---|--|
| 1. Lik 15:17.                                   | 10. Lik 22:32.   |
| 2. Alma 32:27.                                  | 11. Doktrin ak Alyans 123:11.  |
| 3. Mozya 3:19.                                  | 12. John Greenleaf Whittier, “Maud Muller,” <i>The Complete Poetical Works of Whittier</i> (1894), 48. |
| 4. Gade Matye 26:17–28; Lik 22:1–20.            | 13. Lik 15:20.   |
| 5. Alma 5:12; gade tou Mozya 5:2; Alma 5:13–14. | 14. Gade Lik 15:22–24.   |
| 6. Mowoni 6:6.                                  | 15. Jan 3:16.  |
| 7. Gade Mowoni 4:3; Doktrin ak Alyans 20:77.    | 16. 2 Nefi 1:15.   |
| 8. Som 24:3–4.                                  |  |
| 9. Doktrin ak Alyans 95:8.                      |  |

# Lafwa, Kouraj, Akonplisman: Yon Mesaj pou Paran Selibatè yo.

**Pa Eldè David S. Baxter**

*Nan Swasanndis yo*

---

*N ap eseye elve pitit nou yo nan lajistis ak laverite,  
konesan ke pandan ke nou pa kapab chanje lepase a,  
nou ka modle lefiti.*

---

Mesaj mwen se pou paran selibatè yo nan Legliz la, majorite nan yo se manman ki selibatè—nou menm fi vanyan ki, atravè sikonstans varye nan lavi a, twouve nou ap elve timoun ak pran swen yon fwaye poukont nou. Petèt nou vèv oswa divòse. Nou petèt ap fè fas ak pwoblèm paran selibatè kòm rezilta yon move koub nou te pran andeyò maryaj men kounyeya n ap viv selon prensip levanjil yo, paske nou chanje lavi nou vin fè sa ki byen. Nou beni paske n ap evite kalite konpayi ke nou ta pral peye avèk vèti nou ak kalite nou antanke disip. Sa se t ap yon pri twò wo pou nou peye.

Byenke nou kapab mande tèt nou pafwa, “Poukisa se mwen?” se nan difikilte lavi a ke n ap grandi nan direksyon Bondye pandan karaktè nou ap fòme pa bonjan afliksyon, e pandan difikilte lavi yo ap rive pandan ke Bondye respekte libabit lèzòm. Jan Eldè Neal A. Maxwell te kòmante, nou pa kapab fè total la ni fè tout bagay adisyone paske, “nou pa gen tout nimewo yo.”<sup>1</sup>

Kèlkeswa sikonstans oubyen rezon k fè yo konsa a, nou se moun ekstraòdinè. Jou apre jou n ap rankontre difikilte nan lavi a, n ap fè travay de moun ta dwe fè, men n ap fè l pifò poukont nou. Nou oblije papa ak manman an menm tan. N ap dirije fwaye

nou, veye sou fanmi nou, pafwa n ap lite pou n reponn a bezwen yo, e mirakilezman nou menm jwenn mwayen pou nou sèvi nan Legliz nan fason trè efikas. Nou nourri pitit nou. Nou kriye e nou priye avèk yo epi pou yo. Nou vle sa ki pi bon an pou yo men nou sousye chak swa ke tout efò nap fè pou yo a gen dwa pa janm bon ase.

Pandan ke m ap eseye pa twò pèsònèl, mwen menm mwen se pwodwi yon fwaye konsa. Prèske tout anfans mwen ak adolesans mwen, manman m te elve nou poukont li nan sikonstans pòvreté. Lajan te mezire avèk prekosyon. Li t ap fè fas ak yon solitud andedan l, dezespere pafwa pou jwenn sipò ak yon konpayon. Men malgre tout sa, te gen yon diyite kay manman m, yon pwofon sous detèminasyon ak yon karaktè Ekosè trè fèm.

Erezman, ane apre l yo te pi beni pase premye ane l kòm selibatè yo. Li te marye avèk yon nouvo konvèti, yon vèf; yo te sele nan tanp Lond la an Angletè epi apre yo te brèfman sèvi kòm travayè nan tanp lan. Yo te ansanm pandan prèske 25 an—kontan, jwaye, e satisfè jiskaske yo te mouri.

Gen anpil nan noumenm, bon fi nan Legliz la atravè tout mond lan, k ap fè fas ak menm kalite sikonstans sa yo e ki demontre menm espri a ane apre ane.

Se pa t egzakteman sa nou te espere ni planifye, ni priye, ni atann lè nou t ap kòmanse sa te gen kèk ane. Vwayaj nou atravè lavi a gen difikilte ak chanjman nou pat atann, pi souvan kòm rezilta lavi nan yon mond dechi ki vle di l se yon kote pou nou vin pase tès ak mizaleprèv.

Pandan tan sa a, n ap goumen pou nou elve pitit nou nan lajistis ak laverite, konesan ke menmsi nou pakapab chanje lepase, nou kapab fòme fiti a. Toutolon chemen an n ap jwen rekonpans benediksyon, menm si yo pa parèt imedyatman.

Avèk èd Bondye, nou pa bezwen pè pou demen. Pitit nou yo ap grandi epi y a rele nou beni, epi chak grenn bagay nan tout sa y ap akonpli yo ap kanpe pou onore nou.

Tanpri, pa janm santi ke nou vini nan dezyèm pozisyon, ke nou enferyè konpare ak lòt manm yo nan Legliz la, yon tijan mwens merite benediksyon Senyè a pase lòt mou. Nan wayòm Bondye a, pa gen sitwayen dezyèm klas.

Nou espere ke, lè nou ale nan reyinyon legliz yo epi nou wè fanmi ki parèt konplè ak plen lajwa, oubyen lè nou tande yon moun ap pale de fanmi ideyal, n ap santi nou kontan dèske nou fè pati yon legliz ki santre sou fanmi epi ansenye wòl santral fanmi nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou bonè pitit Li yo; ke nan yon mond kote ki gen anpil kalamite ak fanmi k ap kraze, nou gen doktrin, otorite, òdonans ak alyans ki ofri pi bon lespwa a pou mond lan, ansanm ak fiti bonè pitit nou yo ak fanmi y apral kreye.

Nan reyinyon Jeneral Sosyete Sekou Septanm 2006 la, Prezidan Gordon B. Hinckley te rakonte yon eksperyans yon manman selibatè divòse ki te gen sèt timoun soti nan laj 7 rive 16 an lè sa a. Li te travèse lari a pou l t al pote yon bagay bay yon vwazen. Li te di:

“Pandan m te vire pou retounen lakay mwen, m te wè limyè lakay mwen k te limen. Mwen te tande bri timoun yo lè m t ap soti nan pòt la sa gen kèk minit la. Yo t ap di: ‘Manman, kisa nou pral manje aswè a pou dine?’ ‘Èske w ka mennen m nan libreri a?’ ‘Mwen bezwen papyè katon aswè a.’ Kraze avèk fatig, m te gade kay sa a epi m te wè limyè limenm nan chak chanm yo. M tepanse ak tout timoun sa yo ki te lakay ap tann mwen rantrè pou m te ka satisfè bezwen yo. Mwen te santi fado m yo pi lou pase sa m te ka pote.

“Mwen sonje avèk dlo nan je m te gade syèl la epi m te di: ‘Chè Papa, mwen jis pa kapab aswè a. Mwen twò fatige. Mwen pap kapab. Mwen pap kapab ale lakay la pou m pran swen tout timoun sa yo poukont mwen. Èske m kapab jis vin jwenn ou epi rete avèk ou pou jis yon nuit? . . .’

“Mwen pa t reyèlman tande pawòl yo an repons la, men mwen te tande yo nan lespri m. Repons la sete: ‘Non, pitit mwen, ou pap kapab vin jwenn mwen kounyeya. . . . Men mwen kapab vin jwenn ou.’”<sup>2</sup>

Mèsi, sè m yo, pou tout sa n ap fè pou elve fanmi nou ak kenbe yon fwaye lanmou kote gen bonte, lapè ak opòtinite.

Byenke souvan nou santi nou poukont nou, an reyalite, nou pa janm *totalman* poukont nou. Toutotan n ap avanse nan pasyans ak nan lafwa, Pwovidans la ap mache avèk nou; syèl la ap devèsè sou nou benediksyon nou bezwen yo.



Konsepsyon nou ak vizyon nou de lavi a ap chanje lè, olye ke nou dekouraje, nou leve tèt nou gade Bondye.

Anpil nan nou déjà dekouvri gwo verite transfòmman sa a lè nou viv pou soulaje fado lòt moun, pwòp fado pa nou yo vin pi lejè. Byenke sikonstans yo gen dwa pa chanje, atitid nou chanje. N ap kapab fè fas ak pwòp eprèy nou yo ak pi plis akseptans, yon kè pi konpreyansif, ak yon gratitud pi pwofon pou sa nou genyen, olye ke nou ap plenyen pou sa nou manke.

N ap dekouvri ke lè nou eseye rekonfòte lòt moun ki sanble yo nan dezespwa, n ap resevwa rekonfò pou pwòp tèt pa nou tou; koup nou reyèlman “ranpli pou l devèse” (Psalm 23:5).

Nan viv yon lavi jis, noumenm ak pitit nou yo kapab yon jou jwi de benediksyon ki se vin fè pati yon fanmi etènèl konplè.

Manm yo ak dirijan yo, èske gen plis bagay nou ta kapab fè pou sipòte fanmi ki paran selibatè yo san nou pa jije ni kritike yo? Èske nou ka gide jèn yo ki nan fanmi sa yo, espesyalman chèche ba yo egzanp jèn gason ki se egzanp sa bon gason fè ak fason bon gason viv? Lè pa gen papa, èske nou ba yo modèl ki diy pou suiv?

Men, natirèlman, gen kèk fanmi selibatè kote se papa a ki paran selibatè a. Frè m yo, nou priye pou nou tou e nou rann nou omaj. Mesaj sa a pou nou tou.

Frè m ak sè m yo, mwen temwanye ke pandan n ap fè tout sa nou kapab nan sa ki pi difisil nan pwoblèm imen an, syèl la ap beni nou. Reyèlman, nou pa poukont nou. Kite pouvwa eman ak redanmtè Kris la beni lavi nou kounyeya epi ranpli nou avèk lespwa pwomès etènèl la. Pran kouraj, Kenbe lafwa ak lesperans. Konsidere prezan an avèk kouraj epi gade fiti a avèk konfyans. Nan non Jezikri, amèn.

#### Nòt

1. Neal A. Maxwell, *Notwithstanding My Weakness* (1981), 68.
2. Nan Gordon B. Hinckley, “In the Arms of His Love,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2006, 117.

---

# Rete nan Teritwa Senyè a

**Pa Eldè Ulisses Soares**

*Nan Swasanndis yo*

---

*Kesyon nou dwe poze chak jou se: “Èske aksyon m yo plase m nan teritwa Senyè a oubyen nan teritwa lenmi an?”*

---

Prezidan Thomas S. Monson te di yon fwa: “Ban m ba nou yon fòmil senp ki ap pètmet nou mezire chwa n ap konfwonte yo. Li fasil pou nou sonje: ‘Nou pa ka gen rezon nan fè sa ki mal; nou paka antò nan fè sa ki byen’” (“Pathways to Perfection,” *Liahona*, Jiyè 2002, 112; *Ensign*, Me 2002, 100). Fòmil Prezidan Monson nan senp epi dirèk. Li mache menmjan ak Lyawona a yo te bay Leyi a. Si nou egzèse lafwa epi nou dilijan nan obeyi komandman Senyè a, n ap fasilman jwenn direksyon kòrèk pou nou swiv, espesyalman lè nou anfas chwa chak jou yo.

Apot Pol egzòte nou sou enpòtans pou nou simen nan Lespri a e veye pou nou pa simen nan nan lachè. Li te di:

“Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte.

“Moun ki simen sa ki fè kò l’ plezi, li gen pou l’ rekòlte lanmò. Men, moun ki simen sa ki fè Lespri Bondye a plezi, Lespri a va fè l’ rekòlte lavi ki p’ap janm fini an.

“Pa janm bouke fè byen. Paske, si nou pa dekouraje, n’a rekòlte lè lè a va rive.” (Galat 6:7–9).

Simen nan Lespri a vle di pou tout panse nou, pawol nou ak aksyon nou elve nou nan nivo divinite paran selès nou yo. Toutfwa, ekriti yo refere a lachè kòm nati fizik oubyen chanèl lòm natirèl, ki pètmet moun enfliyanse pa pasyon, dezi, apeti, ak motivasyon lachè olye yo cheche enspirasyon Sentespri a. Si nou pa pran prekosyon, enfliyans sa yo mete ansanm avèk presyon bagay mal nan mond lan kapab pouse nou vin adopte vye

konpòtman vilgè ki kapab vin fè pati de karaktè nou. Pou nou ka evite move enfliyans sa yo, nou dwe suiv sa Senyè a te enstwi Pwofèt Joseph Smith konsènan toujou kontinye simen nan Lespri a. “Sepoutèt sa, pa sispann fè byen, paske n ap poze fondasyon yon gwo travay, epi se nan ti bagay, sa ki gran soti.” (D&A 64:33).

Pou amelyore lespri nou, sa mande pou “yo pa jwenn nan mitan nou moun ki kenbe lòt nan kè yo, moun ki gen san wo, moun ki renmen fè kòlè. Piga yo tandè woywoy ak joure nan mitan nou. Nou pa fèt pou gen okenn lòt kalite mechanste k’ap fèt nan mitan nou” (Efezyen 4:31) epi “Gen lasajès pandan jou eprèv nou yo; netwaye tèt nou anba tout salte.” (Mòmmon 9:28)

Pandan n ap etidye ekriti yo, nou aprann ke pwomès Senyè a fè nou yo se sou kondisyon obeyisans nou e yo ankouraje nou pou n mennen lavi ki dwat. Pwomès sa yo dwe nouri nanm nou, bannou lespwa nan ankouraje nou pou nou pa lage menm devan eprèv chak jou n ap fè fas yo nan viv nan yon mond kote valè moral ak prensip yo prèske disparèt, e pa konsekan yo motive moun pou yo simen nan lachè piplis. Men kijan nou kapab sèten ke chwa nou yo ap ede nou simen nan Lespri e pa nan lachè?

Prezidan George Albert Smith, pandan l t ap repete konsèy li te pran nan men granpapa li, te di yon fwa: “Gen yon liy demakasyon ki byen defini ant teritwa Senyè a ak teritwa Satan an. Si n ap rete sou bò liy pa Senyè a n ap anba enfliyans Li e nou pap gen dezi pou nou fè mal; men si nou travèse sou bò liy pa Satan an sou menm yon pous, nou anba fòs tantasyon an e si li gen viktwa, nou pap kapab panse ni menm rezone kòrèkteman paske n ap pèdi Lespri Senyè a” (*Teachings of Presidents of the Church: George Albert Smith* [2011], 191).

Sepoutèt sa, kesyon nou dwe poze tèt nou chak jou se “Èske aksyon m yo plase m nan teritwa Senyè a oubyen nan teritwa enmi an?”

Mòmmon, pwofèt la, te avèti pèp li a sou enpòtans pou gen kapasite pou distenge ant byen ak mal:

“Se poutèt sa, tout bon bagay soti nan Bondye; e sa ki move soti nan dyab la, paske dyab la se enmi Bondye, e l ap goumen avèk li tout tan, li envite e pouse moun nan peche, epi pou yo fè sa ki mal tout tan.

“Men gade, sa ki soti nan men Bondye envite e pouse moun pou yo fè byen tout tan” (Mowoni 7:12–13).

Limyè Kris la ansanm ak konpayi Sentespri a dwe ede nou determine si fason n ap viv la plase nou nan teritwa Senyè a ou pa. Si atiti nou bon, yo enspire de Bondye, paske tout bagay ki byen soti nan Bondye. Men, si atitid nou pa bon, nou anba enfliyans enmi an paske li pèsyade moun pou yo fè mal.

Pèp Afriken te touche kè mwen akòz detèminasyon yo ak dilijans yo pou rete nan teritwa Senyè a. Menm nan sikonstans difisil nan lavi a, sila ki aksepte envitasyon pou vini jwenn Kris la yo tounen yon limyè pou mond lan. Sa gen kèk semèn, pandan m t ap vizite youn nan pawas nou yo nan Afrik diSid, mwen te gen privilèj pou m te akonpaye de jèn prèt, evèk yo, ak prezidan pye yo a nan yon visit kay jènjan inaktif yo nan kowòm yo a. Mwen te enpresyone anpil pa kouraj ak imilite de prèt sa yo te montre pandan yo t ap envite jènjan inaktif sa yo pou retounen legliz la. Pandan yo t ap pale ak jènjan inaktif sa yo, mwen te note ke aparans yo te reflekte limyè Sovè a, e an menm tan te ranpli tout moun bò kote yo ak limyè tou. Yo t ap ranpli devwa yo pou “pote moun ki fèb yo sekou, leve men ki pandye yo, epi ranfòse jenou ki fèb yo” (D&A 81:5). Atitid de prèt sa yo te mete yo nan teritwa Senyè a, epi yo te sèvi kòm enstriman nan men Li pandan yo t ap envite lòt moun pou fè menm bagay la.

Nan Doktrin ak Alyans 20:37, Senyè a ansenye nou sa sa vle di pou simen nan Lespri ak kisa ki reyèlman plase nou nan teritwa Senyè a konsa: “imilye nou devan Bondye, vini avèk yon kè brize ak yon lespri kontri, temwanye devan Legliz la ke nou reyèlman repanti pou tout peche nou yo, pran non Jezikri sou tèt nou, gen yon detèminasyon pou sèvi l jiska lafen, manifeste nan aksyon nou ke nou te resevwa Lespri Kris la epi pa batèm, yo te resevwa nou nan Legliz Li a. Dispozisyon nou pou nou ranpli alyans sa yo prepare nou pou nou viv nan prezans Bondye antanke èt egzalte. Souvni alyans sa yo dwe gide konpòtman nou parapò avèk fanmi nou, nan rapò sosyal nou avèk lòt moun, epi espesyalman nan relasyon nou avèk Sovè a.

Jezikri te etabli chema konpòtman pafè a kote nou kapab bati sou atitid nou pou nou kapab akonpli alyans sakre sa yo. Sovè a te bani nan lavi Li tout enfliyans ki t ap detounen L de misyon

diven Li a, espesyalman lè li te tante pa enmi an oubyen pa moun ki t ap swiv li yo pandan li t ap fè ministè Li isit sou tè a. Byenke Li pa t janm peche, Li te gen yon kè brize ak yon espri kontri, plen lanmou pou Papa nou ki nan Syèl la ak pou tout moun. Li te imilye tèt li devan Papa nou ki nan Syèl la, li te nye pwòp volonte pa L pou l te akonpli sa Papa a te mande Li nan tout bagay jiskalafen. Menm nan momanm gwo soufrans fizik ak espirityèl sa a, kote l t ap pote fado peche tout limanite a sou zepòl Li e san t ap koule nan ti twou nan kò li yo, Li te di Papa a, “Men, fè sa ou menm ou vle a. Pa fè sa mwen menm mwen ta vle a” (Mak 14:36).

Priyè mwen, frè m ak sè m yo, pandan n ap panse ak alyans nou yo se pou nou kenbe tèt nou fèm kont “flèch anflame advèsè a” (1 Nefi 15:24), swiv egzanp Sovè a pou nou kapab simen nan Lespri a epi rete nan teritwa Senyè a. Annou sonje fòmil Prezidan Monson nan: “Nou pa kapab gen rezon nan fè sa ki mal, nou pa kapab antò nan fè sa ki byen.” Mwen di bagay sa yo nan non Jezikri, amèn.

---

# An amoni avèk mizik lafwa a

**Pa Èldè Quentin L. Cook**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Bondye renmen tout pitit Li. Li vle yo tout retounen al jwenn ni. Li vle pou chak moun an amoni avèk mizik sakre lafwa a.*

---

Pandan ke Otorite Jeneral yo nan Legliz la ap rankontre avèk manm yo nan tout mond lan, nou wè an pèsòn kijan Sen Dènye Jou yo se yon fòs pou byen. Nou konplimante nou pou tout sa n ap fè pou beni lavi tout moun.

Sa nan pami nou yo ki responsab zafè piblik yo ekstrèmman konsyan ke anpil dirijan opinyon ak jounalis nan Etazini ak nan tout mond lan ogmante diskisyon piblik yo sou Legliz la ak manm li yo. Gen yon afliyans faktè san parèy ki fè moun yo pran konsyans de Legliz la anpil. <sup>1</sup>

Anpil moun ki ekri sou Legliz la fè yon efò sensè pou konprann manm nou yo ak doktrin nou an. Yo rete poli e yo eseye rete san patipri, nou rekonesan anvè yo pou sa.

Nou rekonèt tou ke anpil moun an amoni avèk bagay sakre. Rabi anchèf, Lord Sacks ki soti Angletè, pandan l t ap pale avèk dirijan Katolik Women yo mwa Desanm pase a nan Inivèsite Pontifikal Gregoryen an, te note kijan kèk pati nan mond lan te vin tounen layik. Li te deklare ke youn nan rezon yo se “yon ateyis syantifik agresif ki soud a mizik lafwa a.”<sup>2</sup>

Gwo vizyon preliminè nan Liv Mòmò an se rèv pwofesik Leyi a sou pyebwa lavi a.<sup>3</sup> Vizyon sa a klèman dekri pwoblèm lafwa ki egziste nan epòk nou an ak gwo divizyon ant moun ki renmen Bondye, ki adore L, epi santi yo responsab devan L yo ak moun ki pa fè sa yo. Leyi eksplike kèk nan konduit ki detwi

lafwa yo. Gen kèk moun ki ògeye, plen vanite, ak foli. Yo sèlman enterese nan sa yo rele sajès mond lan.<sup>4</sup> Gen lòt ki yon tijan enterese nan Bondye men yo pèdi nan mitan gouf tenèb ak peche.<sup>5</sup> Genyen ki te goute lanmou Bondye ak pawòl Li a men yo santi yo wont poutèt lòt moun k ap pase yo nan betiz epi yo tonbe sou “wout entèdi.”<sup>6</sup>

Finalman, gen moun ki an amoni avèk mizik lafwa a. Nou konnen kiyès nou ye. Nou renmen Senyè a ak levanjil Li a e nou kontinyèlman eseye viv ak pataje mesaj Li a, espesyalman avèk fanmi nou.<sup>7</sup> Nou an amoni avèk enspirasyon Lespri a, atantif ak pouvwa pawòl Bondye a, gen konpòtman relijye nan fwaye nou, e nou dilijamman ap eseye viv lavi kretyen antanke disip Li.

Nou rekonèt konbyen ou okipe. San yon gwoup klèje pwofesyonèl yo peye, responsablite pou administre Legliz la depann sou nou menm manm konsakre yo. Nou konnen li komen pou manm episkopa yo ak prezidans pye yo ak anpil lòt pase plizyè èdtan long ap rann sèvis devwe. Prezidans oksilyè yo ak kowòm yo se eganp nan sakrifis dezenterese. Sèvis ak sakrifis sa a etann atravè tout manm yo nan legliz la, moun ki kenbe dosye yo, enstriktè ak enstriktis nan fwaye fidèl, ak moun k ap anseye klas yo. Nou rekonesan pou moun ki kourajezman ap sèvi kòm dirijan Eskout ak dirijan gadri yo tou. Nou tout gen lanmou ak apresyasyon pou sa n ap fè a ak pou sa nou ye!

Nou rekonèt ke gen manm ki mwens enterese ak mwens fidèl a kèk ansèyman Sovè a bay. Dezi nou se pou manm sa yo reveye totalman pou yo vin atantif ak lafwa e ogmante aktivite yo ak angajman yo. Bondye renmen tout pitit Li. Li vle pou yo tout retounen al jwenn ni. Li vle pou chak moun an amoni avèk mizik sakre lafwa a. Ekspyasyon Sovè a se yon kado pou tout moun.

Nou dwe anseye w ak fè w konprann ke nou renmen e respekte tout moun Leyi dekri yo.<sup>8</sup> Sonje, se pa wòl nou pou n jije moun. Se Senyè a ki fè jijman.<sup>9</sup> Prezidan Thomas S. Monson te espesifikman mande nou pou nou gen kouraj pou n “pa jije lòt moun.”<sup>10</sup> Li te mande chak manm fidèl tou pou yo *sekouri* moun ki deja goute fwi levanjil yo epi ki tonbe apres a osibyèn ke moun ki poko jwenn chemen etwat ak kwense a. Nou priye pou yo ka kenbe ba fè a epi vin pataje amou Bondye, ki ap ranpli “nanm yo avèk anpil lajwa” a.”<sup>11</sup>

Pandan ke vizyon Leyi a enkli tout moun nan, konsèp doktrinal ki pi enpòtan an se siyifikasyon etènèl fanmi an. “Se Bondye ki òdone fanmi. Se inite ki pi enpòtan an nan letan ak letènite.”<sup>12</sup> Lè Leyi te manje fwi pyebwa lavi a (lanmou Bondye), li te vle pou “fanmi li vin manje ladan l tou.”<sup>13</sup>

Pi gwo dezi nou se elve pitit nou nan laverite ak lajistis. Yon prensip k ap ede nou akonpli bagay sa a se evite pou nou eksektivman pote jijman sou konduit ki ensanse oswa pa saj men ki pa peche. Sa gen kèk ane, pandan madanm mwen avèk mwen te ankò gen pitit nan fwaye nou, Èldè Dallin H. Oaks te anseye ke l te enpòtan pou n distenge ant erè lajenès ki ta dwe korije ak peche ki mande chatiman ak repantans.<sup>14</sup> Kote ki manke sajès, pitit nou yo bezwen enstriksyon. Kote ki gen peche, repantans esansyèl.<sup>15</sup> Nou te twouve sa itil anpil nan fanmi nou.

Obsèkans relijye nan fwaye nou beni fanmi nou. Egzanp patikilyèman enpòtan. Sa nou yeap enfliyanse pitit nou pi plis pase sa yo ka tandè n ap di yo. Lè m te prèske gen senkan, manman m te resevwa nouvèl ke pi jèn tifrè l la te mouri pandan bato kote l t ap sèvi a te bonbade nan zòn kot Japon an prèske nan fen Dezyèm Gè Mondyal la.<sup>16</sup> Nouvèl sa a te devastan pou li. Li te trè emosyone epi l t ale nan chanm ni. Apre yon ti tan, mwen t al gade nan chanm nan pou m te wè si l te oke. Li te ajenou bò kabann nan ap priye. Yon gwo lapè te desann sou mwen paske li te anseye m pou m priye ak renmen Sovè a. Sa sete tip egzanp li te toujou etabli pou mwen. Egzanp manman ak papa k ap priye avèk pitit yo kapab pi enpòtan pase tout lòt egzanp.

Mesaj, ministè, ak Ekspyasyon Jezikri, Sovè nou an, se pati esansyèl pwogram fanmi nou an. Okenn ekriti pa karakterize lafwa nou pi byen pase 2 Nefi 25:26: “Epi nou pale konsènan Kris la, nou preche konsènan Kris la, nou pwofetize konsènan Kris la, e nou ekri dapre pwofesi nou yo, pou pitit nou yo kapab konnen nan ki sous pou yo chèche padon pou peche yo.”

Youn nan prensip fondamantal vizyon Leyi a sèke manm fidèl yo dwe kenbe bafè a byendi pou l kenbe yo sou chemen etwat ak kwense ki mennen nan pyebwa lavi a. Li esansyèl pou manm yo li, medite, ak etidye ekriti yo.<sup>17</sup>



Liv Mòmòn an gen pi gwo enpòtans. <sup>18</sup> Natirèlman, ap toujou gen moun ki minimize siyifikasyon liv sa a oubyen menm kritike li. Gen moun ki itilize imou. Anvan m t al nan misyon, yon pwofesè inivèsite te site deklarasyon Mark Twain nan ki di ke si nou retire fraz “Epi, se te konsa” a nan Liv Mòmòn an, li “t ap rete yon bwochi tou senpleman.”<sup>19</sup>

Kèk mwa apre, pandan m t ap sèvi misyon nan Lond, an Angletè, yon pwofesè renome nan Inivèsite Lond lan, ki te soti Oxford, yon Ejipsyen ki te ekspè nan lang Semit la, te li Liv Mòmòn an, li te antre an korespondans avèk Prezidan David O. McKay, epi l te rankontre misyonè yo. Li te enfòm yo ke l te konvenki Liv Mòmòn an sete anfèt yon tradiksyon syans Juif yo ak langaj Ejipsyen yo pou peryòd yo dekri nan Liv Mòmòn an.<sup>20</sup> Yon egzanp pami anpil lòt li te itilize sete fraz konjonktif “epi, sete konsa” a, ke li di ki koresponn ak fason li t ap tradui ekspresyon yo itilize nan nan ansyen ekri Semitik yo.<sup>21</sup> Yo te di pwofesè a ke, menmsi apwòch entelektiyèl li, baze sou pwofesyon l lan te ede li, li te ankò esansyèl pou l te akeri yon temwayaj espirityèl. Atravè etid ak lapriyè li te akeri yon temwayaj espirityèl epi l te batize. Konsa sa yon imoris selèb te konsidere kòm yon bagay ridikil la, yon moun save te rekonèt li kòm gwo prèv verasite Liv Mòmòn an, sa ke Lespri a te konfime pou li.

Doktrin esansyèl libabit la mande ke yon temwayaj konsènan levanjil retabli a dwe baze sou lafwa olye ke l baze sou prèv eksteryè oswa syantifik. Gwo fokus sou bagay ki poko totalman revele tankou kijan vyèj la te fè ansent oswa kijan Rezirèksyon Sovè a ta ka reyalize oswa egzaktman kijan Joseph Smith te tradui ekriti nou yo, p ap itil ni mennen pwogrè espirityèl. Bagay sa yo se zafè lafwa. Finalman, konsèy Mowoni an pou nou li ak medite epi apres a mande Bondye nan tout senserite kè a, avèk entansyon reyèl, pou konfime verite yo pa temwayaj Lespri a se repons la.<sup>22</sup> Anplis desa, lè nou fè ekriti yo enperatif nan lavi nou epi nou viv levanjil la, nou beni pa Lespri a e nou goute bonte Li avèk santiman lajwa, bonè, e espesyalman lapè.<sup>23</sup>

Klèman, yon diferans ant moun ki tande mizik lafwa a ak moun ki pa tande yo oswa ki gen fos nòt yo se etid ekriti yo aktivman. Mwen te pwofondeman touche palefèt ke, sa gen kèk ane, yon pwofèt byeneme, Spencer W. Kimball, te mete aksan sou

bezwen pou nou kontinyèlman li ak etidye ekriti yo. Li te di: “Mwen konstate ke lè m pran lèz kò m nan relasyon m avèk divinite a, e lè sanble ke pa gen zòrèy divin k ap koute ni okenn vwa k ap pale, mwen lwen, trè lwen. Si m plonje m nan ekriti yo, distans la redui epi espirityalite a retounen.”<sup>24</sup>

Mwen espere ke n ap li Liv Mòmmon an avèk pitit nou yo regilyèman. Mwen te diskite sa avèk pitit mwen yo. Yo te pataje avèk mwen de bagay yo reyalize. Premyèman, pèsistans nan li ekriti yo chak jou an fanmi an se kle a. Pitit fi m nan, sou ton plezantri, te dekri premye efò mari l avèk li fè lematen avèk pitit yo, pifò adolesan, pou li ekriti yo regilyèman. Li menm ak mari l leve bonè nan maten, epi tou nan dòmi, yo chèche kenbe manch eskalye an fè a jis nan sal kote fanmi an reyini pou li pawòl Bondye a. Pèsèverans se repons la, e yon sans imou ap ede tou. Sa mande gwo efò nan men chak manm fanmi an, chak jou, men sa vo lapèn. Si nou pèsiste, n ap simonte echèk tanporè yo.

Dezyèm nan se fason dènye pitit gason m nan ak madanm ni li ekriti yo avèk fanmi yo ki tou jèn nan. De nan kat pitit yo gran ase pou yo li. Pou sa ki gen senkan an, yo gen senk sinyal ak dwèt yo ke li rekonèt pou l ka totalman patisipe nan lekti ekriti famiyal la. Sinyal dwèt 1 an se pou li repete: “Epi, sete konsa,” chak fwa sa parèt nan Liv Mòmmon an. Mwen dwe admèt ke m renmen lefèt ke fraz sa a parèt si souvan an. An pasan m ap di ke, pou enterese jèn fanmi yo, sinyal dwèt 2 a se “Epi konsa, nou wè”; dwèt 3, 4, ak 5 yo chwazi pa paran yo baze sou mo ki nan chapit y ap li a.

Nou konnen ke etid ekriti an fanmi ak sware famiyal yo pa toujou pafè. Men kèlkeswa pwoblèm n ap rankontre, pa dekouraje.

Tanpri konprann ke lafwa nan Senyè Jezikri ak respektè kòmmandman l yo rete e ap toujou rete tès ki pi detèminan nan mòtalite a. Anlè tout bagay, nou chak dwe reyalize ke lè yon moun pa ka tande mizik lafwa a, li pa an amoni avèk Lespri a. Jan pwofèt Nefi te anseye a: “Nou te tande vwa l . . . ; epi li te pale avèk nou avèk yon ti vwa dous, men nou te san sansiblite, ki fè nou pa t kapab santi pawòl li yo.”<sup>25</sup>

Doktrin nou an klè; nou dwe pozitif epi pran kouraj. Nou aksantye lafwa nou, pa laperèz nou. Nou rejwi nan asirans Senyè

a ba nou ke L ap kanpe bò kote nou e L ap ba nou gidans ak direksyon.<sup>26</sup> Sentespri a temwaye bay kè nou ke nou gen yon Papa eman nan syèl la, ke plan mizèrikòd li a pou rachte nou an ap akonpli nan tout aspè gras ak Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a.

Jan Naomi W. Randall, otè chan “Je suis enfant de Dieu” a, te ekri: “Lespri Li gide nou; lanmou Li asire nou ke laperèz chase lè lafwa andire.”<sup>27</sup>

Konsa, kèlkeswa kote nou ye sou chemen disip la nan vizyon Leyi a, annou pran rezolisyon pou reveye andedan nou ak nan fanmi nou yon gwo dezi pou reklame don lavi etènèl enkonpreyansib la Sovè a bay la. Mwen priye pou nou ka rete an amoni avèk mizik lafwa a. Mwen temwaye sou divinite Jezikri ak reyalite Ekspyasyon L lan, nan non Jezikri, amèn.

### Nòt

1. Gade Doktrin ak Alyans 1:30.
2. Jonathan Sacks, “Has Europe Lost Its Soul?” (diskou ki te fèt 12 Desanm 2011, nan Inivèsite Pontifikal Gregoryen an), [chiefrabbi.org/ReadArtical.aspx?id=1843](http://chiefrabbi.org/ReadArtical.aspx?id=1843).
3. Gade 1 Nefi 8.
4. Gade 1 Nefi 8:27; 11:35.
5. Gade 1 Nefi 8:23; 12:17.
6. 1 Nefi 8:28.
7. Gade 1 Nefi 8:12.
8. Enstriksyon Sovè a pou al chèche brebi ki egare yo; gade Matye 18:12–14.
9. Gade Jan 5:22; gade tou Matye 7:1–2.
10. Thomas S. Monson, “May You Have Courage,” *Liahona* ak *Ensign*, Me 2009, 124.
11. 1 Nefi 8:12.
12. *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 1.1.1.
13. 1 Nefi 8:12.
14. Gade Dallin H. Oaks, “Sins and Mistakes,” *Ensign*, Okt. 1996, 62. Eldè Oaks te anseye ides a a lè li te prezidan Inivèsite Brigham Young nan nan zòn ane 1980 yo.
15. Gade Doktrin ak Alyans 1:25–27.
16. Gade Marva Jeanne Kimball Pedersen, *Vaughn Roberts Kimball: A Memorial* (1995). Vaughn te jwe foutbòl pou Inivèsite Brigham Young nan lotòn 1941 an. Jou apre Pearl Harbor la, 8 Desanm 1941, li te anwole nan Lame Etazini an. Li te mouri jou 11 Me 1945, pa atak bonb enmi an te lanse kont bato Ris *Bunker Hill* la epi yo te antere l nan lanmè a.
17. Gade Jan 5:39.
18. Gade Ezra Taft Benson, “The Book of Mormon—Keystone of Our Religion,” *Ensign*, Nov. 1986, 4; oswa *Liahona* ak *Ensign*, Okt. 2011, 52.
19. Mark Twain, *Roughing It* (1891), 127–28. Yo prezante chak nouvèl jenerasyon kòmantè Mark Twain nan kòmisi se yon nouvo dekouvèt siyifikan. Yo pa janm fè referans ak lefèt ke Mark Twain te egalman pa t respekte Krisyanite a ni relijyon an jeneral.
20. Gade 1 Nefi 1:2.
21. M te rankontre Dr. Ebeid Sarofim nan Lond lè èldè yo t ap anseye li. Gade N. Eldon Tanner, nan Conference Report, Avr. 1962, 53. Anpil save nan ansyen ekri

- Semitik/Ejipsyen yo te note itilizasyon repetisyon fraz "Epi, se te konsa . . ." a nan kòmansman fraz yo; gade Hugh Nibley, *Since Cumorah*, 2nd ed. (1988), 150.
22. Gade Mowoni 10:3–4; pa gen anpil moun ki sensèman teste sa avèk entansyon reyèl.
23. Gade Doktrin ak Alyans 59:23.
24. *Enseignements des présidents de l'église: Spencer W. Kimball* (2006), 67.
25. 1 Nefi 17:45; gade tou Ezra Taft Benson, "Seek the Spirit of the Lord," *Tambuli*, Sept. 1988, 5; *Ensign*, Avr. 1988, 4: "'Nou tandè pawòl Senyè a pi souvan nan yon santiman. Si nou enb ak sansib ase, senyè a ap enspire nou pa mwayen santiman nou."
26. Gade Doktrin ak Alyans 68:6.
27. "When Faith Endures," *Hymns*, no. 128.

---

# Kijan pou nou jwenn revelasyon ak enspirasyon pou lavi pèsonèl nou

**Pa Èldè Richard G. Scott**

*Nan Kolèj Douz Apot*

---

*Poukisa Senyè a vle pou nou priye Li epi mande Li?  
Paske se fason sa a nou resevwa revelasyon.*

---

Tout moun ki kanpe sou chè sa a pou fè yon diskou santi fòs ak soutyen manm yo nan tout mond lan. Mwen rekonesan dèske m ka resevwa menm soutyen sa a nan men yon konjwen byeneme ki nan lòtbò vwal la. Mèsi Jeanene.

Sentespri a kominike enfòmasyon enpòtan nou bezwen pou gide nou nan vwayaj mòtèl nou. Lè l ekstrèmeman klè ak esansyèl, li merite tit revalasyon. Lè se yon seri pouse ke nou souvan resevwa pou gide nou etap pa etap vè yon objektif ki diy, nan kontèks mesaj sa a, li rele enspirasyon.

Nou ka bay kòm yon egzanp revelasyon enspirasyon Prezidan Spencer W. Kimball te resevwa apre l te fin priye Senyè a pandan lontan san rete konsènan prètriz la pou tout gason ki diy nan Legliz la lè nan moman an li te disponib pou sèlman kèk grenn nan yo a.

Yon lòt egzanp revelasyon se gidans yo te bay Pwofèt Joseph F. Smith la: “Mwen kwè nou deplase e nou nan prezans mesaj selès ak èt selès. Nou pa separe avèk yo. . . . Nou pwòch paran nou ak zansèt nou yo . . .ki deja ale nan mond lespri a. Nou pa ka bliye yo; nou pa sispann renmen yo; nou toujou kenbe yo nan kè nou, nan memwa nou, epi konsa nou asosye e ini avèk yo pa lyen ke nou pa ka kraze. . . . Se ka a pou nou, nan kondisyon mòtèl nou an, antoure pa feblès mòtèl nou yo, . . . konbyen sa pi

sèten . . . pou kwè ke moun ki te fidèl yo , ki deja ale lòt bò vwal la . . . kapab wè nou pi byen pase nou ka wè yo; ke yo konnen nou pi byen pase nou konnen yo. . . . N ap viv nan prezans yo, yo wè nou, yo sousye pou byennèt nou, yo renmen nou plis pase jamè.”<sup>1</sup>

Relasyon nou avèk moun nou konnen ak renmen yo ki lòt bò vwal la kapab fòtifye. Sa fèt pa efò detèmine nou pou toujou fè sa ki dwat. Nou ka fòtifye lyen nou avèk moun nou renmen ki deja mouri yo nan rekonèt ke separasyon an tanporèl e alyans nou te fè nan tanp yo etènèl. Lè nou respekte yo tout tan, alyans sa yo garanti reyalizasyon etènèl pwomès ki atache avèk yo a.

Yon egzanp trè klè sou revelasyon nan lavi m te rive lè m te santi m pouse pa Lespri a pou mande Jeanene Watkins pou l te sele avèk mwen nan tanp.

Youn nan gwo leson nou chak bezwen anprann sèke nou bezwen mande. Poukisa Senyè a vle pou nou priye Li pou nou mande? Paske se fason sa a nou resevwa revelasyon.

Lè m ap fè fas ak yon chwa trè difisil, men kijan m eseye konprann sa pou m fè. Mwen jene. Mwen priye pou m jwenn yon ekriti m konprann ki kapab itil. Pwosesis sa a repete. Mwen kòmanse lekti yon pasaj ekriti; mwen medite sou sa vèsè a siyifi epi m priye pou m jwenn enspirasyon. Apresa mwen medite epi m priye pou m konnen si m konprann tout sa Senyè a vle pou m fè a. Souvan plis enpresyon vini, avèk yon pi gwo konpreyansyon sou doktrin nan. Mwen twouve ke chema sa a se yon bon fason pou m aprann nan ekriti yo.

Gen kèk prensip pratik ki ranfòse revelasyon. Toudabò, sede anba kèk emosyon tankou fè kòlè oswa santi w blese oubyen kanpe sou ladefansiz chase Sentespri a. Nou dwe elimine emosyon sa yo, san sa chans nou pou revelasyon piti anpil.

Yon lòt prensip se itilize imou avèk pridans. Gwo ekla ri inapwopriye ofanse Lespri a. Yon bon sans imou ede revelasyon; gwo ekla ri pa ede l. Yon sans imou se yon valv soulajman pou presyon lavi yo.

Yon lòt enmi revelasyon soti nan pale avèk egzajerasyon oubyen fè gwo deklarasyon. Pawòl dous, ki pale avèk atansyon, ap favorize revelasyon.

Yon lòt kote, kominikasyon espiyèl kapab ogmante pa bon pratik sante. Egzèsis, kantite somèy rezonab, ak manje bon bagay ogmante kapasite nou pou resevwa ak konprann revelasyon. N ap viv pou yon dire tan byen detèmine. Men, nou ka amelyore kalite sèvis nou an menm tan ak byennèt nou nan pran prekosyon, ak fè chwa apwopriye.

Li enpòtan pou aktivite chak jou nou yo pa anpeche nou koute Lespri a.

Revelasyon kapab vini nan yon rèv tou kote gen yon tranzisyon prèske enpèseptib ant somèy ak revèy. Si nou eseye kaptire kontni an imedyatman, nou ka wè gwo detay, men, otremman, li efase rapidman. Kominikasyon enspire pandan lannuit yo jeneralman akonpaye pa yon santiman sakre konsènan eksperyans lan. Senyè a itilize moun nou gen gwo respè pou yo, pou anseye nou nan yon rèv, paske nou gen konfyans nan yo epi n ap koute konsèy yo. Se Senyè a ki anseye atravè Sentespri a. Men, Li gen dwa, nan yon rèv, rann bagay yo pi fasil pou konprann ak pi fasil pou touche kè nou nan anseye nou palentèmedyè yon moun nou renmen ak respekte.

Lè se pou objektif Senyè a, Li kapab pote tout bagay nan souvni nou. Sa pa dwe febli detèminasyon nou pou ekri enpresyon Lespri yo. Enspirasyon ke nou byen ekri montre Bondye ke kominikasyon Li sakre pou nou. Ekri yo ap ogmante kapasite nou pou raple revelasyon an tou. Nou dwe pwoteje ekri sa yo nou fè sou direksyon Lespri a pou yo pa pèdi ni pou lòt moun pa pran yo.

Ekriti yo bay bon konfimasyon sou fason laverite, si nou viv li konstaman, louvri pòt enspirasyon an pou nou konnen sa pou nou fè epi, lè nou bezwen, pou nou gen kapasite pèsònèl pou ogmante pouvwa divin nan. Ekriti yo dekri fason kapasite yon moun pou simonte difikilte, dout, ak pwoblèm aparaman ensimontab, kapab fòtifye pa Senyè a nan moman bezwen. Si nou medite sou egzanp sa yo, n ap resevwa yon konfimasyon peizib atravè Sentespri a ke eksperyans yo a se verite. N ap vin konnen ke gen menm kalite èd la ki disponib pou nou tou.

Mwen konn wè moun k ap rankontre pwoblèm ki konnen sa pou yo fè lè l depase pwòp eksperyans yo paske yo gen konfyans

nan Senyè a epi yon konnen ke L ap gide yo nan solisyon ke yo bezwen an ijans lan.

Senyè a deklare: “Epi ansèyman nou dwe soti anwo. Sanktifye tèt nou epi n ap dote avèk pouvwa, pou nou kapab bay menm jan m pale a.”<sup>2</sup> *Mosanktifye tèt nou*an ka ba nou pwoblèm. Prezidan Harold B. Lee te eksplike m yon fwa ke nou ka ranplase mo sa yo pa fraz “respekte kòmandman m yo.” Li nan fason sa a, konsèy la ap parèt pi klè.<sup>3</sup>

Yon moun dwe toujou mantalman ak fizikman pwòp e gen entansyon ki pi pou Senyè a kapab enspire li. Yon moun ki obeyi kòmandman L yo, Senyè a fè l konfyans. Moun sa a gen aksè a enspirasyon Li pou konnen sa pou l fè epi, si bezwen, ak pouvwa divin pou fè li.

Pou espirityalite grandi e vin pi disponib, nou dwe plante l nan yon anviwonman ki dwat. Awogans, ògèy, ak vanite se tankoou teren plen wòch ki pa p janm ka pwodui fwi espirityèl.

Imilite se yon teren fètil kote espirityalite grandi e pwodui fwi enspirasyon pou konnen sa ki pou fèt. Li bay aksè a pouvwa divin pou akonpli sa nou bezwen fè. Yon moun motive pa dezi pou moun louwe l oubyen gen rekonesans pou li p ap kalifye pou Lespri a anseye li. Yon moun ki awogan oubyen ki kite emosyon li enfliyanse desizyon li pap jwenn direksyon Lespri a.

Lè nou aji kòm enstriman pou lòt moun, nou pi fasilman enspire pase lè nou panse ak pwòp tèt nou. Nan pwosesis ede lòt moun nan, Senyè a kapab pote direksyon pou benefis nou.

Papa nou ki nan Syèl la pa t mete nou sou tè a pou nou echwe men pou nou reyisi gloriyezman. Sa ka parèt kontradiktwa men, se poutèt sa repons priyè nou yo kapab pafwa trè difisil. Pafwa, san sajès, nou eseyefè fas a lavi nan depann sou pwòp eksperyans ak kapasite pa nou. Li pi saj pou nou chèche konnen sa pou nou fè atravè lapriyè ak enspirasyon. Obeyisans nou asire ke lè nou mande, nou ka kalifye pou pouvwa divin pou akonpli yon objektif enspire.

Menmjan ak anpil nan nou, Oliver Cowdery pa t rekonèt prèv ke Senyè a te deja ba l repons priyè l yo. Pou louvri je li ak je pa nou, yo te bay Joseph Smith revelasyon sa a:

“An verite, an verite, m di w, ou beni poutèt sa w te fè a; paske w te mande m, epi, gade, toutotan ou te mande ou te



resevwa enstriksyon nan men Lespri m. Si se pa t sa, ou pa t ap rive nan pozisyon ou ye kounyeya.

“Gade, ou konnen ou te mande m e m te klere panse w; e kounyeya, m di ou bagay sa yo pou w kapab konnen se Lespri verite a ki te klere ou.”<sup>4</sup>

Si ou santi ke Bondye pa reponn priyè w yo, medite sou ekriti sa yo—atantivman chèche prèv nan pwòp lavi ou ke Li te siman deja reponn ou.

De endikatè pou fè nou wè ke yon santiman oswa yon enspirasyon soti nan Bondye sèke li pwodui lapè nan kè nou, ak yon santiman chalè pezib. Si nou suiv prensip mwen te pale yo, n ap prepare pou rekonèt revelasyon nan moman kritik nan lavi nou yo.

Pi pre nou suiv gidans divin nan, si pi gran bonè n ap genyen isit sou tè a ak pou letènite—epi pwogrè nou ak kapasite nou pou sèvi ap pi abondan. Mwen pa fin totalman konprann kijan sa fèt, men gidans sa a nan lavi nou an pa retire libabit nou. Nou kapab pran desizyon nou chwazi pou nou pran. Men sonje, dispozisyon pou fè byen an pote lapè nan lespri ak bonè.

Si nou ta deja fè move chwa, yo ka rektifye atravè repantans. Lè kontisyon repantans yo totalman ranpli, Ekspyasyon Jezikri a, Sovè nou an, bay on soulajman pou demand lajistis yo pou erè nou fè yo. Sa trè senp e trè bèl. Si nou kontinye viv dwat, n ap toujou jwenn enspirasyon pou konnen kisa pou n fè. Pafwa dekouvri kisa pou nou fè kapab mande gwo efè ak konfyans bò kote pa nou. Men n ap santi enspirasyon pou konnen sa pou nou fè si nou reponn a kondisyon pou nou resevwa gidans divin sa a nan lavi nou, ki se obeyi kòmandman Senyè a, kwè nan plan bonè divin ni an, epi evite tout sa ki kontrè avèk li.

Kominikasyon avèk Papa nou ki nan Syèl la se pa yon bagay konsa konsa. Se yon privilèj sakre. Li baze sou prensip etènèl ki enchanjab. Nou resevwa èd nan men Papa nou ki nan Syèl la an repons ak lafwa, obeyisans, ak bon itilize libabit nou.

Se pou Senyè a ba nou enspirasyon pou nou konprann ak itilize prensip ki mennen nan revelasyon ak enspirasyon pèsònèl la, nan non Jezikri, amèn.

**Nòt**

1. Joseph F. Smith, nan Conference Report, Avr. 1916, 2–3; see also *Gospel Doctrine*, 5th ed. (1939), 430–31.
2. Doktrin ak Alyans 43:16.
3. Gade *Enseignements des présidents de l'église: Harold B. Lee* (2000), 34.
4. Doktrin ak Alyans 6:14–15.

# Pouvwa syèl yo

**Pa Èldè David A. Bednar**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Detantè Prètriz yo, jèn kou granmon, bezwen otorite ak pouvwa a: pèmisyon nesèsè a ak kapasite esprityèl pou reprezante Bondye nan travay sali.*

---

Frè byeneme m yo, mwen rekonesan dèske nou ka adore ansanm antanke yon gwo gwoup detantè Prètriz. Mwen renmen nou e m admire nou pou diyite nou ak enfliyans benefik nou nan tout mond lan.

M ap envite nou chak pou n konsidere kijan nou ta reponn kesyon sa a Prezidan David O. McKay te poze manm Legliz yo sa gen dèzane: “Si nan moman sa a yo ta mande nou chak pou deklare trè karakteristik Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo nan yon sèl fraz, kisa repons nou t ap ye?” (“The Mission of the Church and Its Members,” *Improvement Era*, Nov. 1956, 781).

Repons Prezidan McKay te bay pou pwòp kesyon l lan sete “otorite divin” Prètriz la. Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo kanpe diferan de lòt legliz yo, ki deklare ke otorite yo soti nan siksesyon istorik, nan ekriti yo, oubyen nan fòmasyon teyolojik. Nou deklare klèman ke otorite prètriz sa a te konfere sou Pwofèt Joseph Smith pa enpozisyon men, dirèkteman nan men mesaj selès.

Mesaj mwen an santre sou prètriz divin sa a ak pouvwa syèl yo. Mwen priye sensèman pou Lespri Senyè a ede nou pandan ke ansanm n ap aprann sou verite enpòtan sa yo.

## **Otorite ak pouvwa Prètriz la**

Prètriz sa a se otorite Bondye delege bay lèzòm sou tè a pou aji nan tout bagay pou sali limanite (gade Spencer W. Kimball,

“The Example of Abraham,” *Ensign*, Jen 1975, 3). Prètriz la se mwayen Senyè a itilize pou aji atravè gason yo pou sove nanm. Youn nan karakteristik ki defini Legliz Jezikri a, ni nan ansyen tan an ni jodia, se otorite Li. Pa ka gen veritab Legliz san otorite divin.

Gason òdinè resevwa otorite Prètriz la. Se diyite ak bòn volonte—non pa eksperyans, konpetans, oswa fòmasyon—ki se kalifikasyon pou òdinasyon nan Prètriz la.

Fason pou jwenn otorite prètriz la dekri nan senkyèm Atik Lafwa a: “Nou kwè yon nonm dwe resevwa apèl nan men Bondye, pa mwayen pwofesi, epi pa enpozisyon men, nan men moun ki gen otorite, pou preche Levanjil la epi pou administre òdonans Levanjil yo.” Konsa, yon tigason oswa yon gason resevwa otorite prètriz la epi òdone nan yon ofis espesifik pa yon moun ki deja gen prètriz la epi ki otorise pa yon dirijan ki detni kle prètriz nesèsè yo.

Yo atann pou yon detantè Prètriz egzèsè otorite sakre sa a an akò avèk lespri, volonte ak objektif sakre Bondye. Nan Prètriz la anyen pa egoyis. Prètriz la toujou itilize pou sèvi, pou beni, ak pou fòtifè lòt moun.

Nou resevwa Prètriz ki pi wo a pa yon alyans solanèl ki enkli obligasyon pou aji nan otorite (gade D&A 68:8) ak ofis (gade D&A 107:99) nou resevwa a. Antanke detantè otorite sakre Bondye, nou la pou nou aji e non pa pou moun fè nou aji (gade 2 Nefi 2:26). Prètriz la nòmalmman aktif olye l pasif.

Prezidan Ezra Taft Benson te anseye:

“Li pa ase pou n resevwa prètriz la epi apres a nou chita nan fotèy nou ap tann pou yon moun pouse nou alaksyon. Lè nou resevwa Prètriz la, nou gen obligasyon pou n vin aktivman ak sensèman angaje nan fè avanse kòz lajistis la sou tè a, paske Senyè a di:

“‘. . .Yon moun ki pa fè anyen jistan yo kòmande l, epi ki resevwa kòmandman avèk yon kè ki gen dout, epi ki kenbe l avèk pares, moun sa a dane” [D&A 58:29]” (*So Shall Ye Reap* [1960], 21).

Prezidan Spencer W. Kimball te mete aksan sou nati aktif prètriz la tou. “Yon moun kraze alyans prètriz la nan transgrese kòmandmanmen tou nan neglije devwa li. Se poutèt sa, pou yon moun

*kraze alyans sa a, li sifi pou l pa fè anyen*” (*Le miracle du pardon* [1969], 96).

Lè nou fè sa nou kapab pou ranpli responsablite nou yo nan prèttriz la, nou ka gen benediksyon pou jwi pouvwa prèttriz la. Pouvwa prèttriz la se pouvwa Bondye ki an aksyon atravè gason ak tigason tankou nou menm epi li mande fidelite, obeyisans, dilijans, ak lajistis pèsònèl. Yon tigason oswa yon gason kapab resevwa otorite prèttriz la pa enpozisyon men men l pa p gen okenn pouvwa prèttriz si l dezobeyi, si l pa diy, oubyen si l pa dispoze pou sèvi.

“Dwa prèttriz yo makonnen seresere avèk pouvwa syèl la, epi . . . the *pouvwa* syèl la pa kapab kontwòle ni manipile san se pa avèk prensip lajistis.

“Yo kapab konfere sou nou, se vre; men, lè nou deside pou nou kouvri peche nou yo, oubyen pou nou pran plezi nan lògèy nou yo, oubyen anbisyon vanite nou yo, oubyen pou nou egzèsè kontwòl oubyen dominasyon oubyen presyon sou nanm pitit lèzòm, nan nenpòt degre enjistis, gade, syèl la wete tèt li; Lespri Senyè a atriste; epi lè Bondye wete l, Amèn pou prèttriz la oubyen otorite nonm sa a” (D&A 121:36–37; italik ajoute).

Frè m yo, sa inakseptab pou Senyè a pou yon tigason oswa yon gason resevwa otorite prèttriz la men neglije fè sa ki nesèsè pou kalifye tèt li pou pouvwa prèttriz la. Detantè Prèttriz yo, jèn kou granmoun, bezwen ni otorite a ni pouvwa a—pèmisyon nesèsè ak kapasite espiritiyèl pou reprezante Bondye nan travay sali a.

### **Yon leson nan men papa m**

Mwen te elve nan yon kay avèk yon manman fidèl ak yon papa ekstraòdinè. Manman m sete desandan pyonye ki te sakrifye tout bagay pou Legliz la ak wayòm Bondye a. Papa m pa t manm Legliz nou an, e, lè l te jènan, li te vle pou m vin yon prèt katolik. Finalman, li te chwazi pou l pa t ale nan seminè teyolojik la men olyesa li te chwazi yon karyè kòm fabrikan zouti.

Pandan pifò nan lavi maryaj li, papa m te konn ale nan reyinyon Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo avèk fanmi nou. Anfèt, pifò moun nan pawas nou an pa t konnen si papa m pa t manm Legliz la. Li te jwe nan ekip sòftbòl la nan pawas nou an, epi l te antrene li, li te ede nan aktivite Eskout yo, epi li te soutni

manman m nan tout apèl ak responsablite li nan legliz la. M ta renmen pale nou de youn nan gwo lesou m te aprann nan men papa m sou otorite ak pouvwa prètiz la.

Lè m te tigason, m te konn mande papa m plizyè fwa pa semèn kilè li t ap batize. Chak fwa m te konn kole nan kò li, li te toujou reponn mwen avèk amou men byen fèm: “David, mwen pa p vin manm legliz la poutèt manman ou, poutèt ou menm, oubyen nenpòt lòt moun. M ap vin manm Legliz la lè m konnen ke se sa pou m fè.”

Mwen kwè m te nan premye ane adolesans mwen lè m te fè konvèsasyon sa a avèk papa m nan. Nou te fèk retounen soti nan reyinyon Dimanch nou ansanm, epi m te mande papa m kilè li t ap batize. Li te souri epi l te di: “Se ou menm ki toujou ap mande m kilè m ap batize. Jodia m ta renmen poze w yon kesyon.” Mwen te byen vin konkli avèk eksitasyon ke kounyeya nou t ap fè pwogrè!

Papa m te kontinye: “David, legliz ou a anseye ke yo te retire prètiz la sou tè a nan tan ansyen yo epi l te retabli palentèmedyè Pwofèt Joseph Smith pa mesajè selès, pa vre?” M te reponn ke sete kòrèk. Apre l te di: “Men kesyon m nan. Chak semèn, nan reyinyon prètiz la, mwen tandè evèk la ak lòt difijan prètiz yo ap raple frè yo, e sipliye yo pou yo fè vizit nan fwaye yo ak ranpli devwa prètiz yo. Si legliz ou a vrèman gen prètiz retabli Bondye a, poukisa pil mesye sa yo nan Legliz ou a pa gen yon atitid diferan de mesye nan legliz mwen yo nan fè devwa relijye yo?” Lespri m, ki te tou jèn nan, te konplètman bloke. Mwen pa t gen repons pou papa m.

Mwen kwè ke papa m pa t gen rezon pou l te jije validite sa legliz nou an reklame pou otorite divin nan dapre erè mesye yo l te konnen nan pawas nou an. Men pou mwen, kesyon l lan, te enplike pwendvi kòrèk ke gason yo ki detni prètiz sakre Bondye a ta dwe diferan de lòt gason. Gason ki detni prètiz yo ta dwe non sèlman resevwa otorite prètiz la men vin tounen enstriman diy ak fidèl pouvwa Bondye tou. “Nou dwe pwòp noumenm k ap pote vesèl Senyè a” (D&A 38:42).

Mwen pa p janm bliye lesou sou otorite ak pouvwa prètiz la m te aprann nan men papa m nan, yon bon gason ki pa t manm legliz la, ki te atann plis nan men mesye ki te deklare ke yo te

detni prèttriz Bondye a. Konvèsasyon Dimanch aprèmidi sa a avèk papa m nan sa gen dèzane a te pwodui nan mwen menm yon dezi pou m yon “bon tigason.” M pa t vle yon move egzanp ni yon pyèdachopman pou pwogresyon papa m pandan l t ap aprann sou levanjil retabli a. Mwen te senpleman vle pou m te yon bon tigason. Senyè a vle pou nou tout, detantè otorite Li yo, nou onorab, gen vèti, ak bon tigason tout tan ak nan tout kote.

Sa gen dwa enterese nou pou n konnen ke dèzane apre, papa m te batize. Epi nan moman apwopriye a, m te gen posibilite pou konfere l Prèttriz Aawon ak Prèttriz Mèlkisedèk la. Youn nan gwo eksperyans lavi m sete obsève papa m ki t ap resevwa otorite, epi finalman, pouvwa prèttriz la.

Mwen pataje leson egzanplè sa a m te aprann nan men papa m nan pou m mete aksan sou yon senp verite. Resevwa otorite prèttriz la pa enpozisyon men se yon kòmansman enpòtan, men sa pa ase. Òdinasyon konfere otorite, men sa mande lajistis pou n aji avèk pouvwa a pandan n ap eseye edifye nanm, anseye ak temwaye, beni ak konseye, ak fè travay sali a avanse.

Nan epòk kapital sa a nan istwa mond lan, nou menm avèk mwen, antanke detantè prèttriz, bezwen rete gason jis ak enstriman efikas nan men Bondye. Nou bezwen leve antanke gason Bondye. Ou menm avèk mwen ta dwe tire leson nan egzanp Nefi, pitit pitit gason Elaman an, ki te premye nan douz disip Sovè a te aple nan kòmansman ministè li pami Nefit yo. “Epi li te preche yo anpil bagay; . . . epi Nefi te preche avèk pouvwa e avèk anpil otorite” (3 Nefi 7:17).

### **“Tanpri ede mari m konprann”**

Nan fen entèvyou pou rekòmandasyon tanp m te konn fè pandan m te evèk ak prezidan pye, m te konn souvan mande sè ki marye yo kijan m te ka ede yo menm ak fanmi yo. Konsistans nan repons m te konn resevwa nan men fi fidèl sa yo te alafwa enstriktif ak alaman. Sè yo te konn raman plenyen oubyen kritike, men yo te konn souvan reponn konsa. “Tanpri ede mari m konprann responsablite li antanke yon detantè prèttriz nan fwaye a. Sa pa deranje m ditou pou m pran inisyativ etid ekriti, priyè familyal, ak sware familyal, e m ap kontinye fè sa. Men, mwen ta renmen pou mari m se yon patnè egal avèk mwen epi asire direksyon prèttriz la ke li menm sèlman ka asire a. Tanpri,

ede mari m aprann kijan pou l vin yon patriyach ak yon dirijan prèttriz ki prezide ak pwoteje nan fwaye nou.”

Mwen souvan reflechi sou senserite sè sa yo ak demann yo a. Dirijan prèttriz yo tandè menm kalite preyokipasyon an jodia. Anpil fi ap priye pou yo jwenn yon mari ki non sèlman gen otorite prèttriz la men pouvwa prèttriz la tou. Yo anvi pou mete tèt yo ansanm avèk yon mari e konpayon prèttriz fidèl nan travay pou kreye yon fwaye santre sou Kris la ak sou levanjil la.

Frè m yo, mwen pwomèt nou ke si nou menm avèk mwen medite sou siplikasyon sè sa yo, Sentespri a ap ede nou wè tèt nou jan nou reyèlman ye a (gade D&A 93:24) epi l ap ede nou rekonèt sa nou bezwen chanje ak amelyore. E moman pou aji a se kounyeya!

### **Se pou nou egzanp lajistis**

Aswè a m ap repete ansèyman Prezidan Thomas S. Monson yo ki te envite nou pou nou se “egzanp lajistis” la. Li raple nou souvan ke nou se mesaje Senyè a e nou gen dwa ak èd Li selon diyite nou (gade “Examples of Righteousness,” *Liahona* ak *Ensign*, Me 2008, 65–68). Nou menm avèk mwen detni otorite prèttriz ki te retabli sou tè a nan dispansasyon sa a pa mesaje selès, ki se Jan Batis, ak Pyè, Jak, ak Jan. Epi konsa chak gason ki resevwa Prèttriz Mèlkisedèk la kapab retrase liy otorite pèsònèl li ale dirèkteman nan Senyè Jezikri. Mwen espere ke nou rekonesan pou benediksyon ekstraòdinè sa a. Mwen priye pou nou rete pwòp ak diy pou reprezante Senyè a pandan n ap egzèse otorite sakre L la. Se pou nou chak kalifye nou pou pouvwa prèttriz la.

Mwen temwaye ke prèttriz sakre a te anfèt retabli sou tè a nan dènnye jou sa yo e nou jwenn ni nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Mwen temwaye tou ke Prezidan Thomas S. Monson se gran prèt ka p prezide sou prèttriz wo a nan Legliz la (gade D&A 107:9, 22, 65–66, 91–92) epi li se sèl moun sou tè a ki detni epi otorize pou egzèse tout kle prèttriz yo. Konsènan bagay sa yo mwen solanèlman temwaye nan non sakre Senyè Jezikri, amèn.



---

# Reyaktivasyon pou jwenn bon jan kwasans

**Pa Evèk Richard C. Edgley**

*Ki fèk sot relve kòm Premye Konseye nan Episkopa Prezidan an*

---

*Sove nanm se travay Senyè a mande nou tout pou nou patisipe.*

---

Nan mwa k sot pase yo, yo te mete plis aksan sou etabli yon “kwasans reyèl,” nan Legliz la, pou mennen tout moun ki dispoze resevwa ak respekte alyans ak òdonans sali yo, epi viv avèk gwo chanjman nan kè a Alma dekri a (gade Alma 5:14). Youn nan fason pi enpòtan ak pi efikas pou gen yon kwasans reyèl nan Legliz la se lonje lamèn bay moun ki batize yo, ki ap ere nan inaktivite, san yo pa jwenn benediksyon ak òdonans sali yo. Kèlkeswa apèl nou—enstrikè ak enstriktris nan fwaye, enstrikte Lekòldidiman, evèk, papa, manman, oubyen menm Otorite Jeneral—nou tout kapab angaje efikasman nan efò sovtaj la. Apre tou, mennen tout moun—fanmi nou, non manm, inaktif, pechè—vin jwenn Kris la pou resevwa òdonans sali yo se apèl divin ke nou tout genyen.

Yon jou Dimanch maten, sa gen prèske 30 an, pandan m t ap sèvi nan yon prezidans pye, nou te resevwa yon apèl telefòn nan men youn nan evèk fidèl nou yo. Li te eksplike ke pawas li a te grandi si rapidman ke li pa t kapab bay tout manm diy li yo yon apèl siyifikan ankò. Li te priye nou pou nou te divize pawas la. Pandan nou t ap tann apwobasyon pou sa, prezidans pye a te deside ke nou ta pral vizite pawas la pou aple bon frè ak sè diy sa yo kòm misyonè pye.

Twazyèm moun mwen te vizite sete yon jèn etidyan ki te ale nan inivèsite lokal la. Lè m te fin pale avèk li pandan yon ti moman, mwen te prezante l apèl pou l te sèvi kòm misyonè a. Te

gen yon silans pandan kèk moman. Epi apre, li te di: “Prezidan, èske w pa konnen ke m inaktif nan Legliz la?”

Apre yon moman silans, mwen te di: “Non, m pa t konnen ke w inaktif.”

Li te reponn: “Sa gen dèzane ke m pa ale Legliz.” Epi l te di: “Èske w pa konnen ke lè w inaktif, li pa fasil ditou pou w retounen?”

Mwen te reponn: “Non. Pawas ou kòmanse a 9:00 dimaten. Vini nan chapèl la, epi n ap avèk nou.”

Li te reponn: “Non, sa pa osi senp. Lè w inaktif ou enkyete pou anpil bagay. W ap mande tèt ou si y ap akeyi ou oubyen si w pa pral chita poukont ou, san pèsonn pa remake ou pandan reyinyon yo. Epi ou sousye de si y ap aksepte ou ak kimoun ki pral nouvo zanmi ou.”

Avèk dlo k ap woule soti nan je li, li te kontinye: “Mwen konnen ke manman m ak papa m ap priye pou mwen depi dèzane pou m retounen nan Legliz la.” Epi apre yon lòt moman silans, li te di: “Dènye twa mwa sa yo mwen t ap priye pou m jwenn kouraj, fòs, ak mwayen pou m retounen aktif.” Epi li te mande: “Prezidan, èske w panse ke apèl sa a se ka yon repons pou priyè sa yo?”

Dlo te kòmanse soti nan je m pandan m te reponn: “Mwen kwè ke Senyè a reponn priyè w yo.”

Li te non sèlman aksepte apèl la; men li te vin yon gwo misyonè tou. E mwen sèten ke l te pote anpil lajwa, non sèlman pou tèt pa li, men pou paran li e pwobableman manm fanmi l tou.

Te gen plizyè bagay mwen te aprann nan bagay sa a ak nan lòt kalite entèvyou konsa tou:

- Mwen te aprann ke anpil manm inaktif gen moun ki renmen yo ki sou jenou yo chak jou ap priye Senyè a pou ede yo sove moun ki chè pou yo.
- Mwen te aprann ke li pa ditou fasil ni agreyab pou yon manm inaktif tou senpleman retounen nan Legliz la. Yo bezwen èd. Yo bezwen sipò. Yo bezwen zanmi.

- Sepandan mwen te aprann ke nou gen manm inaktif ki dispoze e ki ap eseye jwenn wout pou yo retounen aktif.
- Mwen te aprann ke anpil manm inaktif ap aksepte apèl si yo mande yo.
- Mwen te aprann ke yon manm inaktif merite pou yo trete l egal ego epi konsidere l kòm yon pitit gason oswa yon pitit fi yon Bondye eman.

Atravè ane yo, mwen konn mande tèt mwen a kisa entèvyou sa a ta ka abouti si m te abode jènfi sa a kòm manm inaktif Legliz la. M ap kite nou jije kisa k ta ka rive.

Reyaktivasyon te toujou yon pati enpòtan nan travay Senyè a. Pandan ke reyaktivasyon an se yon responsablite chak manm, detantè Prètriz Aawon ak Mèlkisedèk yo gen responsablite pou pran inisyativ travay sa a. Apre tou, se sa sèvis prètriz la ye—mennen tout moun nan alyans exaltan yo; pote lapè, bonè, ak diyite.

Nan Liv Mòmmon an, na raple nou ke lè Alma te dekouvri ke Zoramit yo te elwanye yo de Legliz la, li te òganize yon ekip reyaktivasyon pou pote sekou bay moun sa yo. Lè yo t al akonpli tach yo a, yo te priye Senyè a avèk mo sa yo:

“O Senyè, ban nou siksè pou nou kapab mennen yo bay w them *ankò* pa mwayen Kris la.

“O Senyè, nanm yo gen valè, e *anpil ladan yo se frè nou*; se poutèt sa, O, Senyè, ban nou pouvwa ak lasajès pou nou kapab mennen moun sa yo, frè nou yo ba ou *ankò*” (Alma 31:34–35; italik ajoute).

Sa gen kèk mwa, apre yon reyinyon avèk nouvo konvèti, ak manm inaktif ak manm reyaktive, yon mesye apeprè laj mwen te vin jwenn mwen epi l te di: “Mwen se yon moun ki te inaktif pifò nan lavi m. Mwen te elwaye de Legliz la bonè nan lavi mwen. Men mwen retounen kounyeya, e m ap travay nan tanp avèk madanm mwen.”

Pou m te manifeste l ke tout bagay te oke, mwen te reponn yon bagay konsa: “Tout bagay byen ki fini byen.”

Li te reponn: “Non, tout bagay pa byen. Mwen retounen Legliz la men, mwen pèdi tout pitit mwen yo ak pitit pitit mwen

yo. E kounyeya m ap gade pèt pitit pitit pitit mwen yo—tout kite Legliz la. Tout bagay pa byen.”

Nan fanmi pa m nou gen yon zansèt ki te antre nan Legliz la an Ewòp nan premye jou Legliz yo. Youn nan pitit gason l yo te vin inaktif. Sè Edgley avèk mwen te eseye retrase desandan inaktif zansèt sa a.

Li fasil pou madanm mwen avèk mwen konkli ke, pandan sis jenerasyon apre yo e selon ipotèz rezonab, ka gen petèt jiska 3.000 manm fanmi an ki pèdi. Kounyeya ann fè yon pwojeksyon sou k ap rive apre de lòt jenerasyon. Teyorikman, pèt la ka atenn 20.000 rive 30.000 pitit Papa nou ki nan Syèl la.

Responsablite pou sove nanm nan baze sou youn nan pwen doktrin fondamantal Legliz la.

“Sonje, nanm yo genyen yon gwo valè nan je Bondye;

“Paske, gade, Senyè Redanmtè w la te soufri lanmò nan kò fizik la; se poutèt sa li te soufri doulè *tout moun*,, pou rezon sa a *tout moun dwe repanti epi vin jwenn ni*. . . .

“Epi si ou travay pandan tout vi ou pou ou kriye repantans nan mitan pèp sa a, epi ou sèlman mennen yon sèl nanm ban mwen, ala lajwa w ap anpil avèk li nan wayòm Papa m nan! (D&A 18:10–11, 15; italik ajoute).

Mwen te gen privilèj pou m te sekouri kèk manm inaktif nan lavi m. Kounyeya, lè m ede mennen yon moun retounen vin aktif nan Legliz la, mwen pa wè yon moun sèlman. Mwen wè sis, sèt, oswa plis jenerasyon—dè milye moun. Epi lè sa a, mwen panse ak ekriti sa a: “Epi ou sèlman mennen yon sèl nanm ban mwen, ala lajwa w ap anpil” (D&A 18:15).

Senyè a te di Apot Li yo: “Rekòt la anpil men, manke travayè pou ranmase l (Matye 9:37). Nou pa bezwen manke travayè. Nou gen dè milye detantè Prètriz diy ki kapab ak dè milyon manm angaje nan Legliz la nan tout pati nan mond lan. Nou gen konsèy pawas, kowòm prètriz, Sosyete Sekou, ak lòt òganizasyon ki ap fonksyone, tout avèk tach pou fè reyaktivasyon. Sove nanm se travay Senyè a aple nou pou nou fè.

Nan kòmansman diskou m nan mwen te fè referans ak lapriyè Alma ak konpayon l yo te fè lè yo t ap pati pou al pote Zoramit yo sekou a. Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, apeprè 500 sòlda ameriken ak sitwayen lokal te prizonye nan yon kan pou

prizonye. Poutèt soufrans yo ak sousi pou sekirite yo, yo te chwazi yon santèn sòlda ameriken ki te volontè pou al delivre prizonye sa yo. Apre volontè yo te reyini, ofisye kòmandan an te enstwi yo konsa: “Aswè a, nou menm mesye yo, reyini avèk dirijan relijye nou, mete nou ajenou, epi pwomèt Bondye ke osi lontan nou gen yon ti souf lavi, nou pa p kite youn nan moun sa yo soufri yon minit anplis.” (Gade Hampton Sides, *Ghost Soldiers: The Forgotten Epic Story of World War II's Most Dramatic Mission* [2001], 28–29.) Sovtaj reyisi sa te konsène sekou anba soufrans fizik ak tanporèl. Èske nou pa ta dwe pi vanyan nan efò nou pou sove moun ki ka soufri anba konsekans espiryèl ak etènèl yo? Èske nou pa ta dwe pran yon angajman anvè Senyè a?

Pou fini, antanke manm vrè Legliz vivan Kris la, angajman nou soti nan lefèt ke Senyè a te soufri pou chak grenn nan nou—non manm, manm inaktif, pechè a, ak manm fanmi nou. Mwen kwè ke nou kapab pote dè milye moun vin nan lajwa, lapè, ak dousè levanjil la, ak dè santèn milye, menm milyon moun, nan jenerasyon yo. Mwen kwè nou ka reyisi paske sa a se Legliz Senyè a, epi pa pouvwa prèttriz nou an ak apatnans nou nan Legliz la, nou aple pou nou reyisi. Mwen rann nou temwayaj sa a nan non Jezikri, amèn.

# Prètriz Aawon: Leve epi Itilize Pouvwa Bondye a

**Pa Adrian Ochoa**

*Dezyèm Konseye nan Prezidans Jeneral Jènan an*

---

*Nou dwe egzèse Prètriz la pou fè byen. Nou aple pou nou “leve epi briye”; pa pou kache limyè nou an nan fènwa.*

---

Sa pa gen twò lontan m te nan Afrik Disid ap vizite yon kay avèk Thabiso, premye asistan nan kowòm prèt yo nan Pawas Kagiso. Thabiso ak evèk li, ki prezide sou kowòm nan epi ki detni kle kowòm sa a, te priye pou manm kowòm ki te inaktif yo, pandan yo t ap chèche enspirasyon pou konen kiyès pou yo vizite ak fason pou yo ede yo. Yo te santi yo pouse pou yo t al lakay kay Tebello, epi yo te envite m pou m ale avèk yo.

Aprè nou fin pase devan chyen gadyen move a, nou te twouve nou nan salon an avèk Tebello, ki se yon jèn gason trè kalm ki te sispann ale legliz paske l te gen lòt okipasyon jou Dimanch. Li te sou tansyon men l te kontan resevwa nou epi l te menm envite fanmi li pou vini kenbe nou konpayi. Evèk la te eksprime lanmou li pou fanmi an ak dezi li pou ede yo vini yon fanmi etènèl nan sele nan tanp. Sa te touche yo anpil, epi nou tout te kapab santi prezans Sentespri a k ap gide chak mo ak chak santiman.

Men sete pawòl Thabiso yo ki te fè diferans la nan vizit la. Pou mwen se kòm si jèn prèt sa a t ap pale langaj zanj yo—pawòl lanmou nou tout te kapab konprann men ki te espesyalman touche zanmi l la. Li te di: “Mwen te konn sitèlman renmen pale avèk ou tout tan nan legliz la, ou toujou janti avèk mwen. E ou konnen, ekip foutbòl nou an prèske disparèt depi nou pa genyen w landann nan. Ou tèlman bon nan sa.”

Tebello te reponn, “Mwen dezole, map retounen vin jwenn nou.”

Thabiso te reponn, “Sa t ap bèl anpil. Èske w sonje jan nou te konn ap prepare pou sèvi misyon nou? Èske nou kapab rekòmanse fè sa ankò?”

Tebello te reponn “Wi, mwen vle retounen.”

Youn nan pigwo lajwa m genyen kòm konseye nan prezidans Jeneral Jènan yo se gade detantè Pretriz Aawon yo nan tout mond la k ap egzèse pouvwa Pretriz Aawon an. Men pafwa mwen wè tou, avèk tristès, ke gen anpil jènan ki pa konprann ki kantite byen yo kapab fè avèk pouvwa yo detni a.

Pretriz la se pouvwa ak otorite Bondye pou nou aji nan sèvis pitit Li yo. O, sa t ap meveye si sèlman chak jènan, chak detantè Pretriz Aawon, te kapab konprann konplètman ke pretriz yo a posede kle ministè zanj yo. Si sèlman yo te kapab konprann ke yo gen devwa sakre pou ede zanmi yo jwenn chemen ki mennen vè Sovè a. Si sèlman yo te konnen Papa nou ki nan Syèl la ap bayo pouvwa pou eksplike verite levanjil retabli yo avèk tèlman klète ak senserite ke lòt moun yo ap santi verite enkontestab pawòl Kris yo.

Chè jènan m yo nan Legliz la, kite m poze nou yon kesyon ke m espere n ap kenbe nan kè nou pou tout rès lavi nou. Ki pouvwa k pi gran nou kapab akèri sou tè a pase pretriz Bondye a? Ki pouvwa ki ka posibman pi gran pase kapasite pou ede Papa nou ki nan Syèl la chanje lavi pwochen nou yo, pou ede yo toutolon chemen bonè etènèl la nan ede yo pwòpte peche ak move aksyon yo?

Menmjan ak tout lòt pouvwa, nou bezwen egzèse pretriz la pou akonpli tout bagay ki bon. Nou aple pou nou “ Leve epi briye” (D&A 115:5), pa pou kache limyè nou an nan fènwa. Se sèlman moun ki brav yo y ap konte pami eli yo. Lè nou egzèse pouvwa sakre pretriz la, kouraj nou ak konfyans nou ap ogmante. Jènan, nou konnen nou pi byen kanpe lè nou nan sèvis Bondye. Nou konnen nou pi kontan lè nou gen bon dezi pou angaje nan bon koz. Mayifye pouvwa pretriz la nan rete pwòp ak diy.

M ap ajoute vwa m sou apèl Eldè Jeffrey R. Holland te bannou sis mwa pase a sou menm chè sa a. Li te di: “M ap chèche

. . . jèn moun ak moun aje ki sousye ase de batay ant byen ak mal la, pou yo anwole epi leve vwa yo. Nou nan lagè.” Li te kontinye: “M ap mande yon vwa ki pi fò ak pi devwe, yon vwa non sèlman kont mal la . . . , men yon vwa ki pale pou byen, yon vwa pou levanjil la, yon vwa pou Bondye,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2011, 44, 47).

Wi, detantè Pretriz Aawon yo, nou nan lagè. E nan lagè sa a, meyè fason pou nou defann nou kont mal se pou nou ankouraje lajistis avèk fòs. Nou paka ap koute pawòl vilgè epi nou fè kòmsi nou pa tandè. Nou paka ap gade, poukont nou oubyen avèk lòt moun, imaj nou konnen ki sal epi nou fè kòmsi nou pa wè. Nou pa kapab ap manyen bagay ki pa pwòp epi nou fè kòmsi se pa anyen. Nou pa kapab rete de bra kwaze lè Satan ap chèche pou detwi tout sa ki bon ak pi. Olyede sa, kanpe fèm pou defann sa nou konnen ki vrè! Lè nou tandè oubyen wè nenpòt bagay ki vyole prensip Senyè a, sonje sa nou ye— yon sòlda nan lame Bondye a Limenm, ki gen pouvwa Sent Pretriz li a. Pa gen pigwo zam kont enmi an, papa manti a, pase laverite— verite k ap soti nan bouch nou pandan n ap egzèse pouvwa pretriz la. Pifò nan zanmi nou yo ap respekte nou pou kouraj nou ak entegrite nou. Gen kèk ki pap respekte nou. Men sa pa fè anyen. N ap jwenn respè ak konfyans Papa nou ki nan Syèl la paske nou itilize pouvwa li a pou akonpli objektif Li.

Map mande chak prezidans kowòm Pretriz Aawon yon fwa ankò pou yo leve etanda libète a epi òganize ak dirije batayon yo. Itilize pouvwa pretriz nou an pou envite moun bò kote nou pou vin jwenn Kris la atravè repantans ak batèm. Nou gen manda ak pouvwa Papa nou ki nan Syèl la pou nou fè sa.

Dezan pase, pandan m t ap vizite Santiago, nan Chili, mwen te trè enpresyone pa Daniel Olate, yon jèn gason ki konn akonpanye misyonè yo souvan. Mwen te mande li pou l ekri m, e avèk pèmasyon li, m ap li pou nou yon pati nan yon email li fèk voye ban mwen: “Mwen fèk gen 16 an, e Dimanch mwen te òdone nan ofis prèt. Menm Dimanch sa a mwen te batize yon zanmi mwen, li rele Carolina. Mwen te ansenye l levanjil la, e li vini legliz regilyèman, li te menm resevwa rekonpans Pwogrè Pèsonèl la, men paran li pa t vle l batize jiskaskè yo te vin konnen m byen epi gen konfyans nan mwen. Li te vle pou m batize li,



konsa nou te oblije tann yon mwa jiska Dimanch sa a, lè m te vin gen 16 an. Mwen santi m byen anpil dèske m te ede yon bon moun konsa vin batize, e mwen santi m kontan se mwenmenm ki te batize li.”

Daniel se jis youn nan anpil jènjan nan mond lan k ap viv epi aji alawotè pouvwa Bondye konfyè yo a. Yon lòt ankò se Luis Fernando, nan Honduras, ki te reyalize ke zanmi l la t ap fè move chwa espiyèl nan lavi li, epi li te pataje temwayaj li avèk li, sa ki te konplètman sove lavi li (gade “A Change of Heart,” [lds.org/youth/video](https://www.lds.org/youth/video)). Olavo, nan Brezil se yon lòt egzanp. Yon vrè minis anplas nan fwaye li (gade D&A 84:111), Olavo te enspire manman li pou retounen vin totalman aktiv nan Legliz la (gade “Reunited by Faith,” [lds.org/youth/video](https://www.lds.org/youth/video)). Nou kapab jwenn kèk nan istwa sa yo ak anpil lòt ankò menmjan an sou sit entènèt Legliz la pou jèn yo nan [youth.lds.org](https://www.youth.lds.org). Jis ale nan Google. Anpasan, entènèt, medya sosyal, ak lòt teknoloji yo se zouti Senyè a plase nan men nou pou ede nou egzèsè devwa pretriz nou yo ak elaji enfliyans verite ak vèti.

Chè jènjan m yo, lè n ap egzèsè Pretriz Aawon an nan fason m sot dekri la yo, n ap prepare tèt nou pou responsablite fiti nou. Men n ap fè plis toujou pase sa. Tankou Janbatis, gwo egzanp detantè pretriz Aawon an, n ap prepare chemen Senyè a ak aplani santye Li tou. Lè nou fèmeman deklare levanjil repantans ak batèm nan, jan Jan te fè a, n ap prepare moun yo pou vin jwenn Senyè a (gade Matye 3:3; D&A 65:1–3; 84:26–28). Yo di nou souvan nou gen gwo potansyèl. Ebyen, kounyeya se moman pou nou mete potansyèl sa a an aksyon, pou nou itilize kapasite Bondye bannou yo pou nou beni lòt moun, retire yo nan fènwa, mennen yo nan limyè, epi prepare chemen Senyè a.

Legliz la bannou liv Devwa anvè Bondye a kòm yon resous pou ede nou aprann ak akonpli devwa nou. Etidye l souvan. Mete nou ajenou, lwen teknoloji, epi chèche gidans Senyè a. Epi apres a leve epi itilize pouvwa Bondye a. Mwen pwomèt nou ke n ap jwenn repons nan men Papa nou ki nan Syèl la sou fason pou nou mennen pwòp lavi nou ak fason pou nou ede lòt moun.

M ap site pawòl Prezidan Monson yo: “Pa janm souzestime lajè enfliyans temwayaj nou. . . . Nou gen kapasite pou nou detekte moun lòt yo pa ka detekte. Lè nou gen je pou nou wè,

zòrèy pou nou tandè, ak kè pou nou santi emosyon, nou kapab lonje lamèn pou sove lòt moun” (“Be Thou an Example,” *Liahona* ak *Ensign*, Me 2005, 115).

Mwen temwanyè nou ke pouvwa pretriz la reyèl. Mwen te akeri temwanyaj mwen nan egzès pretriz la mwen menm. Mwen wè mirak apre mirak ki fèt pa moun ki gen pouvwa Pretriz Aawon an. Mwen se temwen pouvwa ministè zanj yo pandan detantè Pretriz Aawon fidèl yo ap pale pawòl lespwa ranpli ak Lespri, ki louvri kè yon moun ki bezwen limyè ak lanmou. Nan non Jezikri, Senyè nou, dirijan nou ak Sovè nou, amèn.

---

# Rezon Sèvis nan Prètriz la

**Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf**

*Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan*

---

*Konprann rezon levanjil la ak rezon prètriz la ap pèmèt nou wè bi diven tout bagay sa yo.*

---

Mwen kontan bèl okazyon m genyen pou reyini avèk frè yo nan Prètriz la e m rejwi avèk nou nan bote levanjil mèveye Jezikri a. Mwen konplimante nou pou lafwa nou, travay nou, ak bonte san fen nou.

Nou gen yon lyen konmen nan lefèt ke nou tout te resevwa òdinasyon nan Prètriz Bondye a nan menm moun yo konfye otorite ak pouvwa sakre Prètriz la. Sa se pa yon ti benediksyon. Se yon responsablite sakre.

## **Pouvwa rezon yo**

Resaman mwen t ap panse avèk de apèl siyifikan m te resevwa antanke yon detantè Prètriz nan Legliz la.

Premye nan apèl sa yo te vini lè m te yon dyak. Mwen te konn ale avèk fanmi m nan yon branch legliz la nan Frankfort, an Almay. Nou te gen benediksyon pou n te gen anpil bon moun nan ti branch nou an. Youn nan yo sete prezidan branch nou, Frè Landschulz. Mwen te admire l anpil, malgre li te toujou parèt yon ti jan trè serye, trè ofisyèl epi pifò tan an li te toujou abiye avèk yon kostim nwa. Mwen sonje ke pandan m te jènjan, mwen te konn plezante avèk zanmi m yo sou kijan prezidan branch nou an te parèt pa alamòd.

Lè m ap panse a sa kounyeya, sa fè m ri paske li trè posib ke jèn yo jodia wè m nan menm fason an tou.

Yon jou Dimanch, Prezidan Landschulz te mande si l te ka pale avèk mwen. Premye panse m sete “Kisa m fè k pa bon?” M te rapidman repase nan lespri m anpil bagay m te petèt fè ki ta ka pouse tipale ant prezidan branch avèk dyak sa a.

Prezidan Landschulz te envite m antre nan yon ti sal—chapèl nou an pa t gen biwo pou prezidan branch—epi lè n te rive li te ban m yon apèl pou sèvi kòm prezidan kowòm dyak yo.

Li te di: “Sa se yon pozisyon enpòtan” epi apres a li te pran tan pou dekri m poukisa. Li te eksplike kisa li menm ak Senyè a t ap atann nan men mwen ak kijan m t ap ka resevwa èd.

M pa sonje anpil nan tout sa l te di, men m sonje trè byen kijan m te santi m. Yon Espri sakre, divin, te ranpli kè m pandan l t ap pale a. M te santi ke sete Legliz Sovè a. Epi m te santi ke apèl la li te ban mwen an te enspire pa Sentespri a. Mwen sonje m te mache soti nan ti sal sa a avèk santiman ke m te yon tijan pi gran pase m te ye anvan.

Sa gen prèske 60 ane jodia, e m toujou sonje santiman konfyans ak lanmou sa yo.

Lè m ap panse ak eksperyans sa a, mwen eseye sonje konbyen dyak ki te genyen nan branch nou an nan epòk la. Si m sonje byen, mwen kwè te gen de. Men, m petèt egzajere.

Men, sa pa t yon pwoblèm pou mwen. Kesewa te gen yon dyak oswa yon douzèn, mwen te santi m onore, e mwen te vle sèvi pi byen m te kapab e pa desi ni prezidan branch mwen an ni Senyè a.

Mwen reyalize kounyeya ke prezidan branch lan te gen dwa jis akonpli yon aksyon konsa konsa lè l te rele m nan pozisyon an. Li te gen dwa senpleman di m nan koulwa a oubyen nan reyinyon prèttriz nou an ke m sete nouvo prezidan kowòm dyak la.

Men, olyesa, li te pase tan avèk mwen epi ede m konprann non sèlmannati tach la yo te ban m nan, pi enpòtan, *rezon an*.

Sa se yon bagay mwen pa p janm bliye.

Bi istwa sa a se pa pou m senpleman dekri kijan pou bay apèl nan Legliz la (byenke sa se yon bèl egzanp pou mwen sou bon fason pou fè sa). Sa se yon egzanp sou pouvwa motivasyon dirijan Prèttriz yo ki soulve lespri ak pouse alaksyon.

Nou bezwen toujou sonje rezon etènèl yo ki dèyè bagay yo kòmande nou pou nou fè yo. Prensip debaz levanjil yo dwe entegre nan lavi nou, menmsi sa vle di aprann yo ankò epi ankò. Sa pa vle di pou pwosesis sa a machinal oswa anmèdan. Olyesa, lè nou anseye prensip fondamantal yo nan fwayer nou oubyen

nan legliz la, se pou flam antouzyas pou levanjil la ak dife temwayaj la pote limyè, chalè, ak lajwa nan kè moun n ap anseye yo.

Soti nan dènye dyak ki fèk òdone a rive nan gran prèt ki pi ansyen an, nou tout gen lis *sa* nou kapab fè e nou ta dwe fè nan responsablite prèttriz nou yo. *Nati* bagay yo enpòtan nan travay nou, e nou bezwen pote atansyon ak sa. Men se nan *rezon* sèvis prèttriz la ke nou dekouvri dife, pasyon, ak pouvwa prèttriz la.

*Nati* sèvis prèttriz la anseye nou sa pou nou fè. *Rezon* an enspire nanm nou.

*Nati* a enfòmè, men *rezon* yo transfòmè.

### Yon abondans “Bon” Bagay pou nou Fè

Yon lòt apèl nan Prèttriz la ke m t ap panse sou li sete youn mwen te resevwa dèzane apre lè m te vin gen pwòp fanmi pa m. Nou te bwote retounen Frankfort, an Almay, e mwen te fèk resevwa yon pwomosyon nan travay mwen ki te mande m gwo kantite tan ak atansyon. Pandan epòk okipe sa a nan lavi mwen, Èldè Joseph B. Wirthlin te aple m pou m te sèvi kòm prezidan pye.

Pandan entèvyou m te gen avèk li, anpil panse te travèse lespri mwen, youn nan yo sete enkyetid twoublan ke m te gen dwa pa gen tan apèl sa a te mande a. Malgre ke m te santi m enb ak onore pou apèl la, mwen te brèfman ap mande tèt mwen si m ta ka aksepte li. Men sete sèlman yon panse pasaje paske m te konnen Èldè Wirthlin te aple pa Bondye e sete travay Senyè a li t ap fè. Kijan m ta ka fè pa aksepte?

Gen moman kote nou dwe antre nan lenkoni ak lafwa, ak konfyans ke Bondye ap mete yon tè fèm anba pye nou yon fwa nou avanse a. Epi konsa, mwen te jwayezman aksepte, konesan ke Bondye t ap ede m.

Nan premye jou yo nan tach sa a, pye nou an te gen privilèj pou resevwa fòmasyon nan men kèk nan pi gwo enstriktè ak dirijan nan Legliz la—gason tankou Èldè Russell M. Nelson ak Prezidan Thomas S. Monson te vini nan zòn nou an. Ansèyman yo sete tankou lawouze soti nan syèl la ak enspirasyon pou nou. Mwen toujou gen nòt m te pran pandan sesyon fòmasyon sa yo. Frè sa yo te ba nou *vizyon* sou kisa sa vle di etabli wayòm Bondye a nan bati temwayaj pèsònèl ak fòtifye fanmi yo. Yo te ede nou

wè kijan pou n te aplike verite ak prensip levanjil yo nan sikonstans espesifik nou yo ak nan moman espesifik nou. Otreman di, dirijan enspire te ede nou wè *rezon* levanjil la, epi nou te twouse manch nou epi nou t al travay.

Sa pa t pran tan pou n te reyalize ke te gen anpil bagay yon prezidans pye te ka fè—si anpil anfèt, ke si nou pa t fikse priyorite sou enspirasyon, nou pa t ap kapab fè sa ki enpòtan yo. Lòt priyorite te kòmanse parèt, sa ki te detounen konsantrasyon nou sou vizyon Frè yo te pataje avèk nou an. Te gen anpil “bon bagay” pou fè, men se pa tout nan yo ki te ekstrèmman enpòtan.

Nou te aprann yon leson enpòtan:anfèt ke yon bagay bon se pa toujou yon rezon sifizan pou l pran tan nou ak mwayen nou. Aktivite nou yo, inityativ nou yo, plan nou yo dwe enspire e motive pa *rezon* fondamantal sèvis nou nan Prètriz la e non pa sou nenpòt tandans oswa enterè pasaje. Otreman, yo ka detounen efò nou, febli enèji nou, epi fè nou pran nan pwòp pyèj pastan nou yo, espiritiyèl oswa tanporèl, ki pa santral nan kalite nou kòm disip.

Frè m yo, nou tout konnen sa mande otodisiplin pou nou rete fokis sou bagay ki gen pi gwo pouvwa pou ogmante lanmou nou pou Bondye ak pou pwochen nou yo, revigore marayj nou, fòtifye fanmi nou, ak bati wayòm Bondye a. Tankou yon pye fwi ki gen anpil branch ak fèy, lavi nou bezwen pou nou regilyèman koupe kèk branch pou asire nou ke nou itilize enèji nou ak tan nou pou akonpli bi reyèl nou—pou “pote bon fwi”!<sup>1</sup>

## Nou pa poukont nou

Konsa, kijan pou nou fè konnen sa pou nou chwazi? Nou chak gen responsablite pou detèmine sa pou tèt nou. Yo kòmande nou pou etidye ekriti yo avèk dilijans, koute pawòl pwofèt yo, epi fè sa vin yon sijè priyè serye, konsakre, e plen lafwa.

Frè m yo, Bondye fidèl. Atravè Sentespri a, L ap pote lapè nan lespri nou ak kè nou konsènan chemen nou dwe suiv pandan chak segman lavi nou.

Si kè nou pi—si nou pa chèche pwòp laglwa pa nou men laglwa Papa Toupuisan an, si nou chèche fè volonte Li, si nou gen dezi pou beni lavi fanmi nou ak pwochen nou—nou pa pral gen pou n mache poukont nou. Jan Prezidan Monson souvan raple nou: “Lè nou nan sèvis Senyè a, nou gen dwa ak èd Senyè a.”<sup>2</sup>

Papa nou ki nan syèl la “prale devan nou. [L] ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri [Li] ap nan kè nou, epi zanj [Li] yo ap alantou nou pou pote nou anlè.”<sup>3</sup>

### **Pouvwa nan aji**

Chè frè m yo, benediksyon divin pou sèvis nou nan prèttriz la aktive pa efò dilijan nou, dispozisyon nou pou fè sakrifis, ak dezi nou pou fè sa ki dwat. Annou rete moun k ap chwazi pou pou tèt pa nou, non pa pou moun fè nou chwazi. Preche se yon bon bagay, men diskou ki pa mennen nan aksyon se tankou dife san chalè oswa dlo ki pa ka pase swaf.

Se nan aplikasyon doktrin nan ke flanm pirifikatè levanjil la grandi e pouvwa prèttriz la anflame nanm nou.

Thomas Edison, mesye ki te benyen mond lan avèk bèl envansyon limyè a, te di ke “valè yon ide chita nan itilize li.”<sup>4</sup> Nan menm fason tou, doktrin levanjil la vin pi presye lè nou itilize li.

Nou pa dwe kite doktrin Prèttriz yo ap dòmi nan kè nou san nou pa aplike yo nan lavi nou. Si gen yon maryaj oubyen yon fanmi ki bezwen sekou—petèt pwòp pa nou an—annou pa jis tann epi gade. Men olyesa, annou remèsye Bondye pou plan bonè a ki enkli lafwa, repantans, padon, ak nouvo depa a. Si nou aplike doktrin prèttriz la, sa ap fè nou vin mari, papa, ak pitit gason ki konprann *rezon* prèttriz la ak pouvwa li pou jwenn ak konsève bote ak sentete fanmi etènèl la.

Konferans jeneral se toujou yon bon moman pou nou koute epi aji. Se poutèt sa annou “fè . . . tout sa pawòl la mande nou fè, pa rete ak koute sèlman.”<sup>5</sup> Frè m yo, mwen envite nou pou nou reflechi sou pawòl sèvitè Bondye yo pale yo wikenn sa a. Epi, apres, mete nou ajenou. Mande Bondye, Papa nou ki nan Syèl la, pou eklere lespri nou ak touche kè nou. Sipliyè Bondye pou l ba nou gidans nan lavi kotidyèn nou ak nan responsablite nou nan Legliz la ak nan pwoblèm nou genyen moman sa a. Suiv enspirasyon Lespri yo—pa pran reta. Si nou fè tout bagay sa yo, mwen pwomèt nou ke Senyè a p ap kite nou mache poukont nou.

## Pèsevere avèk pasyans

Nou konnen ke malgre pi bon entansyon nou, bagay yo pa toujou mache selon jan nou planifye yo. Nou fè erè nan lavi ak nan sèvis nou nan Prètriz la. Pafwa nou bite epi nou tonbe.

Lè Senyè a konseye nou pou n “kontinye nan pasyans jistan nou vin pafè a,”<sup>6</sup> Li rekonèt ke sa mande tan ak pèseverans. Si nou konprann *rezon* levanjil la ak *rezon* prètriz la, sa ap ede nou wè tout bi diven bagay sa yo. Sa ap ba nou motivasyon ak fòs pou nou fè bagay egzat ki pou fèt la, menm lè sa difisil. Si nou rete konsantre sou viv prensip debaz levanjil yo, sa ap ba nou klète, sajès ak direksyon.

“Èske nou pa dwe kontinye avanse nan yon si gwo koz konsa?”<sup>7</sup> Wi, frè m yo, nou dwe fè sa!

Gide pa Sentespri a, n ap aprann apati erè nou yo. Si nou bite, nou va leve. Si nou febli, na kontinye avanse. Nou pa p janm flanche, nou pa p janm abandone.

Antanke yon fratènite puissant nan Prètriz etènèl Bondye a, nou va kanpe ansanm, zepòl kont zepòl, konsantre sou prensip levanjil retabli Jezikri yo pandan ke, avèk rekonesans, n ap sèvi Bondye nou an ak pwochen nou avèk devouman ak lanmou.

## Bondye vivan!

Chè frè m yo, mwen temwaye nou jodi sa a ke Bondye Papa a ak Pitit Gason L lan, Jezikri, vivan. Yo reyèl! Yo la!

Nou pa poukont nou. Papa nou ki nan Syèl la sousye pou nou epi li vle beni nou ak soutni nou nan lajistis.

Se pou nou asire ke Bondye pale avèk limanite nan epòk pa nou an. L ap pale avèk nou!

Pwofèt Joseph Smith te wè sa l te di l te wè a. Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo retabli sou tè a pa pouvwa ak otorite Bondye Toupuisan an.

Priyè mwen se pou antanke detantè Prètriz Li, nou toujou travay an amoni avèk the *rezon* sèvis nou nan Prètriz la epi itilize prensip levanjil retabli yo pou transfòme lavi nou ak lavi moun n ap sèvi yo.

Si nou fè sa, pouvwa enfini Ekspyasyon an ap pirifye, netwaye, ak rafine lespri nou ak pèsonalite nou jiskaske nou vin



moun nou sanse devni an. Konsènan sa mwen temwaye nan non Jezikri, amèn.

*Nòt*

1. Matye 7:18.
2. Thomas S. Monson, "To Learn, to Do, to Be," *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2008, 62.
3. Doktrin ak Alyans 84:88.
4. Thomas Edison, nan Elbert Hubbard, *Little Journeys to the*
5. Jak 1:22.
6. Doktrin ak Alyans 67:13.
7. Doktrin ak Alyans 128:22.

---

# Fanmi ki fè alyans yo

**Pa Prezidan Henry B. Eyring**

*Premye Konseye nan Premye Prezidans lan*

---

*Pa gen anyen ki rive oubyen ki ka rive fanmi nou ki osi enpòtan ke benediksyon sèlman yo.*

---

Mwen kontan reyini avèk nou nan reyinyon sa a kote tout detantè prèttriz Bondye yo ki sou tè a envite a. Nou gen benediksyon pou n prezide pa Prezidan Thomas S. Monson. Antanke Prezidan Legliz la, li se sèl moun vivan ki responsab kle ki sele fanmi yo ansanm ak tout lòt òdinans Prèttriz nesèsè pou atenn lavi etènèl yo, pi gwo nan tout don Bondye yo.

Gen yon papa k ap koute aswè a ki retounen vin aktif paske li vle gen asirans don sa a avèk tout kè li. Li menm ak madanm ni renmen de ti pitit yo genyen yo, yon tigason ak yon tifi. Menmjan ak lòt paran, li ka imajine bonè selès la lè l li pawòl sa yo: “Epi menm relasyon sosyal ki egziste pami nou isit la pral egziste pami nou lòtbò a; sèlman l ap double avèk laglwa etènèl, yon laglwa nou pa jwi kounyeya.”<sup>1</sup>

Papa sa a ap k ap koute avèk nou an aswè a konnen chemen ki mennen nan destinasyon gloriye sa a. Sa pa fasil. Li konn sa deja. Sa te mande lafwa nan Jezikri, pwofon repantans, ak yon chanjman nan kè ki te pwodui lè yon evèk byenveyan te ede l santi padon eman Senyè a.

Bèl chanjman kontinye te kontinye fèt lè l te ale nan tanp sakre a pou resevwa yon dotasyon ke Senyè a te dekri pou moun. Li te bay pouvwa yo nan premye tanp nan dispansasyon sa a. Sete nan Kirtland, Ohio. Senyè a te di:

“Se poutèt sa, se pou rezon sa a m te ba nou kòmandman pou nou ale Ohio; epi se la m ap ba nou lalwa mwen an; epi se la nou pral dote avèk pouvwa ki soti anlè a;

“Epi depi kounyeya, . . . m gen yon gran travay nan magazen, paske Izrayèl pral sove, epi m ap mennen yo nenpòt kote m vle; epi okenn pouvwa p ap kapab rete men m.”<sup>2</sup>

Pou zanmi m nan ki fèk retounen legliz la ak pou tout prèttriz la, yon gwo travay k ap tann nou se pou pran inisyativ pou sove pati Izrayèl sa a kote nou soti a oubyen ke nou pral responsab la: fanmi nou. Zanmi m nan ak madanm ni te konnen ke sa mande pou nou sele pa pouvwa Prèttriz Mèlkisedèk la nan yon tanp sakre Bondye.

Li te mande pou m fè sèlman an. Li menm ak madanm ni te vle sa fèt osito ke posib. Men avèk tan okipe konferans jeneral la k t ap apwoche a, m te kite pou koup la ak evèk yo travay avèk sekretè m nan pou jwenn pi bon dat la.

Imajine sipriz mwen ak kontantman m lè papa a te di m nan legliz la ke sèlman an te fikse pou 3 Avril. Sete jou sa a an 1836 ke yo te voye Eli, pwofèt anlve a, nan Tanp Kirtland nan pou l te bay Joseph Smith ak Oliver Cowdery pouvwa sèlman an. Kle sa yo nan Legliz la jodia e y ap kontinye rete jiskalafen tan yo.<sup>3</sup>

Se menm otorite divin sa a Senyè te bay Pyè lè L te pwomèt: “M ap ba ou kle wayòm syèl la. Tout sa ou va liye sou latè va liye nan syèl la tou; e tout sa ou va delye sou latè va delye nan syèl la tou.”<sup>4</sup>

Retou Eli a se yon benediksyon pou tout moun ki detni prèttriz la. Èldè Harold B. Lee te di klèman lè l te pale nan yon konferans jeneral, kote l te site Prezidan Joseph Fielding Smith. Koute byen: “Mwen detni prèttriz la. Nou menm, frè m yo ki la a detni prèttriz la. Nou te resevwa Prèttriz Mèlkisedèk—ki te detni pa Eli ak lòt pwofèt, ansanm avèk Pyè, Jak, ak Jan. Men, pandan ke nou gen otorite pou batize a, pandan ke nou gen otorite pou enpoze men pou bay don Sentespri a ak pou òdone lòt frè ak fè tout bagay sa yo, san pouvwa sèlman an nou pa t ap kapab fè anyen, paske pa t ap gen okenn validite nan sa nou t ap fè a.”

Prezidan Smith te kontinye:

“Òdonans siperyè yo, pi gwo benediksyon yo ki esansyèl pou egzaltasyon nan wayòm Bondye a, epi ke nou ka sèlman jwenn nan sèten kote, okenn moun pa gen dwa pou akonpli yo si l pa resevwa otorite pou fè sa a nan men moun ki detni kle sa yo. . . .

Pa gen okenn moun sou sifas tè a ki gen dwa administre youn nan òdonans sa yo nan levanjil la si Prezidan Legliz la, ki detni kle yo, pa otorize li. Li ba nou otorite. Li mete pouvwa sèlman an nan prèttriz nou an, paske li detni kle sa yo.”<sup>5</sup>

Nou te resevwa menm asirans sa a nan men Prezidan Boyd K. Packer lè l te ekri sou pouvwa sèlman an. Sa pote rekonfò pou mwen dèske m konnen ke pawòl sa yo vrè, menmjan l ap rekonfòte fanmi m pral sele 3 Avril la: “Pyè te oblije detni kle yo. Pyè te oblije gen pouvwa sèlman an, . . . pou liye oubyen sele oubyen delye sou tè a e sa t ap fèt tou nan syèl la. Kle sa yo apatni a Prezidan Legliz la—pwofèt, vwayan, ak revelatè a. Pouvwa sakre sèlman sa a disponib nan Legliz la jodia. Pa gen anyen ki konsidere avèk pi gwo venerayon pa moun ki konprann pòte otorite sa a. Anyen pa osi pwoteje pase li. Se relativman kèk grenn gason ki detni pouvwa sèlman an sou tè a nan yon sèten epòk—nan chak tanp gen frè yo bay pouvwa sèlman an. Okenn moun pa ka resevwa l nan men yon lòt moun, sof nan men pwofèt, vwayan, ak revelatè a ki se Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.”<sup>6</sup>

Lè Eli te vini an, non sèlman li te pot pouvwa a bay Prèttriz la men kè te pou tounen tou: “Espri, pouvwa, ak apèl Eli a sèke nou gen pouvwa pou detni kle revelasyon an, kle òdonans, orak, pouvwa ak dotasyon plenitid Prèttriz Mèlkisedèk la ak wayòm Bondye a sou tè a; ak pou resevwa, jwenn, ak akonpli tout òdonans ki apatni ak wayòm Bondye a, pou vire kè papa yo vè pitit yo, ak kè pitit yo vè papa yo, menm sila yo ki nan syèl la.”<sup>7</sup>

Zanmi m nan ak fanmi li deja gen santiman pou vire kè yo vè yon moun ki chè pou yo a. Nou petèt te ka santi li pandan reyinyon sa a. Nou gen dwa wè nan lespri nou, jan m wè a, figi papa nou oubyen manman nou. Se gen dwa figi yon sè oubyen yon frè. Se petèt yon pitit fi oubyen yon pitit gason.

Yo petèt nan mondèzespri a oubyen sou lòt kontinan byen lwen nou. Men sa pote lajwa pou nou pou n santi ke koneksyon nou avèk yo asire paske nou liye oubyen nou kapab liye avèk yo pa òdonans prèttriz yo ke Bondye ap onore.

Detantè Prèttriz Mèlkisedèk yo ki se papa nan fanmi ki deja sele yo te resevwa ansèyman sou sa yo dwe fè. Pa gen anyen ki vini oubyen k pral vini andedan fanmi nou ki osi enpòtan pase

benediksyon sèlman yo. Pa gen anyen ki pi enpòtan pase onore maryaj nou ak alyans konjigal yo nou te fè yo oubyen n ap gen pou fè nan tanp Bondye yo.

Fason pou fè l la klè. Sentespri Pwomès la, atravè obeyisans nou ak sakrifis nou, dwe sele alyans tanp nou yo pou yo ka reyalize nan mond k ap vini an. Prezidan Harold B. Lee te eksplike kisa sa vle di pou yon moun sele pa Sentespri Pwomès la, kote l te site Èldè Melvin J. Ballard: “Nou gen dwa twonpe moun men nou pa ka twonpe Sentespri a, e benediksyon nou yo pap etènèl si yo pa sele pa Sentespri Pwomès la. Se Sentespri a ki li panse ak kè lèzòm epi ki bay so apwobasyon pou benediksyon yo pwononse sou yo. Lè sa a, yo gen fòs; yo totalman efikas, epi yo valid.”<sup>8</sup>

Lè Sè Eyring avèk mwen te sele nan Tanp Logan nan nan Uta, mwen pa t konprann tout enpòtans pwomès sa a lè sa a. Mwen toujou ap eseye konprann tout sa l vle di, men madanm mwen avèk mwen te deside, nan kòmansman maryaj nou, sa gen prèske 50 an, pou n te envite Sentespri a otan nou te kapab nan lavi nou ak nan fanmi nou.

Pandan m te yon jèn papa, sele nan tanp avèk kè m tounen vè madanm mwen ak jèn pitit mwen yo, m te rankontre Prezidan Joseph F. Smith pou lapremyè fwa. Nan sal reyinyon Premye Prezidans lan, kote yo te envite m nan, m te resevwa yon temwayaj absoliman sèten lè Prezidan Harold B. Lee te mande m, pandan l t ap montre m Prezidan Smith ki te chita bò kote li: “Èske ou kwè ke mesye sa a ta ka Pwofèt Bondye?”

Prezidan Smith te fèk antre nan sal la epi li potko pwononse yon mo. Mwen etènèlman rekonesan dèske m te kapab reponn gras ak sa k te vini nan kè mwen: “Wi, m konnen sa,” e m te konnen osi sètènman ke solèy la t ap briye, ke li te detni pouvwa sèlman prèttriz la sou tout tè a.

Eksperyans sa a te bay pawòl li gwo pouvwa pou mwen menm ak madanm mwen lè, nan yon sesyon konferans jou 6 Avril 1972 la, Prezidan Joseph Fielding Smith te bay konsèy sa a: “Se volonte Bondye pou fòtifye ak pwoteje selil famiyal la. Nou priye papa yo pou yo pran plas kòrèk yo kòm tèt fwaye a. Nou mande manman yo pou yo soutni ak sipòte mari yo epi pou yo se egzanp pou pitit yo.”<sup>9</sup>

Kite m sigjere kat bagay nou ka fè, antanke ke papa ki detantè prèttriz, pou edifye ak dirije fanmi nou lakay ankò pou yo avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè a.

Premyèman, akeri epi konsève yon temwayaj sèten ke kle Prèttriz yo avèk nou e yo detni pa Prezidan Legliz la. Priye pou sa chak jou. Repons la ap vini avèk yon ogmantasyon detèminasyon pou dirije fanmi nou, nan santiman lespwa nou, epi avèk pi gwo lajwa nan sèvis nou. N ap gen plis lajwa ak plis optimis, sa ki ap yon gwo benediksyon pou madanm nou ak pitit nou.

Dezyèm enperatif la se renmen madanm nou. Sa mande lafwa ak imilite pou nou fè enterè madanm nou pase anvan enterè pa nou nan difikilte lavi yo. Nou gen responsablite pou nou sibveni a bezwen fanmi an ak veye sou li avèk madanm nou pandan n ap sèvi lòt moun. Sa kapab pafwa pran tout enèji ak fòs nou genyen. Laj ak maladi gen dwa ogmante bezwen madanm nou. Mwen pwomèt nou ke, si nou chwazi menm nan moman sa yo pou mete bonè li anvan pa nou, lanmou nou pou li ap ogmante.

Twazyèmman, mande tout manm fanmi an pou nou youn renmen lòt. Prezidan Ezra Taft Benson te anseye:

“Nan yon sans etènèl, sali se yon zafè familyal. . . .

“Anlè tout lòt bagay, timoun yo bezwen konnen ak santi ke nou renmen yo, ke nou aksepte yo, ke nou apresye yo. Yo bezwen gen asirans sa a souvan. Evidamman, sa se yon wòl paran yo dwe ranpli, e pi souvan, se manman yo ki kapab fè sa pi byen.”<sup>10</sup>

Men yon lòt sous enpòtan pou yo santi ke nou renmen yo a se lanmou lòt timoun nan fanmi an. Pou frè ak sè toujou youn ap pran swen lòt, sa mande efò pèsistan paran yo avèk èd Bondye. Nou konnen sa vre apati eksperyans nan pwòp fanmi pa nou. E sa konfime chak fwa nou li resi konfli familyal paran jis tankou Leyi ak madanm ni Sariah, nan Liv Mòmmon an te rankonre.

Siksè yo te genyen yo sèvi kòm gid pou nou. Yo te anseye levanjil Jezikri a si byen ak si pèsistan ke timoun yo ak menm kèk desandan atravè jenerasyon yo te gen kè yo adousi anvè Bondye epi youn anvè lòt. Pa egzanp, Nefi ak lòt te ekri epi yo te rive atenn manm fanmi ki sete enmi yo. Nan sèten moman, Lespri a te adousi kè demilye moun epi l te ranplase rayiman pa lanmou.

Yon fason pou nou kopye siksè Pè Leyi yo se pa fason nou dirije priyè famiyal yo ak tan nou pase an fanmi, pa egzanzp sware famiyal. Bay timoun yo opòtinite pou priye kote youn ka priye pou lòt nan fanmi an ki bezwen benediksyon. Se pou nou detekte premye siy yon diskòd byen vit epi felesite yo pou zak sèvis dezenterese yo, patikilyèman youn pou lòt. Lè youn priye pou lòt epi youn sèvi lòt, kè yo ap vin adousi epi l ap tounen youn vè lòt epi tounen vè paran yo.

Katriyèm opòtinite pou dirije fanmi nou nan fason Senyè a, se lè gen bezwen disiplin. Nou ka ranpli obligasyon nou pou korije nan fason Senyè a ak pou dirije pitit nou yo vè lavi etènèl la.

Na sonje pawòl yo, men nou gen dwa pa t wè puisans yo lè yon detantè Prètriz Mèlkisedèk ap prepare fanmi li pou viv nan menm relasyon sosyal ya pral genyen nan wayòm selès la. Nou sonje pawòl sa yo. Yo si fanilye:

“Okenn pouvwa oubyen enfluyans pa kapab oubyen pa ta dwe egzèse pa mwayen prètriz la eksepte pou pèsyade, avèk pasyans, avèk jantiyès, dousman, epi avèk amou enfayib;

“Avèk jantiyès, ak konesans ki pi, ki grandi nanmoun anpil san ipokrizi, epi san riz—

“Pou korije moun kèk fwa dirèkteman, lè Sentespri a anime yo; epi apre sa pou montre yon pi gwo lanmou pou moun ou te korije a, pou l pa konsidere ou kòm yon enmi;

“Pou l kapab konnen fidelite ou pi fò pase kòd lanmò.”<sup>11</sup>

Epi nan apresan nou jwenn yon pwomès ki gen gwo valè pou nou antanke papa nan Siyon: “Sentespri a ap konpayon ou tout tan, pwoteksyon ou san chanje, pwoteksyon kont lajistis ou ak verite ou; epi dominasyon ou ap yon dominasyon etènèl, epi san presyon l ap koule vin jwenn ou pou toujou ajamè.”<sup>12</sup>

Sa se yon nivo ki wo pou nou, men lè, avèk lafwa, nou kontwole tanperaman nou epi nou metrize ògèy nou, Sentespri a ap ba nou apwobasyon li, epi pwomès ak alyans sakre yo ap vin asire.

N ap reyisi atravè lafwa nou ke Senyè a te voye kle prètriz yo tounen, kle ki toujou avèk nou—avèk yon lyen lanmou asire avèk madanm nou, avèk èd Senyè a nan tounen kè pitit nou yo youn vè lòt ak vè paran yo nan lanmou, epi avèk lanmou k ap gide nou pou korije ak egzòte nan fason ki envite Lespri.

Mwen konnen Jezi se Kris la a li se Sovè nou. Mwen temwaye ke Prezidan Thomas S. Monson, ke nou pral tande kounyeya, detni ak egzèsè kle prèttriz yo sou tè a jodia. Mwen renmen li e mwen soutni li. Mwen renmen nou e m priye pou nou. Nan non sakre Jezikri, amèn.

**Nòt**

1. Doktrin ak Alyans 130:2.
2. Doktrin ak Alyans 38:32–33.
3. Gade Joseph Fielding Smith, *Sealing Power and Salvation*, Brigham Young University Speeches of the Year (Jan. 12, 1971), speeches.byu.edu.
4. Matye 16:19.
5. Joseph Fielding Smith, quoted by Harold B. Lee, in Conference Report, Oct. 1944, 75.
6. Boyd K. Packer, “The Holy Temple,” *Liahona* and *Ensign*, Okt. 2010, 34.
7. *Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* (2007), 11.
8. Melvin J. Ballard, site pa Harold B. Lee, nan Conference Report, Oct. 1970, 111.
9. Joseph Fielding Smith, “Counsel to the Saints and to the World,” *Ensign*, Jiyè 1972, 27.
10. Ezra Taft Benson, “Salvation—a Family Affair,” *Tambuli*, Nov. 1992, 3, 4; *Ensign*, Jiyè 1992, 2, 4.
11. Doktrin ak Alyans 121:41–44.
12. Doktrin ak Alyans 121:46.



---

# Dispoze ak Diy pou sèvi

Pa Prezidan Thomas S. Monson

---

*Mirak ap manifeste toupatou kote moun konprann prèttriz la, kote moun onore li epi itilize pouvwa li, ak kote moun egzèse lafwa.*

---

Frè Byeneme m yo, ala bon sa bon pou nou reyini yon fwa ankò! Chak fwa m ap asiste reyinyon jeneral Prèttriz la, mwen reflechi sou ansèyman kèk nan dirijan pi nòb Bondye yo ki te konn pale nan reyinyon jeneral Prèttriz yo nan Legliz la. Anpil deja ale nan rekonpans etènèl yo e poutan, pa espri briyan yo, soti nan pwofondè nanm yo, ak nan chalè kè yo, yo te ba nou direksyon enspire. Aswè a m ap pataje avèk nou kèk nan ansèyman yo konsènan Prèttriz la.

Pwofèt Joseph Smith te di: “Prèttriz la se yon prensip etènèl, li te egziste avèk Bondye depi nan letènite, e l ap egziste nan tout etènite, san kòmansman jou ni fen ane.”<sup>1</sup>

Nan pawòl Prezidan Wilford Woodruff, nou aprann: “Sent Prèttriz la se kanal Bondye itilize pou kominike ak trete ak lòm sou tè a; epi mesajè selès ki te vizite tè a pou kominike avèk lòm yo se dè moun ki te detni ak onore prèttriz la lè yo te vivan nan lachè; e tout sa Bondye te fè fèt pou sali lòm, depi vini lòm sou tè a rive nan redanmsyon mond lan, sete e se pral pa mwayen prèttriz etènèl la.”<sup>2</sup>

Prezidan Joseph F. Smith te klarifye pi lwen: Prèttriz la se . . . pouvwa Bondye delege bay lòm kote lòm ka aji sou tè a pou sali ras imèn nan, nan non Papa a ak Pitit la ak Sentespri a, epi aji legalman; non pa asime otorite sa a, ni prete l nan men jenerasyon ki deja mouri e antere yo, men otorite ke nou resevwa nan tan sa

a kote n ap viv la, pa ministè zanj ak espri ki soti anwo, dirèkteman soti nan prezans Toupuisan an.”<sup>3</sup>

Epi finalman, Prezidan John Taylor: “Kisa Prètriz la ye? . . . Se gouvènman Bondye, sou tè a ak nan syèl la, paske se pa pouvwa sa a, mwayen sa a, prensip sa a ke tout bagay gouvène isit la sou tè a oubyen nan syèl yo, e se pa pouvwa sa a tout bagay soutni. Li gouvène tout bagay—li dirije tout bagay— li soutni tout bagay—epi li konsène tout bagay ki asosye ak Bondye ak laverite.”<sup>4</sup>

Ala beni nou beni dèske nou la a nan dènye jou sa yo, kote prètriz Bondye a sou tè a. Ala nou privilijye dèske nou detni prètriz sa a. Prètriz la se pa sitèlman yon kado ke l se yon manda pou sèvi, yon privilèj pou edifye, ak yon opòtinite pou beni lavi lòt moun.

Avèk opòtinite sa yo vini responsablite ak devwa. Mwen renmen e m apresye mo nòb *devwa* a ak tout sa l enplike.

Nan yon kapasite oubyen yon lòt, nan yon kontèks oubyen yon lòt, sa fè 72 an depi m ap asiste reyinyon prètriz—depi m te òdone dyak nan laj douzan. Tan sètènman pase vit. Devwa suiv menm kadans la. Devwa pa bese ni diminye. Konfli katastwofik vini epi yo ale, men lagè pou pran nanm lèzòm nan ap kontinye san rete. Tankou apèl yon klewon, pawòl Senyè a sonnen pou ou menm, pou mwen menm, ak pou tout detantè prètriz tout kote: “Se sa ki fè, kounyeya se pou tout moun aprann *devwayo*, epi pou yo aji nan ofis yo lonmen yo a an tout dilijans.”<sup>5</sup>

Apèl devwa a te vini pou Adan, pou Nowe, Abraram, Moyiz, Samyèl, David. Li te vini pou Pwofèt Joseph Smith ak chak siksesè l yo. Apèl devwa a te vin jwenn Nefi, pandan l te tigason, lè Senyè a te enstwi li, palentèmedyè papa li Leyi, pou l te retounen Jerizalèm avèk frè l yo pou al chèche plak eren yo nan men Laban. Frè Nefi yo te mimire, yo te di sete yon bagay ki rèd yo te mande yo a. Ki repons Nefi te bay? Li te di: “M prale e m ap fè bagay Senyè a te kòmande yo, paske m konnen Senyè a pa bay pitit lèzòm okenn kòmandman san li pa prepare yon mwayen pou yo kapab akonpli bagay li kòmande yo.”<sup>6</sup>

Lè menm apèl sa a vini pou ou menm avèk mwen, kisa repons nou pral ye? Èske n pral mimire, jan Laman ak Lemyèl te fè a, epi di “Se yon bagay ki rèd yo mande nou fè a”?<sup>7</sup> Oubyen,

èske, menmjan ak Nefi, nou chak pral deklare: “M prale. M ap fè”? Èske na pral dispoze pou sèvi ak pou obeyi?

Pafwa, sajès Bondye parèt foli oubuyen jis twò difisil, men youn nan pi gwo leson ki pi valab nou ka aprann nan mòtalite a sèke lè Bondye kòmande epi nou obeyi, n ap toujou gen rezon.

Lè m ap panse ak *modevwa* a ak kòman lefèt ke nou akonpli l la kapab anrichi lavi nou ak lavi lòt moun, mwen raple m pawòl yon powèt selèb te ekri:

*Mwen te dòmi e m te reve  
Ke lavi a se lajwa.  
M te reveye e m te wè  
Ke lavi a se devwa.  
Mwen aji, epi gade—  
Devwa se lajwa.*<sup>8</sup>

Robert Louis Stevenson mete l yon lòt fason. Li di: “Mwen konnen sa plezi ye, paske mwen fè yon bon travay.”<sup>9</sup>

Lè nou ranpli devwa nou epi n egzèse prèttriz nou, n ap jwenn vrè lajwa. N ap goute satisfaksyon ki genyen nan akonpli tach nou.

Yo anseye nou devwa espesifik prèttriz la nou detni an, keseswa Prèttriz Aawon oswa Prèttriz Mèlkisedèk la. Mwen egzòte nou pou nou reflechi sou devwa sa yo epi apres a fè tout sa ki nan pouvwa nou pou akonpli yo. Pou nou fè sa, nou chak dwe diy. Annou gen men ki pare, men ki pwòp, men ki byen dispoze, pou nou ka patisipe nan bay sa Papa nou ki nan syèl la ta renmen lòt moun resevwa nan men l yo. Si nou pa diy, li posib pou nou pèdi pouvwa prèttriz la, e si nou pèdi li, nou pèdi esans egzaltasyon an. Annou rete diy pou sèvi.

Prezidan Harold B. Lee, youn nan gwo enstriktè nan Legliz la, te di: “Lè yon moun vin yon detantè nan Prèttriz la, li vin yon ajan Senyè a. Li dwe panse avèk apèl sa a kòm si se misyon Senyè a l ap fè.”<sup>10</sup>

Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, nan kòmansman ane 1944 la, yon eksperyans ki te enplike prèttriz la te rive pandan marin Etazini an t ap pran Atoll Kwajalein nan, yon pati nan Zile Marshall yo ki sitiye nan Oseyan Pasifik la, apeprè nan mitan Ostrali ak Awayi. Sa k te pase nan lè sa a, te rapòte pa yon

korespondan—ki pa manm Legliz la—ki te travay pou yon jounal nan Awayi. Nan atik jounal 1944 la li te ekri apre eksperyans lan, li te eksplike ke li menm avèk kèk lòt korespondan te fè pati dezyèm gwoup daso a dèyè militè yo sou Atoll Kwajalein nan. Pandan yo t ap avanse, yo te remake yon jèn militè ki t ap flote sou vant nan dlo a, ki te apaman blese grav. Dlo a bò kote l la te wouj ak san. Epi apre yo te remake yon lòt militè ki t ap avanse al bò kote kanmarad militè ki te blese a. Li menm tou li te blese, epi bra goch li ki te pandye san vi bò kote li. Li te soulve tèt sa ki t ap flote nan dlo a pou l te ka anpeche l nwaye. Nan yon vwa panike, li te rele pou mande sekou. Korespondan yo te gade tigason li t ap eseye sove a ankò epi yo te reponn ni; “Pitit gason m, pa gen anyen yon moun ka fè pou tigason sa a.”

“Epi” korespondan an ekri “m te wè yon bagay ke m pa t janm te konn wè anvan. Tigason sa a, ki te blese grav poukont pa l la, te rale al sou rivaj la avèk kò apaman san vi konpayon zam li sa a. Li te poze tèt konpayon an sou jenou li. Ala yon tablo sa te ye—de jèn gason mòtèlman blese—toulède . . . jènjan pwòp, bèl tigason, menm nan sitiasyon detrès yo te ye a. Epi jenòm te bese tèt li sou lòt la epi l te di: “Mwen kòmande ou, nan non Jezikri e pa pouvwa prèttriz la, pou w rete anvì jiskaske m ka jwenn èd medikal.” Korespondan an te fini atik la konsa: “Nou toulètwa, [de marin yo avèk mwen], isit la la a nan lopital la. Doktè yo pa konnen . . . [kijan yo te fè soti vivan], men m konnen.”<sup>11</sup>

Gen mirak k ap fèt toupatou lè nou konprann prèttriz la, lè nou onore pouvwa li epi itilize l kòrèkteman, epi lè nou egzèse lafwa nou. Lè lafwa ranplase dout, lè sèvis dezenterese elimine egoyis, pouvwa Bondye reyalize objektif li.

Apèl devwa a kapab vini trankilman lè nou menm ki detni prèttriz la egzekite tach nou resevwa yo. Prezidan George Albert Smith, dirijan enb efikas sa a, te deklare: “Se premye devwa nou tout pou n aprann sa Senyè a vle epi apresya, pa pouvwa ak fòs sent prèttriz la, pou nou sitèlman mayifye apèl nou nan prezans pwochen nou ke y ap kontan suiv nou.”<sup>12</sup>

Yon apèl devwa konsa—youn ki te mwens espektakilè men ki poutan te ede sove yon nanm—te vin jwenn mwen an 1950 lè m te fèk aple kòm evèk. Responsablite m kòm evèk te anpil ak varye, e m te eseye pi byen m te kapab pou fè tout sa yo te mande

m pou m fè. Etazini te angaje nan yon lagè diferan lè sa a. Akoz anpil nan manm nou yo t ap sèvi nan militè, m te resevwa yon tach nan men katye jeneral Legliz la pou tout evèk te ofri chak militè yon abònman *Church News* ak *Improvement Era*, ki sete revè Legliz yo nan epòk sa a. Anplis, yo te mande chak evèk pou te ekri yon lèt pèsònèl chak mwa voye bay chak militè ki te soti nan pawas li. Pawas nou an te gen 23 moun nan militè. Kowòm prèttriz yo te travay di pou ranmase fon pou abònman yo te fèt. Mwen te antreprann tach, m ka menm di devwa, pou m te ekri 23 lèt pèsònèl chak mwa a. Apre tout ane sa yo, mwen toujou gen kopi anpil nan lèt mwen yo ak repons mwen te resevwa. Dlo toujou koule nan je m lè m ap reli lèt sa yo. Se yon lajwa pou m redèkouvri angajman yon sòlda pou viv levanjil la, desizyon yon maren pou kenbe pwomès li anvè fanmi li.

Yon jou swa m te lonje sache k te gen 23 lèt yo pou mwa kouran an bay yon sè nan pawas la. Tach li sete poste lèt yo ak kenbe yon lis adrès yo ki te chanje tout tan. Li te gade youn nan anvlòp yo epi, avèk yon souri, li te mande: “Evèk, èske w pa janm dekouraje? Men yon lòt lèt pou Frè Bryson. Sa a se 17tyèm lèt ou voye ba li san repons.”

Mwen te reponn: “Bon, petèt sa ap fèt mwa sa a.” E jan sa te pase, sasete mwa a. Pou lapremyè fwa, li te reponn lèt mwen an. Repons la se yon souvni, yon trezò inoubliyab. Li t ap sèvi byen lwen nan yon zòn elwaye, li te santi l izole, malad, e solitè. Li te ekri: “Chè evèk, mwen pa tèlman bon nan ekri lèt.” (Mwen te ka fè l konn sa depi sèt mwa.) Lèt la te kontinye: “Mèsi pou *Church News* la ak revè yo, men plis ankò, mèsi pou lèt pèsònèl ou yo. Mwen fè chanjman enpòtan nan lavi m. Mwen sot òdone prèt nan Prèttriz Aawon an. Kè m kontan. Mwen se yon moun ki gen lajwa.”

Frè Byson pa t pi kontan pase evèk li. M te aprann aplikasyon pratik pwovèb ki di: “Fè devwa ou; sa pi bon. Kite rèz la nan men Senyè a.”<sup>13</sup>

Dèzane apre, pandan m t ale nan Pye Cottonwood la nan Salt Lake City, pandan James E. Faust t ap sèvi ladan kòm prezidan, mwen te rakonte istwa sa a nan bi pou ankouraje manm yo pou panse ak militè nou yo. Apre reyinyon an, yon bèl jenòm te

avance vin jwenn mwen. Li te pran men m epi l te mande: “Evèk Monson, èske w sonje m?”

Mwen te toudenkou reyalize kiyès li te ye. Mwen te eksklame: “Frè Bryson! Kijan w ye? Kisa w ap fè nan Legliz la?”

Avèk chalè e aparaman ak fyète, li te reponn: “Mwen byen. M ap sèvi nan prezidans kowòm ansyen an. Mèsi ankò dèske ou te sousye de mwen ak pou lèt pèsònèl yo ou te voye ban mwen yo ke m grandman apresye.”

Frè m yo, mond lan bezwen èd nou. Èske n ap fè tout sa nou kapab? Èske nou sonje pawòl Prezidan John Taylor yo: “Si nou pa mayifye apèl nou, Bondye ap mande nou kont pou moun nou ta ka sove yo si nou te fè devwa nou”<sup>14</sup> Gen pye pou nou rafèmi, men pou nou leve, lespri pou nou ankouraje, kè pou nou enspire, ak nanm pou nou sove. Benediksyon letènite yo ap tann nou. Nou gen privilèj pou nou pa espektatè men patisipan nan sèvis prèttriz la. Annou koute rapèl enspiran sa a ki nan Epit Jak la: “Metè pawòl la an pratik, e pa rete ap koute sèlman, pa twonpe tèt nou pa fo rezonman.”<sup>15</sup>

Annou aprann devwa nou e reflechi sou li. Annou dispoze ak diy pou sèvi. Annou, nan akonpli devwa nou, suiv tras pa Mèt la. Pandan ou menm avèk mwen mache sou chemen Jezi te mache a, n ap dekouvri ke Li se plis pase tibebe Betleyèm nan, plis pase pitit chapantye a, plis pase pi gwo enstriktè ki te jan m viv. N ap vin konnen Li kòm Pitit Gason Bondye a, Sovè nou ak Redanmtè nou. Lè l te resevwa apèl devwa pa L la, li te reponn: “Papa, se pou volonte ou fèt, epi se pou ou laglwa a pou tout tan gen tan.”<sup>16</sup> Pou nou chak fè menmjan an tou, mwen priye nan non sakre li, amèn.

#### Nòt

1. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 104.
2. *Enseignements des présidents de l'église: Wilford Woodruff* (2004), 38.
3. Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine*, 5th ed. (1939), 139–40; italik ajoute.
4. *Enseignements des présidents de l'église: John Taylor* (2001), 119.
5. Doktrin ak Alyans 107:99; italik ajoute.
6. 1 Nefi 3:7; gadevèsè 1–5tou.
7. Gade 1 Nefi 3:5.
8. Rabindranath Tagore, nan William Jay Jacobs, *Mother Teresa: Helping the Poor* (1991), 42.
9. Robert Louis Stevenson, nan Elbert Hubbard II, comp., *The Note Book of Elbert Hubbard: Mottoes, Epigrams, Short Essays, Passages, Orphic Sayings and Preachments* (1927), 55.

10. *Stand Ye in Holy Places: Selected Sermons and Writings of President Harold B. Lee* (1976), 255.
11. Nan Ernest Eberhard Jr., "Giving Our Young Men the Proper Priesthood Perspective," typescript, Jiyè 19, 1971, 4–5, Church History Library.
12. George Albert Smith, nan Conference Report, Apr. 1942, 14.
13. Henry Wadsworth Longfellow, "The Legend Beautiful," nan *The Complete Poetical Works of Longfellow* (1893), 258.
14. *Teachings: John Taylor*, 164.
15. Jak 1:22.
16. Moyiz 4:2.

# Moun ki bay mizèrikòd yo ap jwenn mizèrikòd

**Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf**

*Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan*

---

*Lè kè nou ranpli ak lanmou Bondye, nou vin “bon youn ak lòt, konpatisan, e nou youn padone lòt.”*

---

Chè frè ak sè m yo, sa pa gen lontan m te resevwa lèt yon manman enkyèt ki te mande pou nou fè yon diskou nan konferans jeneral la sou yon sijè ki ap espesyalman ede de pitit li. Yon bagay te pase antre yo e yo te sispann pale youn ak lòt. Kè manman an te brize. Nan lèt la li te asire m ke yon mesaj nan konferans jeneral sou sijè sa a t ap rekonsilye pitit li yo, e tout bagay t ap anfòm.

Priyè sensè bon sè sa a sete jis youn nan plizyè demann m te resevwa nan dènye mwa sa yo ki fè m ta renmen di kèk mo jodia sou yon sijè ki bay gwo enkyetid—non sèlman pou yon manman enkyèt men pou anpil moun nan Legliz la tou, epi, anfèt, nan mond lan.

Mwen enpresyone pa lafwa manman eman sa a genyen nan lefèt ke yon diskou konferans ka ede geri relasyon ant pitit li yo. Mwen sèten ke konfyans li se pa sitèlman nan talan oratè yo men nan “predikasyon pawòl Bondye a,” ki gen yon “pi gwo pouvwa sou panse pèp la pase . . . nenpòt lòt bagay.”<sup>1</sup> Chè sè mwen, mwen priye pou Lespri a touche kè pitit ou yo.

## **Lè relasyon yo ap deteryore**

Relasyon kontrent ak brize osi ansyen ke limanite limenm. Kayen sete premye moun ki te pèmèt kansè amètim ak mechanste anvayi ak kowonpi kè li. Li te nourri lanvi ak rayiman nan nanm ni e l te kite santiman sa yo grandi jiskaske l te fè



bagay enkonsewab la—li te touye pwòp frè li epi l te vin tounen papa manti Satan yo nan pwosesis la.<sup>2</sup>

Depi premye jou sa yo lespri lanvi ak rayiman te mennen kèk moun nan istwa ki pi trajik yo nan listwa. Li te fè Sayil vire kont David, pitit gason Jakòb yo te vire kont frè yo Joseph, Laman ak Lemyèl te vire kont Nefi, e Amalickiah te vire kont Mowoni.

M imajine ke chak moun sou tè a afekte nan yon fason kèlkonk pa espri destriktè kontansyon, resantiman, ak revanj. Petèt menm gen moman kote nou rekonèt espri sa a nan nou menm. Lè nou santi nou blese, fache, oswa anvye, li pratikman fasil pou jije lòt moun, pou souvan jwenn move motivasyon pou aksyon yo, pou nou ka jistifye pwòp santiman resantiman pa nou.

### Doktrin nan

Natirèlman, nou konnen sa pa bon. Doktrin nan klè. Nou tout depann de Sovè a, okenn nan nou pa ka sove san Li menm. Ekspyasyon Kris la enfini ak etènèl. Padon pou pechenouyo vini ak kondisyon. Nou dwe repanti, epi nou dwe dispoze pou padone lòt moun. Jezi te anseye: “Nou dwe padone youn lòt; paske yon moun ki pa padone . . . li kondane devan Senyè a; paske pi gwo peche a rete nan li”<sup>3</sup> epi “Benediksyon pou moun ki mizèrikòdye: paske y ap jwenn mizèrikòd.”<sup>4</sup>

Natirèlman, pawòl sa yo sanble yo pafètman rezonab—lè yo aplike pou yon lòt moun. Nou ka si klèman ak si fasilman wè move rezilta ki vini lè lòt moun jije ak kenbe moun nan kè. E nou sètènman pa renmen lè moun jije nou.

Men lè se pou pwòp prejije ak plent pa nou, nou twò souvan jistifye tèt nou pou n pretann ke mekontantman nou an nòmal e jijman nou an fonde e l apwopriye. Byenke nou pa ka sonde kè yon lòt moun, nou asime ke nou konn rekonèt yon move motif oubyen menm yon move moun lè nou wè youn. Nou fè eksepsyon lè se pou pwòp mekontantman pa nou paske nou panse ke, nan ka pa nou an, nou gen tout enfòmasyon nou bezwen pou kenbe yon lòt moun nan kè.

Nan lèt li te voye bay Women yo, Apot Pòl te di ke moun ki pote jijman sou lòt yo “pa gen ekskiz.” Li eksplike ke moman nou jije yon lòt moun nan, nou kondane tèt pa nou, paske okenn moun pa san peche<sup>5</sup>Refize padone se yon peche grav—yon peche

ke Sovè a te mete nou angad kont li. Pwòp disip Jezi yo te “chèche akizasyon youn kont lòt, epi yo pa t padone youn lòt nan kè yo; epi poutèt mal sa a, yo te aflije epi m te chatye yo anpil<sup>6</sup>

Sovè nou an pale si klèman sou sijè sa a ke pa gen okenn plas ki rete pou nou pote entèpretasyon pa nou. Li di: “Mwenmenm Senyè a, m pral padone moun m vle padone,” men apres a Li di: “. . . pou nou menm se yonegzijans pou nou padonetout moun.”<sup>7</sup>

Èske m ka ajoute yon ti nòt la a? Lè Senyè a mande pou nou padone tout moun nan—sa enkli padone tèt nou tou. Pafwa, nan tout moun ki nan mond lan, moun ki pi difisil pou nou padone a—osibyen petèt moun ki pi bezwen padon nou an—se moun k ap gade nou nan glas la, ki vle di pwòp tèt pa nou.

### **Pwen final la**

Anfèt, nou ta ka itilize yon sèl grenn mo pou trete sijè pote jijman sou lòt moun nan. Lè se konsènan rayiman, tripotay, inyore, pase moun nan betiz, kenbe moun nan kè, oubyen anvi pou fè moun mal, tanpri aplike bagay sa a:

Sispann!

Se osi senp ke sa. Nou bezwen tou senpleman sispann jije lòt moun epi ranplase panse ak santiman jijman yo pa yon kè plen lanmou pou Bondye ak pou pitit li yo. Bondye se Papa nou. Nou se pitit li. Nou tout se frè ak sè. M pa konn egzaktèman kijan pou m pale de pwen sa a ki se *pa jije lòt moun* nan avèk ase klète, pasyon, ak pèsyasyon pou fè l rete nan tèt nou. Mwen ka site ekriti yo, mwen ka eseye eksplike doktrin nan, e m ka menm site yon bagay ki te ekri sou yon machin m te wè sa pa gen lontan. Li te ekri nan do yon machin ke chofè a te parèt yon tijan wòf an aparans, men mo ki te ekri yo te anseye yon leson penetran. Li te di: “Pa jije m paske peche pa m diferan ak pa ou.”

Nou dwe rekonèt ke nou tout enpafè—ke nou tout se mandyan devan Bondye. Èske nou tout, nan yon moman oswa yon lòt, pa konn enbleman apwoche bò chèz mizèrikòd la pou priye pou n jwenn lagras? Èske nou tout pa konn swete avèk tout kè nou pou n jwenn mizèrikòd—pou n padone pou erè nou fè ak peche nou komèt?

Paske nou tout depann sou mizèrikòd Bondye, kijan nou ka refize lòt moun jwenn yon pèsyon lagras nou si dezespereman

anvi pou tèt nou an? Frè ak sè byeneme m yo, èske nou pa dwe padone otan nou vle pou yo padone nou?

### Lanmou Bondye

Èske sa difisil pou fè?

Wi, natirèlman

Padone tèt nou ak lòt moun pa fasil. Anfèt, pou pifò nan nou sa mande yon gwo chanjman nan atitud nou ak fason nou panse—menm yon chanjman nan kè. Men gen bon nouvèl.

“Chanjman puisan”<sup>8</sup> nan kè sa a se egzakteman sa levanjil Jezikri a la pou l pote nan lavi nou.

Kijan sa fèt? Atravè lanmou Bondye

Lè kè nou ranpli ak lanmou Bondye, yon bagay bon ak pi rive nou. Nou “Respekte kòmandman L yo; epi kòmandman L yo pa twò difisil pase sa. “Paske depi se pitit Bondye ou ye, ou ka gen batay la kont mond lan.”<sup>9</sup>

Plis nou kite amoun Bondye gouvène lespri nou ak emosyon nou—plis nou kite lanmou nou pou Papa nou ki nan Syèl la grandi andedan kè nou—se plis l ap fasil pou nou renmen lòt moun avèk amou pi Kris la. Si nou louvri kè nou bay chalè lanmou Bondye, fènwa ak fredri chirepit ak lanvi ap fini pa disparèt.

Kòm toujou, Kris la se egzanp nou. Nan ansèyman L yo osibyen nan lavi Li, li te montre nou chemen an. Li te padone mechan yo, vilgè yo, ak moun ki te chèche blese l ak fè l mal yo.

Jezi te di ke li fasil pou renmen moun ki renmen nou; menm mechan yo kapab fèsa. Men Jezikri te anseye yon lwa ki pi wo. Pawòl Li yo fè travèsè syèk yo e yo aplike pou nou jodi a tou. Yo aplike pou tout moun ki vle vin disip Li. Yo aplike pou ou menm avèk mwèn: “Renmen enmi nou yo, beni moun k ap pèsèkite nou, fè byen pou moun ki rayi nou, lapriyè pou moun k ap maltrete nou ak pèsèkite nou.”<sup>10</sup>

Lè kè nou ranpli ak lanmou Bondye, nou vin “janti youn ak lòt, youn gen bon kè pou lòt, youn padone lòt, menm jan Bondye te [padone nou] nan Kris la.”<sup>11</sup>

Amou pi Kris la kapab retire santiman animozite ak kòlè nan je nou, sa ki ap pèmèt nou wè lòt moun fason Papa nou ki nan Syèl la wè nou an: kòm moun mòtèl enpafè ki gen potansyèl ak valè ki depase kapasite imajinasyon nou. Paske Bondye renmen

nou sitèlman, ke nou menm tou, nou youn dwe renmen ak padone lòt.

### Chemen Disip la

Chè frè m ak sè m yo, konsidere kesyon sa yo kòm yon tèt pou tèt nou:

Èske ou kenbe yon bagay kont yon lòt moun?

Èske ou fè tripotay, menm lè sa w ap di a kapab vre?

Èske ou ekate, pouse, oubyen pini lòt moun poutèt yon bagay yo te fè?

Èske ou sekretman anvye yon moun?

Èske ou anvi fè yon moun mal?

Si w reponn wi pou nenpòt nan kesyon sa yo, nou gen dwa aplike diskou de mo a m te pale anvan an: sispann sa!

Nan yon mond plen akizasyon ak fwadè, li fasil pou nou jwenn rezon pou youn rayi lòt ak trete lòt san respè. Men anvan nou fè sa, annou sonje pawòl Li menm ki se Mèt nou ak modèl nou an: “Se pou moun ki konnen l pa janm peche a ba l premye kout wòch la.”<sup>12</sup>

Frè m ak sè m yo, annou lage wòch nou yo atè.

Annou janti.

Annou padone.

Annou pale youn ak lòt pezibleman.

Annou kite lanmou Bondye ranpli kè nou.

“Annou fè byen ak tout moun.”<sup>13</sup>

Sovè a pwomèt: “Bay, Bondye va ba nou. La lage yon bon mezi, byen souke, byen foule, ak tout tiyon l, nan pòch rad nou. Paske menm mezi [nou sèvi] pou mezire lòt yo, se li menm Bondye va pran pou mezire nou tou.”<sup>14</sup>

Èske pwomès sa a pa ta dwe ase pou fè nou toujou konsantre efò nou sou zak jantiyès, padon, ak charite olye de tout lòt konpòtman negatif?

Annou, antanke disip Jezikri, rann byen pou mal.<sup>15</sup> Annou pa chèche revanj ni kite kòlè anvayi nou.

“Paske men sa k ekri: Bondye di se mwen menm sèl ki gen dwa tire revanj; se mwen menm sèl ki va ba yo sa yo merite.

“Konsa, si lenmi ou grangou, ba l manje; si l swaf dlo, ba l bwè. . . .

“Pa kite sa ki mal gen pye sou ou, okontrè, fè sa ki byen pou n kraze sa ki mal.”<sup>16</sup>

Sonje, alafen, se moun ki gen mizèrikòd k ap jwenn mizèrikòd.<sup>17</sup>

Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, kèlkeswa kote nou ye, annou fè yo rekonèt nou kòm moun ki “gen lanmou youn pou lòt.”<sup>18</sup>

### Se pou youn renmen lòt

Frè m ak sè m yo, gen ase lapenn ak doulè nan lavi sa a san nou pa bezwen ajoute sou li pa mwayen pwòp tèt di, amètim ak resantiman nou.

Nou pa pafè

Moun bò kote nou yo pa pafè.<sup>19</sup> Moun fè bagay ki anbete nou, ki desi nou, ki fè n fache. Nan lavi mòtèl sa a l ap toujou konsa.

Sepandan, nou dwe debarase n de plent nou yo. Yon pati nan bi mòtalite a se aprann kijan pou nou debarase n de bagay sa yo. *Sa se fason Senyè a.*

Sonje, syèl la ranpli ak moun ki gen bagay sa a an komen: Yo padone. Epi yo bliye.

Depoze fadon nou nan pye Sovè a. Pa fè jijman. Kite Sakrifis Ekspyatwa Kris la chanje ak geri kè nou. Se pou nou youn renmen lòt. Se pou nou youn padone lòt.

Moun ki mizèrikòdye y ap jwenn mizèrikòd.

Konsènan sa mwen temwaye nan non Li menm ki te renmen sib yen ak si totalman an ke L te bay lavi Li pou nou menm, zanmi Li—nan non sakre Jezikri, amèn.

### Nòt

- |  |                         |
|--|-------------------------|
| 1. Alma 31:5.                              | 11. Efezyen 4:32.       |
| 2. Gade Moyiz 5:16–32.                     | 12. Jan 8:7.            |
| 3. Doktrin ak Alyans 64:9.                 | 13. Galat 6:10.         |
| 4. Matye 5:7.                              | 14. Lik 6:38.           |
| 5. Gade Women 2:1.                         | 15. Gade Matye 5:39–41. |
| 6. Doktrin ak Alyans 64:8.                 | 16. Women 12:19–21.     |
| 7. Doktrin ak Alyans 64:10; italik ajoute. | 17. Gade Matye 5:7.     |
| 8. Mozya 5:2.                              | 18. Jan 13:35.          |
| 9. 1 Jan 5:3–4.                            | 19. Gade Women 3:23.    |
| 10. Matye 5:44; gade vèsè 45–47 tou.       |                         |

---

# Gras pou Bondye

**Pa Èldè Russell M. Nelson**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Sa t ap sitèlman pi bon si tout moun te ka pi konsyan de pwovidans ak lanmou Bondye epi eksprime l rekonesans pou sa.*

---

Chè frè m ak sè m yo, nou di nou mèsì pou soutyen nou ak devouman nou. Nou eksprime rekonesans nou ak lanmou nou pou nou chak.

Sa pa gen twò lontan, mwenmenm ak Sè Nelson tap admire bote pwason tropikal ki te nan yon ti akwaryòm prive. Pwason yo te gen anpil bel koulè epi te gen yon kantite pwason tout fòm ak tout dimansyon ki tap naje nan tout direksyon. Mwen te mande responsab akwaryòm nan ki te tou pre m, “Kiyès ki bay bèl ti pwason sa yo manje?”

Li te reponn: “Se mwenmenm.”

Epi mwen te di: “Èske yo janm di w mèsì?”

Li te reponn: “Yo poko!”

Mwen te panse nan moman sa a kèk moun mwen konnen ki pa yo menm tou bliye Kreyatè yo a ak veritab “pen lavi yo” a.<sup>1</sup> Yap viv chak jou san yo pa konnen Bondye ak bonte L pou yo.

Ala bon li tap bon si tout moun te konn pouvwa diven ak lanmou Bondye e si yo te gen rekonesans pou Li. Amon te anseye: “An nou di Bondye mèsì paske li fè lajistis pou tout tan.”<sup>2</sup> Nivo rekonesans nou se yon mezi lanmou nou pou Li.

Bondye se Papa lespri nou yo.<sup>3</sup> Li gen yon kò chè ak zo ki glorifye, ki pafè.<sup>4</sup> Nou te viv avèk li nan syèl la anvan nou te fèt.<sup>5</sup> E lè li te kreye nou fizikman, nou te kreye dapre imaj Bondye, nou chak avèk kò pa nou.<sup>6</sup>

Panse a nouriti fizik yo. Se vrèman yon bagay ki sot nan syèl. Nesesite pou nou jwenn lè, manje, ak dlo tout bagay sa yo vin

jwenn nou kòm kado Papa nou ki nan Syèl la ki renmen nou. Tè a te kreye pou te pèmèt nou fè ti vwayaj brèf nou an nan vi mòtèl la<sup>7</sup> Nou te fèt avèk kapasite pou nou grandi, renmen, marye, epi kreye fanmi.

Se Bondye ki òdone maryaj ak fanmi. Fanmi se inite sosyal ki pi enpòtan nan tan sa a e pandan letènite. Gras a gran plan bonè Bondye a, fanmi yo kapab sele nan tanp epi prepare yo pou yo retounen viv nan prezans sen Li an poutoutan. Sa se lavi etènèl! Li konble pi gran dezi lòm genyen—dezi natirèl pou viv pou tout tan avèk manm byeneme fanmi li.

Nou fè pati plan diven L lan. Li te: “Zèv mwen ak glwa mwen sereyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm.”<sup>8</sup> Pou nou ka rive nan objektif sa yo, “Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p ap pèdi lavi yo. Okontrè ya gen lavi ki p ap janm fini an.”<sup>9</sup> Aksyon sa a se te yon manifestasyon diven lanmou Bondye. “Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l te kapab delivre yo.”<sup>10</sup>

Pwen santral plan etènèl Bondye a se misyon Pitit Gason L lan, Jezikri.<sup>11</sup> Li te vini pou sove pitit Bondye yo.<sup>12</sup> Akozde Sakrifis Ekspaytwa Senyè a, rezirèsyon (oswa imòtalite) te vin tounen yon reyalite.<sup>13</sup> Akozde Sakrifis Ekspyatwa a, lavi etènèl te vin tounen yon posiblité pou tout moun ki ta kalifye. Jezi te eksplike:

“Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri.”

“Moun ki ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo pap janm mouri.”<sup>14</sup>

Pou Sakrifis Ekspyatwa Senyè a ak kado rezirèksyon L lan – e pou bèl mesaj Pak sa a – nou di mèsè Bondye!

### **Don fizik yo**

Papa nou ki nan Syèl la renmen pitit Li.<sup>15</sup> Li ba yo don fizik ak don espirityèl. Kite m fè yon ti pale de yo chak. Lè nou ap chante “Je suis enfant de Dieu,” panse a kado kò fizik li ba nou an. Tout karakteristik ekstraòdinè ki nan kò nou yo pwouve nati divin nou.<sup>16</sup>

Chak ògan nan kò nou se don eksrawòdinè Bondye ba nou. Chak grenn je nou gen yon loup otomatik. Gen nè ak mis ki kontwole de je nou yo pou fè yo bay yon imaj ki gen twa dimansyon. Je yo konekte ak sèvo a ki anrejistre sa nou wè yo.

Kè nou se yon ponp enkwayab.<sup>17</sup> Li gen kat vav delika ki kontwole direksyon sikilasyon san nou. Vav sa yo ouvè fèmèn plis pase 100,000 fwa pa jou – 36 milyon fwa pa ane. Si pa gen okenn maladi ki deranje yo, yo kontinye gen kapasite sa a nèt ale.

Panse ak sistèm defans kò nou. Pou l ka pwoteje kò a, li idantifye doulè yo. Pou l fè fas ak enfeksyon, li jenere antikò. Po a bay pwoteksyon. Li bay avètisman kont malè bagay ki twò cho oubyen twò frèt kapab koze.

Kò a renouvle tout selil ki vyeyi epi li kontwole nivo tout eleman vital pa l yo. Kò a geri kote ki koupe, ki gen pwoblèm, ak zo ki kase. Kapasite pou nou fè pitit se yon lòt gwo don sakre Bondye ba nou.

Fòk nou sonje ke yon moun pa oblije gen yon kò pafè pou l rive nan destine diven li. Anfèt, kèk nan pi bèl espri yo abite nan kò ki fèb oswa enfim. Souvan gen gwo fòs espiryèl ki devlope kay moun ki gen pwoblèm fizik yo, egzakteman paske yo gen bagay yo manke.

Nenpòt moun ki fè etid sou fonksyonman kò moun ap “wè Bondye ki ap deplase nan majeste ak puisans li.”<sup>18</sup> Paske se lwa diven ki dirije kò a, tout gerizon se rezilta obeyisans a lwa benediksyon sa a repoze sou li a.<sup>19</sup>

Epoutan, gen kèk moun ki nan erè paske yo panse atribi fizik mèveye sa yo te rive pa aksidan oubyen se rezilta teyori syantifik sou kijan mond lan ak lavi te kreye. Poze tèt nou keksyon sa a “Èske eksplozyon nan yon inprimri ka pwodui yon diksyonè?” Sa sanble li *pa* pwobab ditou. Men si se te sa, li pa tap ka ranje pwòp paj dechire l yo oubyen fè pwòp nouvo liv pa l!

Si kapasite kò a pou l fonksyone nòmalman, pou l defann li, pou repare tèt li, epi pou l rejenere a te la pou kontinye san limit, lavi sou tè a tap kontinye pou tout tan. Wi, nou tap rete la sou tè a! Nan mizerikòd li pou nou, Kreyatè nou an te prevwa lavyeyès ak lòt pwosesis ki tap abouti finalman nan lanmò fizik nou. Menm jan ak nesans, lanmò fè pati lavi a. Ekriti yo anseye nou “Li te nesèsè pou lèzòm te sòti anba lanmò tanporèl sa a, paske sa



t ap detwi gwo plan bonè a.”<sup>20</sup> Retounen al jwenn Bondye pa pòt nou rele lanmò a se yon jwa pou tout moun ki renmen Li e ki prepare pou rankontre l.<sup>21</sup> Finalman yon lè ap rive kote lespri ak. . .kò a pral reyini ankò nan. . .yon fòm pafè; manm yo ak jwenti yo pral jwenn ansanm avèk kò a nan plas nòmal yo,”<sup>22</sup> pou yo pa janm separe ankò. Mèsi Bondye pout tout don fizik sa yo!

### **Don espiyityèl yo**

Osi enpòtan kò a ye, li se sèlman tabènak pou lespri etènèl nou. Espri nou te ekziste nan vi premòtèl la<sup>23</sup> e lap kontinye viv apre kò a fin mouri.<sup>24</sup> Lespri a bay kò a mouvman ak pèsonalite.<sup>25</sup> Nan vi sa a ak nan vi ki ap vini apre a, espri ak kò, lè yo fin reyini, vin tounen yon nanm ki gen yon valè divin.

Paske espri yon moun tèlman enpòtan konsa, devlopman l gen yon enpòtans etènèl. Li fòtifye lè nou kominike avèk Papa nou ki nan Syèl la nan priyè ki enb.<sup>26</sup>

Tout atribi ki pral sèvi kòm baz pou yo jije nou yon jou yo espiyityèl.<sup>27</sup> Pami yo gen lanmou, lavèti, integrite, konpasyon, ak ran lòt moun sèvis.<sup>28</sup> Espri nou ansanm avèk kò kote li abite a, kapab devlope e manifeste atribi sa yo nan fason ki vital pou pwogresyon etènèl nou.<sup>29</sup> Nou atenn pwogrè espiyityèl fèt pa mwayen lafwa, repantans, batèm, don Sentespri a, ak pèsèvere jiskalafen, sa gen ladan l dotasyon ak sèlman òdonans ki fèt nan tanp sen yo.<sup>30</sup>

Menm jan kò a bezwen manje chak jou pou l kontinye viv la, lespri a bezwen nouriti tou. Se verite etènèl ki nourri lespri a. Ane pase nou te selebre 400yèm anivèsè vèsyon Wa Jak Sent Bib la. E nou gen liv Mòmmon an depi prèske 200 zan. Liv Mòmmon an tradui kounyeya nan 107 lang. Gras ak liv sa yo ak tout lòt ekriti sakre yo, nou konnen Bondye se Papa Etènèl nou e Pitit Gason L lan, Jezikri, se Sovè nou ak Redanmtè nou. Pou tout don espiyityèl sa yo, an nou di Bondye mèsi!

### **Don levanjil yo**

Nou konnen pwofèt anpil dispansasyon tankou Adan, Noye, Moyiz, ak Abraam, tout bay ansèman sou divinite Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Se Papa nou ki nan syèl ak Jezikri ki te kòmanse dispansasyon pa nou an lè yo te parèt devan Pwofèt Joseph Smith an 1820. Legliz la te òganize an 1830. Kounyeya, 182

zan apre, nou rete anba alyans pou nou pote levanjil la nan “chak nasyon, tribi, lang, ak pèp.”<sup>31</sup> Lè nou fè sa, ni moun ki ap bay levanjil la ni moun ki ap resevwa l yo ap beni.

Nou gen responsabilite pou nou anseye tout pitit Li epi pou n fè yo konn Bondye. Sa gen trè lontan, Wa Bejamen te di:

“Kwè nan Bondye; kwè li egziste, kwè li te kreye tout bagay nan syèl la ak sou tè a; kwè li gen tout sajes, ak tout pouvwa, ni nan syèl la ni sou tè a; . . .

“. . . ; Kwè nou dwe repanti pou peche nou yo, abandone yo, epi imilye tèt nou devan Bondye; mande avèk yon kè sensè pou l padone nou; e kounyeya, si nou kwè tout bagay sa yo, pratike yo.”<sup>32</sup>

Bondye se menm moun nan yè, jodi a, ak pou tout tan, men se pa menm ka a pou nou. Chak jou, nou devan defi pou nou gen aksè a pouvwa Ekspyasyon an pou nou ka vrèman chanje, pou nou vin pi sanble avèk Kris la, epi pou nou kalifye pou don egzaltasyon an e viv etènèlman avèk Bondye, Jezikri, ak fanmi nou yo.<sup>33</sup> Pou tout pouvwa sa yo, privilèj sa yo, ak don levanjil yo, mèsi Bondye!

M ap temwaye ke Li vivan, ke Jezi se Kris la, e sa a se Legliz Li, ki retabli nan dènye jou sa yo pou akonpli desten diven li. Se Presidan Thomas S. Monson ki ap dirije nou jodi a. Nou renmen l e nou soutni li ak tout kè nou, menm jan nou soutni konseye l yo ak Douz Apot yo kòm pwofèt, vwayan ak revelatè. Mwen temwaye sa nan non sakre Jezikri, amèn.

### Nòt

1. Jan 6:35, 48; gade tou vèsè 51.
2. Alma 26:8; gade tou Alma 7:23.
3. Gade Travay 17:27–29.
4. Gade Doktrin ak Alyans 130:22.
5. Gade Moyiz 6:51; Women 8:16; Ebre 12:9; Jeremi 1:4–5.
6. Gade Jenèz 2:7; 1 Korentyen 15:44; Moyiz 3:7.
7. Gade 1 Nefi 17:36.
8. Moyiz 1:39.
9. Jan 3:16.
10. Jan 3:17.
11. Objektif li byen rezime nan 3 Nefi 27:13–22.
12. Gade Alma 11:40.
13. Gade 2 Nefi 9:6–7, 20–22.
14. Jan 11:25–26.
15. Gade 1 Nefi 17:40; 1 Jan 4:10.
16. 2 Pyè 1:4.
17. Yon kè ponpe apeprè 2.000 galon (7.570 L) pa jou.
18. Doktrin ak Alyans 88:47.
19. Gade Doktrin ak Alyans 130:21. Anfèt, lwa divin sa a enkontounab.
20. Alma 42:8.
21. Salmis la te eksprime pwendvi Divinite a: “Lanmò moun ki renmen l yo gen pri pou Senyè a” (Som 116:15); gade tou Eklezyas 12:7.

22. Alma 11:43; gade tou Eklezyas 12:7; Alma 40:23; Doktrin ak Alyans 138:17.
23. Gade Doktrin ak Alyans 93:38.
24. Gade Alma 40:11; Abraram 3:18.
25. Lespri a kreye dapre imaj moun nan (gade Doktrin ak Alyans 77:2).
26. Gade 3 Nefi 14:9–11.
27. Se lespri a, non pa kò a, ki eleman aktif ak responsab nanm nan. San lespri a, kò a mò (gade Jak 2:26). Se poutèt sa, se lespri a ki chwazi ant byen ak mal e ki apral responsab pou atribi pozitif ak negatif li posede yo nan Jijman Final la (gade Alma 41:3–7).
28. Atribi espartyèl yo gen ladan yo tou “lafwa, vèti, konesans, tanperans, pasyans, bonte fratènèl, divinite, charite, imilite, [ak] dilijans” (Doktrin ak Alyans 4:6).
29. Gade 2 Nefi 2:11–16, 21–26; Mowoni 10:33–34.
30. Sa se doktrin Kris la (gade 2 Nefi 31:11–21).
31. Mozya 15:28; gade tou 1 Nefi 19:17; 2 Nefi 26:13; Mozya 3:20; 15:28; 16:1; Alma 37:4; Doktrin ak Alyans 1:18–23; 77:11; 133:37.
32. Mozya 4:9–10.
33. “Lavi etènèl . . . se pi gwo nan tout kado Bondye yo” (Doktrin ak Alyans 14:7).

---

# Leson Espesyal

**Pa Eldè Ronald A. Rasband.**

*Nan Prezidans Swasanndis yo*

---

*Mwen espere ke n ap kontinye pote fado nou yo nobleman epi n ap lonje lamen bay moun nan pami nou k ap souffri yo. Mwen priye pou sa.*

---

Pandan 20 mwa ki sot pase yo, fanmi m te gen benediksyon pou n te gen yon tibebe trè espesyal.

Pitit pitit nou an, Paxton, te fèt avèk yon gwo problèm maladi ki trè ra nan kwomozòm ni, yon iregilarite jenetik ki koz li diferan totalman avèk dè santèn milyon moun ki gen pwoblèm sa a. Pou pitit fi m nan ak mari li, yon sikonstans lavi chanje, ki pa t planifye, te kòmanse lè Paxton te fèt la. Eksperyans sa a te vin tounen yon tès difisil pou aprann leson espesyal ki liye avèk letènite yo.

Eldè Russell M. Nelson ki fèk sot pale avèk nou an, te ansenye:

“Pou anpil rezon nou jeneralman pa konnen, gen kèk moun ki fèt avèk andikap fizik. Kèk pati espesifik nan kò yo gen dwa pa nòmal. Sistèm biyolojik yo gen dwa pa fonksyone byen. Epi kò tout moun ekspozè anba maladi ak lanmò. Malgre sa, kado yon kò fizik la pa gen pri. . . .

Nou pa oblije gen yon kò fizik pafè pou nou atenn destine divin nou. Anfèt, kèk nan espri pi espiyèl yo loje nan kò fizik ki frèl. . . .

“Finalman, tan an ap vini kote ‘lespri a . . . ak kò a pral reyini ankò nan . . . yon fòm pafè; manm yo ak jwenti yo pral jwenn ansanm avèk kò a’ (Alma 11:43). Epi lè sa a, gras ak Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a, n ap kapab vin pefeksyone nan Li.”<sup>1</sup>

Nou tout ki gen difikilte, sousi, desepsyon, oubyen chagren akoz yon moun pa nou, nou dwe konnen ke: avèk lanmou enfini

ak konpasyon etènèl, Bondye Papa nou ki nan Syèl la renmen moun nou an ki aflije a e Li renmen nou tou!

Gen kèk nan nou ki kapab ap mande tèt nou, lè nou rankontre yon soufrans konsa, poukisa Bondye Toupuisan an kite bagay sa a rive? Epi apre, kesyon aparaman inevitab sa a, poukisa se mwenmenm sa rive? Poukisa nou dwe sibi maladi ak bagay ki andikape nou ouyen ki lakoz manm presye nan fanmi nou mouri bonè oubyen ki fè yo pase anpil ane nan soufrans konsa? Poukisa chagren sa yo?

Nan moman sa yo nou ka konsidere gwo plan bonè Papa nou ki nan Syèl la te kreye a. Plan sa a ki, lè yo te prezante l nan lavi premòtèl la, te fè nou tout pouse kri lajwa a.<sup>2</sup> Pou m di sa pi senpleman, lavi sa a se yon fòmasyon pou egzaltasyon etènèl, e pwosesis sa a vle di tès ak eprè. Se konsa sa te toujou ye, e pa gen pèsonn ki epanye.

Konfyans nan volonte Bondye se yon pati enpòtan nan lavi motèl la. Si nou gen lafwa nan Li, n ap resevwa pouvwa sakrifis ekspyatwa Kris la nan moman sa yo kote nou gen anpil kesyon an men pa tèlman gen anpil repons pou yo a.

Apre rezirèksyon li, lè l t al vizite kontinan ameriken an, Sovè nou an, Jezikri, te fè tout moun envitasyon sa a:

“Èske gen moun ki malad nan mitan nou? Mennen yo vini. Eske gen moun ki paralize, oubyen avèg, oubyen bwate, oubyen domaje, oubyen lepre, oubyen ki vyeyi, oubyen ki soud, oubyen ki aflije nan nenpòt fason. Mennen yo vini e m ap geri yo, paske m gen konpasyon pou nou; zantray mwen chaje avèk mizèrikòd. . . .

“Epi, se te konsa, lè l te fin pale konsa, tout foul la, ansanm, te vini avèk malad yo, ak moun aflije yo, ak moun domaje yo, avèk avèg yo, ak bèbè yo, epi ak tout moun yo ki aflije nan nenpòt fason; epi li te geri yo yonn apre lòt pandan yo te mennen yo ba li a.”<sup>3</sup>

Nou kapab jwenn gwo rekonfò nan pawòl sa yo “Tout moun yo . . . te avanse”—*tout*, frè m ak sè m yo. Nou *tout* fè fas ak pwoblèm. Epi apre, fraz sa a: “ki te aflije nan nenpòt fason.” Nou kapab wè de kisa l ap pale, pa vre?

Pa lontan apre presye Paxton te fin fèt, nou te konnen Papa nou ki nan Syèl la t ap beni nou ak ansenye nou leson espesyal.

Pandan papa li avèk mwen te mete men nou sou ti tèt li pou nou bali premye nan tout pil benediksyon prèttriz nou ba li yo, pawòl sa yo, ki nan Jan chapit 9 la, te vini nan lespri mwen: “pou pouvwa Bondye kapab manifeste nan li.”<sup>4</sup>

Pouvwa Bondye te reyèlman manifeste nan Paxton.

Nou aprann pasyans, lafwa, ak rekonesans atravè dous pouvwa sèvis, yon kantite lè chaje ak emosyon, kri konpasyon, ak priyè ak ekspresyon lanmou pou chè moun nou yo ki nan bezwen yo, espesyalman Paxton ak paran li.

Prezidan James E. Faust, ki te prezidan pye m lè m te piti, te di: “Mwen gen gwo apresyasyon pou paran eman sa yo ki kalmeman e bravman pote ak simonte soufrans yo ak chagren yo pou yon pitit ki fèt avèk andikap fizik ak mantal grav oubyen ki vin devlope bagay sa yo. Angwas sa a souvan kontinye chak jou, san rete, pandan tout lavi paran an oubyen timoun nan. Souvan, sa pote paran yo bay swen nourisan ekstraòdinè, lajounen kou lannuit. Gen anpil manman ki travay ni fizikman ni emosyonèlman pandan anpil ane pou rekonfòte ak soulaje soufrans yon pitit andikape.”<sup>5</sup>

Jan yo dekri nan Mozya a, nou temwen lanmou pi Sovè a bay fanmi Paxton, yon lanmou ki disponib pou nou tout: “Epi kounyeya, se te konsa, chay ki te sou Alma ak frè l yo te vin lejè; wi, Senyè a te fòtifye yo pou yo kapab pote chay yo alèz, e yo te aksepte avèk kè kontan ak pasyans, tout sa Senyè te vle.”<sup>6</sup>

Yon jou swa, apre nesans Paxton, nou te nan sèvis swen medikal entansif pou tibebe k fèk fèt yo nan bèl Sant Medikal Timoun Primè yo nan Salt Lake City, nan Utah, nou te emèveye pou kalite atansyon devwe, konplè doktè, enfimyè, ak oksilyè yo t ap bay. Mwen te mande pitit fi m nan kijan nou t ap janm kapab peye pou tout bagay sa yo e m te lanse yon chif konsa konsa pandan nou t ap eseye devine ki kantite kòb sa t ap ye. Yon doktè ki te kanpe tou pre a te di ke pri m nan te “ba anpil” e ke swen Paxton yo t ap grandman koute plis pase sa m te estime a. Nou te aprann ke pifò nan depans pou swen yo bay nan lopital sa a kouvri avèk don jenere tan ak lajan kontribisyon lòt moun bay. Pawòl li yo te ban m imilite pandan m t ap panse ak valè ti nanm piti sa a te genyen pou moun sa yo ki t ap siveye l avèk sitèlman prekosyon konsa.

Sa te raple m yon ekriti misyonè fanmiye ki te pran yon nouvo siyifikasyon pou mwen: “Sonje, nanm yo genyen yon gwo valè nan je Bondye.”<sup>7</sup>

Mwen te kriye pandan m t ap medite sou lanmou san limit Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason Byenneme L la, Jezikri, genyen pou nou chak, pandan m t ap aprann nan yon fason pwisan ki valè yon nanm genyen, fizikman ak espiritiyèlman, pou Bondye.

Fanmi Paxton te aprann ke yo te antoure pa pil zanj terès ak selès ki t ap ede yo. Kèk te silansyezman vin ede lè bezwen epi retounen ale an silans. Lòt te vini nan pòt la pou pote manje, lave rad, mennen epi al chèche lòt timoun yo lekòl, rele nan telefòn pou bay ankourajman, e espesyalman priye pou Paxton. Konsa nou te aprann yon lòt leson espesyal: Si ou jwenn yon moun k ap nwaye, èske w ap mande l si l bezwen èd—oubyen èske l t ap pi bon pou w lage kò nou nan dlo a pou al sove li anba dlo pwofon yo? Pandan ke l souvan bay avèk bòn entansyon an, òf “Fè m konnen si m ka ede w la,” pa reyèlman ede ditou.

Nou kontinye aprann valè enpòtan ki se pran konsyans de moun ki bò kote nou epi chèche konn sitiyaasyon yo, pandan n ap aprann non sèlman enpòtans rann sèvis, men tou lajwa enspiran nou resevwa lè nou ede lòt moun.

Prezidan Thomas S. Monson, ki se yon gwo egzanp nan soulaje fado lòt moun, te di: “Bondye beni tout moun k ap eseye voye je sou pwochen yo, k ap bay pou amelyore soufrans, k ap fè efò, ak tout sa ki bon andedan yo, pou rann mond lan pi bon. Èske nou pa remake ke moun sa yo gen yon pi gwo souri? Pa yo pi fèm ak pi asire. Yo gen yon lè kontantman ak satisfaksyon ki antoure yo, paske yon moun pa kapab patisipe nan ede lòt moun san l pa fè eksperyans anpil benediksyon poukont pa l.”<sup>8</sup>

Menmsi n ap fè fas ak eprè, advèsite, andikap, chagren, ak tout kalite lòt afliksyon, Sovè sousye ak eman nou an ap toujou la pou nou. Li pwomèt:

“Mwen pap kite nou poukont nou: Map vin jwenn nou. . . .

M’ap ban nou kè poze. M’ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen p’ap ba nou li nan fason mond lan. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè.”<sup>9</sup>

Ala nou rekonesan anvè Papa nou ki nan Syèl la pou bèl Paxton nou an. Atravè limenm, Senyè a manifeste travay li epi kontinye ansenye nou leson valab, sakre ak espesyal sa yo.

Mwen ta renmen fini avèk pawòl yon kantik m renmen anpil:

*Nou tout anwole jiskaske konba a fini*

*Wi nou kontan! Wi nou kontan!*

*Sòlda nan lame a, gen yon gran rekonpans k ap tann nou;*

*N ap resevwa li alafen.<sup>10</sup>*

Frè m ak sè m yo, espwa mwen ak priyè mwen se pou nou kontinye pote fado nou yo avèk kouraj epi lonje lamèn bay moun nan pami nou k ap soufri e ki bezwen soulajman ak ankourajman. Se pou nou chak remèsye Bondye pou benediksyon l yo epi renouvle angajman nou pou Papa nou ki nan Syèl la, pou rann sèvis enb bay pitit Li yo. Nan non sakre Jezikri, amèn.

#### Not

1. Russell M. Nelson, "We Are Children of God," *Liahona*, Jan. 1999, 103; *Ensign*, Nov. 1998, 85, 86.
2. Gade Jòb 38:7.
3. 3 Nefi 17:7, 9.
4. Jan 9:3.
5. James E. Faust, "The Works of God," *Ensign*, Nov. 1984, 54.
6. Mozya 24:15.
7. Doktrin ak Alyans 18:10.
8. Thomas S. Monson, "Our Brothers' Keepers," *Ensign*, June 1998, 39.
9. Jan 14:18, 27.
10. "We Are All Enlisted," *Hymns*, no. 250.



---

# Vizyon Pwofèt yo konsènan Sosyete Sekou: Lafwa, Fanmi, Sekou

**Pa Julie B. Beck**

*Ki fèk relve kòm Prezidan Jeneral Sosyete Sekou*

---

*Lafwa, fanmi, ak sekou, twa mo senp sa yo fini pa eksprime vizyon pwofèt yo pou sè yo nan Legliz la.*

---

Nan ane k sot pase yo, mwen te santi m pou pale souvan de Sosyete Sekou—objektif li ak karakteristik li,<sup>1</sup> valè istwa li,<sup>2</sup> travay li ak asosyasyon li avèk evèk yo ak kowòm Prètriz Mèlkisedèk yo.<sup>3</sup> Li sanble enpòtan kounyeya pou n konsantre enpe atansyon nou sou vizyon pwofèt yo konsènan Sosyete Sekou.<sup>4</sup>

Menmjan pwofèt Senyè a yo kontinyèlman anseye ansyen yo ak gran prèt yo objektif yo ak devwa yo, se konsa tou yo pataje vizyon yo pou sè Sosyete Sekou yo. Dapre konsèy yo, li klè ke objektif Sosyete Sekou se pou ogmante lafwa ak ladwati pèsonèl, fòtifye fanmi ak fwaye, epi chèche ak ede moun ki nan bezwen. *Lafwa, fanmi ak sekou*—twa senp mo sa yo vin eksprime vizyon pwofèt yo pou sè yo nan Legliz la.

Depi nan kòmansman Retablisman an, pwofèt yo te pataje vizyon yo sou fi solid, fidèl ak detèmine, ki konprann valè yo ak objektif etènèl yo. Lè Pwofèt Joseph Smith te etabli Sosyete Sekou a, li te mande premye prezidan sosyete sa a pou “prezide sou sosyete sa a, pou pran swen pòv yo—administrè bezwen yo, epi pran swen tout kalite zafè enstitisyon sa a.”<sup>5</sup> Li te wè òganizasyon an kòm “yon sosyete chwazi, separe de tout mal nan mond lan.”<sup>6</sup>

Brigham Young, dezyèm Prezidan Legliz la, te enstwi konseye l yo ak Kolèj Douz Apot yo pou dirije evèk yo pou yo “fè

[sè yo] òganize Sosyete feminen pou Sekou nan plizyè pawas." Li te ajoute: "Gen moun ki dwe panse ke sa a se yon ti bagay san enpòtans, men se pa sa."<sup>7</sup>

Nan apre, Prezidan Joseph F. Smith te di ke kontrèman ak òganizasyon yo ki nan mond lan, ki "konpoze de gason, oubyen konpoze de fi," Sosyete Sekou a "divinman kreye, divinman otorize, divinman enstitiye, divinman òdone pa Bondye."<sup>8</sup> Prezidan Joseph Fielding Smith te di ke sè yo te "resevwa pouvwa ak otorite pou fè anpil gwo bagay."<sup>9</sup> Li te di: "Nou se manm pi gwo òganizasyon fi ki egziste nan mond lan, yon òganizasyon ki se yon pati vital nan wayòm Bondye a sou tè a epi ki prepare ak opere nan yon fason ke l ede manm fidèl li yo jwenn lavi etènèl nan wayòm Papa a."<sup>10</sup>

### Yon gwo domèn enfliyans

Chak ane, dè santèn ak milye nouvo sè vin fè pati "sosyete sè" sa a, k ap grandi san rete."<sup>11</sup> Apresa, kèlkeswa kote yon sè ap viv e kèlkeswa kote l ap sèvi, li kenbe apatnans li ak asosyasyon li nan Sosyete Sekou.<sup>12</sup> Poutèt enpòtans li, Premye Prezidans lan eksprime dezi pou jènfi yo kòmanse preparasyon yo pou Sosyete Sekou byen anvan yo gen 18 tan.<sup>13</sup>

Sosyete Sekou se pa yon pwogram. Se yon pati ofisyèl nan Legliz Senyè a ke "Bondye divinman òdone" pou anseye, fòtifeye, ak enspire sè yo nan bi yo konsènan lafwa, fanmi, ak sekou. Sosyete Sekou se yon mòd lavi pou fi Sen Dènye Jou yo e enfliyans li etann odela yon klas Ekòldidimanch oubyen yon reyinyon sosyal. Li suiv modèl disip fi yo ki te sèvi avèk Senyè Jezikri ak Apot Li yo nan ansyen Legliz Li a.<sup>14</sup> Yo anseye nou ke "se obligasyon yon fi pou entegre vèti Sosyete Sekou yo nan lavi li jan sa se obligasyon pou yon gason pou l entegre nan lavi li modèl karakè Prètriz la anseye yo."<sup>15</sup>

Lè Pwofèt Joseph Smith te òganize Sosyete Sekou a, li te anseye sè yo pou yo "pote pòv yo sekou" ak pou "sove nanm."<sup>16</sup> Nan chaj yo pou "sove nanm" nan, yo otorize sè yo pou yo òganize ak patisipe nan yon gwo domèn enfliyans. Lè Joseph Smith te di sè yo ke òganizasyon Sosyete Sekou a t ap prepare yo pou "privilèj, benediksyon, ak don Prètriz la,"<sup>17</sup> travay sali Senyè a te louvri pou yo. Sove nanm enkli pataje levanjil la ak patisipe nan travay misyonè. Sa enkli angaje nan travay tanp ak istwa

familyal. Sa enkli fè tout sa k posib pou vin espiritiyèlman ak tanporèlman otonòm.

Èldè John A. Widtsoe te deklare ke Sosyete Sekou ofri “sekou nan pòvrete, sekou nan maladi; sekou nan dout, sekou nan inyorans—sekou nan tout sa ki anpeche lajwa ak pwogrè fi yo. Ala yon tach mayifik!”<sup>18</sup>

Prezidan Boyd K. Packer te konpare Sosyete Sekou avèk “yon mi pwoteksyon.”<sup>19</sup> Responsablite pou pwoteje sè yo ak fanmi yo a ogmante siyifikasyon pran swen ak administre enstriksyon nan fwaye ak lòt sèvis kouran yo. Efò nou pou youn administre lòt demontre volonte nou pou sonje alyans nou fè avèk Senyè a tou. Nan wòl nou pou “administre moun ki nan bezwen yo ak moun ki aflije yo,” nou travay an amoni avèk evèk yo pou veye sou bezwen tanporèl ak espiritiyèl Sen yo.<sup>20</sup>

Prezidan Spencer W. Kimball te di: “Gen anpil sè ki abiye avèk ranyon—ranyon espiritiyèl. Yo gen dwa pou abiye ak bèl rad—rad espiritiyèl. . . Se obligasyon nou pou ale lakay yo pou ba yo rad pou ranplase ranyon yo”<sup>21</sup> Prezidan Harold B. Lee te pataje vizyon sa a. Li te di: “Èske nou pa ka wè poukisa Senyè a bay Sosyete Sekou responsablite pou vizite fwaye sa yo? Paske apre Mèt la Li menm, pa gen okenn moun nan Legliz la ki gen yon touch pi eman, yon konpreyansyon pi total de kè ak lavi moun sa yo.”<sup>22</sup>

Prezidan Joseph F. Smith te avèti sè Sosyete Sekou yo ak dirijant yo, kote l te di ke li pa t vle “wè moman kote Sosyete Sekou nou yo ap suiv . . . lòt òganizasyon fi yo, oubyen melanje avèk yo epi pèdi pwòp idantite pa yo nan fè sa.” Li te atann pou sè yo “dirije mond lan e . . . espesyalman fi yo nan mond lan, nan tout bagay ki diy pou louwanj, tout bagay Bondye renmen, tout bagay ki edifyan e ki pirifyan pou pitit lèzòm.”<sup>23</sup> Konsèy li a mete aksan sou chaj pou elimine tradisyon, sijè, ak mòd ak tandans epi enkòpore pratik ki annakò avèk objektif Sosyete Sekou yo.

Dirijant k ap chèche revelasyon yo kapab asire yo ke chak reyinyon, chak leson, klas, aktivite, ak travay Sosyete Sekou ranpli bi yo te kreye l pou l ranpli yo. Sosyablite, amitye, ak inite nou vle a se pral bèl rezilta ki soti nan sèvi ansanm avèk Senyè a nan travay Li.

## Akonpli vizyon pwofèt yo

Prezidan Thomas S. Monson ak konseye l yo te fèk sot temwaye “ke Senyè a te retabli plenitud levanjil la atravè Joseph Smith e Sosyete Sekou se yon pati enpòtan nan retablisman sa a.” Kòm prèv dezi li pou prezève “patrimwàn gloriye” Sosyete Sekou a, Premye Prezidans la fèk pibliye ak distribye toupatou *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (*Pitit fi m yo nan wayòm nan: Istwa ak travay Sosyete sekou*). Nan liv sa a, nou ka jwenn modèl ak egzanp sè ak frè k ap travay ansanm nan fanmi yo ak nan Legliz la, e nou ka aprann prensip sou kiyès nou ye, sa nou kwè, ak sa nou dwe pwoteje. Premye Prezidans la ankouraje nou pou nou etidye liv enpòtan sa a epi “kite verite etènèl ak egzanp enspiran ki ladan yo enspire lavi [nou].”<sup>24</sup>

Amezi ke sè yo ap vin pi an akò avèk bi Sosyete Sekou yo, vizyon pwofèt yo ap akonpli. Prezidan Kimball te di: “Gen yon pouvwa nan òganizasyon sa a [Sosyete Sekou] ki poko totalman egzèse pou fòtifye fwaye Siyon yo ak bati Wayòm Bondye a—ni sa pa p fèt pazavan sè yo ak prèttriz la kapte vizyon Sosyete Sekou a.”<sup>25</sup> Li te pwofetize ke “anpil nan gwo pwogresyon k ap vini nan Legliz la nan dènye jou yo ap vini gras ak anpil bon fi nan mond lan (ki souvan gen gwo esprityalite andedan yo) ki ap santi yo atire pou vin nan Legliz la. Sa ap rive nan lamezi yo wè fi yo nan Legliz la . . . separe ak diferan—nan bon fason an—de fi yo nan mond lan.”<sup>26</sup>

Mwen rekonesan pou vizyon pwofèt yo konsènan Sosyete Sekou. Menmjan ak Prezidan Gordon B. Hinckley, mwen “konvenki ke pa gen okenn lòt òganizasyon okenn kote ki egal a Sosyete Sekou a nan Legliz sa a.”<sup>27</sup> Se responsablite pa nou kounyeya pou mete nou annkò avèk vizyon pwofèt yo konsènan Sosyete sekou pandan n ap chèche pou ogmante lafwa, fòtifye fanmi, ak pote sekou.

M ap fini avèk pawòl Prezidan Lorenzo Snow yo: “Fiti Sosyete [Sekou] plen pwomès. Avèk kwasans Legliz la, domèn itilite li ap agrandi menmjan an tou, e bon enfliyans li ap ankò pi gran pase l te ye nan lepase.”<sup>28</sup> Pou sè yo k ap ede wayòm Bondye a avanse yo, li te di: “Jan nou pran pa nan travay sa a, se menm jan tou n apral sètènman pataje triyonf travay la ansanm

ak egzaltasyon ak laglwa Senyè a bay pitit fidèl Li yo.”<sup>29</sup>  
 Konsènan vizyon sa a mwen rann temwayaj mwen, nan non  
 Jezikri, amèn.

### Nòt

1. Gade Julie B. Beck, “Fulfilling the Purpose of Relief Society,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2008, 108–11.
2. Gade Julie B. Beck, diskou pwononse nan konferans pou fi yo nan IBY (Avr. 29, 2011), [http://ce.byu.edu/cw/womensconference/archive/2011/pdf/JulieB\\_openingS.pdf](http://ce.byu.edu/cw/womensconference/archive/2011/pdf/JulieB_openingS.pdf); “What I Hope My Granddaughters (and Grandsons) Will Understand about Relief Society,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2011, 109–13; “Relief Society: A Sacred Work,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2009, 110–14.
3. Gade Julie B. Beck, “Why We Are Organized into Quorums and Relief Societies” (Brigham Young University devotional address, Jan. 17, 2012), [speeches.byu.edu](http://speeches.byu.edu).
4. Mesaj sa a se pa yon revni konplè sou tout deklarasyon pwofèt yo konsènan Sosyete Sekou. Se yon echantiyon sou vizyon yo ak direksyon yo. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society*, conference reports, ak lòt piblikasyon Legliz la gen plis ansèyman sou sijè sa a.
5. Joseph Smith, nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 13.
6. Joseph Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 15.
7. Brigham Young, nan *Daughters in My Kingdom*, 41.
8. Joseph F. Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 65–66.
9. Joseph Fielding Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 142.
10. Joseph Fielding Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 97.
11. Boyd K. Packer, nan *Daughters in My Kingdom*, 85.
12. See Boyd K. Packer, “The Circle of Sisters,” *Ensign*, Nov. 1980, 110.
13. Gade lèt Premye Prezidans, 19 Mas 2003, ak 23 Fev 2007.
14. Gade *Daughters in My Kingdom*, 3–6.
15. Boyd K. Packer, nan *Daughters in My Kingdom*, 16.
16. Joseph Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 17.
17. Joseph Smith, nan *History of the Church*, 4:602.
18. John A. Widtsoe, nan *Daughters in My Kingdom*, 25.
19. Boyd K. Packer, *Ensign*, Nov. 1980, 110.
20. Joseph Fielding Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 142.
21. Spencer W. Kimball, nan *Daughters in My Kingdom*, 117.
22. Harold B. Lee, “The Place of Relief Society in the Welfare Plan,” *Relief Society Magazine*, Dec. 1946, 842.
23. Joseph F. Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 66.
24. The First Presidency, nan *Daughters in My Kingdom*, ix.
25. Spencer W. Kimball, nan *Daughters in My Kingdom*, 142.
26. Spencer W. Kimball, nan *Daughters in My Kingdom*, 95.
27. Gordon B. Hinckley, nan *Daughters in My Kingdom*, 160.
28. Lorenzo Snow, nan *Daughters in My Kingdom*, 19.
29. Lorenzo Snow, nan *Daughters in My Kingdom*, 7.

---

# Doktrin Kris la

**Pa Èldè D Todd Christofferson**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Nan Legliz la jodia, menmjan ak nan ansyen tan yo, defini doktrin Kris la oubyen korije devyasyon doktrinal se yon zafè revelasyon divin.*

---

Nou, nan Komite Sosyete Sekou a, eksprime pwofon rekonesans nou ak lanmou nou pou Sè Beck, Sè Allred, ak Sè Thompson.

Resamman, nou wè yon enterè kwasan k ap reveye nan piblik la konsènan kwayans Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Sa se yon bagay ki fè nou kontan paske, apretou, misyon fondamantal nou se anseye levanjil Jezikri a, doktrin Li a, nan tout mond lan (gade Matye 28:19–20; D&A 112:28). Men nou dwe admèt ke te genyen e toujou genyen kèk konfizyon ki egziste sou doktrin nou an ak fason li etabli. Se sou sijè sa a m vle pale avèk nou jodia.

Sovè a te anseye doktrin ni an depi nan ansyen tan yo, epi Apot li yo te lite anpil pou te prezève li kont atak fos tradisyon ak filozofi san rete. Epi yo nan Nouvo Testaman an rapòte anpil ensidan ki demontre yon apostazi grav ki t ap simaye pandan ministè Apot yo.<sup>1</sup>

Syèk ki te suiv yo te ilimine pa kèk reyon limyè levanjil okazyonèl, jiskaske nan 19 yèm syèk la, yon bèl douvanjou Retablisman te kòmanse nan mond lan epi levanjil Jezikri a, total ak konplèt, te tounen yon fwa ankò sou tè a. Jou gloriye sa a te kòmanse lè, nan “yon kolòn limyè ki te pi klere pase solèy la” ( Istwa-Joseph Smith 1: 16), Bondye Papa a ak Pitit Gason Byeneme L la, Jezikri, te vizite jèn Joseph Smith epi yo te kòmanse sa ki t ap vin tounen yon flo revelasyon ki te akonpaye avèk pouvwa ak otorite divin tou.

Nan revelasyon sa yo, nou jwenn sa nou ka rele doktrin debaz Legliz Jezikri a ki re etabli sou tè a. Jezi Li menm te defini doktrin nan nan pawòl sa yo ki ekri nan Liv Mòmmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri:

“Men doktrin mwen an, e se doktrin Papa a te ban mwen; m rann temwayaj konsènan Papa a ak mwen; e m rann temwayaj, Papa a kòmande tout moun, tout kote, pou yo repanti e kwè nan mwen.

“Epi nenpòt moun ki kwè nan mwen, e ki batize, moun sa yo ap sove; e se yo k ap eritye wayòm Bondye a.

“Epi nenpòt moun ki pa kwè nan mwen, ap kondane.

“. . . Epi, m ap di nou, se doktrin mwen an sa, e m rann nou temwayaj se nan Papa a li sòti; e nenpòt moun ki kwè nan mwen, kwè nan Papa a tou; e Papa a ap rann li temwayaj konsènan m, paske l ap vizite l avèk dife e avèk Sentespri a. . . .

“Anverite anverite, m ap di nou, se doktrin mwen an sa, e nenpòt moun ki bati sou sa, li bati sou wòch mwen an, e pòt lanfè a p ap kapab gen pouvwa sou li” (3 Nephi 11:32–35, 39).

Sa se mesaj nou, wòch nou bati sou li a, fondasyon tout lòt bagay nan Legliz la. Menmjan ak tout sa ki soti nan Bondye, doktrin sa a pi, li klè, li fasil pou konprann—menm pou yon timoun piti. Ak kè kontan, nou envite tout moun pou resevwa li.

Nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, “nou kwè tout bagay Bondye te revele, ak tout bagay li revele kounyeya, epi nou kwè li pral revele anpil gwo bagay ki enpòtan ankò konsènan Wayòm Bondye a” (Atik Lafwa 1:9). Sa vle di, byenke gen anpil bagay nou poko konnen, verite ak doktrin nou resevwa yo vini e ap kontinye vini pa revelasyon divin. Nan kèk relijyon, teyolojiyen deklare ke yo gen menm otorite pou anseye avèk dirijan relijye yo, epi kesyon doktrin yo kapab vin tounen yon konba opinion antreyo. Gen kèk ki apiye sou konsèy ekimenik Mwayen Aj yo ak kredo yo. Lòt mete majorite aksan yo sou rezonman teyolojiyen ki te vin apre Apot yo oubyen sou etid entèpretasyon Bib la ak eksplikasyon oswa kritik sou Bib la. Nou menm tou nou valorize etid ki amelyore konpreyansyon, men, nan Legliz la jodia, menmjan ak nan tan ansyen an, defini doktrin Kris la oswa korije devyasyon doktrinal se yon zafè revelasyon divin ki akòde a moun Senyè a dote avèk otorite apostolik.<sup>2</sup>

An 1954, Prezidan J. Reuben Clark Jr., ki te yon konseye nan Premye Prezidans lan lè sa a, te eksplike fason doktrin nan preche nan Legliz la ak wòl ekstrèmeman enpòtan Prezidan Legliz la. An palan de manm Premye Prezidans yo ak Kolèj Douz Apot yo, li te deklare: “[Nou] dwe [raple] nou ke gen kèk nan Otorite Jeneral yo ki resevwa yon apèl espesyal; yo posede yon don espesyal; yo soutni kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè, sa ki ba yo yon dotasyon espirityèl espesyal liye ak ansèyman y ap bay moun yo. Yo gen dwa, pouvwa, ak otorite pou deklare volonte Bondye bay pèp Li a, annakò avèk otorite ak pouvwa siprèm Prezidan Legliz la. Gen lòt Otorite Jeneral ki pa resevwa dotasyon ak otorite espirityèl espesyal sa a pou kouvri ansèyman yo; yo gen yon limitasyon, epi limitasyon pouvwa ak otorite nan anseye sa a aplike pou tout lòt ofisye ak manm yo nan Legliz la, paske okenn nan yo pa resevwa dotasyon espirityèl kòm pwofèt, vwayaj, ak revelatè. Anplis desa, jan nou fèk sot di a, Prezidan Legliz la gen yon dotasyon espirityèl pi espesyal nan domèn sa a, paske li se Pwofèt, Vwayan, ak Revelatè pou tout Legliz la annantye.”<sup>3</sup>

Kijan Sovè a revele volonte Li ak doktrin ni bay pwofèt, vwayan, ak revelatè L yo? Li gen dwa aji palentèmedyè yon mesaj oubyen pèsònèlman. Li gen dwa pale pa pwòp vwa pa li oubyen pa vwa Sentespri a—yon komunikasyon Lespri a lespri ki ka eksprime an pawòl oubyen nan santiman ki transmèt yon konesans ki depase mo (gade 1 Nefi 17:45; D&A 9:8). Li ka pale avèk sèvitè L yo dirèkteman oubyen aji an konsèy (gade 3 Nefi 27:1–8).

M ap site de ilustrasyon nan Nouvo Testaman an. Premye a sete yon revelasyon chèf Legliz la te resevwa. Nan kòmansman liv Travay la, nou wè Apot Kris yo k t ap deklare mesaj levanjil la sèlman bay Juif yo, selon modèl ministè Jezi a (gade Matye 15:24), men kounyeya selon kalandriye Senyè a, tan te rive pou yon chanjman. Nan Joppe, Pyè te fè yon rèv ki te repete twa fwa. Li te wè anpil kalite bèt ki trennen sou vant soti nan syèl la nan “yon gwo dra mare nan kat bout li” (Travay 10:11) e yo te kòmande l pou l “touye, lè fini, manje” (Travay 10:13). Pyè te ezite paske omwen kèk nan bèt yo “pa t pi” selon lwa Moyiz la, epi Pyè pa t janm te vyole kòmandman pou manje bagay sa yo. Men, vwa a te



di Pyè nan rèv li a: “Bagay Bondye di ki bon pou moun, ou menm pa di l pa bon” (Acts 10:15).

Siyifikasyon rèv sa a te vin klè lè, tousuit apre, plizyè moun ke kapitèn Women an, Kònèy, te voye te rive kay Pyè avèk yon demann pou l te vin anseye mèt yo a. Kònèy te reyini yon gwo gwoup fanmi ak zanmi, epi lè Pyè te wè yo tout te rasanble ap tann pou resevwa mesaj li a, li te di yo:

“Bondye fè m konnen mwen pa gen dwa gade pèsonn pou move moun ni pou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi. . . .

“ . . . Mwen konprann sa se vre, Bondye pa gade moun sou figi.

“Men li kontan ak tout moun nan tout nasyon ki gen krentif pou li epi ki fè sa ki dwat devan Li” (Acts 10:28, 34–35; see also verses 17–24).

“Pandan Pyè t ap di pawòl sa yo, Sentespri a te desann sou tout moun ki t ap koute mesaj la.

“Epi [moun ki te akonpaye Pè] yo te sezi . . . paske don Sentespri a te devèse sou Payen yo tou.

“ . . . Epi Pyè te reponn:

“Èske yon moun ka refize batize moun sa yo ki resevwa Sentespri a osibyen ke nou yo?” (Travay 10:44–47).

Pa eksperyans sa a ak revelasyon sa a Pyè te resevwa a, Senyè a te modifiye pratik Legliz la epi l te revele yon konpreyansyon doktrinal pi konplè bay disip Li yo. Epi konsa, preche levanjil la te elaji pou enkli tout limanite.

Nan apre, nan Liv Travay la, nou jwenn yon lòt istwa apeprè menm jan an, fwa sa a ki montre kijan revelasyon sou kesyon doktrin kapab vini lè nou reyini an konsèy. Yon dezakò te leve sou sijè pou konnen si sikonsizyon lwa Moyiz la mande a ta dwe etabli kòm yon kòmandman nan levanjil la ak nan Legliz Kris la (gade Travay 15:1, 5). “Epi Apot yo ak ansyen yo te chita ansanm pou egzamine kesyon an” (Travay 15:6). Rapò nou genyen sou reyinyon konsèy sa a sètènman enkonplè, men yo di nou ke apre “anpil diskisyon” (Travay 15:7), Pyè, Apot Senyè a, te leve kanpe epi l te deklare sa Sentespri a te konfime pou li. Li te raple konsèy la ke lè yo te kòmanse preche Payen ensikonsi yo levanjil la nan kay Kònèy la, yo te resevwa Sentespri a menmjan avèk konvèti

Juif sikonsi yo. Li te di, Bondye, “pa t fè okenn diferans ant yo menm ak nou menm, li te pirifye kè yo paske yo te kwè nan li.

“Kounyeya, poukisa pou n ap eseye fè plan ak Bondye konsa, lè nou vle fè disip yo pote yon chay ni zansèt nou ni nou menm nou pa t ka pote?

“Okontrè, nou kwè se yon favè Jezikri fè nou lè l delivre nou, menm jan li fè l pou yo tou” (Travay 15:9–11; gade touvèsè 8).

Après, Pòl, Banabas, ak petèt lòt moun te pale pou te kore deklarasyon Pyè a, Jak te pwopoze pou yo te ekri desizyon voye bay tout Legliz la, epi konsèy la te “tonbe dakò” (Travay 15:25; gade touvèsè 12–23). Nan lèt pou te anonse desizyon yo a, Apot yo te di: “Men sa nou jwenn ki bon pou Sentespri a, ak pou nou menm” (Travay 15:28), oubyen otremandi, desizyon sa a te vini pa revelasyon divin palentèmedyè Sentespri a.

Se menm chema sa a nou suiv nan Legliz retabli Jezikri a jodia. Prezidan Legliz la gen dwa anonse oswa entèprete pwen doktrin baze sou revelasyon li resevwa (gade, pa egzanp, D&A 138). Entèpretasyon doktrinal la kapab vini atravè konsèy konbine Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo (gade, pa egzanp, Deklarasyon Ofisyèl 2). Diskisyon an konsèy yo souvan gen ladan yo yon evalyasyon sou ekriti kanonik yo, ansèyman dirijan yo nan Legliz la, ak sa ki te fèt anvan nan menm sikonstans yo. Men alafen, menmjan ak nan Legliz Nouvo Testaman an, objektif la se pa senpleman akò ant manm konsèy yo men revelasyon nan men Bondye. Se yon pwosesis ki enplike larezon ak lafwa pou yon moun jwenn panse ak volonte Senyè a.<sup>4</sup>

An menm tan tou, nou dwe sonje ke se pa tout deklarasyon ki fèt pa yon dirijan nan Legliz la, pase ou prezan, ki nesèman doktrin. Òdinèman nan Legliz la, nou rekonèt ke yon deklarasyon ki fèt pa yon dirijan nan yon senp okazyon souvan reprezante yon opinion pèsonèl, malgre l byen konsidere, ki pa destine pou l ofisyèl oubyen obligatwa pou tout Legliz la annantye. Pwofèt Joseph Smith te anseye ke “yon pwofèt [se] yon pwofèt sèlman lè l [ap] aji antanke pwofèt.”<sup>5</sup> Prezidan Clark, ke nou te site anvan an, te di:

“Yon senp istwa papa m te rakonte m lè m te piti, byenke m pa konn pa ki otorite, ilistre pwen an. Istwa l la rakonte ke, pandan eksitasyon anrapò avèk rive Lame Johnston nan, Frè

Brigham, nan yon reyinyon nan maten, te preche moun yo yon diskou vibran plen defi kont lame a k t ap pwoche a epi l te deklare entansyon l pou reziste anba yo epi repouse yo. Nan reyinyon aprèmidi a, Brigham Young te leve epi l te di ke sete Brigham Young ki t ap pale maten an, men Senyè a pral pale kounyeya. Apresa, li te fè yon diskou, ki te egzakteman opoze ak diskou l te fè nan maten an. . . .

“ . . . Pa temwayaj Sentespri a ke manm yo resevwa, Legliz la ap konnen si Frè yo, lè y ap prezante pwendvi yo a, ap pale dapre jan Sentespri a anime yo, epi finalman konesans sa a ap manifeste.”<sup>6</sup>

Pwofèt Joseph Smith te konfime wòl santral Sovè a nan doktrin nou an nan yon fraz enpòtan: “Prensip fondamantal nan relijyon nou an se temwayaj Apot ak Pwofèt yo, konsènan Jezikri, ke l te mouri, li te antere, epi l te resisite nan twazyèm jou a, epi l te monte nan syèl; epi tout lòt bagay anrapò avèk relijyon nou yo se nan sa yo sòti.”<sup>7</sup> Temwayaj Joseph konsènan Jezikri sèke Li vivan, paske nou te wè l, bò kote dwat Bondye menm; epi nou te tandè vwa a ki t ap rann temwayaj pou fè konnen li se Sèl Pitit Literal Papa a” (D&A 76:23; gade touvèsè 22). Mwen priye tout moun k ap tandè oubyen li mesaj sa a pou ke, pa mwayen lapriyè ak etid ekriti, yo chèche menm temwayaj sa a sou nati divin Jezikri, sou Ekspyasyon an , ak Rezirèksyon an. Akseptè doktrin sa a kote wa repanti, batize, resevwa don Sentespri a epi apres pandan tout lavi ou, suiv lwa ak alyans yo nan levanjil Jezikri a.

Pandan ke fèt Pak la ap apwoche a, mwen eksprime pwòp temwayaj mwen ke Jezi, Moun Nazarèt la, sete e rete Pitit Gason Bondye, Mesi a menm yo te predi nan ansyen tan an. Li se Kris la, ki te soufri nan Jetsemani an, ki te mouri sou kwa a, ki te antere, epi ki anfèt te leve ankò sou twazyèm jou a. Li se Senyè ki te leve, resisite a, gras avèk Li te resisite e pa Li menm tout moun ki vle kapab rachte ak egzalte nan wayòm selès Li a. Menm Jezi sa a ki te anlve monte nan syèl la ap retounen ankò nan menmjan an tou pou dirije sou tè a (gade Travay 1:11). Sa se doktrin nou, ki konfime tout temwayaj anvan yo konsènan Jezikri epi ki renouvle ankò pou epòk pa nou an. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Neal A. Maxwell, "From the Beginning," *Ensign*, Nov. 1993, 18–19:  
 "Jak te denonse 'lagè ak goumen' pami Legliz la (Jak 4:1). Pòl te deplore 'divizyon' nan Legliz la ak 'lou devoran' ki pa t ap epaye 'twoupo' a (1 Kor. 11:18; Travay 20:29–31). Li te konnen yon apostazi t ap vini epi li te ekri Tesalonisyen yo ke dezyèm vini Jezi a pa t ap fèt pazavan "apostazi a te rive"; li te di yo pi lwen ke 'inikite te deja an aksyon' (2 Tes. 2:3, 7).  
 "Prèske nan fen an, Pòl te rekonèt nan ki pwen apostazi a te grav: 'Tout moun ki an Azi yo gen tan abandone m' (2 Tim. 1:15). . . .  
 "Fònikasyon ak idolatri ki te grandman repann nan te alame Apot yo (gade 1 Kor. 5:9; Efez. 5:3; Jid 1:7). Jan ak Pòl te plenyen pou lè yo te wè fo Apot t ap parèt (gade 2 Kor. 11:13; Rev. 2:2). Legliz la te anba syèj. Gen kèk moun ki te apostazyè epi apre ki te ouvètman opoze a Legliz la. Nan youn nan sitiasyon sa yo, Pòl te kanpe poukont li epi li te plenyen 'tout moun abandone m' (2 Tim. 4:16). Li te denonse moun ki 'te boulvèsè dè fanmi antye' tou. (Tit 1:11).  
 "Kèk dirijan lokal te rebele, tankou lè youn, ki te renmen domine, te refize resevwa frè yo (gade 3 Jn. 1:9–10).  
 "Se pa etonan ke Prezidan Brigham Young te obsève: 'Yo di ke Prètriz la te anlve soti nan Legliz la, men se pa konsa sa te pase, se Legliz la ki te elwaye de Prètriz la' (nan *Journal of Discourses*, 12:69)."  
 Nan listwa, jan Èldè Maxwell te ekspri li, "larezon, tradisyon filozofik Grèk la, te domine, epi apres a ranplase, konfyans nan revelasyon, yon konsekans ki te pwobableman aktive pa dè Kreyen

- byen entansyone ki te anvi entegre kwayans yo nan kouran prensipal kilti kontanporèn nan. . . .  
 ". . . Annou, nou menm [tou] rete vijilan kont tansyon pou adopte teyoloji revele a ak sa jès konvansyonèl" (*Ensign*, Nov. 1993, 19–20).
2. Apot ak pwofèt tankou Joseph Smith deklare pawòl Bondye, men tou, nou kwè ke gason ak fi anjeneral, e menm timoun piti, kapab aprann pa enspirasyon divin an repons ak priyè ak etid ekriti. Menm jan ak nan tan ansyen Apot yo, manm yo nan Legliz Jezikri a resevwa don Sentespri a, ki fasilite komunikasyon kontini avèk Papa yo ki nan Syèl la, oubyen, otramandi, revelasyon pèsònèl (gade Travay 2:37–38). Nan fason sa a, Legliz la vin yon gwoup moun plen matirite espiyèl, angaje ke lafwa yo pa avèg men eklere—paske li fonde ak konfime pa Sentespri a. Sa pa vle di ke chak manm pale pou Legliz la oubyen kapab defini doktrin ni men, chak moun kapab resevwa konsèy diven pou jere eprèv yo ak chwa ki prezante nan lavi yo.
  3. J. Reuben Clark Jr., "When Are Church Leaders' Words Entitled to Claim of Scripture?" *Church News*, July 31, 1954, 9–10; gade tou Doktrin ak Alyans 28:1–2, 6–7, 11–13.
  4. Preparasyon ak kalifikasyon yo mande pou moun ki patisipe nan yon konsèy yo se "lajistis, . . . sentete, imilite nan kè, dousè ak andirans, . . . lafwa, ak vèti, ak konesans, tanperans, pasyans, pyete, bonte fratènèl ak charite;  
 "Paske pwomès la se, si bagay sa yo abonde nan yo, yo pap pa gen konesans Senyè a" (Doktrin ak Alyans 107:30–31).

5. Joseph Smith, nan *History of the Church*, 5:265.
6. J. Reuben Clark Jr., “Church Leaders’ Words,” 10. Konsènan yon istwa papa l te rakonte l sou Brigham Young, Prezidan Clark te ekri nan apre:  
“Mwen pa konnen si sa konn rive deja, men m panse ke sa ilistre yon prensip—ke menm Prezidan Legliz la, li menm, gen dwa pa toujou ‘enspire pa Sentespri a’, lè l ap adrese l ak moun. Sa rive nan zafè doktrin (abityèlman se sipozisyon) kote Prezidan apre yo nan Legliz la ak lòt moun te santi moun nan pa t ‘ap pale selon

Lespri’ lè l te fè deklare doktrin nan.’

- “Kijan Legliz la kapab konnen si ekspedisyon Frè yo nan prensip ak doktrin otman sipoze sa yo reponn ak kondisyon pou asire ke yo te ‘pale selon Sentespri a’? Legliz la ap konnen gras ak temwayaj Sentespri a ki akòde a manm yo, si Frè yo k ap ekspri ide yo a fè sa ‘sou enspirasyon Sentespri a’; epi konesans sa a ap revele pou yo lè moman an rive” (J. Reuben Clark Jr., “Church Leaders’ Words,” 10).
7. *Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* (2007), 49.

# Kous lavi a

**Pa Prezidan Thomas S. Monson**

---

*Ki kote nou soti? Poukisa nou isit sou tè a? Ki kote nou prale apre lavi sa a? Pa gen rezon pou kesyon inivèsèl sa yo rete san repons.*

---

Frè ak sè byeneme m yo, maten an mwenn ta renmen pale avèk nou sou verite etènèl—verite sa yo ki ap anrichi lavi nou e mennen nou tounen lakay an sekirite yo.

Toupatou, moun ap prese. Avyon areyaksyon pisan ap mete vitès pou transpòte presye kagezon moun pou travèse gran kontinan ak gwo lanmè pou yo ka al nan reyinyon biznis, pou ranpli obligasyon, pou al pase vakans, oubyen al vizite fanmi. Wout toupatou—otowout, wout rapid, wout ekspres—ap pote demilyon otomobil, okipe pa plis pase milyon moun, nan yon flo aparaman sanfen ak pou yon kantite rezon k fè n ap kouri pou al regle zafè nou chak jou.

Nan vitès lavi kawotik sa a, èske nou janm poze pou pran yon ti tan pou medite—sitou sou verite etènèl yo?

Lè yo konpare ak verite etènèl yo, pifò nan kesyon ak preyokipasyon lavi chak jou nou yo reyèlman trè ensiyifyan. Kisa pou nou prepare pou dine aswè a? Ki koulè pou n pentire salon an? Èske nou ta dwe enskri Jhonny nan foutbòl? Kesyon sa yo ak si anpil lòt menmjan avèk yo, pèdi tout siyifikasyon yo lè moman kriz leve, lè moun nou renmen blese, lè maladi tonbe nan yon fwaye ki an bon sante, lè chandèl lavi ap bese epi lanmò ap menase. Panse nou vin konsantre e nou fasilman kapab detèmine kisa ki reyèlman enpòtan ak sa ki senpleman ensiyifyan.

Sa pa gen lontan m t al vizite yon fi ki ap lite depi dezan anba yon maladi ki menase lavi li. Li te di ke anvan maladi a, jounen li

te ranpli ak aktivite tankou netwaye kay li ala pèfeksyon epi ranpli l avèk bèl mèb. Li t al nan estidyò de fwa pa semèn e l te konn depanse tan ak lajan chak mwa pou achte nouvo rad. Li pa t konn envite pitit pitit li yo pou vin vizite l souvan, paske li toujou pè pou timen neglijan timon yo pa t kraze oubyen detwi sa l te konsidere kòm byen presye l yo.

Epi, li te reswvwa nouvèl twomatizan sanzatan sa a ke lavi mòtèl li te menase epi petèt li pa t gen anpil tan pou l te rete isit sou tè a. Li te di ke nan moman l te tande dyagnostik doktè a, li te konnen imedyatman ke l t a pral pase kèlkeswa tan l te rete a avèk fanmi li ak zanmi li epi avèk levanjil la nan sant lavi li, paske bagay sa yo reprezante sa k te pi presye pou li.

Kalite moman klèvwayans sa yo, nou tout resevwa yo, yon moman oubyen yon lòt, byenke petèt se pa toujou atravè yon sikonstans osi dramatik. Nou wè klèman ke sa ki reyèlman konte nan lavi nou ak fason nou ta dwe viv.

Sovè a te di:

“Pa anpile richès nou isit la sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo, kote vòlè kapab vòlè yo pote ale.

“Men anpile richès nou nan syèl la, paske la pa gen vè ni lawouj ki pou manje yo, ni vòlè ki pou vòlè yo.

“Paske kote richès ou ye, se la kè w ye tou.”<sup>1</sup>

Nan tan pwofon refleksyon oswa gran bezwen yo, nanm lòm ale vè syèl la, pou chèche yon repons divin pou pi gwo kesyon lavi yo: *Ki kote nou soti? Poukisa nou isit la? Ki kote nou prale lè nou kite lavi sa a?*

Repons pou kesyon sa yo nou pap jwenn yo andedan paj liv lekòl ni nan tcheke sou Entènèt. Kesyon sa yo depase mòtalite a. Yo anglobe letènite.

*Ki kote nou soti?* Kesyon sa a nan panse, si se pa nan pale, tout kretyen vivan.

Apot Pòl te di Atenyen yo, nan mitan Aewopaj la ke “nou se pitit Bondye.”<sup>2</sup> Paske nou konnen ke kò fizik nou se pitit paran mòtèl nou yo, nou dwe chèche siyifikasyon deklarasyon Pòl la. Senyè a te deklare ke “lespri a ak kò a se nanm lòm.”<sup>3</sup> Konsa lespri a se pitit Bondye. Moun ki ekri Ebre a fè referans avèk Li antanke “Papa espri yo.”<sup>4</sup> Lespri tout moun literalman “se pitit gason ak pitit fi”<sup>5</sup> Li.

N ap note ke, pou fè nou reflechi sou sijè sa a, pwofèt enspire ekri mesaj touchan ak panse ekstraòdinè. William Wordsworth te ekri verite sa a:

*Nesans nou se yon somèy ak yon oubli;  
 Nanm nan ki leve avèk nou an, zetwal lavi nou,  
 Te pran depa li yon lòt kote,  
 Epi li soti lwen;  
 Nou pa totalman bliye  
 E nou pa totalman toutouni,  
 Se avèk nyaj laglwa ke nou vini  
 Soti kot Bondye, ki se lakay nou.  
 Syèl la sou nou pandan anfans nou!*<sup>6</sup>

Paran yo reflechi sou responsablite yo pou anseye, enspire, ak dirije pitit yo, pou ba yo direksyon ak egzanp. Epi pandan ke paran yo ap reflechi, timoun yo—e patikilyèman jèn yo—ap poze kesyon penetran: “Poukisa nou isit la?” Jeneralman, kesyon sa a adrese an silans nan nanm yo epi l di: “Poukisa mwen isit la?”

Ala nou dwe rekonesan dèske yon Kreyatè saj te kreye yon tè epi mete nou ladan avèk yon vwal oubli sou egzistans nou te genyen anvan an pou nou kapab pase pa yon tan mizaleprèv, yon opòtinite pou pwouve tèt nou, pou nou kapab kalifye pou tout sa Bondye prepare pou nou resevwa yo.

Klèman, youn nan bi esansyèl egzistans nou isit la sou tè a se pou resevwa yon kò lachè ak zo. Yo ba nou libabit tou. Nan milye fason, nou privilejiye paske nou ka chwazi pou tèt pa nou. Isit la nou aprann atravè demand difisil eksperyans pèsònèl. Nou disène ant byen ak mal. Nou fè diferans ant anmè ak dous. Nou dekouvri ke gen konsekans ki mache ak chak aksyon nou.

Si nou obeyi kòmandman Bondye yo, nou kapab kalifye pou “kay” sa a Jezi te pale a lè l te deklare: “Gen plizyè demè nan kay Papa m nan . . . mwen pral prepare yon plas pou nou . . . pou kote ma ye, se la na va ye tou.”<sup>7</sup>

Malgre ke nou vini nan mòtalite a “avèk nyaj laglwa,” lavi a kontinye avanse san rete. Lajenès suiv anfans, e matirite vini san nou pa reyalize. Apati eksperyans nou aprann ke nou dwe tounen vè syèl la pou n jwenn asistans pandan n ap fè chemen nou toutolon wout lavi a.



Bondye, Papa nou, ak Jezikri, Senyè nou an, trase chemen ki mennen nan pèfeksyon an. Yo envite nou pou nou suiv verite etènèl yo epi vin pafè, menmjan yo pafè a.<sup>8</sup>

Apot Pòl te konpare lavi ak yon kous. Li te egzòte Ebre yo: “Annou rejte . . . tout peche ki fasilman vlope nou, epi annou kouri avèk pasyans nan chemen yo mete devan nou an.”<sup>9</sup>

Nan zèl nou, annou pa neglije konsèy saj ki nan Eklezyas la: “kous la se pa pou moun ki rapid la, batay la se pa pou vanyan an.”<sup>10</sup> An reyalyte, pri a se pou moun ki pèsèvere jiskalafen an.

Lè m ap reflechi sou kous lavi a, mwen sonje yon lòt kalite kous, yon kous nan epòk anfans mwen. Zanmi m yo avèk mwen te konn pran kanif nou epi, nan bwa mou yon pyebwa, nou te konn fè ti bato jwèt. Avèk yon vwal koton nan fòm triyangilè anplas, nou chak te konn lanse ti bato sa yo nan yon kous sou dlo ajite Rivyè Provo a nan Uta. Nou te konn kouri sou tout bò rivyè a pou gade ti bato yo ki pafwa te konn balote anpil nan kouran rapid la oubyen vwayaje byen trankil pandan dlo a t ap elaji.

Pandan yon kous byen patikilye, nou te remake ke youn nan ti bato yo te pran devan tout rès yo pou ale nan liy final la. Toudenkou, kouran an te rale l twò pre yon gwo toubiyon, epi bato a te soulve bò kote li epi l te chavire. Toubiyon an te vire l anwon, sa k te fè l pa kapab jwenn wout li pou retounen nan kouran prensipal la. Finalman li te fini pa rete nan yon repo fòse nan pwent dlo a, nan mitan debri ki te antoure li, agripe pa grif lemouch vèt la ki te pran l.

Ti bato jwèt sa yo nan anfans mwen an pa t gen fondasyon pou ba yo estabilite, ni gouvènay pou ba yo direksyon, ni sous enèji pou te fè yo avanse. Inevitableman, destinasyon yo sete glise desann sou—chemen mwens rezistans la.

Kontrèman ak ti bato jwèt yo, nou resevwa kalite divin pou gide vwayaj nou. Nou antre nan mòtalite a non pa pou nou flote nan kouran balotan lavi yo men avèk pouvwa pou panse, pou rezone, ak pou akonpli.

Papa nou ki nan Syèl la pa t voye nou nan vwayaj etènèl nou an san l pa ba nou mwayen pou nou resevwa gidans li pou asire ke nou retounen an sekirite. M ap pale de lapriyè. M ap pale de chichotman ti vwa dous piti a tou; epi mwen pa bliye ekriti sent

yo, ki gen pawòl Senyè a ak pawòl pwofèt yo—ke yo ba nou pou ede nou travèse liy arive a avèk sikse.

Gen yon moman k ap rive nan misyon mòtèl nou, kote n ap gen pa ezitan, souri fatige, doulè maladi—menm fen lete (jenès nou), apwòch lotòn, fredri livè, ak eksperyans nou rele lanmò a.

Tout moun k ap reflechi konn poze tèt yo kesyon sa a Jòb te poze a: “Si yon moun mouri, èske l ap viv ankò?”<sup>11</sup> Menmsi nou pa ta vle panse ak kesyon sa a, l ap toujou retounen nan tèt nou. Lanmò vini pou tout limanite. Li vini pou moun ki aje pandan y ap mache sou pa ezitan. Li vini pou moun ki apèn atenn mitan vwayaj lavi yo. Pafwa li kanpe ri menm timoun piti.

Men sa nou konnen de yon egzistans apre lanmò? Èske lanmò se fen tout bagay? Robert Blatchford, nan liv li a, *God and My Neighbor* (*Bondye ak pwochen m*) nan te vivman atake kwayans kretyen tankou Bondye, Kris la, lapriyè, e patikilyèman imòtalite. Li te kareman deklare ke lanmò sete fen egzistans nou epi okenn moun pa ka pwouve otreman. Epi yon bagay siprenan te rive. Miray enkredilite l la te tonbe an pousyè toudenkou. Li te retwouve l ekspoze ak san defans. Lantman, li te kòmanse chèche wout pou tounen nan lafwa a li te si ridikilize ak abandone a. Sa k te lakoz pwofon chanjman sa a nan li menm? Madanm ni te mouri. Avèk yon kè brize, li te ale nan sal la kote yo te ekspoze kò madanm ni an. Li te gade ankò sou figi li te renmen si byen sa a. Lè l te soti, li te di yon zanmi: “Se li menm, men an menm tan, se pa limen. Tout bagay chanje. Gen yon bagay ki te la anvan ki soti. Li pa menm moun nan. Kisa ki ka posibman ale si se pa nanm nan?”

Nan apre li te ekri: “Lanmò se pa sa moun imajine a. Se jis tankou pase al nan yon lòt chanm. Nan lòt chanm sa a na va jwenn . . . gason ak fi ki ak timoun ki chè pou nou ke nou te renmen epi pèdi yo.”<sup>12</sup>

Frè m ak sè m yo, nou konnen lanmò se pa yon fen. Pwofèt nan tout epòk te anseye nou verite sa a. Nou jwenn ni nan ekriti sent yo tou. Nan Liv Mòmò an, nou li pawòl presi ak rekonfòtan sa yo:

“Kounyeya, dapre sa k pral pase nanm yo pandan espas tan ant lanmò ak rezirèksyon an—Reyèlman yon zanj te fè m konnen, sito lespri tout moun kite kò mòtèl sa a, wi, lespri tout moun,

menm si yo bon oubyen move, y ale lakay Bondye sa ki te ba yo lavi a.

“Epi lè sa a, se pral konsa, lespri moun ki jis yo antre nan yon lavi byennèt ki rele parade, yon lavi repo, yon lavi lapè, pou yo repoze apre tout pwoblèm yo, epi apre tout sousi ak lapenn yo.”<sup>13</sup>

Lè Sovè a te krisifye epi kò li te kouche nan tonm nan pandan twa jou, lespri li te antre ankò. Wòch la te woule, epi Redanmtè resisite a te mache soti, abiye avèk yon kò chè ak zo imòtèl.

Repons la pou kesyon Jòb la: “Si yon moun mouri, èske l ap viv ankò a?” a te vini lè Mari ak lòt yo te pwoche bò tonm nan epi yo te wè de mesye nan rad briyan ki te pale avèk yo: Poukisa n ap chèche moun ki vivan an pami mò yo? Li pa isit la, men li resisite.”<sup>14</sup>

Kòm rezilta viktwà Sovè a sou tonm nan, nou tout ap resisite. Sa a se redanmsyon nanm nan. Pòl te ekri: “Gen . . . kò selès, ak kò terès: men ekla kò selès la se youn, epi ekla kò terès la se yon lòt.”<sup>15</sup>

Se laglwa selès la n ap chèche. Se nan prezans Bondye nou vle demere. Nou vle manm yon fanmi k ap viv pou tout tan. Benediksyon sa yo nou travay pou yo tout yon lavi ap efòse nou, chèche, repanti, epi finalman reyisi.

*Ki kote nou soti? Poukisa nou isit sou tè a? Ki kote nou prale apre lavi sa a?* Kesyon inivèsèl sa yo pa bezwen rete san repons ankò. Nan pwofondè kè mwen ak an tout imilite, mwen temwaye ke bagay sa yo m sot pale a vre.

Papa nou ki nan Syèl la rejwi pou moun k ap respekte kòmandman l yo. Li sousye pou pitit ki pèdi a, tinedjè k ap rantre ta a, jèn ki detounen an, paran delenkan an. Tandremen Mèt la pale avèk moun sa yo, epi anfèt avèk nou tout: “Retounen. Vini. Antre. Retounen lakay. Vin jwenn mwen.”

Nan yon semèn nou pral selebre Pak. Panse nou ap tounen vè lavi Sovè a, lanmò Li, ak Rezirèksyon L la. Antanke temwen espesyal Li, mwen temwaye nou ke Li vivan e L ap tann retou triyonfan nou. Pou nou kapab atenn kalite retou sa a, mwen priye nan non sakre Li—non Jezikri, Sovè nou ak Redanmtè nou, amèn.

1. Matye 6:19–21.

2. Travay 17:29.

3. Doktrin ak Alyans 88:15.

4. Ebre 12:9.

5. Doktrin ak Alyans 76:24.

6. William Wordsworth, *Ode: Intimations of Immortality from Recollections of Early Childhood* (1884), 23–24.
7. Jan 14:2–3.
8. Gade Matye 5:48; 3 Nefi 12:48.
9. Ebre 12:1.
10. Eklezyas 9:11.
11. Jöb 14:14.
12. Gade Robert Blatchford, *More Things in Heaven and Earth: Adventures in Quest of a Soul* (1925), 11.
13. Alma 40:11–12.
14. Lik 24:5–6.
15. 1 Korentyen 15:40.

# Pouvwa delivrans la

**Pa Èldè L. Tom Perry**  
*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Nou kapab delivre anba bagay mal yo ak mechanste yo si nou tounen nou vè ansèyman yo ki nan Ekriti Sent yo.*

---

Mwen gen yon trè bon zanmi ki voye yon kravat tou nèf ban mwen chak konferans jeneral pou m mete nan sesyon kote m pale yo. Li gen bon gou, pa vre?

Zanmi m nan gen kèk pwoblèm grav. Yo limite li nan kèk domèn, men nan lòt domèn li ekstraòdinè. Pa egzanp, odas li kòm misyonè ka konpare avèk pitit gason Mozya yo. Senplisite kwayans li rann konviksyon li enkwayabman fèm ak konstan. Mwen kwè nan espri Scott, li enpansab pou tout moun pa manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo e tout moun pa li Liv Mòmmon an e pa gen yon temwayaj konsènan verasite li.

Kite m rakonte nou yon evènman nan lavi Scott lè l t ap fè premye vwayaj nan avyon poukont li pou l t al vizite frè li. Yon vwazen ki te chita toupre a te tandè konvèsasyon Scott avèk yon moun ki te chita bò kote li:

“Alo, non m se Scott. Ki non pa w?”

Moun nan ki te chita kote l la te di non li.

“Ki metye w?”

“Mwen se enjenyè”.

“ Sa bèl. Ki kote w rete?”

“Las Vegas.”

“Nou gen yon tanp nan kote sa a. Èske w konnen ki kote tanp Mòmmon an ye?”

“Wi. Se yon bèl bilding.”

“ Èske w se Mòmmon?”

“Non.”

“Enben, ou ta dwe Mòmmon. Se yon gwo relijyon. Èske w li Liv Mòmmon an?”

“Non.”

“Enben, ou ta dwe fè sa. Se yon gwo liv.”

Mwen toutafè dakò avèk Scott—Liv Mòmmon an se yon gwo liv. Pawòl Pwofèt Joseph Smith yo ki site nan entwodiksyon Liv Mòmmon an toujou sonnen nan tèt mwen: “M te di frè Legliz yo Liv Mòmmon an se liv ki pi kòrèk pase tout lòt liv sou tè a, e li se fondman relijyon nou an, e si yon moun suiv presèp liv la, l ap vin pi pre Bondye pase si l suiv presèp nenpòt lòt liv.”

Ane sa a n ap etidye Liv Mòmmon an nan klas Lekòldidimanich nou. Lè n ap prepare ak patisipe, se pou nou motive pou n suiv egzanp dirèk Scott la pou pataje lanmou nou pou ekriti espesyal sa yo avèk lòt moun yo ki pa manm legliz nou yo.

Yon tèm dominan Liv Mòmmon an chita nan dènye vèsè premye chapit 1 Nefi a. Nefi ekri: “Men, mwen menm, Nefi, m ap montre nou, mizèrikòd byenveyan Senyè a sou tout moun li te chwazi, poutèt lafwa yo, pou l fè yo fò menm nan pouvwa delivrans” (1 Nefi 1:20).

Mwen ta renmen pale konsènan kijan Liv Mòmmon an, ki se yon tand mezèrikòd Senyè a ki te prezève pou dènye jou sa yo, delivre nou nan anseye nou doktin Kris la nan yon fason ki pi ak “pi korèk.”

Anpil nan istwa nan Liv Mòmmon an se istwa delivrans. Vwayaj Leyi nan dezè a avèk fanmi l la se te osijè delivrans anba destriksyon Jerizalem. Istwa Jaredit yo se yon istwa delivrans, menm jan ak istwa moun Milekit yo. Alma, pitit la, te delivre anba peche. Gèrye Elaman yo te delivre nan batay. Nefi ak Leyi te delivre soti nan prizon. Tèm delivrans lan evidan nan tout tout Liv Mòmmon an.

Gen de istwa nan Liv Mòmmon an ki sanble anpil e ki anseye yon leson enpòtan. Premye a se nan liv Mozya a, kòmanse nan 19vyèm chapit la. Ladan nou aprann konsènan Wa Limi ki t ap viv nan peyi Nefi a. Lamanit yo te deklare lagè kont pèp Limi an. Rezilta lagè a sèke Lamanit yo t ap pèmèt Wa Limi dirije pèp li a, men yo t ap nan esklavaj anba men yo. Se te yon lapè ki pa t fasil ditou. (Gade Mozya 19–20.)

Lè pèp Limi an te fatigue avèk abi yo t ap sibi nan men Lamanit yo, yo te konvenk wa a pou l t al batay kont yo. Yo te pèdi batay la pandan twa fwa. Lamanit yo te mete chay lou sou yo. Finalman yo te imilye tèt yo epi yo te priye Senyè a ak tout kè yo pou l te delivre yo. (Gade Mozya 21:1–14.) Vèsè 15 nan chapit 21 an di nou repons Senyè a: “Epi kounyeya Senyè a te pran tan pou l tandè kriye yo poutèt inikite yo; men, Senyè a te tandè kriye yo, e li te kòmanse touche kè Lamanit yo pou yo te kapab kòmanse fè chay yo pi lejè; men Senyè a pa t wè l nesèsè pou l delivre yo nan esklavaj.”

Yon ti kras tan apres a Amon ak yon ti gwoup gason k te soti Zarahemla te rive, epi avèk Jedeyon—youn nan dirijan pèp Limi an—you te prepare yon plan ki te reyisi, epi yo te chape anba move tretman Lamanit yo. Senyè a te pran tan pou l te tandè kri yo. Poukisa? Akoz inikite yo.

Dezyèm istwa a sanblab nan anpil aspè men li diferan tou. Resi a ekri nan Mozya 24.

Alma avèk pèp li a te abite nan peyi Elam nan, lè yon lame Lamanit te rive sou fwontyè peyi a. Yo te reyini epi yo te prepare yon solisyon pasifik. (Gade Mozya 23:25–29.) Vit apres a, chèf Lamanit yo te kòmanse enpoze volonte yo sou pèp Alma a epi yo te mete chay lou sou do yo pou yo pote (gade Mozya 24:8). Nan vèsè 13 la nou li: “Epi, sete konsa, vwa Senyè a te fè yo tandè l nan afliksyon yo, li te di: Leve tèt nou, e konsole nou paske m konnen ki alyans nou te fè avèk mwen; m ap fè alyans avèk pèp mwen an, e m ap delivre l anba esklavaj.”

Pèp Alma a te delivre anba men Lamanit yo epi an sekirite yo te retounen pou yo t al reyini avèk pèp Zaramen la a.

Ki diferans ki te genyen ant pèp Alma a ak pèp Wa Limi an? Nou ka wè, te gen anpil diferans: pèp Alma a te pezi e yo te pi jis; yo te deja batize epi yo te fè alyans avèk Senyè a; yo te imilye yo devan Senyè a menm avan tribilasyon yo te kòmanse. Tout diferans sa yo te fè l apwopriye ak jis pou Senyè a te delivre yo rapidman pa yon fason mirakile anba men men ki te kenbe yo nan esklavaj la. Ekriti sa yo anseye nou pouvwa delivrans Senyè a.

Pwofesi ki anonse lavi ak misyon Jezikri yo pwomèt nou delivrans l ap pote yo. Ekspyasyon L lan ak Rezirèksyon L lan

bay nou tout yon delivrans anba lanmò fizik, epi si nou repanti, yon delivrans anba lanmò espirityèl, ki mennen avèk li lavi etènèl. Pwomès Ekspyasyon an ak Rezirèksyon an, pwomès delivrans anba lanmò fizik ak lanmò espirityèl la, Bondye ki te deklare yo bay Moyiz lè L te di: “Paske gade, sa a se travay mwen ak laglwa mwen – pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm” (Moyiz 1:39).

Alopoze kwayans ki mayifikman prepare pou nou yo nan ekriti sent yo, nou jwenn fòs opoze layik yo ki an opozisyon avèk kwayans depi lontan yo ki nan ekri sent yo—ekri sa yo menm ki konn gide nou toutolon syèk yo pou defini valè ak prensip etènèl konduit pou tout lavi nou yo. Yo deklare ke ansèyman yo nan Bib la fo e ansèyman Mèt la pa alamòd ankò. Yo leve vwa yo pou di ke chak moun dwe gen libète pou fikse pwòp prensip pa li; yo eseye modifiye dwa kwayan yo, kontrèman ak sa yo anseye nan ekriti yo ak nan pawòl pwofèt yo.

Ala yon benediksyon sa ye pou nou gen resi sou misyon Senyè nou ak Sovè nou an ki deklare nan Liv Mòmmon an pou ajoute yon dezyèm temwayaj sou doktrin ki deklare nan Bib la. Poukisa li enpòtan pou mond lan gen ni Bib la ni Liv Mòmmon an? Mwen kwè nou jwenn repons lan nan trèzyèm chapit 1 Nefi a. Nefi ekri: “Epi, zanj la te pale avèk mwen, li di: dènye rejis ou te wè nan pami Janti yo, pral table verite anvan yo, ki te soti nan men douz apot Ti Mouton an yo, e yo pral fè konnen pati klè epi presye ki te soti ladan yo a; e yo pral fè tout fanmi konnen, Ti Mouton Bondye a se Pitit Gason Papa Etènèl la, li se Sovè mond lan; epi tout moun dwe vin jwenn li, oubyen, yo pa kapab sove” (vèsè 40).

Ni Bib la ni Liv Mòmmon an pa sifi si yo chak kanpe poukont you. Toulède nesèsè pou nou pou anseye ak aprann dotrin total ak konplèt Kris la. Lefèt ke youn bezwen lòt la pa diminye youn ladan yo. Toulède, Bib la ak Liv Mòmmon an, nesèsè pou sali nou ak egzaltasyon nou. Jan Prezidan Ezra Taft Benson te si byen anseye a: “Lè yo itilize ansanm, Bib la ak Liv Mòmmon an, konfonn doktrin fos yo (“A New Witness for Christ,” *Ensign*, Nov. 1984, 8).

Mwen vle fini avèk de istwa—youn nan Ansyen Testaman an, lòt la nan Liv Mòmmon an—pou montre kijan liv sa yo si byen fonksyone ansanm an amoni.



Istwa Abraram nan kòmanse avèk delivrans li anba men Kaldeyen nan idolatri yo (gade Jenèz 11:27–31; Abraam 2:1–4). Limenm ak madanm ni, Sara, te delivre anba chagren yo nan apre epi yo te resevwa pwomès ke atravè desandan yo tout nasyon sou tè a t ap beni (gade Jenèz 18:18).

Ansyen Testaman an gen resi kote Abraram te pran Lo, neve li, avèk li pou kite peyi Ejipt. Lè l te bay Lòt chwazi anpremye nan ki peyi yo chak ta prale, Lòt te chwazi plèn Jòuden an, epi li te kanpe tant li anfas Sodòm, yon vil ki te plen mechanste (Gade Jenèz 13:1–12.) Pifò nan pwoblèm Lòt te rankontre nan lavi l nan apre, e yo te anpil, te soti nan premye desizyon sa a pou l te mete pòt tant li anfas Sodòm nan.

Abraram, papa fidèl yo, te viv diferan. Byensi l te gen anpil pwoblèm, men li te gen yon lavi beni. Nou pa konn nan ki pozisyon pòt tant Abraram nan te ye, men gen yon gwo ide sou sa nan dènye vèsè chapit 13 liv Jenèz la. Li rapòte: “Se konsa, Abraram ranmase tout zafè l, li vin rete bò pye bwadchèn Manmre yo, toupri Ebron. Se la li te bati yon lotèl pou Senyè a” (Jenèz 13:18).

M pa reyèlman konnen, mwen kwè pèsònèlman ke pòt tant Abraram nan te fè fas ak lotèl li te bati pou Senyè a. Kòman m fè rive nan konklizyon sa a? Se paske m konnen istwa Liv Mòmòn an sou enstriksyon Wa Benjamen te bay pèp li a lè yo te rasanble pou koute dènye diskou l la. Wa Bejamen te enstwi yo pou yo te mete pòt tant yo anfas tanp lan (gade Mozya 2:1–6).

Nou kapab delivre anba anpriz mal ak mechanste si nou vire nou vè ansèyman yo nan ekriti sent yo. Sovè a se gran Liberatè a, paske li delivre nou anba lanmò ak anba peche (gade Women 11:26; 2 Nefi 9:12).

Mwen deklare ke Jezi se Kris la e nou kapab pwoche pi pre li si nou li Liv Mòmòn an. Liv Mòmòn an se yon lòt temwayaj konsènan Jezikri. Premye temwayaj konsènan Jezikri a se Ansyen ak Nouvo Testaman—ki se Bib la.

Ankò, kite m raple deskripsyon zanmi mwen, Scott, konsènan Liv Mòmòn an: “Se yon gwo liv.” E mwen temwaye nou ke pifò nan grandè Liv Mòmòn an soti nan fason li an amoni avèk Bib sent lan, nan non Jezikri, amèn.

---

# Pou nou jwenn moun ki pèdi yo

**Pa Eldè M. Russell Ballard**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Si nou chèche viv levanjil la ak doktrin Kris la, Sentespri a ap gide nou, nou menm ansanm ak fanmi nou.*

---

Frè m ak sè m yo, selon ekriti yo, Lyawona a sete “yon boul won, ki te byen fèt” ki te gen de zegwi andedan boul la, e youn ladan yo te pwente nan direksyon fanmi Leyi te dwe ale nan dezè a (1 Nefi 16:10).

M panse m konn poukisa Leyi te etone anpil konsa a lè l te fè k wè l la paske m sonje reyaksyon m te genyen premye fwa m te wè yon GPS. Pou mwen, sete yon aparèy modèn “ki te byen fèt.” M toujou pa menm ka imajine ke ti aparèy piti sa a, kote l ye nan telefòn mwen an, kapab endike egzakteman ki kote m ye e di m egzakteman kòman pou m rive kote m vle ale a.

Pou mandanm mwen Barbara avèk mwen, GPS la se yon benediksyon. Pou Barbara sa vle di li pa bezwen mande m pou m kanpe pou mande direksyon; e pou mwen menm li vle di ke m kapab gen rezon lè m di “Mwen pa bezwen mande okenn moun. M konnen egzakteman ki kote m prale.”

Frè m ak sè m yo, nou gen yon zouti aladispozisyon nou ki pi remakab toujou pase pi bon GPS la. Tout moun nan yon pwèn nan lavi a, nan yon sèten degre, pèdi wout yo. Se gras ak enspirasyon Sentespri a nou kapab vin ramne an sekirite sou bon chemen an; e se sakrifis ekspyatwa Sovè a ki kapab ramne nou retounen lakay nou.

Nou ka aplike mo pèdi a pou tout sosyete osibyen ke pou chak moun endividyèlman. Jodi a n ap viv nan yon epòk kote

pifò nan mond sa a pèdi chemen yo, patikilyèman nan zafè valè ak priyorite andedan fwaye yo.

100 tan pase, Prezidan Joseph F. Smith te konekte bonè dirèkteman avè fanmi, epi li te rekòmande nou pou nou konsantre tout efò nou ladann. Li te di: Pa kapab gen bonè reyèl si l separe de fwaye a. . . Pa gen bonè san sèvis, e pa gen pi gran sèvis pase sa ki konvèti fwaye a fè l vin tounen yon enstitisyon divin e ki favorize ak pwoteje lavi famiyal . . . Se fwaye a ki bezwen amelyorasyon" (*Enseignements des présidents de l'église: Joseph F. Smith* [1998], 382, 384).

Se fwaye nou ak fanmi nou ki bezwen refòm nan mond sa a ki plis an plis materyèl ak monden an. Yon egzanp frapan se kwasans mank respè pou maryaj isit la nan Etazini. Nan kòmansman ane sa a, *New York Times* te rapòte ke "Pousantaj timoun ki fèt pa fi ki pa marye yo te atenn yon nouvo nivo ki wo anpil: plis pase mwatye nesans ki fèt pa fi Ameriken anba 30 an yo fèt andeyò maryaj" (Jason DeParle ak Sabrina Tavernise, "Unwed Mothers Now a Majority Before Age of 30," *New York Times*, Fev. 18, 2012, A1).

Nou konnen tou ke nan Etazini, prèske mwatye nan koup ki marye yo divòse. Menm moun ki rete marye yo bliye fòtifeye maryaj yo nan kite lòt bagay afekte relasyon famiyal yo.

Sa ki egalman enkyetan tou se gouf k ap kontinye grandi ant rich yo ak pòv yo, ant moun k ap goumen pou prezève valè ak angajman famiyal yo ak moun ki abandone bagay sa yo. Estatistik montre ke, moun ki gen mwens enstriksyon yo e ki pa konsekan, gen mwens revni yo, mwens enterese nan maryaj ak ale legliz e se plis yomenm ki enplike nan komèt krim ak fè pitit andeyò maryaj. E tandans sa yo osi twoublan nan pifò nan rès mond lan tou. (W. Bradford Wilcox and others, "No Money, No Honey, No Church: The Deinstitutionalization of Religious Life among the White Working Class," available at [www.virginia.edu/marriageproject/pdfs/Religion\\_WorkingPaper.pdf](http://www.virginia.edu/marriageproject/pdfs/Religion_WorkingPaper.pdf).)

Kontrèman ak sa anpil moun te panse, pwosperite, ak enstriksyon sanble yo konekte avèk yon pi gwo pwobablite nan zafè valè ak fanmi tradisyonèl.

Natirèlman, vrè kesyon an se osijè *koz* yo ak *konsekansyo*. Èske gen kèk sektè nan sosyete a ki gen pi gwo valè moral ak fanmi ki pi solid *paske* yo pi enstwi ak pi rich, oubyen èske yo pi enstwi ak pi rich *paske* yo gen valè moral ak fanmi ki solid? Nan Legliz mondyal sa a, nou konnen ke repons la se nan dezyèm opsyon an. Lè moun pran angajman relijye ak familyal nan prensip levanjil yo, yo kòmanse vin pi byen espirityèlman e souvan tanporèlman tou.

E nòmalmman, sosyete yo jeneralman fòtifye lè fanmi yo ranfòse. Angajman anvè fanmi yo ak valè yo se *koz* fondamantal la. Prèske tout lòt bagay yo se *konsekans*. Lè koup yo marye epi yo pran angajman youn anvè lòt, yo grandman ogmante chans byennèt ekonomik yo. Lè timoun yo fèt nan lyen maryaj epi gen yon manman ak yon papa, chans yo ak pwobabilite reysit pwofesyonèl yo ogmante anpil. E lè fanmi yo travay ansanm ak jwe ansanm, vwazinaj yo ak kominote yo fleri, ekonomi amelyore, epi y ap bezwen mwens èd nan men gouvènman an.

Konsa, move nouvèl la sèke destriksyon fanmi yo lakoz yon kantite pwoblèm ekonomik ak sosyal. Men bòn nouvèl la sèke, menmjan pou tout *koz* ak efè, pwoblèm sa yo kapab rezoud si sa ki lakoz yo a chanje. N ap rezoud pwoblèm inegalite yo nan viv prensip ak valè ki kòrèk. Frè m ak sè m yo, *koz* ki pi enpòtan nan tout lavi nou an se fanmi nou. Si nou konsakre tèt nou nan *koz* sa a, n ap amelyore tout lòt aspè yo nan lavi nou e n ap vin, antanke yon pèp e antanke yon legliz, yon egzanp ak yon potò limyè pou tout moun sou tè a.

Men sa pa fasil nan yon mond kote kè yo tounen nan plizyè direksyon epi kote tout planèt la sanble l ap konstamman bouje ak chanje ak yon vitès nou pa t janm imajine anvan. Pa gen anyen ki rete menmjan an pou lontan. Stil, lamòd, ide popilè, verite politik, e menm konsepsyon byen ak mal yo tout ap chanje. Jan pwofèt Ezayi te predi a, byen pase pou mal, mal pase pou byen (see Ezayi 5:20).

Fose espirityèl yo vin pi gran toujou lè mal la vin menm pi twonpè ak sibtil epi l ap rale moun vin jwenn li tankou yon leman—tou kòm levanjil verite ak limyè a atire moun ki onèt nan kè yo ak moun ki respektab sou tè a k ap chèche sa ki bon e ki gen moral yo.

Nou menm, nou gen dwa piti nan kantite, men antanke manm Legliz sa a nou kapab travèse gwo gouf laj sa yo. Nou konnen pouvwa sèvis ki santre sou Kris la ki ramne pitit Bondye yo ansanm keseswa sikonstans espiritiyèl oswa ekonomik yo. Sa gen ennan, Premye Prezidans lan te envite nou pou nou patisipe nan yon jounen sèvis pou te komemore 75 an pwogram antrèd la, ki ap ede moun vin pi otonom. Manm nou yo atravè mond lan te bay dè milyon èdtan nan sèvis.

Legliz la se yon plas sekirite nan mitan lanmè move sa a, yon ankraj nan dlo chanjman ak divizyon twouble sa yo, epi yon poto limyè pou moun ki renmen lajistis epi k ap chèche li. Senyè a itilize Legliz sa a antanke yon zouti pou atire pitit li yo atravè tout mond lan vin nan pwoteksyon Levanjil li a.

Lespri Eli a, ki pa gen fwontyè, se yon gran pouvwa nan objektif Senyè a pou destine etènèl pitit Li yo. Nan pawòl Malachi yo, Lespri Sentespri a “gen pou l’ fè papa byen ankò ak pitit, pitit vin byen ankò ak papa” (Malachi 4:6).

Legliz la kanpe kòm yon egzanzp nan fason li chanje kè e kòm yon enstriman pou byen nan mond lan. Pami manm Legliz ki marye nan tanp yo e ki ale regilyèman nan reyinyon Dimanch yo, to divès la klèman mwens pase pa mond lan epi manm fanmi yo rete pwòch e yo an kominikasyon pi souvan. Sante fanmi nou pi byen, epi nou viv plizyè ane pi long pase mwayèn popolasyon an. Nou kontribiye plis nan resous finansye, nou rann plis sèvis bay moun ki nan bezwen yo, e nou gen plis chans pou fè plis etid siperyè. Mwen pale de bagay sa yo non pa pou vante tèt nou men pou temwanye ke lavi a pi bon (e gen plis lajwa) lè kè yo tounen vè fanmi yo ak lè fanmi yo viv nan limyè levanjil Kris la.

Konsa, kisa nou kapab fè pou nou pa pèdi? Premyèman, m ap sijere nou pou nou *etabli priyorite*.. Mete tout sa n ap fè aleksteryè fwaye a an amomi avèk sa k ap pase andedan fwaye ou e pou youn soutni lòt. Sonje konsèy Prezidan Harold B. Lee a ke “Travay ki pi enpòtan . . . n ap janm fè se andedan pwòp lakay nou” ( *Enseignements des présidents de l’église B. Lee* [2000], 134) ak Prezidan David O. McKay’ “Pa gen okenn siksè ki kapab ranplase echèk nan fwaye a.” (site nan J. E. McCulloch, *Home: The Savior of Civilization* [1924], 42; nan Conference Report, Avr. 1935, 116).

Oganize lavi pèsonèl nou pou nou jwenn tan pou lapriyè, pou ekriti yo ak aktivite familyal. Bay timoun yo responsablite nan fwaye a, sa k ap anseye yo kijan pou yo travay. Anseye yo ke viv levanjil la ap elwaye yo de salte, imoralite, ak vyolans entènèt, medya, ak jwèt videyo yo. Yo pap pèdi, e y ap pi byen prepare pou jere responsablite lè yo ba yo l.

Dezyèmman, nou bezwen fè bagay yo nan *bon lòd!* Maryaj anpremye, epi fanmi apre. Twòp moun nan mond lan bliye lòd natirèl bagay yo epi yo panse yo ka chanje oubyen menm vire l fason pa yo. Ranplase tout krent nou yo avèk lafwa. Gen konfyans ke pouvwa Bondye a ap gide nou.

Noumenm ki poko marye, fè byen atansyon pou nou chèche konjwen etènèl nou an. Jènan yo, sonje yon lòt bagay Prezidan Joseph F. Smith te di: “Seliba . . . [mete] nan lespri yon moun ide sipèfisyèl lide ke li dezirab paske li mande mwens responsablite. Fot reyèl la tonbe sou jènan yo. Mank disiplin nan epòk nou an elwaye yo de chemen devwa ak responsablite yo. . . .Sè yo se viktim yo. . . .(e) yo t ap marye si yo te kapab, e ak kè kontan, yo t ap aksepte responsablite lavi familyal yo” (*Gospel Doctrine*, 5th ed. [1939], 281).

Epi noumenm jènfi yo, m ap ajoute ke nou menm tou nou pa dwe bliye responsablite sa a. Pa gen okenn karyè k ap banou plis satisfaksyon pase elve yon fanmi. E lè nou gen laj mwen, nap realize sa pi plis.

Twazyèmman, mari yo ak madanm yo, nou dwe patnè *egal ego* nan maryaj nou. Li pwoklamasyon sou fanmi an pi souvan epi suiv li. Evite egzès dominasyon enjis sou kèlkeswa fòm nan. Pa gen yon moun ki se chèf yon konjwen oswa yon pitit; Bondye se Papa nou tout e li banou privilèj pou nou gen pwòp fanmi nou, ki sete sèlman pa Li oparavan, pou ede nou vin menmjan avèk Li. Antanke pitit Li, nou dwe aprann nan fwaye a pou nou renmen Bondye e konnen ke nou ka mande L èd nou bezwen an. Nou tout, marye oubyen selibatè, kapab gen kè kontan epi rete yon soutyen andedan kèlkeswa fanmi nou genyen an.

Finalman, itilize *resous familyal* Legliz la genyen yo. Pou elve timoun yo, fanmi yo kapab konte sou èd pawas la. Soutni dirijan prèttriz yo ak dirijan oksilyè yo epi travay avèk yo, epi pwofite tout avantaj pwogram Legliz la genyen pou jèn yo ak pou fanmi

yo. Sonje yon lòt fraz enpòtan Prezidan Lee te di—Legliz la se echafo nou sèvi pou nou bati fanmi etènèl (gade *Enseignements des présidents de l'église: Harold B. Lee* [2000], 148).

Sepandan, si pou yon rezon kèlkonk, endividyèlman oubyen antanke fanmi, nou pèdi chemen nou, enben, nou bezwen sèlman aplike enstriksyon Sovè a ki nan Lik chapit 15 la, pou nou retounen sou bon chemen an. Ladan l, Sovè a pale sou efò yon bèje ki ap chèche yon mouton ki pèdi, sou yon fi ki ap chèche yon pyès kòb ki pèdi, ak akèy byenveni anfan pwodig la te resevwa lè l te retounen lakay li. Poukisa Jezi te ansenye parabòl sa yo? Li te vle nou konnen ke okenn nan p ap janm pèdi nan pwèn pou nou pa ka jwenn wout nou ankò gras ak sakrifis ekpyatwa a ak ansèyman L yo.

Si nou chèche viv levanjil la ak doktrin Kris la, Sentespri a ap gide noumenm avèk fanmi nou. N ap gen yon GPS espiyityèl pou toujou di nou ki kote nou ye ak ki kote nou prale. Mwen rann temwanyaj ke Redanmtè resisite limanite a renmen nou tout, e li te pwomèt ke si nou swiv li, l ap dirije nou an sekirite pou mennen retounen nan prezans Papa nou kin an Syèl la, konsènan sa mwen temwaye, nan non Jezikri, amèn.

---

# Gen vizyon pou fè aksyon

**Pa Èldè O. Vincent Haleck**

*Nan Kolèj Swasanndis yo*

---

*Pou nou pwospere olye ke nou peri, nou dwe rive wè tèt nou jan Sovè a wè nou an.*

---

Menmjan avèk tout bon paran, paran pa m te vle pou pitit yo gen yon bèl demen. Papa m pa t manm Legliz la, e akòz sikonstans eksepsyonèl ki te egziste nan moman sa a, paran m te deside ke frè m yo ak sè m yo avèk mwen te dwe kite zile lakay nou an nan Samoa Ameriken an, nan Pasifik Sid la, pou nou n ale Etazini pou nou te ka al lekòl.

Desizyon pou yo te separe avèk nou an te difisil pou paran mwen, espesyalman pou manman m. Yo te konnen nou ta pral rankontre pwoblèm enkonni pandan nou t ap enstale nan nouvo anvwonman an. Men, avèk lafwa ak detèminasyon, yo te egzekite plan yo a.

Paske manman m te elve nan yon fwaye Sen Dènnye Jou, li te abitye avèk presip jèn ak lapriyè a, epi paran mwen te santi ke yo toulède te bezwen benediksyon syèl yo pou ede pitit yo. Nan lespri sa a, yo te komanse chwazi yon jou chak semèn pou jene ak priye pou nou. Objektif yo sete pou prepare pitit yo pou yon bèl fiti. Yo te aji an akò avèk vizyon sa a lè yo te egzèse lafwa yo nan chèche benediksyon Senyè a. Gras avèk jèn ak lapriyè, yo te resewva rekonfò, lapè, ak asirans ke tout bagay va byen.

Nan ki fason noumenm, nan mitan pwoblèm lavi nou yo, nou jwenn vizyon nesèsè pou fè bagay ki ap rapwoche nou de Sovè a? An palan de vizyon, liv Pwovèb la anseye verite sa a: “Lè pa gen vizyon, pèp la peri” (Pwovèb 29:18). Si nou dwe pwospere olye nou peri, nou dwe rive wè tèt nou jan Sovè wè nou an.

Sovè a te wè plis potansyèl nan enb pechè pwason yo Li te rele pou suiv Li a pase sa yomenm yo te wè nan tèt pa yo; Li te



gen yon vizyon sou sa yo te ka devni. Li te konn kalite yo ak potansyèl yo, epi Li te pran desizyon pou aple yo. Yo pa t gen eksperyans toudabò, men, pandan yo t ap suiv Li a, yo te wè ekzanp Li, yo te touche pa ansèyman L yo, epi yo te vin disip Li. Te gen yon lè kote kèk nan disip yo te abandone Li paske sa yo t ap ande yo te twò di pou yo. Paske l te konsyan ke lòt te ka anvi ale tou, Jezi te mande Douz yo: “E noumenm, nou pa vle ale tou?” (Jan 6:67). Repons Pyè a te reflekte kijan l te chanje ak kòman li te kapte vizyon ki moun Sovè a te ye.” Li te reponn: “Ki moun pou n al jwenn? Se oumenm ki gen pawòl lavi etènèl yo (Jan 6:68).

Avèk vizyon sa a, disip fidèl ak devwe sa yo te kapab fè travay difisil pandan yo t ap vwayaje pou al preche levanjil la ak tabli Legliz la apre Sovè a te fin ale. Finalman, kèk nan yo te fè sakrifis siprèm nan pou temwayaj yo.

Gen lòt egzanp nan ekriti yo konsènan moun ki te kapte vizyon levanjil la epi ki te al aji daprè vizyon sa a apres. Pwofèt Alma te kapte vizyon l la lè l te tandè Abinadi t ap bravman anseye ak temwaye devan Wa Noye. Li te aji selon ansèyman Abinadi yo epi l t al preche sa l te aprann yo, li te batize anpil moun ki te kwè nan pawòl li yo (gade Mozya 17:1–4; 18:1–16). Pandan l t ap pèsekite premye Sen yo, Apot Pòl te konvèti sou wout Damas la epi apres li te aji kote l te anseye ak temwaye de Kris la (gade Travay 9:1–6, 20–22, 29).

Nan epòk pa nou an, anpil jèn gason, fi, ak koup granmoun reponn a envitasyon yon Pwofèt Bondye pou yo sèvi yon misyon. Avèk lafwa ak kouraj, yo kite lakay yo ak tout sa ki familye pou yo, akoz lafwa yo nan gwo byen yo kapab fè kòm misyonè. Pandan ke yo aji sou vizyon yo pou sèvi a, yo beni lavi anpil moun epi, nan pwosesis la, yo chanje pwòp lavi pa yo. Nan dènye konferans jeneral la, Prezidan Monson te remèsye nou pou sèvis nou youn rann lòt epi l te raple nou responsablite nou pou n se men Bondye pou beni pitit Li yo isit la sou tè a (gade “Until We Meet Again,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2011, 108). Akonplisman tach sa a te touchan, paske manm yo nan Legliz la te aji an akè avèk vizyon l la.

Avan Sovè a te ale, konprenan ke nou t ap bezwen èd, Li te di: “Mwen p ap kite nou poukont nou” (John 14:18). Li te anseye

disip Li yo: “Konsolatè a, ki se Sentespri a, ke Papa a ap voye nan non m nan, se li ki pral anseye nou tout bagay, e l ap fè nou raple n, tout sa m te di nou yo” (John 14:26). Se menm Sentespri sa a ki ka soutni nou ak motive nou pou nou fè sa Sovè a ak pwofèt modèn yo ak apot yo anseye nou yo.

Lè nou mete ansèyman dirijan nou yo an aksyon, nou akeri yon pi gwo konpreyansyon sou vizyon Sovè a pou nou. Pandan tout konperans sa a, nou resevwa konsèy enspire nan men pwofèt ak apot. Etidye ansèyman yo epi medite yo nan kè nou pandan ke n ap chèche Lespri Sentespri a pou ede nou kapte yon vizyon ansèyman sa yo nan lavi nou. Avèk vizyon sa a, egzèse lafwa nou kote n ap aji selon konsèy yo.

Sonde ekriti yo e etidye yo avèk ide pou nou resevwa plis limyè ak konesans nan mesaj yo ba nou yo. Medite yo nan kè nou epi kite yo enspire nou. Apresa aji selon enspirasyon nou.

Jan nou te aprann nan fanmi m nan, nou aji lè nou jene ak priye. Alma te pale konsènan jèn ak lapriyè kòm mwayen pou resevwa yon sètitud lè l te di: “M te jene epi m te priye pou anpil jou, pou m te kapab konnen pou tèt pa m (Alma 5:46). Nou menm tou nou rive konnen kijan pou nou jere pwoblèm lavi nou yo pa mwayen jèn ak lapriyè.

Nou fè eksperyans bagay difisil nan lavi nou ki kapab pafwa diminye vizyon nou ak lafwa nou pou fè bagay nou ta dwe fè yo. Nou vin sitèlman okipe ke nou souvan santi nou depase ak pa kapab fè anyen ankò. Byenke nou chak diferan, m ap enbleman sigjere nou pou n vrèman konsantre vizyon nou sou Sovè a ak ansèyman L yo. Kisa L te wè nan Pye, Jak ak Jan ak lòt Apot yo ki te pouse Li aji pou l te envite yo pou suiv Li? Menm jan avèk yo, Sovè a gen yon gwo vizyon de kimoun nou ka devni. Sa ap mande menm lafwa ak kouraj premye Apot yo te genyen an pou nou kapab rekonsantre nou sou sa ki konte pi plis nan pote bonè dirab ak gwo lajwa ki pap janm fini.

Lè nou etidye lavi Sovè a ak ansèyman L yo, nou wè Li nan pami pèp la ap anseye, priye, fòtifye, ak geri. Lè nou imite Li e fè sa nou wè l fè yo, nou kòmanse gen yon vizyon de moun nou kapab devni an. N ap jwenn benediksyon ide pa mwayen èd Sentespri a pou nou fè plis byen. Chanjman ap kòmanse fèt, epi n ap pote yon pèpesktiv diferan nan lavi nou ki ap yon

benediksiyon pou noumenm ak fanmi nou. Pandan ministè Li nan pami Nefit yo, Sovè a te mande: “Ki kalite moun nou dwe ye?” Li te reponn: “Menm jan avèk mwen” (3 Nefi 27:27). Nou bezwen èd Li pou nou vin menmjan avèk Li, epi Li montre nou chemen an: “Se poutèt sa, mande e n ap resevwa; frape e y ap louvri pou nou; paske, moun ki mande ap resevwa; e moun ki frape, y ap louvi pou li” (3 Nefi 27:29).

Mwen konnen ke si nou akéri yon vizyon de noumenm jan Sovè a wè nou an, epi si nou aji selon vizyon sa a, lavi nou ap beni nan fason nou pa ta imajine. Gras ak vizyon paran m yo, non sèlman lavi m te benefisye eksperyans edikatif, men te egalman twouve m nan sitiyasyon kote m te jwenn ak aksepte levanjil la. Sa k pi enpòtan ankò, mwen te aprann nan ki pwèn li enpòtan pou yon moun gen bon paran fidèl. Pou m di pi senpleman, lavi m te chanje ajamè.

Menmjan vizyon te dirije paran m yo pou yo te jèn ak priye pou byenèt pitit yo a e menm jan vizyon premye Apot yo te pouse yo pou yo te suiv Sovè a, menmjan tou, vizyon sa a disponib pou nou e l ap enspire nou e ede nou aji. Frè m ak sè m yo, nou se yon pèp ki gen yon eritaj vizyon ak lafwa ak kouraj pou aji. Gade ki kote nou rive ak benediksyon nou resevwa! Kwè ke Li kapab beni nou avèk vizyon nan lavi nou ak kouraj pou nou aji.

Mwen rann nou temwayaj mwen konsènan Sovè a ak dezi Li pou nou retounen al jwenn Li. Pou nou fè sa, nou dwe gen lafwa pou aji-pou n suiv Li e vin menmjan avèk Li. Nan mitan tout kalite epòk nan lavi nou yo, Li lonje lamèn li epi L envite nou:

“Pran jouk mwen sou nou, epi aprann nan men mwen; paske mwen dou ak enb nan kè; epi na va jwenn repo pou nanm nou.

“Paske jouk mwen fasil, e fado m yo lejè” (Matye 11:29–30).

Menmjan Sovè a te wè gwo potansyèl nan premye disip Li yo, Li wè menm bagay la nan nou tou. Annou wè tèt nou jan Sovè a wè nou an. Mwen priye pou nou ka gen vizyon sa a ak lafwa ak kouraj pou aji a, nan non Jezikri, amèn.

---

# Sèlman selon prensip lajistis

Pa Èldè Larry Y. Wilson

*Nan Swasanndis yo*

---

*Paran ki saj yo prepare pitit yo pou yo debwouye yo san yo menm. Yo ba yo opòtinite pou pwogrese amezi timoun yo ap pran matirite espartyèl ki nesèsè pou yo kòrèkteman egzèsè libabit yo a.*

---

Prèske yon mwa apre nou te fin marye, madan mwen avèk mwen t ap fè yon long vwayaj nan machin nou. Li t ap kondui, e m t ap eseye rilaks. Mwen di m t ap *eseye* paske otowout la nou t ap vwayaje a te gen repitasyon plen rada lapolis, e madanm mwen te yon ti jan konn gen tandans pou fè vitès nan epòk sa yo. M te di: “Wa p kouri twò vit; ralanti.”

Madanm tou nèf mwen an te panse nan tèt li: “Wèl, m ap kondui depi prèske dizan, e apa moun ki te montre m kondui a, okenn moun pa janm di m kijan m dwe kondui.” Konsa li te reponn: “Kisa ki ba w dwa pou w di m kijan pou m kondui?”

Franchman, kesyon l lan te pran m pa sipriz. Konsa, nan fè sa m kapab pou m alawotè nouvo responsablite mesye marye mwen, m te reponn “M pa konnen. Paske m se mari ou epi m gen prètriz la.”

Frè m yo, yon ti konsèy: Si jamè nou twouve nou nan yon sityasyon konsa, se *pa* bon reyaksyon an ditou. E m kontan pou m di sete sèl grenn fwa m te fè erè sa a.

Doktrin ak Alyans yo eksplike ke dwa pou egzèsè prètriz la nan fwaye a oubyen lòt kote dirèkteman konekte avèk lajistis lavi nou: “Pouvwa syèl la pa kapab kontwole ni manipile san se pa avèk prensip lajistis.”<sup>1</sup> Li kontinye pou l di ke nou pèdi pouvwa

sa a lè nou “egzèsè kontwòl oubyen dominasyon oubyen presyon sou nanm [lòt moun], nan *kèlkeswa* degre enjistis la.”<sup>2</sup>

Ekriti sa a di ke nou dwe dirije selon “prensip lajistis.” Prensip sa yo aplike pou tout dirijan nan Legliz la osibyen pou tout papa ak manman nan fwaye yo.<sup>3</sup> Nou pèdi dwa nou pou n gen konpayi Lespri Senyè a *ak* otorite nou resevwa nan men Bondye a lè nou egzèsè kontwòl sou yon lòt moun nan yon fason enjis.<sup>4</sup> Nou gen dwa panse ke metòd sa yo se pou byen moun nan n ap “kontwole” a. Men chak fwa nou eseye fòse yon moun ki *kapab* epi ki *ta dwe* egzèsè pwòp libabit pa l, pou fè sa ki jis, nou aji enjisteman. Lè limit fèm nou fikse yon lòt moun yo *fèt* nan bon lòd, nou dwe toujou jere yo ak pasyans ranpli lanmou e nan yon fason ki pèmèt nou anseye prensip etènèl.

Nou senpleman pa kapab fòse lòt moun pou fè sa ki byen. Ekriti yo eksplike klèman ke Bondye pa aji konsa. Kontrent fè moun santi yo irite. Li ba yo enpresyon ke ou pa fè yo konfyans, ke yo enkonpetan. Opòtinite pou aprann yo pèdi lè moun k ap kontwole yo asime ògeyèzman ke yo gen bon repons la pou lòt moun nan. Ekriti a di: “Se nan nati ak dispozisyon prèske tout moun” pou egzèsè dominasyon enjis,<sup>5</sup> konsa nou dwe konsyan ke se yon pyèj ki fasil pou moun tonbe ladan. Fi yo tou ka egzèsè dominasyon enjis, byenke ekriti yo idantifye pwoblèm nan espesyalman pou gason yo.

Dominasyon enjis souvan akonpaye pa kritik konstan ak refi pou apwouve oubyen ekspriye lanmou. Moun k ap sibi l yo santi kòm si yo pap janm ka fè dirijan sa a oswa paran sa a plezi e ke yo p ap janm alawotè. Paran ki saj yo dwe evalye kilè pitit yo pare pou kòmanse egzèsè pwòp libabit pa yo nan yon desizyon patikilye nan lavi yo. Men, si paran yo kenbe *tout* pouvwa pou pran desizyon yo epi yo twouve ke se “dwa” yo pou yo fè sa, yo gravman limite pwogresyon ak devlopman pitit yo.

Pitit nou yo nan fwaye nou pou yon tan limite. Si nou tann jiska lè yo pa nan kay la ankò pou nou ba yo dwa pou itilize libète moral yo a, enben, nou tann twò lontan. Yo pa p toudenkou devlope kapasite pou pran bon desizyon si yo pa janm lib pou pran desizyon enpòtan lè yo te lakay nou an. Souvan, timoun sa yo oubyen rebele kont lafòs sa a oubyen yo limite pa yon enkapasite pou yo pran desizyon poukont pa yo.

Paran saj yo prepare pitit yo pou yo ka debwouye yo poukont pa yo. Yo ba yo opòtinite pou yo pwogrese amezi timoun yo ap akeri matirite esprityèl nesèsè pou yo egzèsè libabit yo kòrèkteman an. Epi wi, sa vle ke di ke timoun yo ap fè erè pafwa e y ap aprann apati erè sa yo.

Fanmi nou te fè yon eksperyans ki te anseye nou pou ede timoun nou yo devlope kapasite yo pou fè chwa. Pitit fi nou an, Mary, te jwe foutbòl pandan l t ap grandi epi li sete gadyen. Yon ane, ekip li a te rive nan final, epi, jan nou ka sipoze, match la t ap fèt yon jou Dimanch. Mary te nan kòmansman adolesans li, e sa te gen dèzane depi nou t ap anseye l ke Saba a sete yon jou repo ak ranfòsman esprityèl, pa yon jou divètisman. Men li te kanmèm santi presyon antrenè l yo ak lòt manm ekip yo, ak dezi pou l pa t kite ekip la tonbe tou.

Li te mande manman l kisa pou l te fè. Madanm mwen avèk mwen te ka fasilman pran desizyon sa a pou li. Men, apre nou te fin reflechi ak priye sou sa, nou te deside ke nan ka sa a, pitit fi nou an te pare pou asime responsablite esprityèl pwòp desizyon pa li. Nou te li kèk ekriti ansanm, epi apresya nou te ankouraje Mary pou l te priye ak panse sou sa.

Apre kèk jou, li te anonse desizyon li. Li t ap jwe match la jou Dimanch la. Nou t ap mande tèt nou kisa pou n te fè. Apre plis diskisyon ak asirans nan men Lespri a, nou te fè jan nou te pwomèt nou t ap fè a epi nou te kite l fè chwa pou l jwe. Lè match la te fini, Mary te mache lantman al jwenn manman l ki t ap tann. Li te di: “O, manman, mwen sa fè m santi m *terib*. Mwen pa vle janm santi m konsa ankò. Mwen pap janm jwe yon match jou Dimanch ankò.” E li pa t janm fè l ankò.

Mari kounyeya te pèsònèlman konprann prensip pou sanktifye Saba a. Si nou te fòse li pou l pa t jwe, nou t ap prive l de yon presye eksperyans aprantisaj avèk Lespri a.

Jan nou ka wè, ede timoun yo egzèsè libabit yo kòrèkteman mande pou anseye yo kijan pou yo priye ak resevwa repons pou priyè yo. Nou dwe anseye yo valè ak bi obeyisans ansanm avèk tout lòt prensip esansyèl yo nan levanjil la tou.<sup>6</sup>

Lè nou t ap elve pitit nou yo, nou te deside ke objektif pi enpòtan nou t ap genyen sete ede timoun yo etabli pwòp koneksyon pa yo avèk syèl la. Nou te konnen ke finalman yo t ap

bezwen apiye sou Senyè a, non pa sou nou. Brigham Young te di: “Si m ta gen pou fè distenksyon nan tout devwa yo mande pitit lèzòm . . . mwen t ap mete anvan tout devwa pou chèche Senyè a Bondye nou jiskaske nou louvri wout kominikasyon ant syèl la ak tè a—ant Bondye ak pwòp nanm nou.”<sup>7</sup>

Mary te resevwa repons pou priyè li nan anpil lòt okazyon, e nou konnen ke pitit fi nou an te nan wout pou louvri wout kominikasyon sa a avèk syèl la. Konsa, li te aprann yon bagay pozitif nan eksperyans li a e li te pi byen prepare pou fè pi bon chwa nan apre. San yon lyen avèk Lespri a, ni timoun yo ni paran yo kapab pran tout kalite move desizyon sou pretèks ke y ap egzèsè libabit yo. Pwomès ekriti yo bay sèke “moun ki saj yo . . . epi ki te pran Sentespri a pou gid yo . . . [pa p] twonpe.”<sup>8</sup>

Yon lòt efè segondè trajik nan dominasyon enjis se kapab pèt konfyans nan lanmou Bondye. Mwen konn kèk moun ki te gen dirijan oubyen paran kontwolè ak egzijan, e yo twouve l difisil pou santi amou Papa yo ki nan Syèl la ki te ka soutni yo ak motive yo sou wout lajistis la.

Si nou vle ede moun ki sou kont nou yo pou yo fè koneksyon trè enpòtan sa a avèk syèl la, nou dwe kalite paran ak dirijan yo dekri nan Doktrin ak Alyans seksyon 121 an. Nou dwe ajì “sèlman pou pèsyade, avèk pasyans, avèk jantiyès, dousman, epi avèk amou enfayib.”<sup>9</sup> Prezidan Henry B. Eyring te di: “Nan pami tout èd nou ka bay . . . jèn yo, pi gwo a se kite yo santi konfyans nou ke yo sou chemen ki mennen lakay al jwenn Bondye a e ke y ap rive.”<sup>10</sup>

Pandan n ap reflechi sou prensip ki dwe gide nou yo nan Legliz la ak nan fwaye nou, kite m fini avèk yon ilistrasyon ki soti nan byografi Prezidan Thomas S. Monson. Ann Dibb, pitit fi fanmi Monson, di ke jiska jodia, lè l ap mache antre nan pòt antre kay kote li te elve a, papa l toujou di: “O, gade kiyès ki vini. E èske n pa kontan wè l, e ala li bèl?” Li te kontinye “Paran m toujou fè m konpliman; kèlkeswa jan m abiye oubyen kèlkeswa sa m fè. . . . Lè m al vizite paran mwen, mwen konnen yo renmen m, yo konplimante m, yo fè m santi m byenveni, m santi m lakay.”<sup>11</sup>

Frè m ak sè m yo, sa a se fason Senyè a ajì. Menm si yo te maltrete nou nan lepase, mwen konnen Senyè a vle nou vin

jwenn ni.<sup>12</sup> Li renmen noutout. Nou tout byenveni. Nan non Jezikri, amèn.

**Nòt**

1. Doktrin ak Alyans 121:36.
2. Doktrin ak Alyans 121:37; italik ajoute.
3. Gade Neal A. Maxwell, "Put Off the Natural Man, and Come Off Conqueror," *Tambuli*, Jan. 1991, 13–14; *Ensign*, Nov. 1990, 14–16.
4. Gade Doktrin al Alyans 121:37.
5. Doktrin ak Alyans 121:39.
6. Gade Doktrin ak Alyans 68:25–29.
7. *Enseignements des présidents de l'église: Brigham Young* (1997), 44.
8. Doktrin ak Alyans 45:57.
9. Doktrin ak Alyans 121:41.
10. Henry B. Eyring, "Help Them on Their Way Home," *Liahona* ak *Ensign*, Me 2010, 25.
11. Gade Heidi S. Swinton, *To the Rescue: The Biography of Thomas S. Monson* (2010), 372.
12. Gade Matye 11:28.



---

# Èske sa te vo lapèn?

**Pa Èldè David F. Evans**

*Nan Swasanndis yo*

---

*Travay pou nou natirèlman ak tou nòmalmman pataje levanjil la avèk moun nou renmen yo se ap travay ak lajwa lavi nou.*

---

Pandan tout konferans lan ak nan lòt reyinyon resan yo,<sup>1</sup> npi nan nou ap mande: “Kisa m ka fè pou ede bati Legliz Senyè a ak wè kwasans reyèl kote m ap viv la?”

Travay ki pi enpòtan nan bagay sa a ak nan tout lòt antrepriz yo se toujou anedan pwòp fwaye nou ak fanmi nou.<sup>2</sup> Se nan fanmi yo Legliz tabli e se la kwasans reyèl fèt.<sup>3</sup> Nou dwe anseye timoun nou yo prensip ak doktrin levanjil yo. Nou bezwen ede yo gen lafwa nan Jezikri epi prepare yo pou batèm yo lè yo gen uit an.<sup>4</sup> Nou dwe fidèl noumenm pou yo kapab wè egzanp lanmou nou pou Sovè a ak Legliz Li a. Egzanp nou ap ede timoun nou yo santi lajwa nan respekte kòmandman yo, bonè nan fanmi yo, ak gratitud nan rann lòt moun yo sèvis. Nan fwaye nou yo, nou ta dwe suiv modèl Nefi te bay lè l te di:

“Paske nou travay avèk dilijans. . . pou nou pèsyade pitit nou yo. . . pou yo kwè nan Kris la, e pou yo rekonsilye ak Bondye. . .

“. . . ou pale konsènan Kris la, nou pran plezi nan Kris la, nou preche konsènan Kris la, nou pwofetize konsènan Kris la, e nou ekri dapre pwofesi nou yo, pou pitit nou yo kapab konnen nan ki sous pou yo chèche padon pou peche yo.”<sup>5</sup>

Nou travay avèk dilijans pou nou pote benediksyon sa yo bay pitit nou yo lè nou ale legliz avèk yo, fè sware familyal, ak li ekriti yo ansanm. Nou priye chak jou avèk fanmi nou, nou asepte apèl, nou vizite malad yo ak moun ki poukont yo, epi nou fè lòt bagay ki fè pitit nou yo konnen ke nou renmen yo e nou renmen Papa nou ki nan Syèl la, Pitit Gason L lan, ak Legliz yo a.

Nou pale e nou pwofetize konsènan Kris la lè nou fè yon leson nan sware familyal oswa n chita avèk yon timoun epi pale l de lanmou nou pou li ak de temwayaj nou sou levanjil retabli a.

Nou kapab ekri konsènan Kris la lè nou ekri lèt voye bay sa ki lwen yo. Misyonè ki ap sèvi, pitit gason oswa pitit fi ki nan militè, e moun nou renmen yo, yo tout beni pa lèt nou ekri yo. Lèt ki soti lakay se pa jis brèf imel. Vrè lèt yo bay yon bagay tanjib ke moun nan ka kenbe, reflechi sou li, epi apresye.

Nou ede pitit nou yo konte sou Ekspyasyon Sovè a ak konnen yon Papa Selès eman lè nou montre lanmou ak padon nan pwòp fanmi nou. Lanmou ak padon nou non sèlman fè timoun yo vin pi pwòch nou men tou, sa bati lafwa yo nan konnen Papa yo ki nan Syèl la renmen yo epi L ap padone yo lè yo repanti ak fè efò pou fè tout bagay pi byen epi vin pi bon. Yo kwè verite sa a paske yo fè menm eksperyans lan avèk paran tèrès yo.

Anplis travay nou ap fè nan pwòp fanmi pa nou an, Nefi te anseye pou “nou travay avèk dilijans pou. . .nou pèsyade. . .frè nou yo pou yo kwè nan Kris la epi pou yo rekonsilye avèk Bondye.”<sup>6</sup> Antanke manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, nou chak gen benediksyon ak responsablite pou nou pataje levanjil la. Kèk nan moun ki bezwen levanjil la nan lavi yo poko manm Legliz la. Kèk nan moun sa yo te pami nou yon lè men yo bezwen santi ankò lajwa yo te santi lè yo te anbrase levanjil la nan yon tan ki te pi bonè nan lavi yo a. Senyè a renmen toulède ni sa ki pa t janm gen levanjil la ni sa ki ap retounen vin jwenn Li an.<sup>7</sup> Pou limenm ak noumenm, sa pa fè diferans. Se menm travay la. Se valè nanm yo, kèlkeswa kondisyon yo, ki gran pou Papa nou ki nan Syèl la, pou Pitit Gason L lan, ak noumenm.<sup>8</sup> Travay Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason L lan se “reyalize imòtalite ak lavi etènèl”<sup>9</sup> tout pitit Li yo, kèlkeswa sikonstans yo pou kounyeya. Benediksyon nou se pou ede nan gwo èv sa a.

Prezidan Thomas S. Monson te eksplike kijan nou kapab ede lè li te di: “Misyonè nou yo fèt pou yo konsène moman sa a menm. Sa pa ase pou nou kanpe dèyè ap medite sou ansyen eksperyans. Pou nou santi nou akonpli, nou dwe kontinye pataje levanjil natirèlman e nòmalmman.”<sup>10</sup>

Travay pou pataje levanjil la natirèlman e nòmalmman avèk moun ki enpòtan pou nou yo e ke nou renmen yo ap vin tounen travay ak jwa lavi nou. Kite m rakonte nou de eksperyans konsa.

Dave Orchard te grandi nan Salt Lake City, kote pifò zanmi l yo sete manm Legliz la. Yo te gen yon gwo enfliyans sou li. Mete sou sa, dirijan Legliz yo nan vwazinaj li a te toujou konn envite l nan aktivite yo. Menm lè li pa t vin manm Legliz la nan tan sa a, ane pandan l t ap grandi yo te beni pa enfliyans bon zanmi SDJ ak aktivite Legliz la te patwone. Lè li te fin antre nan fakilte, li te demenaje kite lakay li, e pifò nan zanmi l yo te ale an misyon. Li te sonje enfliyans yo nan lavi L.

Youn nan zanmi klas segondè Dave yo te toujou lakay li. Zanmi sa a te konn reyini chak semèn avèk evèk li ki tap ede l mete lòd nan lavi l pou l te kapab al sèvi kòm misyonè. Limenm ak Dave te vin ap viv nan menm chanm e, kòm sa te nòmalm ak tou natirèl, yo te pale de rezon ki fè li pa tap sèvi yon misyon nan moman an ak rezon ki fè li te rankontre souvan avèk evèk li a. Zanmi an te eksprime gratitud li ak respè l pou evèk la ak opòtinite l te genyen pou l repanti ak sèvi a. Apresa li te mande Dave si l ta renmen vini nan pwochen entèvyou a. Ala yon envitasyon dwòl! Men nan kontèks amitye yo a ak sikonstans yo, sa te natirèl e nòmalm.

Dave te dakò e byen vit li te kòmanse ap rankontre avèk evèk la limenm. Sa te mennen Dave nan desizyon pou l te rankontre misyonè yo. Li te resevwa yon temwayaj ke levanjil la vre, e yon dat te fikse pou batèm li. Dave te batize pa evèk li a, e yon ane apre Dave Orchard ak Katherine Evans te marye nan tanp. Yo gen senk bèl pitit. Katherine se ti sè mwen. M ap toujou gen rekonesans pou bon zanmi sa a ki, ansanm avèk yon bon evèk, te mennen Dave nan Legliz la.

Pandan Dave tap pale de konvèsyon l epi rann temwayaj konsènan evenman sa yo, li te poze kesyon sa a: "Konsa, èske sa te vo lapèn? Èske tout efò zanmi m yo ak dirijan jèn yo ak evèk mwen an, pandan tout ane sa yo, te vo lapèn pou yo te mennen jis yon sèl grenn tigason vin batize?" Li te lonje dwèt sou Katherine ak senk pitit yo te genyen yo epi l te di: "Ebyen, omwen pou madanm mwen ak senk pitit nou yo, repons lan se wi."

Kèlkeswa lè levanjil la pataje, se pa janm “yon sèl grenn tigason.” Kèlkeswa lè konvèsyon fèt oswa yon moun retounen al jwenn Senyè a, se yon fanmi ki sove. Pandan pitit Dave ak Katherine yo t ap grandi, yo tout anbrase levanjil la. Yon tifi ak de tigason te sèvi kòm misyonè e gen youn ki fèk resevwa apèl li pou l sèvi nan misyon Alp ki Alman an. De pi gran yo te marye nan tanp, e pi piti a nan lekòl segondè kounyeya, fidèl nan tout sans. Èske sa te vo lapèn? O wi, sa te vo lapèn.

Sè Eileen Waite te asiste menm konferans pye kote Dave Orchard te rakonte eksperyans konvèsyon l lan. Pandan tout konferans lan, sèl sa ki te nan panse l se te pwòp fanmi pa l e sitou sè li, Michelle, ki te kite Legliz la pandan anpil tan. Michelle te divòse e li tap eseye elve kat pitit. Eileen te santi li ta bon pou l ta voye bay Michelle yon kopi liv Eldè M. Russell Ballard la *Our Search for Happiness*, la, ansanm avèk temwayaj li, e li te fè sa. Nan semèn apre a, yon lòt zanmi te di Eileen li santi ke li menm tou li ta dwe pran kontak avèk Michelle. Zanmi sa a te ekri Michelle yon nòt kote li te pataje temwayaj epi eskprime lanmou l tou. Èske sa pa enteresan pou wè kijan Lespri a travay souvan sou plizyè moun pou ede yon moun ki nan bezwen?

Tan te pase. Michelle te rele Eileen epi li te di l mèsì pou liv la. Li te di ke li te kòmanse rekonèt vid espiritiyèl nan lavi l la. Eileen te di l ke li te konnen li ta kapab jwenn lapè li tap chèche a nan levanjil la. Li te di l ke li remen l e ke li vle pou kè l kontan. Michelle te kòmanse fè chanjman nan lavi l. Yon ti tan apre, li te rankontre yon mesye mèveye ki te aktif nan Legliz la. Yo te marye epi ennan apre yo te sele nan Tanp Ogden nan. Resamman, pitit gason l lan ki gen 24 an te batize.

Pou lòt manm nan fanmi Michelle yo ak tout lòt moun ki poko konnen si Legliz sa a vrè yo, m ap lanse envitasyon pou yo mande tèt yo si Legliz la vrè. Kite fanmi nou, zanmi nou ak misyonè yo ede nou. Lè nou konnen ke li vrè, e se sa l ye, vini ini avèk nou kote na franchi menm etap yo nan lavi nou.

Fen istwa sa a poko ekri, men dàm mèveye sa a ak fanmi l te resevwa benediksyon paske moun ki te renmen li te aji sou yon enspirasyon yo te resevwa e nan yon fason natirèl ak nòmal yo te pataje temwayaj yo epi yo te envite l pou l retounen.

Mwen te reflechi anpil sou de eksperyans sa yo. Yon jenòm ki tap travay pou mete lòd nan pwòp lavi l te ede yon lòt jenòm ki tap chèche laverite. Yon fi te pataje temwayaj li ak lafwa li avèk sè li ki te kite Legliz la pandan 20 an. Si nou priye epi nou mande Papa nou ki nan Syèl la kimoun nou ka ede epi nou pwomèt pou nou aji sou enspirasyon Li ba nou yo pou fè nou konnen kijan nou ka ede, L ap reponn priyè nou yo e nou ap vin tounen enstriman nan men L pou fè travay Li a. Aji nan lanmou sou enspirasyon Sentespri a ban nou ap vin tounen katalizè a.<sup>11</sup>

Nan koute eksperyans sa yo sou pataje levanjil la natirèlman e nòmalmman avèk moun ki chè pou nou yo, anpil nan nou te fè menm eksperyans Eileen Waite te fè a. Nou panse a yon moun nou ta dwe lonje men bay epi envite l retounen oswa pataje avèk li santiman nou sou levanjil Jezikri a. Envitasyon m nan se pou nou aji, san reta, sou enspirasyon sa a. Pale avèk zanmi nou an oswa manm fanmi nou an. Fè sa nan yon fason natirèl e nòmalm. Fè yo konnen lanmou nou pou yo ak pou Senyè a. Misyonè yo kapab ede. Konsèy mwen se menm konsèy Prezidan Monson te bay anpil fwa sou chè sa a menm: “Pa janm retade yon enspirasyon.”<sup>12</sup> Lè nou aji selon enspirasyon Espri a epi fè sa avèk lanmou, gade kijan Papa nou ki nan Syèl la sèvi avèk volonte nou pou l aji pou fè yon mirak rive nan lavi nou ak nan lavi moun ki chè pou nou an.<sup>13</sup>

Frè ak sè m yo, nou kapab bati Legliz Li a epi wè kwasans reyèl lè nou travay pou nou mennen benediksyon levanjil la bay fanmi nou ak moun nou renmen yo. Sa a se travay Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason L lan. Mwew konnen yo vivan e yo reponn priyè nou yo. Lè nou aji sou enspirasyon sa yo, ak lafwa nan kapasite L pou l fè yon mirak rive, mirak yo rive e lavi yo chanje. Nan non Jezikri. Amèn.

### Nòt

1. Gade Worldwide Leadership Training Meeting, Feb. 11, 2012, LDS.org.
2. Gade *Teachings of Presidents of the Church: Harold B. Lee* (2000), 134.
3. Gade Boyd K. Packer, “Priesthood Power in the Home,” Worldwide Leadership Training Meeting, Feb. 11, 2012, LDS.org.
4. Gade Doktrin ak Alyans 68:25–28.
5. 2 Nefi 25:23, 26.
6. 2 Nefi 25:23.
7. Gade Lik 15:4–7.
8. Gade Doktrin ak Alyans 18:10.
9. Moyiz 1:39.

10. "Status Report on Missionary Work: A Conversation with Elder Thomas S. Monson, Chairman of the Missionary Committee of the Council of the Twelve," *Ensign*, Oct. 1977, 14.
11. Gade Thomas S. Monson, "Anxiously Engaged," *Liahona and Ensign*, Nov. 2004, 56–59; "To the Rescue," *Liahona*, July 2001, 57–60; *Ensign*, May 2001, 48–50; "The Doorway of Love," *Liahona and Ensign*, Oct. 1996, 2–7.
12. Gade Ann M. Dibb, "My Father Is a Prophet" (Brigham Young University–Idaho devotional, Feb. 19, 2008), [byui.edu/devotionalsandspeeches](http://byui.edu/devotionalsandspeeches); Thomas S. Monson, "Stand in Your Appointed Place," *Liahona and Ensign*, Me 2003, 54–57; "Peace, Be Still," *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2002, 53–56; "Priesthood Power," *Liahona*, Jan. 2000, 58–61; *Ensign*, Nov. 1999, 49–51; "The Spirit Giveth Life," *Ensign*, Me 1985, 68–70.
13. Anplis Prezidan Thomas S. Monson, gen lòt pwofèt ki te anseye menm prensip sa a tou. Pa egzanp, Prezidan Spencer W. Kimball te anseye enpòtans pou aji sou enpresyon ou resevwa nan men Lespri a lè l te di: "Bondye pote atansyonh avèk nou, e l ap veye sou nou. Men se jeneralman palentèmedyè yon lòt moun li reponn bezwen nou. Se poutèt sa, li kapital pou nou youn sèvi lòt nan wayòm nan" (*Enseignements des présidents de l'église: Spencer W. Kimball* [2006], 82).

---

# Konsidere yo sakre

**Pa Èldè Paul B. Pieper**

*Nan Swasanndis yo*

---

*Nou dwe trete bagay sakre yo avèk plis swen, ba yo pi gwo respè, epi gade yo avèk pi gwo reverans.*

---

Anviwon 1.500 ane anvan Jezikri, yon bèje te atire vè yon kolòn dife sou tèt Mòn Orèb la. Rankont divin sa a te kòmanse transfòmasyon Moyiz soti kòm yon bèje pou rive vin yon pwofèt epi soti nan travay li pou gade mouton pou rive nan rasanbleman Izrayèl. Mil twasan an apre, yon jèn prèt privilejye nan lakou yon wa te kaptive pa temwayaj yon pwofèt kondane. Rankont sa a te kòmanse evolisyon Alma soti nan yon sèvitè sivil rive nan yon sèvitè Bondye. Prèske 2.000 ane apre, yon tigason katòzan te antre nan yon boskè pou al chèche repons pou yon kesyon sensè. Rankont Joseph Smith la nan boskè a te mete l sou chemen pou vin yon pwofèt ak pote yon retablisman.

Lavi Moyiz, Alma, ak Joseph Smith te chanje pa rankont yo avèk divin nan. Eksperyans sa yo te fòtifye yo pou yo te rete fidèl anvè Senyè a ak travay Li a pandan tout lavi yo, malgre gwo opozisyon ak eprèv difisil ki te suiv.

Eksperyans nou avèk divin nan gen dwa pa osi dirèk ni osi espektakilè, ni pwoblèm nou pa osi gwo tankou pa yo. Sepandan, menmjan ak pwofèt yo, fòs nou pou andire fidèlman depann sou rekonèt, sonje, ak konsidere kòm sakre temwayaj nou resevwa atravè rankont nou avèk divin nan.

Jodia, otorite, kle, ak òdonans yo retabli sou tè a. Gen ekriti ak temwen espesyal tou. Mou k ap chèche Bondye kapab resevwa batèm pou remisyon peche yo ak konfimasyon “pa enpozisyon men pou batèm dife ak Sentespri a” (D&C 20:41). Avèk don presye sa yo ki retabli a, rankont nou avèk divin nan ap pifò enplike twazyèm manm Divinite a, Sentespri a.

*“Pa mwayen yon ti vwa dous piti, Lespri a pale avèk mwen  
Pou gide m, pou sove m anba mal mwen ka rankontre”*

*(“The Still Small Voice,” Children’s Songbook, 106)*

*“Kite Sentespri a gide nou;  
Kite l anseye nou sa ki vre.  
La va temwaye de Kris la,  
Pou mete bagay selès nan lespri nou”*

*(“Let the Holy Spirit Guide,” Hymns, no. 143)*

Lè nou chèche repons nan men Bondye, nou santi ti vwa dous piti a ap chichote nan lespri nou. Santiman sa yo—enpresyon sa yo—si natirèl ak si sibtil ke nou gen dwa pa menm reyalize yo oubyen nou ka di se rezonman oswa ide yo ye. Mesaj endividyèl sa yo temwaye de amou pèsònèl Bondye ak sousi li pou nou chak nan pitit li yo ak pou misyon pèsònèl nou nan mòtalite a. Si nou reflechi chak jou sou enpresyon Lespri a bay yo epi nou ekri yo, y ap kapab ede nou (1) rekonèt rankont pèsònèl nou avèk divin nan, epi (2) konsève yo pou nou menm ak pou posterite nou. Lefèt ke nou ekri yo a se yon fason nou ofisyèlman manifeste rekonesans nou anvè Bondye, paske “lòm pa ofanse Bondye nan anyen, oubyen kòlè Bondye pa limen kont okenn moun, eksepte moun ki pa konfese men l nan tout bagay” (D&A 59:21).

Konsènan sa nou resevwa pa Lespri a, Senyè a te di: “Sonje, bagay ki soti anwo sakre (D&A 63:64). Deklarasyon sa a plis pase yon rapèl; se yon definisyon ak yon eksplikasyon tou. Limyè ak konesans ki soti nan syèl la sakre. Yo sakre paske se syèl la ki sous yo.

*Sakre* vle di diy pou reverans ak respè. Nan klasifye yon bagay antanke sakre, Senyè a endike ke li gen pi gwo valè ak pi gwo enpòtans pase tout lòt bagay. Nou dwe trete bagay sakre yo avèk plis swen, ba yo pi gwo respè, epi gade yo avèk pi gwo reverans. Sakre kanpe wo nan yerachi valè selès yo.

Bagay ki sakre pou Bondye ap vin sakre pou nou sèlman lè nou egzèse libabit nou; chak moun dwe chwazi pou aksepte ak konsidere kòm sakre bagay Bondye defini kòm sakre. Li voye



limyè ak konesans soti nan syèl la. Li envite nou pou n aksepte yo epi trete yo kòm sakre.

Men, “gen opozisyon nan tout bagay” (2 Nepi 2:11). Opoze sakre se pwofàn oswa layik—bagay ki tanporèl oswa monden. Lemond konstaman ap fè konpetisyon avèk bagay ki sakre yo pou kapte atansyon nou ak priyorite nou. Konesans pwofàn nan esansyèl pou vi tanporèl nou chak jou. Anplis, Senyè a ba nou enstriksyon pou nou chèche konesans ak sajès, pou etidye ak aprann nan pi bon liv yo, ak pou vin familiarize nou avèk langaj, lang, ak pèp (gade D&A 88:118; 90:15). Konsa, chwa pou plase bagay sakre yo anlè bagay monden yo se yon chwa priyorite relatif, non pa seleksyon; “men li bon pou [nou] save *si* [nou] koute konsèy Bondye” (2 Nepfi 9:29; italik ajoute).

Batay pou priyorite ant sakre ak monden an nan chak kè imen an kapab ilistre pa eksperyans Moyiz te fè nan kolòn dife a. La, Moyiz te resevwa apèl sakre li nan men Jewova pou delivre pitit Izrayèl yo anba esklavaj. Men, toudabò konesans pwofàn li te genyen sou pouvwa Lejip ak Farawon an te lakoz li te doute. Finalman, Moyiz te egzèse lafwa li nan pawòl Senyè a, li te plase konfyans li nan sakre a anvan konesans monden l te genyen. Konfyans sa a te ba li pouvwa pou simonte eprèv tanporèl yo epi mennen Izrayèl soti nan Legip.

Aprè l te fin chape anba men lame Wa Nowe yo, pou te vin tonbe nan esklavaj anba men Amilon, Alma te gen dwa doute de temwayaj espiritiyèl li te resevwa lè l t ap koute Abinadi a. Men, li te fè sakre a konfyans epi li te resevwa fòs pou l te andire epi finalman chape anba eprèv tanporèl li yo.

Joseph Smith te rankontre yon dilèm menmjan an nan epòk li t ap tradui Liv Mòmmon an. Li te konnen nati sakre plak yo ak travay tradiksyon an. Men Martin Harris te pèsyade li pou l te bay preyokipasyon monden ki se amitye ak finans yo priyorite, an opozisyon ak enstriksyon sakre l te resevwa yo. Kòm rezilta, maniskri tradiksyon an te pèdi. Senyè a te reprimande Joseph paske li te ‘livre bagay ki sakre yo, nan mitan mechanste’ (D&C 10:9) epi l te retire don pou tradui plak yo nan men l pou yon tan. Lè priyorite Joseph te vin byen reetabli, bagay sakre yo te retounen epi travay la te kontinye.

Liv Mòmmon an bay lòt egzanp sou lit pou bay bagay sakre yo priorite. Li pale de kwayen ke lafwa yo te dirije yo nan pyebwa lavi a pou manje fwi sakre li, lanmou Bondye. Apresa mokri moun ki te nan gwo kay byen laj la te lakoz kwayan sa yo detounen de sa ki sakre pou al nan sa k monden. (gade 1 Nefi 8:11, 24–28.) Nan apre, Nefit yo te chwazi lògèy epi yo te renye espri pwofesi ak revelasyon an, “yo te moke bagay ki sakre yo” (Elaman 4:12). Menm moun ki te wè ak je yo siy ak mirak ki te asosye avèk nesans Sovè a te chwazi rejte manifestasyon sakre sa yo ki te soti nan syèl la anfavè eksplikasyon monden (gade 3 Nefi 2:1–3).

Jodia, batay la ap kontinye. Vwa mond lan yo ap pran plis volim ak entansite. Mond lan plis anplis ap pouse kwayan yo pou abandone kwayans ke mond lan konsidere kòm irezone ak derezonab. Paske “nou wè atravè yon glas twoub” (1 Korentyen 13:12) epi “nou pa konn siyifikasyon tout bagay(1 Nefi 11:17), nou gen dwa pafwa santi nou fèb epi santi ke nou bezwen pi gwo asirans espiritiyèl. Senyè a te di Oliver Cowdery:

“Si ou vle yon lòt temwayaj, raple ou nuit lè ou te kriye nan pye m nan kè ou la, pou ou te kapab konnen si bagay sa yo se verite.

“Èske m pa t pote lapè nan panse ou konsènan bagay sa a? Ki pi gwo temwayaj ou kapab resevwa nan men Bondye?” (D&A 6:22–23).

Senyè a te raple Oliver ak nou menm tou pou nou apiye sou temwayaj pèsònèl sakre nou te deja resevwa yo lè lafwa nou ap mizalèprèv. Menmjan ak pou Moyiz, Alma, ak Joseph nan tan lontan an, rankont sa yo avèk diven an sèvi kòm ankraj espiritiyèl pou kenbe nou an sekirite ak sou bon chemen an nan tan eprev yo.

Nou pa ka chwazi rejte bagay sakre yo. Moun ki chwazi pou abandone bagay sakre yo ap gen panse yo bouche (gade D&A 84:54), epi amwenske yo repanti, limyè yo te resevwa a, y ap pran l nan men yo (gade D&A 1:33)). Paske yo pa anrasine nan sakre a, y ap twouve tèt yo pèdi moralman sou lanmè monden an. Men, moun ki konsidere bagay sakre yo kòm sakre ap resevwa pwomès: “Yon bagay ki soti nan Bondye li se limyè; epi yon moun ki resevwa limyè epi ki kontinye nan Bondye, li resevwa

plis limyè; epi limyè sa a vin pi klere jistan l fè jou klè" (D&A 50:24).

Se pou Senyè a beni nou pou nou toujou ajamè rekonèt, sonje, ak konsidere kòm sakre bagay sakre nou resevwa nan men anwo yo. Mwen temwaye ke si nou fè sa, n ap gen pouvwa pou andire eprèv yo ak simonte difikilte epòk nou yo. Nan non Jezikri, amèn.

---

# Kisa Kris la Panse de Mwen?

**Pa Eldè Neil L. Andersen**

*Nan Kolèj Douz Apot yo*

---

*Si nou renmen li, si nou gen konfyans nan li, si nou suiv li, n ap santi amou li ak apwobasyon li.*

---

Yon Jounalis nan yon Gwo Journal Brezilyen te fè rechèch sou Legliz la pou l te ka prepare yon gwo atik enpòtan pou laprès.<sup>1</sup> Li te etidye doktrin nou an epi l te vizite sant fòmasyon misyonè yo ak sant èd imanité yo. Li te pale avèk zanmi Legliz la epi avèk lòt moun ki pat tèlman amikal tou. Nan yon entèvyou avèk mwen, jounalis la te sanble l sensèman gen konfizyon lè l te mande: “Kijan yon moun fè pansè ke nou pa Kretyen?” Mwen te konnen l t ap pale de Legliz la, men nan yon fason, m te pran kesyon an pèsònèlman, e m te m ap mande tèt mwen ansilans: “Èske lavi m reflekte lanmou ak devosyon m santi pou Sovè a?”

Jezi te mande Farizyen yo, “Kisa nou pansè de Kris la?”<sup>2</sup> Nan jijman final la, se pa zanmi nou oubyen enmi nou ki pral jije si nou se vrèman disip. Men, jan Pòl te di a, “Nou tout gen pou konparèt devan tribinal Kris la.”<sup>3</sup> Nan jou sa a, kesyon enpòtan pou nou chak la se pral: “Kisa Kris la pansè de mwen?”

Malgre amou li pou tout limanite, Jezi, nan yon espri reprimand, te repwoche kèk moun ki te bò kote l yo kòm moun ipokrit,<sup>4</sup> ensanse,<sup>5</sup> moun k ap fè sa ki mal.<sup>6</sup> Avèk apresyasyon, Li te rele lòt moun pitit wayom nan<sup>7</sup> ak limyè mond lan.<sup>8</sup> San apresyasyon li te repwoche kèk lòt kòm avèg<sup>9</sup> ak steril<sup>10</sup>. Li te konplimante lòt kòm moun ki gen kè pi<sup>11</sup> ak swaf pou lajistis.<sup>12</sup> Li te santi l tris dèske gen kèk ki te manke konfyans<sup>13</sup> epi ki te fè pati mond lan,<sup>14</sup> men lòt yo Li te onore yo kòm moun chwazi,<sup>15</sup> disip,<sup>16</sup>

zanmi.<sup>17</sup> Epi konsa nou chak ap mande: “Kisa Kris la panse de mwen?”

Prezidan Monson te di ke sosyete nou an jodi a ap elwaye de “tout sa ki esprityèl . . . [avèk] van chanjman an k ap vire toutotou nou ak prensip moral yo nan sosyete a k ap [kontinye] depafini devan pwòp je nou.”<sup>18</sup> Se yon tan kote enkwayans ak mank respè pou Kris la ak ansèyman L yo ap grandi.

Nan anvivonman toumante sa a, nou rejwi dèske nou se disip Jezikri. Nou wè men Senyè a toupatou bò kote nou. Destinasyon nou byen plase devan nou. Jezi te priye: “Lavi ki pap janm fini an, se pou yo konen ou oumenm ki sè Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a Jezikri.”<sup>19</sup> Rete yon disip nan jou eprèv sa yo ap yon distenksyon plen onè atravè etènite yo.

Mesaj nou te tande yo nan konferans sa a se potò limyè Senyè a voye banou sou wout pou nou vin disip li a. Pandan de dènye jou sa k sot pase yo, nou te koute epi priye pou gidans esprityèl, e pandan n ap etidye ak priye sou mesaj sa yo nan jou k ap vini yo, Senyè a beni nou kote l va ba nou direksyon endividyèl atravè don Sentespri a. Santiman sa yo vire nou pipli vè Bondye, yo pote nou repanti, obeyi, kwè, epi gen konfyans. Sovè a reponn aksyon lafwa nou yo. “Si yon gason [oswa yon fi] renmen m, li va fè tou sa m di l fè. Papa m va renmen l tou. Papa m va vin jwenn li ansanm avè m, na viv nan li.”<sup>20</sup>

Apèl Jezi “Vini, suiv mwen an”<sup>21</sup>, se pa sèlman pou moun ki prepare pou fè yon konpetisyon nan Je Olenpik esprityèl. Anfèt, vin disip se pa yon konpetisyon ditou, men se yon envitasyon pou tout moun. Vwayaj nou antanke disip se pa yon kous vitès sou yon pis ni menm yon gwo maraton. An reyalyte, se yon vwayaj pèmanan ki ale vè yon mond selès.

Envitasyon sa a se yon apèl pou travay chak jou. Jezi te di: “Si nou renmen, m se pou n obeyi komandman m yo.”<sup>22</sup> “Si yon moun vle mache dèyè m, se pou li bliye tèt li. Se pou li chaje kwa l sou zèpòl li chak jou, epi swiv mwen.”<sup>23</sup> Nou gen dwa pa nan meyè fòm nou chak jou, men, si n ap eseye, envitasyon Jezi a ranpli avèk ankourajman ak lespwa: “Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m a ba nou soulajman.”<sup>24</sup>

Kèlkeswa kote nou twouve nou kounyeya sou wout disip la, nou sou bon wout la, wout k ap mennen nan lavi etènèl la.

Ansanm nou youn kapab edifye ak fòtifye lòt nan gwo jou enpòtan k ap vini yo. Kèlkeswa difikilte n ap konfwonte, feblès k ap limite nou, oubyen mank posiblite ki antoure nou, annou gen lafwa nan Pitit Gason Bondye a, ki te declare: "Tout bagay posib pou moun ki kwè."<sup>25</sup>

Kite m pataje de egzanp disip an aksyon avèk nou. Premye a soti nan lavi Prezidan Thomas S. Monson, ki demontre pouvwa senp jantiyès ak ansèyman Jezi yo, "Moun ki pi grannèg nan mitan nou an, se moun k ap sèvi nou an."<sup>26</sup>

Sa gen prèske 20 an, Prezidan Monson te pale nan konferans jeneras osijè yon jènfi 12 an ki t ap soufri avèk maladi kansè. Li te pale de kouraj ak jantiyès zanmi l yo pou te pote li monte sou tèt Montay Timpanogos la.

Sa gen kèk ane, m te rankontre Jami Palmer Brinton e m te tandè istwa a nan yon diferant pwendvi—pwendvi sou sa Prezidan Monson te fè pou li.

Jami te rankontre Prezidan Monson an Mas 1993, yon jou apre yo te di l ke boul li te gen anlè jenou dwat li a sete yon kansè zo ki t ap devlope byen vit. Avèk papa li ki t ap asiste, Prezidan Monson te ba l yon benediksyon prèttriz, li te promèt "Jezi ap sou kote dwat ou ak sou kote goch ou pou soutni ou."

Jami te di: "Pandan li t ap kite biwo li jou sa a, mwen te detache yon balon ki te mare nan chèz woulant mwen a e m te ba li l. Balon an te ekri an gran lèt 'Ou se meye a'.

Atravè tretman kimoterapy ak operasyon pou sove jenou an, Prezidan Monson pa t bliye li. Jami di: "Prezidan Monson te montre egzanp kisa sa vledi pou nou se yon vrè disip Kris la. [Li] te soulaje m soti anba chagren pou mennen m nan gran espwa dirab." Twazan apre premye reyinyon yo a, Jami te chita ankò ak Prezidan Monson nan biwo li. Lè reyinyon sa a te fini, li te fè yon bagay Jami pap janm bliye. Sa sanble anpil ak karaktè atansyone Prezidan Monson, li te siprann ni avèk menm balon sa a li te ba li twazan pase a. Li te sere li, li te konnen li t ap retounen nan biwo li lè l te fin geri anba maladi kansè a. Balon a te pwoklame: "Ou se Meyè a!" Li te sere li, paske l te konnen Jamie t ap retounen nan biwo li lè l fin geri anba maladi kansè a. Katòzan apre premye reyinyon sa a, Prezidan Monson te fè maryaj Jami Palmer ak Jason Brinton nan Tanp Salt Lake la.<sup>27</sup>

Nou kapab aprann anpil nan Prezidan Monson antanke disip. Li souvan raple Otorite Jeneral yo pou yo sonje senp kesyon sa a: “Kisa Jezi t ap fè?”

Jezi te di chèf sinagòg la: “Pa pè, sèlman met konfyans ou nan mwen.”<sup>28</sup> Pou yon moun disip li, sa vle di kwè nan li nan sezon lapè e kwè nan Li nan sezon difikilte, lè soufrans nou ak laperèz nou kalme sèlman pa konviksyon ke Li renmen nou e l ap kenbe pwomès Li.

Sa pa gen lontan m te rankontre yon fanmi ki se yon bèl egzanp sou fason nou kwè nan Li. Olgan ak Soline Saintelus nan Pòtoprens, Ayiti, te rakonte m istwa yo.

Jou 12 Janvyè 2010 la, Olgan te nan travay epi Soline te nan Legliz la lè tranbleman tè devastan an te frape Ayiti. Twa pitit yo—Gancci, ki te gen 5 an, Angie, ki te gen 3 an, ak Gansly, ki te gen 1 an—te lakay yo nan apatman yo a avèk yon zanmi.

Devastasyon masiv te toupatou. Si nou sonje, dè dizèn milye moun te pèdi lavi yo nan mwa Janvyè sa a an Ayiti. Olgan ak Soline te kouri osi vit yo te kapab pou ale nan apatman an pou y al jwenn pitit yo. Bilding twa etaj la kote fanmi Saintelus te rete a te tonbe plat.

Timoun yo pa t chape. Pa t gen okenn efò sekou ki t ap ka fèt pou fouye yon bilding ki te konplètman detwi konsa.

Olgan ak Soline Saintelus toulède te sèvi yon misyon apletan epi yo te marye nan tanp. Yo te kwè nan Sovè a ak nan pwomès Li te fè yo. Men kè yo te brize. Yo te kriye san kontwòl.

Olgan te di m ke, nan moman patikilyèman sonb sa a, li te kòmanse priye: “Papa nou ki nan Syèl la, si se volonte ou, si m te ka jwenn sèlman youn omwen nan pitit mwen yo vivan, tanpri, tanpri, ede nou.” Li te mache ap fè wonn bilding nan san rete, pandan l t ap priye pou l jwenn enspirasyon. Vwazen yo te eseye konsole li ak ede l aksepte ke l te pèdi pitit li yo. Olgan te kontinye ap mache bò kote debri beton bilding nan ki te tonbe a, ap priye. Epi, yon bagay toutafè mirakile te rive. Olgan te tande kri yon tibebe k t ap kriye tou fèb. Sete kriye ti bebe l la.

Pandan plizyè èdtan, vwazen yo te dezespereman fouye nan debri yo, riske pwòp lavi pa yo. Nan mitan fènwa lannit la, nan mitan gwo bri mato, ak biren, travayè sovètè yo te tande yon lòt bri. Yo te sispann frape pou yo te koute. Yo pa t ka kwè sa yo te

tande a. Sete bri yon timoun—ki t ap chante. Gancci ki te gen 5 an te di nan apre ke l te konnen papa l t ap tandè li si l te chante. Anba gwo pwa lou beton an ki t ap lakoz li te pèdi yon bra li nan apre, Gancci t ap chante chan li renmen anpil la, “Je suis enfant de Dieu.”<sup>29</sup>

Pandan lè t ap pase, nan mitan fènwa, lanmò, ak dezespwa si anpil lòt presye pitit gason ak pitit fi Bondye yo an Ayiti, fanmi Saintelus te viv yon mirak. Yo te jwenn Gancci, Angie, ak Gansly vivan anba bilding ki te kraze plat la.<sup>30</sup>

Mirak yo pa toujou osi imedyat. Pafwa n ap mande tèt nou poukisa mirak la nou si sensèman priye pou li a pa rive tout suit. Men si nou mete konfyans nou nan Sovè a, mirak li pwomèt yo ap rive. Kesewa nan lavi sa a oubyen nan lòt la, tout bagay ap repare. Sovè a deklare: “Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè.”<sup>31</sup> “Nou gen pou n soufri anpil sou latè. Men, pran kouraj, lemonn deja pèdi devan mwen.”<sup>32</sup>

Mwen temwaye ke si nou renmen Li, si nou gen konfyans nan Li, kwè nan Li, epi suiv Li, n ap santi lanmou li ak apwobasyon Li. Pandan n ap mande: “Kisa Kris la panse de mwen?”, n ap konnen ke nou se disip Li; nou se zanmi Li. Pa gras Li, l ap fè pou nou sa nou pa kapab fè poukont nou.

Nou enpasyon pou nou tandè diskou final pwofèt byenneme nou an. Prezidan Thomas S. Monson te òdone kòm Apot Senyè Jezikri lè m te gen 12 an. Pandan plis pase 48 an, nou te gen benediksyon tandè li rann temwayaj konsènan Jezikri. Mwen temwaye li kanpe kounyeya kòm pi gran Apot Sovè a sou tè a.

Avèk gwo lanmou ak admirasyon pou anpil disip Jezikri ki pa manm Legliz sa a, nou deklare enbleman ke zanj te retounen sou tè a nan epòk nou an. Legliz Jezikri a jan l te etabli li nan tan ansyen an, te vin retabli, avèk pouvwa, òdonans ak benediksyon syèl la. Liv Mòmmon an se yon lòt temwanyaj konsènan Jezikri.

Mwen temwaye ke Jezikri se Sovè mond lan. Li te soufri epi mouri pou peche nou epi leve nan twazyèm jou a. Li resisite. Nan yon jou k ap vini, tout jenou va flechi epi tout lang va konfese ke l se Kris la.<sup>33</sup> Jou sa a, sousi nou se p ap “Èske lòt moun konsidere m kòm Kreyen?” Nan moman sa a, je nou va fikse sou Li, epi nanm nou va kaptive pa kesyon sa a: “Kisa Kris la panse de mwen?” Li vivan. Mwen temwaye desa nan non Jezikri, amèn.



## Nòt

1. Gade André Petry, "Entre a Fé e a Urna," *Veja*, Nov. 2, 2011, 96.
2. Matye 22:42.
3. Women 14:10.
4. Gade Matye 6:2.
5. Gade Matye 23:17.
6. Gade Matye 7:23.
7. Gade Matye 13:38.
8. Gade Matye 5:14.
9. Gade Matye 15:14.
10. Gade Matye 13:22.
11. Gade Matye 5:8.
12. Gade Matye 5:6.
13. Gade Matye 17:17.
14. Gade Jan 8:23.
15. Gade Jan 6:70.
16. Gade Jan 13:35.
17. Gade Jan 15:13.
18. Thomas S. Monson, "Stand in Holy Places," *Liahona* and *Ensign*, Nov. 2011, 83, 86.
19. Jan 17:3.
20. Jan 14:23.
21. Lik 18:22.
22. Jan 14:15.
23. Lik 9:23.
24. Matye 11:28.
25. Mak 9:23.
26. Matye 23:11.
27. Jami Brinton, letter to author, Jan. 27, 2012.
28. Mak 5:36.
29. "I Am a Child of God," *Children's Songbook*, 2–3.
30. Nan yon rankont avèk Olgan ak Soline Saintelus jou 10 Fev 2012 la; gade tou Jennifer Samuels, "Family Reunited in Miami after Trauma in Haiti," *Church News*, Jan. 30, 2010, 6.
31. Jan 14:27.
32. Jan 16:33.
33. Gade Women 14:11.

# Nan fen konferans sa a

**Pa Prezidan Thomas S. Monson**

---

*Se pou nou medite sou verite nou te tandè yo epi se pou yo ede nou vin pi bon pase nou te ye nan kòmansman konferans sa a.*

---

Kè m ranpli pandan nou rive nan fen bèl konferans sa a. Nou te si richman beni pou n te tandè rekòmmandasyon ak temwayaj moun ki te pale avèk nou yo. Mwen panse n ap dakò avèk mwen ke nou te santi Lespri Senyè a. Kè nou te touche epi temwayaj nou te ranfòse.

Yon fwa ankò nou te apresye yon bèl mizik, ki te amelyore ak anrichi chak sesyon konferans sa a. Mwen eksprime gratitud mwen pou nou tout ki te pataje talan nou avèk nou yo nan konferans sa a.

Remèsiman sensè pou chak moun ki te pale avèk nou osibyen pou moun ki te ofri priyè nan chak sesyon yo.

Gen anpil moun ki travay dèyè sèn yo oubyen nan pozisyon mwens vizib nan chak konferans. Li pa t ap posib pou nou fè sesyon sa yo san èd yo. Mwen remèsye yo tout tou.

Mwen konnen nou rejwenn mwen nan eksprime pwofon rekonesans mwen pou frè ak sè ki te relve yo pandan konferans sa a. N ap sonje yo anpil. Kontribisyon yo nan travay Senyè a te gwo anpil e n ap kontinye santi yo atravè jenerasyon k ap vini yo.

Konsa tou, nou soutni, avèk men nou leve, frè ak sè ki fèk aple nan nouvo pozisyon yo pandan konferans sa a. Nou swete yo byenveni e nou vle yo konnen ke n ap tann avèk enpasyans pou n sèvi avèk yo nan koz Mèt la. Yo te aple pa enspirasyon ki soti anwo.

Retransmisyon konferans sa a ale nan plis zòn pase anvan, li atenn kontinan ak oseyan rive jwenn moun toupatou. Byenke nou lwen anpil nan ou fizikman, nou santi lespri ou ak devouman ou, e nou voye lanmou nou ak apresyasyon nou pou ou kèlkeswa kote ou ye a.

Ala nou beni, frè m ak sè m yo, pou nou gen levanjil retabli Jezikri a nan lavi nou ak nan kè nou. Li pote repons pou gwo kesyon lavi yo. Li pote sans ak bi ak espwa nan lavi nou.

N ap viv nan tan difisil. Mwen asire nou ke Papa nou ki nan syèl la konsyan de pwoblèm n ap rankontre yo. Li renmen nou chak e li vle beni nou e ede nou. Se pou nou rele Li nan lapriyè, jan Li te rekòmande nou an lè L te di: “Priye tout tan, epi m ap vide Lespri m sou ou, epi benediksyon w ap anpil—wi, plis pase si ou ta jwenn trezò tè yo.”<sup>1</sup>

Frè m ak sè m yo, se pou fwaye nou ranpli ak lanmou ak koutwazi epi avèk Lespri Senyè a. Renmen fanmi nou. Si gen diskòd ak kontansyon nan mitan nou, mwen priye nou pou nou rezoud yo. Sovè a te di:

“Epi pa p gen diskisyon nan pami nou. . . .

“Paske anverite anverite, m ap di nou, yon moun ki gen lespri chirepit se pa mwen ki voye l, men se dyab la, ki se papa chirepit, e li soulve kè lèzòm pou yo goumen nan kòlè youn ak lòt.

“[Gade], se pa doktrin pa m . . . ; men *sa ase* doktrin mwen, pou bagay konsa sispann.”<sup>2</sup>

Antanke enb sèvitè nou, m ap repete pawòl Wa Benjamen yo nan diskou li te fè pou pèp li a, kote l te di:

“M pa t kòmande nou pou nou . . . panse pou tèt pa m, m plis pase yon nonm mòtèl.

“Men, m menm jan avèk nou, m soumèt anba tout enfimite kò ak panse yo, malgre sa, pèp sa a te chwazi m, . . . e men Senyè a . . . te pwoteje m, prezève m, pou m kapab sèvi nou avèk tout pouvwa, panse, ak fòs Senyè a ban mwen.”<sup>3</sup>

Chè frè m ak sè m yo, avèk tout kè mwen, m fè volonte Bondye epi sèvi Li epi sèvi nou.

Kounyeya pandan n ap kite konferans sa a, mwen envoke benediksyon syèl yo sou nou chak. Se pou nou menm ki lwen lakay nou yo retounen lakay nou an sekirite. Se pou nou medite

sa nou te tande yo, epi se pou yo ede nou vin pi bon pase nou te ye anvan konferans sa a te kòmanse sa gen de jou a.

Jiskaske nou rankontre ankò nan sis mwa, mwen mande benediksyon Senyè a sou nou, sou nou tout, e mwen fè sa nan non sakre li—nan non Jezikri, Senyè nou, ak Sovè nou an, amèn.

*Nòt*

1. Doktrin ak Alyans 19:38.
2. 3 Nefi 11:28–30; italik ajoute.
3. Mozya 2:10–11.

# Leve epi briye

**Pa Ann M. Dibb**

*Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Jènfi a*

---

*Youn nan pi gwo fason pou nou kapab leve epi briye se pou nou obeyi kòmandman Bondye yo an tout konfyans.*

---

Se yon privilèj pou mwen pou m pataje aswè sa a avèk nou. Chak Janvyè mwen toujou ap tann anons nouvo tèm Mityèl la avèk enpasyans. Men, mwen toujou pran yon moman pou evalye si m byen metrize lesan tèm ane *pase* yo.

Pandan yon ti moman, annou repase tèm resan yo: “Se pou vèti gain panse ou san rete,”<sup>1</sup> “Se pou nou fèm, inebnanlab, toujou fè bon zèv an abondans.”<sup>2</sup> “Se pou ou tounen yon egzanp pou moun ki kwè yo,”<sup>3</sup> “Metè gason sou ou; pa janm dekouraje,”<sup>4</sup> ak trèzyèm atik lafwa a: “Nou kwè nou dwe onèt, vrè, chas byenveyan, gen vèti, epi nan fè byen pou tout moun.”<sup>5</sup>

Etidye ekriti sa yo ak konsantrè sou yo pandan tout yon ane ede yo vin ankre nan kè nou, nanm nou, ak temwayaj nou. Nou espere ke n ap kontinye suiv direksyon yo pandan n ap konsantrè atansyon nou sou tèm Mityèl 2012 la, ke nou jwenn nan Doktrin ak Alyans yo.

Antèt pou seksyon 115 la eksplike ke ane a sete 1838 epi kote a sete Far West, Missouri. Joseph Smith te “te fè konnen volonte Bondye konsènan konstriksyon anplasman sa a ak yon kay pou Senyè a.” Pwofèt la te plen espwa ak kouraj. Nan vèsè 5 la, kote nou jwenn tèm ane sa a, Senyè a di li: “An verite m di nou tout: Leve epi briye, pou limyè nou kapab yon modèl pou nasyon yo.”

Kisa nou panse lè nou tande mo *leve*? Pèsonèlman, mwen panse avèk nou—nòb jèn yo nan Legliz la. Mwen fè vizyon nou k ap leve avèk dilijans soti nan kabann nou chak maten pou ale nan

seminè byen bonè. Mwen wè nou menm k ap fidèlman leve soti sou jenou nou lè nou fin fè priyè jounalye nou. Mwen panse avèk nou ki kourajezman ap leve pou pataje temwayaj nou ak defann prensip nou yo. Mwen enspire pa angajman nou nan levanjil la ak bon egzanp nou. Anpil nan nou deja aksepte envitasyon sa a pou leve epi briye a, epi limyè nou ankouraje lòt pou fè menm bagay la tou.

Youn nan pi gwo fason nou ka leve epi briye se nan obeyi kòmandman Bondye yo nan tout konfyans. Nou aprann kòmandman sa yo nan ekriti yo, nan men pwofèt modèn yo, ak andedan paj bwochi *Pou fòs jèn yo*. Nou chak dwe posede pwòp bwochi pa nou. Nan pa m nan, mwen ansèkle mopou a ak *ou*, a, jan yon bon zanmi te anseye m. Senp aksyon sa a raple m ke prensip sa yo se pa sèlman direksyon jeneral—yo espesyalman *pou mwen tou*. Mwen espere ke n ap pran tan pou ansèkle mo sa yo nan pwòp bwochi pa nou yo, li l depi nan kòmansman rive nan fen, epi santi Lespri a temwaye ke prensip yo la *pou ou menm tou*.

Kapab gen nan pami nou ki tante pou neglije oswa inyore prensip ki nan *Pou fòs jèn yo*. Yo gen dwa gade bwochi a epi panse: “Gade, Manman, liv sa a pa pale sou [*pwoblèm nou genyen an*].” Oubyen yo gen dwa jistifye tèt yo konsa: “Sa m ap fè a pa osi mal ke sa. Sètènman m pa osi mal ke [*mete non yon zanmi oswa yon moun yo konnen*].”

Prezidan Harold B. Lee te anseye: “Kòmandman ki pi enpòtan nan tout kòmandman Bondye yo se sa nou gen plis difikilte pou respekte a jodia.”<sup>6</sup> Wa Benjamen te eksplike: “M pa kapab di nou tout fason nou kapab fè peche; paske gen anpil fason ak mwayen, tèlman gen anpil m pa kapab konte yo.”<sup>7</sup> Si n ap lite pou n kenbe prensip ak kòmandman sakre sa yo, mwen ankouraje nou pou n chèche sipò andedan levanjil la. Li ekriti nou yo. Pase tan nan sit ofisyèl Legliz la, LDS.org, pou jwenn repons pou kesyon nou yo. Pale avèk paran nou, dirijan Legliz yo, ak moun ki gen bon egzanp nan viv levanjil la. Priye. Devèsè kè nou bay Papa nou ki nan Syèl la, ki renmen nou. Itilize don repantans la chak jou. Sèvi lòt moun. Epi pi enpòtan, koute e obeyi chichotman Sentespri a.

Prezidan Thomas S. Monson ankouraje nou tout avèk pawòl sa yo: “Jèn zanmi m yo, rete solid. . . . Nou konnen sa ki bon ak sa ki mal, epi okenn degizman, kèlkeswa jan l ka bèl, pa ka chanje sa. . . . Si moun ki swadizan zanmi nou yo ap pouse nou fè yon bagay nou konnen ki mal, *nou* dwe se moun k ap defann sa ki byen, menmsi sa vle di pou n kanpe poukont nou.”<sup>8</sup>

Papa nou ki nan Syèl la pa vle nou tounen vè mond lan ak *suiiv* tandans toujou chanjan ki nan mond lan. Li vle nou tounen vè Li menm epi *suiiv* gidans enchanjab pa l yo. Li vle nou viv levanjil la ak *dirije* lòt moun vè li nan etabli prensip ki elve.

Ekriti yo bay anpil gwo egzanp pou ilistre ides a a. Nan liv Jij yo nan Ansyen Testaman an, nou aprann sou Samson. Samson te fèt avèk gwo potansyèl. Yo te pwomèt manman l: “Se li menm ki pral delivre pèp Izrayèl la anba men Filisten yo.”<sup>9</sup> Men amezi Samson t ap grandi, li te plis anvi *suiiv* tantasyon mond lan yo pase direksyon Bondye. Li te fè chwa paske yo te “fè [li] plezi”<sup>10</sup> olye ke l te fè yo paske chwa sa yo te bon. Anpil fwa, ekriti yo itilize fraz “epi li te ale”<sup>11</sup> a lè y ap rakonte vwayaj, aksyon, ak chwa Samson. Olye ke l te leve epi briye pou akonpli gwo potansyèl li, Samson te kite mond lan simonte li, li te pèdi pouvwa Bondye te ba l la, epi li te mouri bonè anba lanmò trajik.

Yon lòtbò, ekriti yo ba nou egzanp Danyèl. Danyèl te fèt ak gwo potansyèl tou. Nan liv Danyèl la, chapit 6, nou li: “Danyèl te sipase tout chèf yo ak prefè yo, paske li te gen yon lespri siperyè nan li.”<sup>12</sup> Lè pwoblèm mond lan yo te prezante devan Danyèl, li pa t gade vè mond lan—li te leve epi l te gade vè syèl la. Olye l te *suiiv* dekrè monden wa a ki te di pou tout moun lapriyè nan pye wa a sèlman pandan 30 jou a, Danyèl “te antre lakay li. Te gen yon chanm anwo sou teras la ak yon fenèt ki bay nan direksyon lavil Jerizalèm. Li te mete ajenou devan fenèt la ki te louvri, li lapriyè Bondye nan l te toujou fè, twa fwa pa jou.”<sup>13</sup>

Danyèl pa t pè leve kanpe epi briye nan *suiiv* kòmandman Bondye yo. Malgre li te pase yon nuit enkonfòtab nan fòs lyon an paske l te kanpe pou sa ki dwat, li te pwoteje ak beni poutèt obeyisans li. Lè wa Dariyis te retire Danyèl nan fòs lyon an nan demen maten, li te pibliye yon dekrè ki di ke tout moun dwe gen krentif pou Bondye Danyèl la epi *suiiv* egzanp fidelite Danyèl. Reyèlman, Danyèl montre nou kisa sa vle di pou yon moun

kanpe kòm modèl pou nasyon yo e pa janm bese prensip nou anfas tantasyon mond lan yo.

Mwen te gen benediksyon pou tande anpil egzanp jèn nou yo jodia, menmjan avèk nou, ki pa pè leve kanpe pou briye epi pèmèt limyè yo vin yon modèl pami zanmi yo. Joanna sete sèl manm Legliz la nan lekòl segondè li ak sèl grenn jènfi nan pawas li. Li te pran angajman anvèt tèt li ak anvè Senyè a ke li pa t ap janm itilize move langaj. Lè, poutèt yon pwojè nan lekòl la, yo te mete l ansanm avèk yon jenòm ki pa t pran menm angajman an, li pa t bese prensip li. Li te mande jenòm nan pou respekte ak onore valè pa l yo. Alalong, avèk anpil rapèl janti e pa janti tou, zanmi l lan te fòme nouvo abitud epi l te itilize langaj pi pwòp. Anpil moun te remake diferans lan, enkli manman jenòm sa a, ki te remèsye Joanna dèske li te gen yon bon enfliyans nan lavi pitit gason l lan.<sup>14</sup>

Nan yon tach nan Filipin dènyèman, m te rankontre Karen, ki te pataje yon eksperyans li te fè lè l te Loreyòl pandan l t ap etidye pou pran yon doktora nan dirije otèl ak restoran. Yon pwofesè te mande pou chak etidyan aprann fè ak goute yon varyete bwason ke yo t ap gen pou sèvi nan restoran yo. Kèk nan bwason yo te gen alkòl, epi Karen te konnen ke kòmandman Senyè a entèdi pou l te goute yo. Angas gwo konsekans sa t ap pote, Karen te jwenn kouraj pou l te leve epi briye, e li pa t goute bwason yo.

Karen eksplike: “Pwofesè m nan te vin bò kote m epi l te mande m poukisa m pa t bwè. Li te di ‘Miss Karen, kijan w ap fè konnen save a ak pase nan sijè enpòtan sa a si w pa omwen yon fwa goute bwason yo?’ Mwen te di l ke m sete yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, e, antanke manm, nou pa bwè bagay ki danjere pou nou. Kèlkeswa sa l t ap atann de mwen, menmsi sa te vle di yon move nòt, mwen t ap konprann, men mwen pa t ap febli nan viv prensip pèsònèl mwen yo.”

Semèn te pase epi yo pa t di anyen ankò sou jou sa a. Nan fen semès la, Karen te konnen ke nòt mwayèn final li t ap afekte palefèt ke li te refize goute bwason yo. Li te ezite gade nòt li, men lè l te gade, li te wè ke l te resevwa pi gwo nòt la nan klas la.

Li di: “Atravè eksperyans sa a mwen aprann ke Bondye . . . ap toujou beni nou lè nou suiv Li. M konnen tou ke menmsi m te



resevwa yon move nòt, mwen pa t ap regrèt sa m te fè a. M konnen ke m pap janm echwe nan je Senyè a lè m chwazi pou fè sa m konnen ki se bon bagay pou fè a.”<sup>15</sup>

Chè jènfi m yo, nou chak la a fèt avèk gwo potansyèl. Nou se pitit fi byeneme Papa nou ki nan Syèl la. Li konnen nou epi Li renmen nou. Li envite nou pou n “leve epi briye,” epi Li pwomèt ke si nou fè sa, L ap soutni nou ak beni nou. Mwen priye pou nou chak jwenn kouraj pou aksepte envitasyon L la ak resevwa pwomès Li yo. Nan non Jezikri, amèn.

### Nòt

1. Doktrin ak Alyans 121:45.
2. Mozya 5:15.
3. 1 Timote 4:12.
4. Jozye 1:9.
5. Atik Lafwa 1:13.
6. *Teachings of Presidents of the Church: Harold B. Lee* (2000), 30.
7. Mozya 4:29.
8. Thomas S. Monson, “Examples of Righteousness,” *Liahona and Ensign*, Me 2008, 65.
9. Jij 13:5.
10. Jij 14:3.
11. Jij 14:7.
12. Danyèl 6:3.
13. Danyèl 6:10.
14. Pou yon pati nan istwa a, gade Joanna Ehrisman, “The Thing about Being Mormon,” nan Katilin Medlin and others, eds., *Going on 15: Memoirs of Freshmen* (2010), 93–96.
15. Korespondans pèsònèl pou Ann M. Dibb, 2012.

---

# Chèche konesans: Nou gen yon travay pou nou fè

**Pa Mary N. Cook**

*Premyè Konseyè nan Prezidans Jeneral Jènfi a*

---

*Aprann otan nou kapab kounyeya pou nou ka beni pitit nou ak fwaye nou pral genyen demen.*

---

Chè jènfi m yo, nou renmen nou chak anpil. Nou wè n k ap kourajezman leve epi briye avèk limyè nan yon mond kote gwo pwoblèm akonpaye gwo opòtinite. Sa ka lakoz nou mande tèt nou, kisa demen rezève pou mwen?" Mwen asire nou paske nou se pitit fi vètye Bondye, demen nou briyan! N ap viv nan yon tan kote verite levanjil yo retabli, epi verite sa yo nou ka jwenn yo nan ekriti yo. Nou resevwa don Sentespri a lè nou te batize, epi Sentespri a ap anseye nou laverite epi prepare nou pou pwoblèm lavi yo.

Bondye te ba nou libète moral ak opòtinite pou aprann pandan nou sou tè a, e li gen yon travay pou nou fè. Pou akonpli travay sa a, nou gen yon responsablite endividyèl pou chèche konesans. Kle demen nou, "bèl reyon lespwa nou"<sup>1</sup> nou kapab jwenn ni nan nouvo bwochi *Pou Fòs Jèn yo* anba prensip edikasyon an ak nan vèti Jènfi ki rele konesans la.

"Edikasyon . . . ap louvri pòt opòtinite."<sup>2</sup> Si nou suiv konsèy Senyè a pou "chèche konesans, menm nan etid epi avèk lafwa,"<sup>3</sup> a, n ap akèri non sèlman konesans nan etid nou men plis konpreyansyon tou pandan n ap aprann avèk lafwa a.

Chèche konesans nan etid dilijan. Se raman n ap kapab pase sitèlman tan dedye nan chèche konesans pase kounyeya. Prezidan Gordon B. Hinckley te sajman konseye jèn yo nan Legliz la: "Chema etid nou etabli pandan ane lekòl nòmal nou yo ap grandman afekte swaf konesans tout lavi nou."<sup>4</sup> "Nou dwe akèri

tout kalite fòmasyon nou ka posibman pran . . . Sakrifye tout bagay ki nesèsè pou sakrifye pou kalifye tèt nou pou n fè travay mond [sa a] . . . Antrene lespri nou ak men nou pou n vin yon enfliyan pou byen pandan n ap avanse nan lavi nou.”<sup>5</sup>

Pandan l t ap pale avèk fi yo, Prezidan Thomas S. Monson te di: “Souvan demen se enkonni; se poutèt sa, nou dwe prepare nou pou sitiyasyon ensèten . . . Mwen priye nou pou n chèche pran fòmasyon epi aprann bagay mache a mande yo pou ke, si yon sitiyasyon konsa ta leve, n ap prepare pou reponn ak bezwen yo.”<sup>6</sup>

Jènfi yo, suiv konsèy pwofèt saj ak enspire sa yo. Se pou nou yon bon elèv. Leve epi briye nan lekòl nou avèk travay di, onètete, ak entegrite. Si n ap lite oubyen nou dekouraje ak akonplisman nou nan lekòl, chèche èd nan men paran, pwofesè, ak manm Legliz la ki vle ede. Pa janm lage sa!

Fè yon lis sa nou vle aprann; epi “pataje bi nou yo sou edikasyon avèk fanmi nou, zanmi nou, ak dirijan nou pou yo ka ba nou sipò ak ankouraje nou.”<sup>7</sup> Sa se modèl ki nan Pwogrè Pèsonèl la.

Avèk teknoloji a, nou temwen yon eksplozyon enfòmasyon. Nou konstaman bonbade pa son, videyo, ak rezo entènèt. Se pou nou byen chwazi e pa kite kwasans konesans sa a distrè nou ni ralanti pwogrè nou. Leve, jènfi yo! Se *nou* ki pou detèmine bi nou. Se *nou* ki pou deside sa k ap antre nan lespri nou ak nan kè nou.

Kèk nan konesans ki pi enpòtan n ap akeri se pral andeyò klas nou. Antoure tèt nou avèk fi egzanplè ki ka anseye nou talan nan jere kay, nan kilti, mizik, istwa familyal, espò, ekri, oswa pale. Chèche konnen yo epi mande yo pou yo gide nou. Lè nou aprann yon bagay nouvo, anseye l nan Mityèl oubyen vin yon gid pou lòt jènfi yo kòm pati kondisyon pou nou pran Onè Abèy la.

Anplis manman ekstraòdinè m nan, mwen te gen anpil gid nan lavi mwen. Mwen te premye fwa vin gen konesans ak pwosesis pou gide a lè m te fèk gen nevan. Enstriktris mwen nan Primè a te anseye m bwode “M ap pote limyè levanjil la antre lakay mwen,” yon foto ki te toujou nan chanm mwen pandan tout adolesans mwen. Enstriktris mwen an te gide m, korije m, ak toujou ankouraje m sou tout wout mwen. Lòt gid te suiv. De

ekselan koutiryè nan pawas mwen te anseye m koud. Avèk direksyon yo, pasyans, ak ankourajman, mwen te prezante yon rad nan yon konkou rad lè m te gen 14 zan, e m te pran pri a! Pwosesis la te ogmante swaf mwen pou konesans ak ekselans nan lòt domèn tou.

Akeri konesans kounyeya ap pote anpil fwi lè nou vin manman. “Nivo edikasyon yon manman gen yon pwofon enfliyans sou chwa pitit [li] pral fè nan domèn fòmasyon.”<sup>8</sup> Fòmasyon yon manman kapab detni “kle pou soti nan sèk pòvrete.”<sup>9</sup> paske “fi ki gen bon fòmasyon yo “gen tandans pou: fè pitit ki pi ansante, elve timoun ki pi ansante, ki gen plis konfyans, pi rezistan epi ki gen pi bon rezonman ak jijman.”<sup>10</sup>

Nan “Fanmi: yon pwoklamasyon pou mond lan” nou aprann ke “manman yo responsab prensipalman pou nouriti pitit yo.”<sup>11</sup> Founi yon edikasyon pou pitit nou fè pati nourisman sa a, e se yon responsablite sakre. Menmjan ak gèye Elaman yo, ki te “anseye pa manman yo,” a<sup>12</sup> se nou menm ki pral enstriktris ki pi enpòtan pitit nou ap janm genyen, konsa, se pou nou byen chwazi sa n ap aprann. Beni pitit nou ak fwaye nou pral genyen deman an pa otan konesans nou kapab pran kounyeya.

Chèch konesans pa lafwa. Nou aprann pa lafwa lè, ak dilijans, nou chèche akkeri konesans espiyèl atravè lapriyè, etid ekriti, ak obeyisans ak lè nou chèche gidans Sentespri a, ki temwaye konsènan tout verite. Si nou fè pati pa nou an nan akkeri konesans la, Sentespri ap kapab eklere lespri nou. Pandan n ap efòse nou pou kenbe tèt nou diy, Sentespri a ap ba nou direksyon e ajoute limyè sou konesans nou an.

Lè m te jènfi, mwen te prete eski ki te twò long pou mwen ak bòt ki te twò long pou mwen anpil, epi yon zanmi te montre m skiye! Nou te ale nan yon bèl jounen prentan plen solèy, bèl nèj, ak syèl briye san nyaj. Anksyete pou pant rèd yo te fè plas ak kontantman pandan m t ap aprann nan. E malgre ke m te tonbe anpil sou eski twò long sa yo, mwen te leve e m te kontinye eseye. Mwen te vin renmen espò a!

Men, mwen te vin rann mwen kont byen vit ke se pa t tout jounen eski ak tanperati ki te ideyal. Nan jou eski kote syèl la te sonb yo, nou te eskiye nan yon kondisyon yo rele “limyè plat”. Limyè plat la rive lè limyè solèy la difize pa nyaj yo. Lè w ap

gade dèyè sou nèj blanch la, ou wè ke pèsèpsyon ou disparèt, epi li difisil pou jije redè pant la ni wè bòs yo ak pant yo sou kolin nan.

Jènfì yo, nou gen dwa ap tann fiti nou avèk enpasyans menmjan m te gade pis eski rèd sa a. Nou gen dwa pafwa santi ke n ap viv nan limyè plat, enkapab pou wè sa k ap tann nou devan yo. Konesans avèk lafwa ap ba nou konfyans epi ede nou navige sou wout nou nan tan ensètitud yo.

Nan chapit 25 Matye a, parabòl dis vyèj yo anseye nou ke preparasyon espirityèl enpòtan e nou dwe atenn ni endividyèlman. N ap raple nou ke tout dis vyèj yo te envite pou akonpaye mesye marye a nan resepsyon maryaj la, men sèlman senk vyèj saj te prepare avèk gaz nan lanp yo.

“Tèt chaje yo te mande sa ki gen bon konprann yo: tanpri, ban nou ti gout nan gaz nou pote a; paske lanp pa nou yo ap mouri.

“Men senk vyèj saj yo te reponn: Non, nou pa kapab, paske pa gen ase pou nou tout. Pito n al achte nan men machann yo.

“Antan yo t al achte gaz la, mesye marye a te vin rive; epi senk vyèj ki te pare yo te antre ansanm avè l nan kay nòs la. Yo te fèmen pòt la dèyè yo.”<sup>13</sup>

Nou gen panse ke sa te egoyis pou senk vyèj saj yo pa t pataje gaz yo a, men li te enposib pou yo te fè sa. Preparasyon espirityèl dwe akeri endividyèlman, gout pa gout, e nou pa ka pataje l.

Kounyeya se moman pou nou pou n aplike tèt nou ak dilijans nan ogmante konesans espirityèl nou—gout pa gout—atravè lapriyè, etid ekriti, ak obeyisans. Kounyeya se moman pa nou pou n kontinye fòmasyon nou—gout pa gout. Chak panse ak aksyon vètye ajoute gaz nan lanp nou tou, pou kalifye nou pou gidans Sentespri a, enstriktè divin nou an.

Sentespri a ap gide nou nan vwayaj nou isit la nan mòtalite a, menm lè nou santi nou nan limyè plat, ensèten pou sa k ap tann nou. Nou pa bezwen pè. Si nou rete sou chemen ki mennen nan lavi etènèl la, Sentespri a ap gide nou nan desizyon nou ak nan aprantisaj nou.

Mwen temwaye apati eksperyans pèsònèl ke si n ap chèche konesans menm nan etid epi avèk lafwa, nou *ap* gide nan sa “Senyè a . . . ap bezwen nou fè ak sa nou pral bezwen konnen.”<sup>14</sup>

Mwen te resevwa benediksyon patriyakal mwen pandan m te jènfi epi yo te konseye m pou prepare tèt mwen avèk yon bon fòmasyon epi aprann bonè nan lavi vèti ki konsène jere yon kay ak elve yon fanmi. Mwen te sitèlman anvi gen yon fanmi; men, benediksyon sa a pa t rive jiskaske m te gen 37 an, kote m te finalman marye. Mari m sete yon vèf, epi konsa, jou nou te sele nan tanp lan, mwen te toudenkou beni avèk non sèlman yon mari men yon fanmi kat timoun tou.

Lontan anvan sa, te gen anpil jou kote m te santi m tankou m ap eskiye nan limyè plat, ap poze kesyon: “Kisa demen rezève pou mwen?” an. M te eseye suiv konsèy nan benediksyon patriyakal mwen yo. M te etidye ak dilijans pou m te vin yon pwofesè lekòl epi m te kontinye fòmasyon m pou m te vin direktris nan lekòl elemantè. M te priye Papa m ki nan syèl la epi m te chèche gidans Sentespri a. M te kwè fèm nan pwomès pwofèt yo ki te asire m ke si m te “rete fidèl ak vrè, kenbe alyans [mwen] yo, sèvi Bondye, ak renmen Papa [m] ki nan Syèl la ak Senyè Jezikri, [m] t ap jwenn tout benediksyon etènèl Papa nou ki nan syèl la genyen pou pitit fidèl li yo.”<sup>15</sup>

Mwen konnen ke fòmasyon m te prepare m pou yon lavi ki pa t janm te ditou imajine lè m te jènfi a. M te panse ke m t ap etidye pou anseye nan lekòl ak anseye pitit mwen t ap vin genyen yo, men m pa t konnen ke Senyè a t ap prepare m pou anseye Anglè nan yon misyon nan Mongoli avèk mari m, ak pou anseye jènfi yo nan Legliz la nan tout mond lan ak pou anseye pitit pitit mwen yo valè konesans lan—tout se benediksyon ekstraòdinè ke m pa t janm te imajine.

Mwen temwaye ke Papa nou ki nan Syèl la konnen nou e Li renmen nou. Li mete gwo konfyans nan nou epi li gen yon travay ke sèlman *nou menm* kapab fè. Mwen asire nou ke nou *ap* prepare pou gwo travay sa a si nou chèche konesans nan etid epi avèk lafwa tou. Konsènan sa mwen temwaye nan non Jezikri, amèn.

#### Nòt

1. Gordon B. Hinckley, “Reaching Down to Lift Another,” *Liahona*, Jan. 2002, 67; *Ensign*, Nov. 2001, 54.
2. *For the Strength of Youth* (booklet, 2011), 9.
3. Doktrin ak Alyans 88:118.
4. Gordon B. Hinckley, *Way to Be! Nine Ways to Be Happy and Make Something of Your Life* (2002), 28.
5. Gordon B. Hinckley, “Seek Learning,” *New Era*, Sept. 2007, 2, 4.

6. Thomas S. Monson, "If Ye Are Prepared Ye Shall Not Fear," *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2004, 116.
7. *Pou Fòs Jèn yo*, 9.
8. Cheryl Hanewicz and Susan R. Madsen, "The Influence of a Mother on a Daughter's College Decision," *Utah Women and Education Project Research Snapshots*, no. 3 (Jan. 2011): 1.
9. Marjorie Cortez, "Mom's Education Key to Halt Poverty Cycle," *Deseret News*, Sept. 23, 2011, A1.
10. Olene Walker, "More Utah Women Need to Finish College," *Salt Lake Tribune*, Oct. 30, 2011, O4.
11. "The Family: A Proclamation to the World," *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2010, 129.
12. Alma 56:47.
13. Matye 25:8–10.
14. Henry B. Eyring, "Education for Real Life," *Ensign*, Okt. 2002, 18.
15. M. Russell Ballard, "Preparing for the Future," *Ensign*, Sept. 2011, 27.

---

# Tan sa a se tan pou nou leve epi briye!

**Pa Elaine S. Dalton**

*Prezidan Jeneral Jènfi yo*

---

*Antanke pitit fi Bondye, nou ne pou n dirije.*

---

Nan fenèt mwen nan biwo Jènfi a, mwen gen yon bèl vi Tanp Salt Lake la. Chak jou mwen wè anj Mowoni, kanpe anlè tanp lan kòm yon bèl senbòl non sèlman lafwa li men lafwa pa nou tou. Mwen renmen Mowoni paske, nan yon sosyete ki t ap dejenere anpil anpil, li te rete pi ak vrè. Li se ewo mwen. M santi se kòm si li kanpe anlè tanp lan jodia, ap priye nou pou nou gen kouraj, pou n sonje kiyès nou ye ak pou n rete diy pou antre nan tanp sakre a—pou “leve epi briye,”<sup>1</sup> pou kanpe anwo bri mond lan yo, epi, jan Ezayi te pwofetize a, pou “Vini . . . monte sou mòn Senyè a”<sup>2</sup>—tanp sakre a.

Nou gen pitit fi chwazi Senyè a ki rasanble isit la jodia. Pa gen okenn gwoup konsekan ki kanpe pou laverite ak lajistis nan tout mond lan pase jènfi ak fi nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Mwen wè karaktè nòb nou e m konnen idantite ak destine divin nou. Nou te distenge tèt nou nan egzistans premòtèl la. Linyaj nou pote avèk li alyans ak pwomès. Nou eritye karakteristik espirityèl patriyach fidèl tankou Abraram, Izaak, ak Jakòb. Yon pwofèt Bondye yon fwa te fè referans avèk nou chak ki reyini la a aswè a kòm “bèl lespwa briyan”<sup>3</sup> demen. E mwen dakò! Nan yon mond plen pwoblèm, limyè nou briye klè. Anfèt, jou sa yo se “jou pou n pa janm bliye.”<sup>4</sup> Yo se jou pa *nou*, epi *kounyeya* se moman pou jènfi yo toupatou “leve epi briye, pou limyè nou kapab yon modèl pou nasyon yo.”<sup>5</sup>

“Yon modèl se yon règ mezi ki pèmèt yon moun detèmine presizyon oswa pèfeksyon.”<sup>6</sup> Nou dwe yon modèl sentete pou



tout mond lan ka wè! Nouvo bwochi revize *Pou fòs jèn yo* gen non sèlman modèl pou n viv avèk presizyon men benediksyon ki pwomèt si nou fè sa tou. Pawòl yo ki nan bwochi enpòtan sa a se modèl pou mond lan, epi viv prensip sa yo ap pèmèt nou konnen kisa pou n fè pou n vin pi plis tankou Sovè a ak gen kè kontan nan yon mond ki toujou ap vin pi fènwa. Viv prensip ki nan bwochi sa yo ap ede nou kalifye pou konpayi konstan Sentespri a. Epi nan mond kote n ap viv la, n ap bezwen konpayi sa a pou nou pran desizyon enpòtan ki ap detèmine pifò nan siksè ak bonè fiti nou. Viv prensip sa yo ap ede nou chak kalifye pou antre nan tanp sakre Senyè a epi nan kote sa a, resevwa benediksyon ak pouvwa ki ap tann nou lè nou fè ak kenbe alyans sakre.<sup>7</sup>

Lè pitit fi m nan, Emi, te yon tifi tou piti, li te renmen gade tou mouvman m lè m te konn ap pare pou al legliz. Lè l fin obsève woutin mwen, li te konn penyen tèt li, epi mete rad sou li, epi apres a li te toujou mande m pou m mete enpe “briyan” pou li. “Briyan” an li t ap pale a sete yon krèm epè m te konn itilize pou anpeche rid. Jan l te mande a, mwen te konn mete l sou figi ak sou lèw Emi, epi li te konn souri apres a epi di: “Kounyeya, nou pare pou n ale!” Sa Emi pa t reyalize sèke li te deja gen “briyan” pa li sou figi li. Figi l te briye paske li te si pi ak inosan ak bon. Li te gen Lespri a avèk li, e sa te parèt.

Mwen ta swete pou chak jènfi ki reyini la a aswè a konnen epi konprann ke bote nou—“briyan” nou—pa chita nan makijaj, krèm briyan, oswa dènnye modèl rad oubyen koup cheve a. Li chita nan pite pèsònèl nou. Lè nou viv prensip yo epi n kalifye pou konpayi konstan Sentespri a, nou ka gen yon enpak pisan nan mond lan. Egzanp nou, menm limyè nan je nou, ap enfliyanse lòt moun ki wè “briyan” nou, epi y ap anvè vin menmjan avèk nou. Ki kote nou jwenn limyè sa a? Senyè a se limyè, “epi Lespri a klere chak moun nan mond lan, ki koute vwa Lespri a.”<sup>8</sup> Yon limyè divin vini nan je nou ak sou figi nou lè nou pwoche pre Papa nou ki nan syèl la ak Pitit Gason L la, Jezikri. Se konsa nou jwenn “briyan” an! Epitou, jan nou tout kapab wè, “krèm briyan” an pa t reyèlman fè anyen pou rid mwen yo!

Apèl pou nou “leve epi briye” a se yon apèl pou nou chak dirije mond lan nan yon koz pisan—pou distenge tèt nou—epi dirije jenerasyon sa a nan vèti, pite, ak diyite pou tanp. Si nou vle

fè yon diferans nan mond lan, *nou dwe diferan de mond lan*. M ap repete pawòl Joseph F. Smith yo, ki te di fi yo nan epòk li a: “Se pa wòl nou pou n kite [jèn] fi yo nan mond lan dirije nou; se pou nou menm nou dirije . . . [jèn] fi yo nan mond lan, nan tout bagay ki . . . pirifyan pou pitit lèzòm.”<sup>9</sup> Pawòl sa yo sonnen vrè jodia. Antanke pitit fi Bondye, nou te ne pou n dirije.

Nan mond kote n ap viv la, kapasite nou pou dirije ap mande gidans ak konpayi konstan Sentespri a ki pral montre nou “tout bagay nou dwe fè”<sup>10</sup> si nou rekonèt gidans ak enspirasyon l yo e apiye sou yo. E paske Sentespri a pa rete nan tanp ki pwofane, nou chak ap bezwen egzamine abitud nou ak kè nou. Nou tout ap bezwen chanje yon bagay—pou repanti. Jan papa Wa Lamoni te deklare nan Liv Mòmmon an, “M ap kite *tout* peche m pou m kapab konnen ou.”<sup>11</sup> Èske nou menm avèk mwen, dispoze pou fè menm bagay la tou?

Yon gwoup jèn nan Queen Creek, nan Arizona, te detèmine pou “leve epi briye” epi dirije jèn yo nan kominote yo a nan viv prensip ki etabli nan *Pou fòs jèn yo*. Yo chak te ekri yon bagay yo te santi ki t ap rale yo dèyè oswa yon bagay yo te vle chanje nan lavi yo nan jounal yo, epi apres a yo te literalman fouye yon twou. Yo te ale ansanm epi dechire paj jounal la epi voye l nan twou a nan tè a menmjan pèp Amon an te fè nan Liv Mòmmon an pou zam lagè yo te genyen yo.<sup>12</sup> Apres a yo te antere paj sa yo, epi jou sa a, yo chak te pran yon angajman pou chanje. Yo te repanti. Yo te detèmine pou leve!

Èske w gen yon bagay nan lavi w ou bezwen chanje? Nou kapab fè sa. Nou kapab repanti gras ak sakrifis ekspyatwa enfini Sovè a. Li rann posib pou nou menm avèk mwen chanje, pou n vin pi ak pwòp ankò, epi vin menmjan avèk Li. E Li pwomèt ke lè nou fè sa, Li p ap sonje peche nou yo ak erè nou yo ankò.<sup>13</sup>

Pafwa li ka parèt prèske enposib pou nou kontinye ap briye. Nou rankontre sitèlman pwoblèm ki gen dwa vwale sous tout limyè a, ki se Sovè a. Pafwa wout la difisil, e li gen dwa menm sanble pafwa ke yon bwouya epè bouche limyè a. Se konsa sa te ye pou yon jènfi ki te rele Florence Chadwick. Nan laj 10 zan, Florence te dekouvri ke l sete yon najè plen talan. Li te naje atravè English Channel la kote l te bat rekò 13 èdtan 20 minit. Florence te renmen defi, e nan apre li te eseye naje ant kot Kalifòni an ak

Zile Catalina—prèske 34 kilomèt. Nan naj sa a li te vin fatigue apre l te fin naje pandan 15 èdtan. Yon gwo bwouya te leve ki te bouche kot la. Manman l te bò kote l sou yon bato, epi Florence te di manman l ke li pa t panse l t ap ka kontinye. Manman l ak antrenè a te ankouraje l pou l kontinye, men tout sa l te ka wè sete bwouya epè a. Li te abandone naj la, men lè l te monte nan bato a, li te dekouvri ke l te kite jis prèske 1.6 kilomèt agoch kot la. Nan apre, lè l te fè entèvyou, yo te mande l poukisa li te abandone naj la, li te konfese ke se pa t dlo frèt la ni se pa t distans la ki te lakoz. Li te di: “Bwouya a te bat mwen.”<sup>14</sup>

Nan apre li te rekòmanse naj la ankò, e yon fwa ankò, bwouya epè a te leve. Men fwa sa a, li te kontinye jiskaske l te reyisi atenn kot la. Fwa sa a lè yo te mande l kisa k te fè diferans lan, li te di ke l te kenbe imaj kot la nan tèt li atravè bwouya a e pandan tout dire naj la.<sup>15</sup>

Pou Florence Chadwick, kot la sete bi li. Pou nou chak, tanp lan se bi pa nou. Jènfi, rete fokis. Pa pèdi bi nou devi. Pa kite bwouya epè polisyon moral la ak vwa dekourajan mond lan anpeche nou atenn bi nou yo, viv prensip yo, jwi konpayi Sentepri a, ak rete diy pou antre nan tanp sakre yo. Kenbe vizyon tanp lan—kay sakre Sovè a—toujou tache nan kè nou ak nan lespri nou.

Sa gen kèk semèn m te kanpe nan sal selès Tanp Reno a nan Nevada. Limyè ki t ap filtre antre nan sal sa a te briye e chandelye kristal yo te rann ni pi klere toujou, yo te voye reflè limyè a sou tout fas li yo fè yo voye reyon limyè tankou akansyèl toupato. Sa te koupe souf mwen pandan m te reyalize ke Sovè a se “limyè ak lavi mond lan,”<sup>16</sup> ke se limyè *Li* nou dwe kenbe ak reflete. *Nou* se ti kristal tou piti yo ki reflete limyè *Li*, e pou nou ka fè sa, nou dwe pwòp e debarase n de pousyè mond lan. Pandan m te kanpe nan tanp lan jou sa a, m te tandè ankò nan lespri mwen apèl Mowoni fè nou an—nou menm pitit fi Siyon yo: “Reveye, leve sòti nan pousyè a.”<sup>17</sup> “E pa touche move don an, ni bagay ki pa pwòp la.”<sup>18</sup> “Reveye, leve . . . e mete bèl rad ou yo sou ou, O pitit fi Siyon an . . . , pou alyans Papa Etènèl la te fè avèk ou a, O, ou menm kay Izrayèl la, kapab akonpli.”<sup>19</sup>

Benediksyon yo pwomèt nan tanp yo se non sèlman pou nou men pou tout jenerasyon tou. Lè nou fè tanp lan vin bi nou,

enfliyans nou pou bon bagay ap travèse tan ak plas, e travay nou akonpli pou moun ki te ale anvan yo ap vin akonplisman pwofesi!

Nan dènye konferans lan, m te kontan lè m te tandè Èldè David A. Bednar envite nou chak pou n vin totalman angaje nou nan fè pwòp istwa familyal nou ak travay tanp pou moun ki deja ale san yo pa t jwenn benediksyon levanjil retabli Jezikri a.<sup>20</sup> Pandan l t ap fè nou envitasyon sa a, kè m te bat fò andedan mwen. Nan Doktrin ak Alyans nou li konsènan “lòt lespri espesyal ki te rezève pou vini nan plenitud tan yo, pou fè pati nan poze fondasyon gwo travay dènye jou sa a, ansanm avèk konstriksyon “tanp yo ak akonplisman òdonans nan tanp yo, pou redanmsyon mò yo.”<sup>21</sup> Lespri espesyal sa yo se nou menm! Kounyeya se moman pou nou diy pou yon rekòmandasyon tanp epi al pran l. Sa se jou pa nou e travay nou an kòmanse! Pandan n ap fè travay sa a, n ap vin tounen sovè sou Mòn Siyon an.<sup>22</sup>

Èldè Russell M. Nelson te di de nou: “Enfliyans jènfi [yo] nan Legliz la, tankou yon jeyan k ap dòmi, va reveye, leve, epi enspire moun k ap viv sou tè a tankou yon fòs puisan pou lajistis.”<sup>23</sup> Leve epi pran plas nou nan evenman gloriye yo ki pral fòme demen nou ak fiti mond lan. Kounyeya se moman an!

Anlè tèt mòn nan yon banyè deplwaye. Nou menm nasyon yo, kounyeya gade; l ap flote nan tout mond lan”!<sup>24</sup> Jènfi yo, nou se banyè a! Se pou nou gen vèti, rete pi, chèche konpayi Sentespri a, antere peche ak transgresyon nou yo, rete fokis e pa kite bwouya polisyon moral la bouche bi nou. Rete diy pou antre nan tanp. Mete “briyan” nou sou nou! Mwen temwaye nou avèk tout kè m ke Bondye vivan e L ap klere lavi nou pandan n ap rapwoche n tou pre Pitit Gason Byeneme L la—Sovè an, Jezikri. E mwen priye, menmjan ak Mowoni, pou nou “Leve epi briye, pou limyè [nou] kapab yon modèl pou nasyon yo”!<sup>25</sup> Nan non sakre Jezikri, amèn.

#### Nòt

1. Doktrin ak Alyans 115:5.
2. Ezayi 2:3; 2 Nefi 12:3.
3. Gordon B. Hinckley, “Standing Strong and Immovable,” *Worldwide Leadership Training Meeting*, Jan. 10, 2004, 20.
4. Oliver Cowdery, in Joseph Smith—History 1:71, note.
5. Doktrin ak Alyans 115:5.
6. Ezra Taft Benson, “Strengthen Thy Stakes,” *Tambuli*, Out. 1991, 4; *Ensign*, Jan. 1991, 2.

7. Gade Doktrin ak Alyans 109:22.
8. Doktrin ak Alyans 84:46.
9. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph F. Smith* (1998), 184.
10. 2 Nefi 32:5.
11. Alma 22:18; italik ajoute.
12. Gade Alma 24:17.
13. Gade Doktrin ak Alyans 58:42.
14. Gade Sterling W. Sill, nan Conference Report, Avr. 1955, 117.
15. Gade Randy Alcom, "Florence Chadwick and the Fog," [epm.org/resources/2010/Jan/21/florence-chadwick-and-fog](http://epm.org/resources/2010/Jan/21/florence-chadwick-and-fog). See also "Florence Chadwick," in *Encyclopedia of World Biography*, vol. 19 (2004): 64–66; "Navigation Information" and "Swim Successes," Catalina Channel Swimming Federation, [swimcatalina.com](http://swimcatalina.com), accessed Mar. 27, 2012. Additional varying accounts about Florence Chadwick exist.
16. 3 Nefi 9:18.
17. Mowoni 10:31.
18. Mowoni 10:30.
19. Mowoni 10:31.
20. Gade David A. Bednar, "The Hearts of the Children Shall Turn," *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2011, 24–27.
21. Doktrin ak Alyans 138:53–54.
22. Gade Obadiah 1:21; Doctrine and Covenants 103:9; and *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 472–73.
23. Russell M. Nelson, "Daughters of Zion," *New Era Young Women Special Issue*, YW Nov. 1985, 9.
24. "High on the Mountain Top," *Hymns*, no. 5.
25. Doktrin ak Alyans 115:5.

---

# Kwè, obeyi, ak pèsevere

**Pa Prezidan Thomas S. Monson**

---

*Kwè ke rete solid ak fidèl nan verite levanjil yo se bagay ki enpòtan anpil. Mwen temwaye ke se vre.*

---

Chè jèn sè m yo, responsablite pou m adrese nou an fè m santi enb. Mwen priye pou m jwenn èd divin, pou m kapab mete m alawotè opòtinite sa a.

20 an desa nou p at ko menm kòmanse vwayaj nou atravè mòtalite a. Nou te toujou nan fwaye selès nou an. Nan kote sa a nou te pami moun ki te renmen nou e ki te sousye pou byennèt etènèl nou. Finalman, lavi terès la te vin esansyèl pou pwogrè nou. Okenn dout ke orevwa te di e ekspresyon konfyans te bay. Nou te akeri kò e nou te vin mòtèl, soti nan prezans Papa nou ki nan Syèl la.

Men, yon bèl akèy t ap tann nou isit la sou tè a. Premye ane sa yo sete ane presye, espesyal. Satan pa t gen okenn pouvwa pout ante nou, paske nou potko vin responsab. Nou te inosan devan Bondye.

Byenvit nou te antre nan peryòd sa a ke kèk moun rele “ane tinedjè terib yo.” Mwen preferè “tinedjè ekstraòdinè.” Ala yon tan opòtinite, yon sezon kwasans, yon peryòd devlopman—make pa akizisyon konesans ak rechèch laverite.

Pa gen okenn moun ki dekri ane adolesans yo kòm ane fasil. Yo se souvan ane ensekirite, santiman kòmsi nou pa alawotè, ane ap eseye jwenn plas nou pami zanmi, ap eseye entegre. Se yon tan kote nou vin pi endepandan—e petèt nou vle plis libète pase paran nou dispoze pou bay nan moman an. Ane sa yo se ane enpòtan tou kote Satan apt ante nou e l ap fè tout sa l kapab pou atire nou lwenn chemen k ap mennen nou retounen nan fwaye

selès sa a kote nou te soti a ak retounen al jwenn moun ki renmen nou nan kote sa a e retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

Mond lan ki antoure nou an pa ekipe pou bay èd nou bezwen pou reyisi vwayaj souvan danjere sa a. Si anpil moun nan sosyete nou an jodia sanble yo glise soti nan ankraj sekirite yo epi ale lwen refij lapè a.

Tolerans, imoralite, pònografi, dwòg, pouvwa presyon zanmi—tout bagay sa yo ak lòt ankò—lakoz anpil moun balote sou yon lanmè peche epi kraze sou resif opòtinite pèdi, benediksyon pèdi, ak rèv brize.

Èske gen yon mwayen sekirite? Èske gen yon echap anba destriksyon menansan an? Repons lan se yon gwo *wi!* byen sonnen! M ap konseye nou pou n gade vè phare Senyè a. M te di sa deja; M ap redi l ankò: pa gen okenn bwouya ki si epè, ni van ki si fò, ni maren ki si pèdi ke phare Senyè a pa ka sekouri. L ap fè nou siy atravè tanpèt lavi yo. Li rele “*Chemen sa a ki mennen nan sekirite. Chemen sa a ki mennen lakay.*” Li voye sinyal limyè fasilman vizib e ki pap janm febli. Si nou suiv yo, sinyal sa yo ap gide nou retounen al nan fwaye selès nou an.

Mwen vle pale avèk nou aswè a sou twa sinyal esansyèl ki soti nan phare Senyè a ki ap ede nou retounen al jwenn Papa sa a ki si ap tann nou retounen triyonfan lakay la. Twa sinyal sa yo se *kwè, obeyi, ak pèsevere.*

Premyèman, m ap mansyone yon sinyal ki debaz e ki esansyèl: *kwè.* Kwè ke nou se pitit fi Papa nou ki nan Syèl la, ke li renmen nou, e nou la a isit la pou yon bi gloriye—ki se akeri sali etènèl nou. Kwè ke rete solid ak fidèl nan verite levanjil yo gen enpòtans kapital. Mwen temwaye ke se vre!

Chè jèn zanmi m yo, kwè nan pawòl nou di chak semèn yo lè nou resite tèm Jènfi a. Panse sou sans pawòl sa yo. Gen verite ladan yo. Toujou eseye viv valè ki mansyone ladan yo. Kwè, jan tèm nou an deklare a, ke si nou aksepte valè sa yo epi aji selon yo, n ap prepare pou fòtifye fwaye nou ak fanmi nou, pou fè ak kenbe alyans sakre, pou resevwa òdonans tanp yo, epi pou finalman jwi benediksyon egzaltasyon yo. Sa yo se bèl verite levanjil, e si nou suiv yo, n ap gen plis kontantman pandan tout lavi nou isit la ak nan lavi apre a pase si nou dezobeyi yo.

Pifò nan nou la a te resevwa verite levanjil yo depi lè nou te tou piti. Paran eman ak enstriktè sousye te anseye nou. Verite yo te aprann nou yo te ede nou akeri yon temwayaj; nou te kwè sa yo te anseye nou yo. Malgre ke temwayaj sa a kapab kontinye nourri espirityalman ak grandi pandan n ap etidye, pandan n ap priye pou direksyon, ak pandan n aprale nan reyinyon Legliz nou chak semèn, sa depann de nou pou n kenbe temwayaj sa a vivan. Satan ap eseye avèk tout kò li pou detwi li. Pandan tout lavi nou n ap bezwen nourri li. Tankou flanm yon bèl dife k ap boule, temwayaj nou—si nou pa kontinyèlman nourri li—ap bese vin tounen tison chabon epi etern konplètman. Nou pa dwe kite sa rive.

Apa ale nan reyinyon Dimanch yo ak aktivite chak semèn nou yo, lè nou gen chans pou nou ale nan seminè, keseswa bonè nan maten oubyen lè lekòl nou fini, pwofite de opòtinite sa a. Anpil nan nou ap ale nan seminè kounyeya. Menjman ak tout bagay nan lavi, pifò nan sa nou pran nan eksperyans seminè nou an depann sou atitid nou ak dispozisyon nou pou yo anseye nou. Se pou nou genyen yon atitid imilite ak yon dezi pou aprann. Ala mwen rekonesan pou opòtinite m te genyen lè m te adolesan pou m te ale nan seminè bonè nan maten, paske sa jwe yon wòl kapital nan devlopman mwen ak devlopman temwayaj mwen. Seminè kapab chanje lavi.

Sa gen kèk ane m te nan yon komite direksyon avèk yon bon mesye ki te gen anpil siksè nan lavi. Mwen te enpresyone pa entegrite li ak lwayote li anvè Legliz la. M te aprann ke l te akeri yon temwayaj e li te antre nan Legliz la akoz seminè. Lè l te marye, madanm ni sete yon manm Legliz la depi lontan. Li pa t ale nan okenn legliz. Atravè ane yo e malgre efò madanm ni, li pa t montre okenn anvi pou ale legliz avèk madanm ni ak pitit li. Epi apres li te kòmanse kondui de nan pitit fi l yo ale nan seminè bonè nan maten. Li te konn rete nan machin nan pandan yo te nan klas yo, epi apres li te kondi yo mennen lekòl. Yon jou lapli t ap tonbe, epi youn nan pitit fi yo te di: “Vini non, Papa. Nou ka chita nan koulwa a.” Li te aksepte envitasyon an. Pòt klas la te louvri, epi li te kòmanse koute. Kè l te touche. Pandan rès ane lekòl sa a, li te ale nan seminè avèk pitit fi l yo, sa ki te finalman



mennen l vin manm e pase tout yon lavi aktif nan Legliz la. Kite seminè ede bati ak fòtifye temwayaj nou.

Ap gen moman kote n ap gen pou fè fas ak pwoblèm ki gen dwa mete temwayaj nou andanje, oubyen nou gen dwa neglije li pandan n ap pousuiv lòt bagay. Mwen priye nou pou n kenbe l solid. Se responsablite pa nou, e pa nou sèlman, pou kenbe flanm li ap brile byen wo. Sa mande efò, men se efò nou pa p janm, janm regrèt. Mwen sonje pawòl yon chan ki te ekri pa Julie de Azevedo Hanks. An referans ak temwayaj li, li te ekri:

*Atravè van chanjman yo  
 Ansèkle pa nyaj doulè  
 M gade l avèk lavi m  
 Mwen bezwen chalè a—Mwen bezwen limyè a  
 Menmsi tanpèt ap fè raj  
 M ap kanpe kont lapli k ap tonbe a  
 M ap rete  
 Yon moun k ap kenbe flanm nan.<sup>1</sup>*

Se pou nou kwè epi apres a se pou nou kenbe flanm temwayaj nou boule byen wo, kèlkeswa sa k rive.

Pwochen an, jènfi m yo, se pou nou *obeyi*. Obeyi paran nou. Obeyi lwa Bondye yo. Se yon Papa eman ki nan Syèl la ki ba nou yo. Si nou obeyi yo, lavi nou ap vin pi akonpli, mwens konplike. Pwoblèm ak difikilte nou yo ap vin pi fasil pou n pote. N ap resevwa benediksyon Senyè a pwomèt yo. Li te di: “Senyè a vle yon kè ak yon panse ki ben bon volonte; epi moun ki gen bon volonte epi ki obeyisan pral manje bon bagay ki nan tè Siyon an nan dènye jou sa yo.”<sup>2</sup>

Nou gen yon sèl lavi pou n viv. Kenbe lib anba twoub otan nou kapab. N ap jwenn tantasyon, pafwa nan men moun nou te panse ki te zanmi nou.

Sa gen kèk ane m te pale avèk yon konseyè nan Eglantin ki te di pale m de yon eksperyans li te fè avèk yon jènfi nan klas li. Yo te tante jènfi sa a plizyè fwa pou l te kite chemen verite a epi suiv detou peche. Atravè pèsyasyon san rete nan men kèk nan zanmi lekòl li yo, li te finalman dakò pou suiv detour sa a. Yo te fikse plan an: li t ap di paran l ke l ta pral nan aktivite Jènfi semèn nan. Sepandan, li te planifye pou l te ale nan aktivite jis letan pou

zanmi l yo ak mennaj yo te vin chèche li. Apresa yo ta prale nan yon fèt kote yo t ap pran bwazon alkòl epi kote konpòtman yo t ap an vyolasyon total ak sa jènfi sa a te konnen ki te byen.

Enstriktris la te priye pou l jwenn enspirasyon nan ede jènfi l yo espesyalman jènfi sa a menm, ki te sanble l pa t asire nan angajman li nan levanjil la. Enstriktris la te resevwa enspirasyon jou swa sa a pou l te abandone sa l te deja planifye a epi pale avèk timedòm yo sou rete totalman pwòp. Pandan l te kòmanse ap pataje panse li ak santiman li, jènfi an kesyon an te tcheke mont li souvan pou asire l ke li pa t rate randevou a avèk zanmi l yo. Men, amezi diskisyon an t ap avanse, kè li te touche, konsyans li te reveye, epi detèminasyon li te renouvle. Lè lè a te rive, li te inyore son repete klaksonn otomobil la ki te vin chèche l la. Li te rete pandan tout aswè a avèk enstriktris li a ak lòt jènfi yo nan klas la. Tantasyon pou detounen de chemen Bondye apwouve a te detounen. Satan te bloke. Jènfi a te rete lè lòt yo te fin ale pou l te ka remèsye enstriktris la pou leson an epi pou fè l konnen kijan li te ede l evite sa ki ta ka gen yon rezilta trajik. Priyè enstriktris la te reponn.

Mwen te aprann nan apre ke poutèt li te pran desizyon pou l pa t ale avèk zanmi l yo jou swa sa a—kèk nan tifi ak tigason ki te pi popilè yo nan lekòl la—te kouri pou jènfi sa a e pandan plizyè mwa li pa t gen okenn zanmi nan lekòl la. Yo pa t ka aksepte pou l pa t vle fè sa yo te fè a. Sete yon peryòd ekstrèmman difisil ak solitè pou li, men li te rete inbranlab e finalman li te fè zanmi ki te gen menm prensip avèk li. Kounyeya, plizyè ane apre, li te marye nan tanp e li gen kat bèl pitit. Ala diferan lavi l te ka ye. Desizyon nou detèmine destine nou.

Presye jènfi m yo, fè pou tout desizyon n ap pran pase tès sa a: “Kisa l ap fè mwen? Kisa l ap fè pou mwen?” Epi se pou règ konduit nou sousye non pa de “Kisa lòt yo ap panse?” men olyesa “Kisa m ap panse de tèt mwen?” Se pou nou kite ti vwa dous la enfliyanse nou. Sonje ke yon detantè prèttriz ki te gen otorite te mete men sou tèt nou lè konfimasyon nou epi l te di: “Resevwa Sentespri a.” Louvri kè nou, nanm nou menm, bay son vwa espesyal sa a ki temwaye laverite a. Jan pwofèt Ezayi pwomèt la: “Na tandè yon vwa nan zòrèy nou . . . k ap di, men bon chemen an bò isit, se la a pou w pase.”<sup>3</sup>

Atitid komen nan epòk nou an se tolerans. Revi yo ak televizyon montre pòtre vedèt sinema, ewo nan domèn atletik—moun ke anpil jèn anvi imite—k ap meprize lwa Bondye yo ak benyen nan pratik peche, aparaman san okenn konsekans. Pa kwè sa! Gen yon tan pou rann kont—yon tan pou balanse gwo liv la. Chak Sandriyon gen minui pa l — si se pa nan lavi sa a, enben, se nan pwochen an. Jou Jijman an ap vini pou tout moun. Èske nou prepare? Èske nou satisfè ak sa n ap akonpli?

Si gen nenpòt nan nou ki te tonbe nan vwayaj la, mwen pwomèt nou ke gen yon mwayen pou retounen. Pwosesis la rele repantans. Sovè nou an te mouri pou bay ou menm avèk mwen kado beni sa a. Menmsi chemen an difisil, pwomès la reyèl. Senyè a di: “Menmsi peche nou yo ta tache wouj kou san, m ap fè nou vin blan tankou lanèj.”<sup>4</sup> “Epi mwen pap sonje [yo] ankò.”<sup>5</sup>

Jèn sè byeneme m yo, nou gen kado presye libabit la. Mwen priye nou pou n chwazi obeyi.

Finalman, se pou nou *pèsevere*. Kisa sa vle di *pèsevere*? Mwen renmen definisyon sa a: *reziste avèk kouraj*. Kouraj ka nesèsè pou nou pou n kwè; li ap pafwa nesèsè pou nou obeyi. Li ap asireman nesèsè pandan n ap *pèsevere* jiska jou sa a kote nou pral kite egzistans mòtèl sa a.

Pandan tout ane yo mwen te pale avèk moun ki konn di mwen: “Mwen sitèlman gen pwoblèm, sousi reyèl. Mwen depase pa pwoblèm lavi yo. Kisa pou m fè?” Mwen toujou ba yo, e m ap banou l jodia, direksyon espesifik sa a: chèche gidans syèl la yon jou alafwa. Viv pandan w ap sousye de demen difisil; men viv lavi kote w ap sousye de moman prezan an fasil. Nou chak kapab vrè pou jis yon jounen—epi apres a youn anplis epi youn anplis apres a—jiskaske nou viv tout yon lavi gide pa Lespri a, tout yon lavi tou pre Senyè a, tout yon lavi bon zèv ak lajistis. Sovè a pwomèt: “Leve tèt gade m e *pèsevere* jiska lafen e n ap viv; paske, moun ki *pèsevere* jiska lafen m ap ba li lavi etènèl.”<sup>6</sup>

Se pou bi sa a nou vin nan mòtalite a, jèn zanmi m yo. Pa gen anyen ki pi enpòtan pase bi n ap eseye atenn nan—ki se lavi etènèl nan wayòm Papa nou an.

Nou se pitit fi trè presye Papa nou ki nan Syèl la ke l voye sou tè a nan epòk sa a pou yon bi. Nou te rezève jiska moman sa a menm. Bagay ekstraòdinè ak gloriye ap tann nou si nou sèlman

kwè, obeyi, ak pèsevere. Pou sa se benediksyon nou, mwen priye nan non Jezikri, Sovè nou an, amèn.

**Nòt**

1. Julie de Azevedo Hanks, "Keeper of the Flame," *Treasure the Truth* (compact disc, 1997).
2. Doktrin ak Alyans 64:34.
3. Ezayi 30:21.
4. Ezayi 1:18.
5. Jeremi 31:34.
6. 3 Nefi 15:9.